# МАХ ДУГ

Адæмы мыггаджы æнæзонд митæм фæкæсын
иттæг æхсызгонæй; æмæ, Хуыцауæй разы,
уыцы хиирхæфсæн суадон у æвидигæ.

МЭРИ МОНТАГЬЮ, англисаг поэтессæ



9

2002





# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ
ХУДОЖЕСТВЕННОЙ ЛИТЕРАТУРЫ, ПУБЛИЦИСТИКИ


**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция:**

Ответственный секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет:**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ, Фариза ДЗАСОХОВА, Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ, Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ


Владикавказ, 2002

# МАХ ДУГ

# 9 '02

Джиппы уагъд цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

АИВ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ,
ПУБЛИЦИСТИКÆЙЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

**Редакци:**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæйы лæгтæ:**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли, ДЗАСОХТЫ Фаризæт, КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли, НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2002

## НОМЫРЫ ИС:

ЦÆЛЫККАТЫ АХМÆТ:120 АЗЫ

Цæлыккаты Ахмæт. Æфсымæр æфсымæрæн сызнаг. Роман 8

Скъодтати Эльбрус. Ци уа æрцæуйнаг... Æмдзæвгитæ 79

Куыдзойты Барис. Уæллагкоймаг хъæлдзæг ныхæстæ 88

Уалыты Лаврент. Дзæнæты дыргъдон. Æмдзæвгæтæ 98

СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

Дзуццаты Хадзы-Мурат. Ирон радзырд. Кæрон 106

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

Æлборты Хадзы-Умар. Хуыцауы цæст ын бауарзта курдиат 122

Гæбæраты Никъала. «Ирон хæзна»-йы тыххæй 130

АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

Дзитойты Аллæ. Фæсурокты куысты методикæ райдайæн кълæсты 135

«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 139

АРВИСТОН 148

ISSN-02-06-41-62

© Мах дуг № 9, 2002

# ЦÆЛЫККАТЫ АХМÆТ: 120 АЗЫ



## *ЦÆЛЫККАТЫ Ахмæт*

*Цæлыккаты Темболаты фырт Ахмæт уыди канд Ирыстоны æмæ Цæгат Кавказы нæ, фæлæ Уæрæсейы дæр тæккæ нымаддæр лæгтæй иу. Газетты æмæ журналты йæ уацтæ, йæ литературон уацмыстæ зынын райдыдтой ХХ æнусы райдайæны. Уыимæ канд литераторы куыст нæ кодта, фæлæ ма уагъта газеттæ, журналтæ (альманахтæ), чингуытæ: 1910 азы Бакуйы рауагъта альманах «Утро гор», 1915 — 1916 азты газет «Суз» («Дзырд», Мæскуы), 1919 — 1920 азты газеттæ «Вольный горец» (Тифлис), 1920 азы газет «Ног цард» (иронау, Тифлис) æмæ «Ени Дуния» (тюркагау, Тифлис). Йæ чингуытæ «Чаша жизни» (Мæскуы, 1912), «Кавказ и Поволжье» (Мæскуы, 1913), «В горах Кавказа» (Мæскуы, 1914) зындгонд уыдысты Ирыстоны æдде дæр.*

*Ахмæт райгуырди 1882 азы Пысылмонхъæуы (ныры Ногхъæуы). Бакасти Стъараполы гимназы æмæ Мæскуыйы университеты юридикон факультеты. Студент уæвгæйæ дæр йæ хъус дардта æхсæны хъуыддæгтæм, архайдта политикон æмæ идеологон карз тохты, сси Уæрæсейы социал-демократон кусджыты партийы уæнг æмæ йæ цалдæр хатты æрцахстой. 1905 — 1907 азты революци састы бынаты куы баззад, уæд радзырдта кусджыты æнæпартион съезд саразыны фарс, æмæ йæ В. И. Ленин скритикæ кодта.*

*Цæлыккаты Ахмæт «кæрæдзиуыл баста УСДКП-йы Терчы-Дагъистаны æмæ Цæгат Кавказы цæдистæ, стæй Дзæуджыхъæуы, Кубаны æмæ Армавиры комитетты куыст. Парахат кодта пысылмæтты национ рæзты хъуыдытæ» (С. М. Исхаков. Политические деятели России. 1917, М., 1993, 336 ф.).*

*Империйы бирææнусон историйы Пысылмæтты æппæтуæрæсейон Совет фыццаг хатт фæзынди 1917 азы 11 майы — бæстæйы пысылмон адæмты съезды уынаффæйы фæстæ. Советы (Милли Шуройы) сæрдарæй æвзæрст æрцыди Цæлыккаты Ахмæт.*

*Октябры революцийы агъоммæ Ахмæт ссис цыппæрæм Думæйы депутат (уыди пысылмон фракцийы бюройы сæргълæууæг). 1917 азы 25 мартъийы (Ленин эмиграцийæ куы 'рбаздæхт, уымæй раздæр) æргомæй тох кæнын райдыдта хæсты ныхмæ (Рæстæгмæйы хицауады фæсарæйнаг хъуыддæгты министр П. Н. Милюков та хæст кæронмæ ахæццæ кæныны фарс уыд). Июнæй декабрмæ Цæлыччы-фырт куыста «Известия Всероссийского Мусульманского Совета»-йы редакторæй.*

*Зындгонд куыд у, афтæмæй уыцы рæстæг столицæмæ*

*фæцæйцыди, Хъæддаг дивизи кæй хуыдтой, уый — революцийы фарсхæцджыты ныхмæ хæцынмæ. 31 августы, Дно, зæгъгæ, уыцы станцæйы Цæлыккаты Ахмæт сæмбæлди дивизийы командæгæнджытимæ æмæ сæ сразы кодта сæ фæнд аивыныл: горæты цæрджытæй мингæйттæ фервæзтысты мæлæтæй.*

*Цæлыччы-фырт арæх дзырдта пысылмæтты Æппæтуæрæсейон æмбырдты. Ш. Манатовы ныхæстæм гæсгæ, В. И. Ленин 1918 азы январы фембæлди Сæрæвæрæн æмбырды уæнгтæ Ш. Манатов æмæ М. Вахитовимæ æмæ загъта, хорз, дам, уаид, Цæлыккаты Ахмæты советон хицаудзинадырдæм раздахын. Манатов æмæ Вахитов аныхас кодтой Ахмæтимæ, фæлæ уый йæ зондахаст нæ аивта.*

*Ноджы раздæр та (1917 азы 1 декабры) Цæлыччы фыртимæ фембæлд И. В. Сталин. Ахмæт ын загъта: пысылмæттæ советон хицауады фарс нæ рахæцдзысты.*

*1918 азы 22 майы УСФСР-йы Нацадком Милли Шуройы куыст баурæдта, æмæ Ахмæт сыздæхт Ирыстонмæ. Терчы бæстæйы адæмты 4-æм æмбырды йæ равзæрстой Терчы Адæмон Советы ирон фракцийы уæнгæй. Фæстæдæр та æрлæууыди Кавказы адæмты меджлисы сæргъы (Калачы). Гуырдзыстоны советон цардæвæрд куы 'рфидар, уæд Ахмæт йæхи айста фæсарæнтæм. Фыццаг афтыди Константинопольмæ, стæй та Чехословакимæ æмæ Польшæмæ. Чехословакийы Ахмæт уадзын райдыдта журнал «Кавказский горец» (1924 азы). 1926 азы Прагæйы джиппы уагъд æрцыд йæ роман «Брат на брата».*

*Ахмæт амарди 1928 азы 2 сентябры Варшавæйы. Йе 'мбæстаг Елехъоты Тамби журнал «Горцы Кавказа»-йы фыццæгæм (нудæсæм) номыры фыста, зæгъгæ, Ахмæт суанг эмиграцийы зындæр азты дæр æууæндыд уырыссаг демократийы хъомысыл, фæлæ йæ фæстæдæр «царды зилдухæнтæ æмæ цæлхъытæ уыцы хатдзæгмæ æркодтой: Кавказы адæмтæн сæ политикон хæдбардзинадыл тохы зæрдæдаргæ никæуыл у сæхицæй дарддæр».*

*Номдзыд лæджы амарды тыххæй фехъусын кодтой газет «Курьер Варшавский» (полякаг æвзагыл), Парижы уырыссаг газет «Последние новости», Берлины уырыссаг газет «Руль» æмæ иннæтæ.*

*Нæ ныхасы кæрон чысыл скъуыддзаг æрхæсдзыстæм Ибрагим Чуликы уацæй (журнал «Горцы Кавказа», № 8 — 9, Париж, 1929): «Стать в качестве друга и брата к близким, быть истинным сыном отчизны и посвятить себя на безвозмездное служение народу — дело великое, требующее воли сильной непоколебимой. Таким был Ахмед».*

*Салæгаты Зойæ*

# ÆФСЫМÆР ÆФСЫМÆРÆН СЫЗНАГ

*Роман*

I

Хид фæсте аззади, æмæ поезды Мыртазатæм бирæ нал хъæуы. Уый фæстæ бахæццæ уыдзæн Æрæфмæ. Ирыстон...

Уæрæсейы куыд уыди, афтæ тынг нал тыхсы адæймаг. Станцæйы адæм дæр бакастæй æндæрхуызон сты. Салдаты цинел арæх нал фендзынæ. Хохаг синджын кæрцытæ. Ныллæг конд уæлдзарм худтæ. Уæйлаг нымæттæ. Адæмы фезмæлд сабыр, хиуылхæцгæ. Сæрыстыр æнгæс... Фæлæ ам дæр æппæтæй арæхдæр уыцы фæныкхуыз цинелтæ сты...

Бæлццæттæй бæлвырд ничи ницы зоны, æрмæст хъус-хъус дзурынц хабæрттæ. Хорзæй ницы фехъусдзынæ. Сагъæссаг цау. Цавæрдæр тугкалæн хъуыддæгтæ цæуы Дзæуджыхъæуы алыварс. Чидæр кæимæдæр хæцы. Ир æмæ мæхъхъæл, хъазахъхъ æмæ цæцæн. Цыма хъазахъхъ, ир æмæ салдæттæ иумæ мæхъхъæл æмæ цæцæнмæ балæбурынмæ хъавынц. Ырма уал судзы Иры стырдæр хъæутæй иу. Арт ыл мæхъхъæл бафтыдтой. Цы уыдзæни дарддæр? Ничи йын ницы зоны. Иууылдæр тæрсынц кæрæдзийæ. Иу иннæйы нымайы знагыл.

Æз ницы дзурын, æрмæст мæ хъус дарын адæмы ныхæстæм, фæлæ хъуыддагæн бамбарæн нæй, æмæ хинымæр баризын...

Беслæны станцæйы змæлы æнахуыр бирæ дзыллæ. Кæдæм акæсай, уым гæрзифтонг адæм къордтæй лæууынц. Сæ бакаст — хъуынтъыз. Цæуылдæр тыхсынц. Сæ фондзæхстæттæ куы уæхсчытæм сæппарынц, куы сæ дæлæмæ æрисынц. Сæ цæстæнгас — хъамайы фындзæй цыргъдæр, адæймаджы иннæрдæм хизы. Иууылдæр æмдзырд кæнынц, сæ ныхасæн сын фæрсырдыгæй бамбарæн нæй: иугæндзон гуыв-гуывæй хъæрдæрæй хъуысы: «та-та-та... ту-ту-ту» — хæстæг кæмдæр æхсынц пулеметæй. Цыма станцæйы уæлхæдзар исчи уисхъæдæй хойы, уыйау. Ныннæрыди сармадзаны гæрах. Станцæйы бæстыхæйттæ барызтысты. Рудзгуыты æвгты дзыгъал-мыгъул райхъуысти. Адæм ноджы фæтыхстхуыздæр сты.

Хæст, æвæццæгæн, йæ тæккæ тынгыл у.

Чи кæимæ хæцы? Цæй охыл?

Рæвдздæр, рæвдздæр базонон, мæ алыварс цытæ цæуы, адæм афтæ тыхст цæмæн сты, мæ райгуырæн зæхх адзалхæссæг сармадзаны нæрынæй цæмæн ризы, уыдæттæ. Мæ фæндаггон хызын мæ уæхскмæ сæппæрстон, æмæ поезды æрлæууынмæ дæр нал банхъæлмæ кастæн, цæугæ-цæуын дзы æргæпп ластон.

О, фыдæлты уæзæг, уый куыд у, уый?! Ам дæр та тугамæст мигъ куы æнхъизы. Хæхтæн се 'нусон фынæй фехæлд. Загътон, ницы сæм никуы бахъардзæн, æмæ мыл сайд æрцыди. Ам дæр адæймаг адæймаджы ныхмæ куы сыстад. Æфсымæр æфсымæры ныхмæ. Фаг нæма ныккалди туг? Æвæццæгæн, нæма. Æвæццæгæн, туджы зæйтæ рауадзинаг сты, дуне бынтон йæ быны кæмæн фæуа, ахæм туджы денджыз. Цы гæнæн ис, нæ гæндзæхтæ цæгъддзыстæм уыцы денджызы.

Æнæмæт дæн æз. Æнæхъæн дыуузæ мæйы дæргъы хæсты быдырæй Кавказмæ æнæкæрон фæндагыл мæ зæрдæ бирæ хæттыты цы сагъæсæй æнкъуысти, уый цыдæр æрбаци. Мæхицæн иу æмæ дыууæ хатты нæ загътон: тæппуд куы нæ дæ, Албег! Ды куы цыдтæ æдæрсгæ нæмгуыты ихуарды бын размæ, адзалы хъæбысмæ. Уæд дыл цы 'рцыди ныр? Дæ буар æмризæджы цæмæн баризы, дæ зæрдæ та, куыйтæ алырдыгæй кæуыл рæйынц æмæ чердæм йæхи фехса, уый чи нал фæзоны, уыцы тæрхъусы зæрдæйау цæмæн хойы риуыгуыдырыл йæхи? «Дæхиуыл хæцын фæраз, дæ бакаст уæлдайхуызон дæр ма фæуæд», — арæх-иу дзырдтон мæхицæн, фыдгулы цæстытæ-иу мæ куы хуынчъытæ кодтой, уæд. Уыдон-иу хъавыдысты мæ зæрдæйы тæккæ арфдæр æвæрæнтæм ныккæсынмæ, базонын сæ фæнды-

ди, чи дæн æз — фыдгул æви хион. Фæлæ мæ цæстæнгасы ницы рахатæн уыди, тар хъæды астæу пыхсы бын чи фæци, æрдæгæмбыд сыфтæр бæзджын фæлтæр кæуыл сæвæрдта, кæрдæгхуыз хъуына кæуыл схæцыд, уыцы зæронд цъымарайы бын куыд ницы фендзынæ, афтæ. Цас дæ фæнды, уыйас æм кæс — ницы дзы раиртасдзынæ...

Ныр мæнæ мæ фыдæлты зæххыл æрлæууыдтæн... Ам, цыфæнды куы цæуа, уæддæр зæрдæ æнахуыр æнцой ссардта. Перроныл цалдæр къахдзæфы дæр нæма акодтон, афтæ мæ размæ фесты мæ хæстæджытæ æмæ мæ хъæуккæгтæ. Диссаджы æхсызгон сын уыди мæ фенд. Сæ хистæр Асæге, ме 'рвад, бурхил, даргърихи, боцъоджын, йе 'рфгуытæ — къардиуы сæрмæ пыхсыты хуызæн пыхцыл, йæ къæхтыл — сæрак хæдбынтæ. Фæлмæн къахдзæфтæй рахызт иннæты æхсæнæй, мæ разы æрлæууыд. Æгасцуай мын загъта: йæ рахиз къух рæмбыныкъæдзыл фæтасыд, сындæггай йæ схаста цухъхъайы бæрцыты онг æмæ йæ фæстæмæ æруагъта, ноджыдæр-ма иу къахдзæф æрбакодта мæнырдæм.

— Амонджын сахат сæмбæл, Албег, æмæ нæм алыбоны æгас цу!

Йæ къух мæм æрбадардта.

— Алыбоны хорзæхæй хайджын у, — дзуапп ын радтон æз дæр æмæ кæрæдзийы къухтæ фидар æрæлхъывтам.

Асæге мæм бынтон æввахс æрбацыд æмæ мын ныхъхъæбыс кодта: йæ рахиз къух мæ галиу уæхсчы сæрты æрбайста, галиу та — мæ рахиз дæлармы, армытъæпæнæй мын мæ фæсонтæ цалдæр хатты æрхоста.

Адæм ныл æрæмбырд сты.

Иу иннæйы фæдыл мæм цæуынц уæзданхуызæй æмæ мын мæ къух исынц.

Алчидæр сæ фæзæгъы исты рæвдауæн ныхас æмæ æддæдæр алæууы.

— Æгайтма дæ сæрæгасæй уынын...

— Амонды хос нын фæуæд де 'рбацыд...

— Хорз хабæрттæ ныл куыд ныккæлой амæй фæстæмæ, Хуыцауæй нын ахæм арфæ уæд...

— Табу иунæг Цытджын Хуыцауæн, дæу фыдыуæзæгыл чи сæмбæлын кодта...

Кæимæдæрты кæрæдзийæн хъæбыстæ кæнæм.

Цины уылæнтæ анхъæвзтой ме уæнгты. Кæс-ма, мæ фенд

æхсызгон кæмæн у, ахæмтæ ис нырма а дунейы. Архайын алкæмæн дæр цалдæр дзæбæх ныхасы зæгъыныл.

— Барысби куы дæ уый! Тыххæйты ма дæ базыдтон: дæ бакаст цæргæс у, цæргæс! Æгас нæм цу, æгас!..

— Хæмæтхъан, уый ды дæ? Боцъо рауагътай æмæ дæ базонæн нал ис...

— Дæ фысты дзуг цы баци, Батыраз?

— Дæ саулохаг ма дæхимæ ис, Созырыхъо? Бадынæй йыл куы нæ æфсæстæ.

Æнæзонгæтæ дæр мæм цæуынц æмæ мын салам дæттынц. Афтæмæй мыл дзæвгар рæстæг аивгъуыдта. Кæстæртæй мын чидæр мæ хызын мæ къухæй куыд айста, уый уæвгæ дæр нæ бамбæрстон. Ничиуал ницы дзуры, иууылдæр æнхъæлмæ кæсынц, цы зæгъдзынæн, уымæ.

— Хуыцауы хатырæй, ам цытæ цæуы, уый-ма мын зæгъут, — æппынфæстаг сæ бафарстон æз. — Чи уæ кæимæ хæцы? Хуыцауардыстæн, ницы йын æмбарын.

— Хуыцауы фыдæх нæ баййæфта, — дзуапп радта Асæге, — æмæ ныл туг ныууарыд. Ир æмæ мæхъхъæл мæлæтдзаг тохы бацыдысты.

— Цы уаринаг уын разынди? — фæрсын сæ дарддæр.

— Чи йын цы зоны, — йæ къухтæ фæйнæрдæм фæхаста Асæге. — Сæ сæры зонд фæцыди...

Станцæйы бæстыхайæ рахызт хæстифтонг адæмы къорд, сæ разæй зæронд лæг. Дзæнгæрæджы бын æрлæууыд, йæ лæдзæгæй дуары тарваз цалдæр хатты æрцавта, ома байхъусут, хорз адæм.

Перроны чидæриддæр уыдис, уыдон зæрондырдæм азылдысты. Цыбыргомау къабазджын лæг. Гуыбырфындз. Дæргъæй-дæргъмæ фист боцъо. Йæ сæрыл уæлдзарм худ. Синджын кæрц æнгом æлвæст у ронæй; йæ астæуыл фæтæнком сау хъамайы кæрон уæрджытæм æххæссы. Йæ рахиз къухы — цым лæдзæг сыкъаздыхт хæцæнимæ, лæдзæджы бырынкъыл джебогъ фидаргонд.

Зæронд æнхъæлмæ кæсы адæмы басабырмæ. Сæ уынæр куыдфæстæмæ бамынæг. Бæлвырддæрæй хъуысы пулеметы «тэк-тэк-тэк, тэк-тэк-тэк»... Хъазтизæры дыууæ бандоныл æвæрд фæйнæг уистæй хойæгау.

— Мæнæ хорз адæм, Ирыстоны хъæбултæ, — боцкъайы хуылфæй дзурæгау райхъуысти зæронды фæсус бæзджын

хъæлæс. — Хъуыддаг аразыны рæстæг куы ралæууыди, уæд æнæпайда дзæнгæда худинаг у. Тепсыхъойыхъæу кæй бабын, уый уæм æгъгъæд нæ кæсы? Тепсыхъойыхъæуы арты амæддаг хæдзæртты æртхутæг ирон адæмы сæрыл кæй хауы, уыцы худинаг фагыл нæ нымайут? Ног худинаг, Татианыхъæуы сæфт уæ сæрмæ æрхæссинаг стут? Фыдгул йæ хъарутæ ииуылдæр уыцы хъæуы ныхмæ сарæзта. Сармадзантæ æрбаластой. Балæбурынæввонг сты. Мæхъхъæлы зарын айонг дæр хъуысы, мах та ам дзæгъæл ныхасыл æмæ æнæхъуаджы хабæрттыл схæцыдыстæм. Йæхи лæгыл чи нымайы, сылгоймаджы кæлмæрзæны бæсты йæ сæрыл худ чи дары, йæ дадзинты ирон туг кæмæн æхсиды, знагæн хатыр чи нæ зоны, уый хъуамæ хæсты быдырмæ атындза æмæ нæ маст дывæрæй райса. Ныхас ирон адæмы намысыл цæуы. Рæвдздæр цæугæут Татианыхъæумæ, мауал фæстиат кæнут. Худинаг уæ сæрмæ ма 'рхæссут æмæ ирон адæмы фидæны фæлтæрты дæр фидиссаг ма фæкæнут. Ирон намыс дæлæмæ æрхауын ма бауадзут.

— Ай-гъай... Ай-гъай... Тынг раст зæгъы... —хъуысы алырдыгæй. — Цæугæут! Ироны номыл къæм абадын нæ бауадздзыстæм! Нæ бауадздзыстæм! Цомут! Иууылдæр цомут!

Ссыди фондзæхстæтты къыбар-къыбур, сампалты къæрццытæ. Алчи йæ хотыхыл фидардæр æрхæцыд, хъатарайыл къух æрхаста, рон æнгомдæр балхъывта. Зонгæтæм, хиуæттæм хъæр кæнынц, цæугæдон йæ ауæзт куы арæмудза, уыйау иуырдæм агуылф сты.

Мæнæн дæр бæх æмæ хæцæнгарз радтой.

Цалдæр минуты атындзыдтон Татианыхъæуырдæм. Ме 'уæхскыл гилдзытæй йæ тæккæ дзаг дывæр сæрак хъатара уагъд. Бæх згъæллаггомы къæбæлтæ æхсыны. Мемæ ис æхсæз гæрзифтонг барæджы, мæ хæстæджытæ æмæ хъæуккæгтæ.

Ничи ницы дзуры.

«Тæдзынæгæй цыхцырæгмæ бахаудтон», — хъуыды кæнын хинымæр. Мæ фыдæлты зæхмæ мæ бæттæнтæ куы тыдтон, уæд ахæм хабармæ не 'нхъæлмæ кастæн, Уырысы нал хъæуыс, мæнæй уый. Дард кæмдæр ис дæ райгуырæн бæстæ, чи зоны, бахъæуай дзы. Кæд æй афицеры æнæнцой царды заман байрох кодтай, уæддæр уым сты дæ адæм; дæ зæрдыл ныр, афицер куы нал дæ, æрмæст уæд, де 'намонды сахат æрлæууыдысты. Чи зоны, иуварс дæ кæд нæ асхоиккой. Хъæмæ, хъæмæ. Сраст кæн дæ рæдыд, балæггад кæн дæ адæмæн. Æмæ куыд балæг-

гад чындæуа? Цæй, уым бæрæг уыдзæни... Ахæм лæггадмæ бæргæ нæ бæллыдтæн: ногæй та хæст. Ногæй та туг кæлы, æмæ адæм кæрæдзи цæгъдынц. Цæй охыл? Нæ зонын. Адæмы намысмæ, дам, фæныхылдæуыд.

Кæд æмæ хицæн адæймаджы намыс ис, уæд æнæхъæн адæмы намысæн дæр æнæ уæвгæ нæй, нымæцæй цыфæнды чысыл куы уой, уæддæр. Æнæмæнг афтæ. Кæд æмæ уыцы намысмæ фæныхылдæуыди, уæд æз йæ сæрыл тохы бацæуздзынæн... Удуæлдайæ кæй тох кæндзынæн, уый мын гуырысхойаг нæу...

Бæхтæ рог уайынц над фæндагыл. Цæфхад дурыл куы сæмбæлы, уæд йæ зæлланг ссæуы. Разæй разынди обау. Бæрæг ыл дарынц адæмы æмæ бæхты æндæргтæ. Ирон разбадджытæ. Хатгай ссæуы дзæгъæл нæмыджы дыв-дыв. Тынгæй-тынгдæр хъуысы пулеметы «тэк-тэк-тэк»...

Фæндагыл цæуынц фистæджытæ, барджытæ, адæмæй сæ тæккæ дзаг уæрдæттæ. Ииуылдæр фондзæхстæттæй ифтонг, сæ риутыл — хъатаратæ. Цухъхъаты фæдджитæ ронбасты тъыст, зынынц хъаматы кæрддзæмтæ. Ивылынц æмхæццæ гуылфæнæй, сæ бакаст —хъуынтъыз, ныхас никæмæй хауы...

Фæсте сæ фæуагътам æмæ смидæг стæм Татианыхъæуы фæтæн цæхгæрмæ уынджы. Ам фистæджытæ æмæ барджытæ уæлдай арæхдæр сты.

Стыр æмæ хъæздыг хъæу. Агуыридурæй конд цъæхсæр хæдзæрттæ. Сæ бырутæ гæнахы къултау фидар. Адæм дæр уыцы цардхуыз, сырхуадул. Дуканитæ рарæнхъ сты, фæлæ се ’ппæтыл дæр æфсæн æвдузæнтæ уæззау гуыдыртимæ...

Æнхъæлмæ кæсæм, кæд нæ иу хъуыдыгæнæг фæуид, зæгъгæ, алырдæм фæлгæсæм.

Уынгтæ сты æмызмæлд. Хъæр, хъæлæба. Уæрдæттæ, бæхтæ, фос, адæм — иууылдæр сæмхæццæ сты.

Хатгай райхъуысы адæмы тыхст æмæ знæт ныхас.

— Ардæм уæлибæхтæ хæрынмæ æмæ двайно нуазынмæ æрбацыдыстæм, æви! — йæ фондзæхстон æртхъирæнгæнæгау уæлиау систа, афтæмæй рахизырдыгæй иу къорды æхсæнæй хъæр кæны дæргъындзæг лæппу. — Хæрд æмæ нозт нæхимæ дæр разындаид! Рæстæг дзæгъæлы цы сафæм? Мæхъхъæлы æрбабырсынмæ æнхъæлмæ кæсæм? Нæхæдæг сæм ныббырсæм!.. Размæ!..

— Дзеудзæлæй, дзеудзæлæй! Цæуыл хъæр кæныс? — сдзырдта йæм æвзалыйæ нывгондау сатæгсау тымбылдзæсгом лæг.

—Дæу хуызон булкъонтæ ам бирæ ис. Иууылдæр уынаффæгæнæг куы суой... — сфæзмыдта йæ: — «Ныббырсæм, ныббырсæм!» Фæстæмæ хæц, науæд дæ хæлафæн йæ пъæр-пъæр ссæудзæн... Раздæр уал дæ арахъхъы тæф суадз...

Адæм худынц.

Иннæрдыгæй чидæр йæхи хъары:

— Штой! Равняишь!

Фæлæ йæм хъусæг нæй, коммæ кæсын ахуыр не сты фæсивæд.

— Штой, тебе говорят рушким яжыком. Вожми мешто! — командир мæстæй фыцы.

— Какой мешто мне не надо, у меня швой мешто, — фæстæмæ йæм дзуры бынтон æрыгон лæппу, рæнхъы æрлæууын нæ комы.

Хæстæгдæр кæртæй хъыллист æмæ æхситгæнгæ ракалдысты расыг фæсивæд. Дзæвгар дзы кæй ауагътой, уый сæ цæсгæмтты сырхæй бæрæг у. Уæлдзарм худтæ схъæл сагъд.

*... Не плачь ти, Маруша,*
*Будешь ти мое...*

Æрдæгцъæррæмыгъд уырыссагау чидæр кæны салдаты зарæг.

*С прижива вернуша,*
*Женю на тебе...*

— Раж... Два... Раж... Два... Жа мной, багенджинтæ, жа мной!..

... Уынын сæ, фæлæ мæ цæстытыл не ’ууæндын... Ау, адон ирон фæсивæд уой? Хæсты цалдæр азмæ сыл цы ’рцыдаид? Расыг фæсивæд сæ сæр-сæ фад нал зонынц, урссæр зæрæдты ницæмæ дарынц, уыдон дæр, мæгуыртæг, къулмæ сæхи ныл-хъывтой.

Дæргъæй-дæргъмæ рарæнхъ сты къулрæбын, æппæтæй дæр рох, æппындæр никæй хъæуынц... Сæ цæстытæй рухсы цъыртт нал кæлы. Сæхицæн дзурæгау цыдæртæ дзурынц сабыргай æмæ æнæбары. Искуы-иуæй фæстæмæ иууылдæр лæууынц лæдзæгæнцой. Стæмтæй фæстæмæ лæдзджытæн сæ кæрæттыл джебогътæ фидаргонд. Цард, æнæхъола, расыг цард абухы сæ разы, зæрæдтæ та сты, денджыз былмæ кæй раппæрста æмæ хурмæ чи æмпылы, ахæм æдуидаг бындзæфхæдты æнгæс.

Мæгуыртæг...

...Хур уæлиау ссыди æмæ судзын райдыдта.

Цавддуртау лæууæм дæргъвæтин рæстæг, æнхъæлмæ кæсæм: фиппайæг нæ кæд фæуыдзæн.

Æппынфæстаг фæсивæд къордæй нæ размæ æрбацыдысты æмæ нæ бафарстой:

— Чи стут, уазджытæ, æмæ кæцæй æрбафтыдыстут?

Дзуапп сын радтон:

— Æз дæн сисыхъæукаг Албег. Поездæй нырма ныр æрхызтæн æмæ, ирон лæгæн куыд æмбæлы, афтæ Татианыхъæумæ батагъд кодтон, кæд, зæгъын, ацы уæззау сахат мæ адæмæн истæмæй феххуыс уаин.

— Цæмæ æрбацыдыстут?..

— Æфсымæр мын дзы чи нæ свæййы!..

— Зонæм æй, цахæм æфсымæртæ нын стут, уый! — райхъуыст алырдыгæй.

— Ницæмæн нæ хъæуы ахæм æфсымæртæ...

— Уæ фæндаг дарут!..

— Гъа-гъа-гъа... — ныммырмыр кодта расыг адæмæй кæцыдæр, æмæ æрбайхъуысти мæстæлгъæд цъæхснаг хъæлæс:

— Пысылмон ирæттыл бауæндыны бæсты фæлтау мæхъхъæлыл бауæнддзыстæм мах.

Уыдæттæ фехъусын æнхъæл нæ уыдтæн, æмæ цы сдзурон, уымæ дæр нал арæхсын, хъуаджы кæстытæ кæнын алырдæм.

— Цы сæ бахъуыд ам?! Тепсыхъойыхъæу бастыгътой. Ныр та ам фæфос кæнын æрæфтыд сæ зæрды, — хъуысынц знæт хъæртæ.

— Ам сæ къухы ницы бафтдзæн.

— Фæндараст ут!

— Кæцæй æрбацыдыстут, уырдæм ахъуыдты ут!

— Махæн æцæг æфсымæртæ ис. Нæ фарсмæ сты. Кæсут, цас гилдзытæ нын æрбаластой. Æнæхъæн гуыффæйыдзæгтæ.

Æцæгдæр, кæм лæууæм, уырдæм хæстæг, къæнцылары кæрты хъазахъхъ хъахъхъæнынц гуыффæджын уæрдæттæ гилдзыты къоппытимæ. Уæрдæтты фарсмæ ир æмæ хъазахъхъ кæрæдзийы хорз уынынц арахъхъ æмæ бæгæныйæ.

— Мах дæр æмæ сымах дæр аргъуыд адæм стæм, чырыстæттæ, — хъæр кæны цавæрдæр хъазахъхъаг. — Ацы хъæддæгтæ та цæгъдинаг сты! — Йæ къух æвзидгæйæ фæхъил, фæлæ лæг фæцудыдта. Чидæр ын æнцой фæлæууыд.

Нæ бæхтæ разылдтам. Мæстæй фыцын. Ехсæй æрцавтон бæхы фарс. Бæх фесхъиудта, йæ сæр уæлиау систа, згъæллаггомы къæбæлтæ æхсыны æмæ йæ мидбынаты кафы... Ноджыдæр-ма йын иу дзæхст. Хайуан ницы аххосджын у, цæфтæ

та ӕгъдаумӕ гӕсгӕ хауынц фысымтӕм: кӕд уымӕй уӕлдай нӕ зонут уазӕгӕн ӕгасцуай зӕгъын, уӕд сымах ничитӕ куы стут!..

Цӕуӕм ӕдзӕмӕй. Мит атади. Быдыртӕ сау дарынц. Хур ӕртавта, дӕрдты зилын байдыдта, фӕлӕ йӕ тыхы нӕма бацыд, рагуалдзӕджы уӕлдӕфы адӕй бӕрӕг у: бонӕй-бонмӕ тынгдӕр тавдзӕни.

Зыдгомауӕй улӕфын уӕлдӕф, фӕйнӕрдӕм фӕлгӕсын, ӕмӕ мӕ маст сындӕггай сысын байдыдта. Ахӕм-ма рӕсугъд бӕстӕ уа! Быдыртӕн кӕрон нӕй. Разӕй дард кӕмдӕр зынынц хъӕутӕ. Скӕсӕны, хуссары, хуссар-ныгуылӕны — алкӕм дӕр хӕхтӕ. Сӕ фӕлладуадзӕг къамбецты рӕгъауы хуызӕн мӕм кӕсынц: сӕ сыкъатӕ уӕларвмӕ ныббыцӕу кодтой. Сыкъаты кӕрӕттӕ та сты ӕвзист доны тылд.

Хӕхтыл мӕ цӕст хӕссын. Уӕлӕ Арвыкоммӕ уӕрӕх бацӕуӕн. Кӕм и, кӕм, Чырыстийы тӕмӕнкалгӕ цъупп? Агурын ӕй, агурын, ӕмӕ мӕм нӕ зыны. Митӕмбӕрзт хӕхты сӕртӕ сты кӕрӕдзи ӕнгӕс. Ирыстоны кӕмттӕ иу иннӕйы фарсмӕ рарӕнхъ сты: Тӕгиатӕ, Куырттатӕ, Уӕлладжыр, Дыгургом. Сӕ мит нӕма сыстади. Цымӕ куыдтӕ цӕрынц компӕбынты та? Татианыхъӕуы куыд фехӕлдысты адӕм, уым дӕр афтӕ фехӕлдаиккой? О, ирон адӕм фехӕлдысты, фӕлӕ уырысыл та цы ӕрцыдаид? Даргъ фӕндагыл цытӕ федтон, уыдӕттӕ зӕрдыл лӕууын байдыдтой.

Инӕлар Корнилов Хъубаны быдыртӕм куы балӕгӕрста, раст уыцы рӕстӕг здӕхтӕн хъӕмӕ.

Дзӕуджыхъӕумӕ фӕндагыл Ростовӕй Минводмӕ станцӕтӕ ияуылдӕр уыдысты салдӕттӕ ӕмӕ кусджыты къухы, удхайраг бонтӕ ӕрвыстой. Ӕрмӕст ӕртӕ раны — Тихорецк, Кропоткин ӕмӕ Армавиры цур ӕрцыди цыбыр, фӕлӕ карз хӕстытӕ. Знӕгтӕ ахӕм знӕт систы, ӕмӕ кӕрӕдзийӕн ӕппындӕр хатыр нал зыдтой. Уацайрӕгтӕн хъӕддаг фыдмитӕ бакӕнынц, стӕй сӕ ныццӕгъдынц.

Мах, цалдӕр кавказаг афицеры, хуыснӕджытау цӕуӕм нӕ хӕдзӕрттӕм.

Нӕ поезд арӕзт у алы къӕлӕсты вагӕттӕй, гом платформӕтӕй ӕмӕ боцкъатӕй. Сӕрдинаг цӕлхыты хъыррыст не 'нцайы, лӕсгӕртӕ ӕмӕ рӕхыстӕ сӕ бынӕттӕй схаудысты ӕмӕ сӕ гыбар-гыбур хъуысы... Поезд хатгай фестъӕлфы сӕнтдзӕфау. Ӕрлӕууы, йӕ фӕсус ниуын ссӕуы.

Канд вагæтты нæ, фæлæ платформæты, боцкъаты фæрстыл вагæтты сæртыл, буферты — алы ран дæр адæм.

Махæн нæ хъуыддаг фæрæстмæ — æрхауди нæм фосласæн вагон, йæ рудзгуытæ пырх, дымгæ дзы къуыззитт кæны.

Къуымы батыгуыр стæм, куыд ничи нæм фæкомкоммæ уа, ууыл хъарæм нæхи. Алы станцæйы дæр фæндаггæттæй иутæ ахизынц æмæ сæ бæсты æндæртæ æрбахизынц.

Райгуырæн зæхмæ цас хæстæгдæр кæнæм, уыйас нæ зæрдæты ризын тынгдæр ссæуы: мыййаг нæ куы базоной, мыййаг нæ куы æрцахсой...

Вагоны цары тæккæ бын рудзынггондæй рæстæгæй-рæстæгмæ акæсын æнæрхъæцæй: цымæ хæхты бæллиццаг цъуппытæ нæма разындысты? Нæма! Цæст кæйонг æххæссы, уым ныллæг бады цъæх мигъ. Бæстæ æнкъард. Зæрдæмæ рухсы цъыртт никæцæй кæлы. Къуымы батымбыл у, дæ сæр дæ уæрджытæм нылхъив; æрдæгфынæйæ дæ цæстыл цы нæ ауайдзæни...

Хъæу æрбынатон хохаг хæлхæлгæнаг цæугæдоны былыл, сæ хъæбысы йæ бануæрстой цъæхсыф дыргъдæттæ, йæ алыварс хъахъхъæнджытау цалдæр рæнхъæй бæрзонд фæцыдысты рæхснæг гæдыбæлæстæ. Чъырæйцагъд урскъул хæдзæрттæ лæууынц сырх дурæй æмбæрзтæй. Бæстæ сабыр... Райхъуыст уæрыччы мæллæг уасын... Уынгты æрцæуы барæг. Дзæбæх хъуысы бæхты къæхты хъæр. Цæфхады зæлланг дурыл ссыди... Бæхы хуыррытт... Дамбацайы гæрахау у ехсы дзæхст, æмæ кæйдæр куыдз рæйгæ ралæбурдта уынгмæ... Бæстæ ногæй ныссабыр... Уæрдоны хъинц. Цыдæр уæззау ласы галуæрдон... «Цоб-цобе»... Цымæ цы ласа?.. Йæ базыртæ сцагъта æмæ æнафоны ныууасыди уасæг...

Фыдыуæзæг. Тагъддæр, тагъддæр! Поезд ласы уæртджын хæфсау, фæлæ адæймаджы хъуыдытæ йæ разæй дард кæмдæр балæууынц. Багъæц! Дæ хъуыдыты хал дын аскъуыдта расыг салдæтты дзолгъо-молгъо. Бавнæлдтой чумæдантæ, голджытæ, хызынтæ фæйлауынмæ. Бæлццæттæ сæ цæстытæ ныссагътой. Гуырысхойаг сæм чи фæкæсы, уый вагонæй рахизын кæнынц.

Дымгæ цæгатырдæм скъæфы мигъты. Фескъуыдысты, æмæ арвы цъæх разынди. Хуры цæст ракаст, æмæ дард кæмдæр фæбæрæг сты æддæгуæлæ амад хæхтæ. Мæнæй амондджындæр ма кæм ис!

Мæнæ сты, мæнæ сты райгуырæн хæхтæ! Тасæфтауæг Уæрæсе фæсте аззади... Мысинæгтæ зилахар самадтой...

Цымæ куыд сты мæ мад, хотæ, æмгæрттæ, сыхæгтæ? Æнхъæлмæ мæм кастаикккой? Куыннæ кастаиккой! Куыд ныццин кæндзысты, сæрæгасæй мæ куы феной, уæд! Мад! Цас æмæ цас цæстысыг ныккалдтаид мæ зæронд мад. Кæм фесæфт, куыд у йæ хъæбул? Хабар дзы нæй æмæ нæй. Æгас уа? Æви фæмард? Иунæг цытджын Хуыцау йеддæмæ йын чи цы зоны. Хотæ та? Афонмæ чындздзон чызджытæ сты. Чи зоны, моймæ дæр фæцыдаиккой. Валя та?.. Госпитæлы куы хуыссыдтæн, уæд дзы фæстаг хатт цы фыстæг райстон, уый ныхæстæ мæ зæрдæйы арф æвæрд сты:

«Сæрыстыр дæн дæхицæй дæр æмæ де сгуыхт хъуыддæгтæй дæр. Хуыцауæй курæг дæн, цæмæй дæ уæззау цæфтæ рæвдздæр байгас уой æмæ дзæбæх-æнæнизæй сæмбæлай хæдзарыл. Æз дыл бауужндыдтæн фыццаг бакастæй, дæуæй дарддæр мæ ничи хъæуы а дунейыл. Æрмæст мын иу сагъæс æхсыны мæ зæрдæ: ды пысылмон дæ, æз та — чырыстон. Ууыл никуы ахъуыды кодтай? Æз Хуыцауыл æуужндаг дæн. Папа куыд зæгъы, афтæмæй пысылмонмæ фидæны царды æнхъæлмæ кæсы зындоны удхар»...

Цыма мæ фидæны царды мæт тынг ис! Пысылмон, чырыстон. Мидбылты бахудтæн. Цæй, куы фембæлæм, уæд аныхас кæндзыстæм уыдæттыл. Цас æмæ цас зæгъинæгтæ мæм бамбырд!

Хæхтæ кæнынц æввахсæй-æввахсдæр. Цæст кæйонг æххæссы, уым дард кæмдæр баиу сты арвимæ, кæлæнгæнæг æрдз сæ сфæлыста алыхуызон ахорæнтæй. Арвы цъæх цатыр æнцайы урс-урсид къæдзæхтыл.

Поезд фæзылди хуссар-скæсæнырдæм æмæ разындысты æндæр нывтæ. Адæймагмæ афтæ кæсы, цыма æврæгътæ æзфæраздæронæй тындзынц арвы кæронмæ, нæртон уæйгуытæ митпæлæзы бын кæм бафынæй сты, уырдæм...

Уыцы уæйгуытæ сты мæ райгуырæн хæхтæ, зымæгон хъызтмæ ныссалдысты, мит лæгæмбæрц ныууарыд. Ирон адæм дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «Хохаг хъæпæн мит дæр рæсугъд бæргæ у, фæлæ дзы къæхтæ сийынц».

Митæмбæрзт кæмтты уазал мæ буарыл цыма сæмбæлдис, афтæ мæм кæсы. Уазалæй адæймаг бандзыг вæййы. Бæргæ, æз дæр куы нындæгъд уаин, æмæ, фæстаг рæстæг цытæ бавзæрстон, уыдæттæ мæм куы нал хъариккой. Сагъæстæ æмæ удхæрдтæ. Тæхуды, æмæ уыцы митæмбæрзт фæскъуымтæм фæцу æмæ уым уæд та фервæз дæ хъизæмарæй...

Ærænkъard dæн...

Ногæй æмæ ногæй мæхицæн дзурын Къостайы ныхæстæ:

*Æцæгæлон адæм, æцæгæлон бæстæ*
*Æхсныфæй нуазынц мæ туг...*

Мæ мæстытæ зæрдыл æрлæууыдысты. Цас æмæ цас æфхæрдтытæ бавзæрстон, æвæдза. Цæй тыххæй? Уæрæсейыл иузæрдион кæй уыдтæн, хæсты быдыры мæ туг кæй ныккалдтон, мæ буар нæмгуытæй кæй ныссыхырна, уый тыххæй. Мæ маст æхсиды. Кæмæ? Алкæмæ дæр, йæхицæй дæ чи асхуыста, æгады бынаты дæ чи сæвæрдта, уыцы бæстæмæ...

Поезд æрлæууыд. Вагонмæ æнæхъæн рæгъауæй æрбалæгæрстой. Дæхиуыл фæхæцын бафæраз, мæнæй уый.

— Кадет, афицер уæ кæцы куыдзæйгуырд у, уый йыл фæлтау йæхæдæг басæттæд, науæд ын хатыр нæ уыдзæни. Уый фæстæ хъаст ма ракæнæд — аххосджын йæхæдæг разындзæн...

Ахæм-ма дзы хæмхудтæ уа! Ау, ацы æнæджелбетт адæм намысджын уырыссаг æфсады салдæттæ сты?! Осипов Архиптæ!.. Топпыхъæдæй схуыстытæ кæнынц. Сæхицæй æлгъитынц. Хъæртæ кæнынц. Фæлæ сын сæ хъæртæ ничи ницæмæ дары.

— Цæй кадетты кой кæныс, æфсымæр? — къæйных дзуапп дæтты гæлдæрджын сæудæджер, йæ уæлæ скъуыдтæ уæлгуыр. Йæ фæтæн боцъо армытъæпæнæй æрсæрфта: — Ам иууылдæр нæхионтæ сты, зæхкусæг адæм. Фæлтау фыццаг кълæсы вагæтты басгар, чи зоны дзы искуы бандоны быn æмбæхстæй разына кадет. — Хирвæссонæй худы æмæ та дæрзæг æнгуылдзтæй рæвдаугæ æрдаудта йæ боцъо.

— Ды та дæ бырынкъыл хæц, æввонгхор, науæд дын дæ бæрзæйæн иу ныуудайдзынæн. Ничи йæм кæсы, цы хытъын рауагъта! — фæкомкоммæ йæм хæнкъуытæ, зылынкъах, тæнтъихæг салдат скъуыдтæ цинелы, æмæ гæлдæрджынæн йæ тæккæ боцъойыл бачъыртт ласта.

Гæлдæрджын хорзау нал фæци. Къуыммæ азылд æмæ егъаугомау чырынтæ къухмæрзæнæй йæ боцъо сæрфыныл фæцис. Йæхицæн дзурæгау мынæг хъæлæсæй дзуры: «Тобæ, Хуыцау, тобæ. Уый куыд у, уый? Искуыдæр-ма афтæ уыди?» Ацæргæ боцъоджын лæджы цæссыгтæ æркалдысты.

Æз хинымæр бахудтæн. Афтæ мæм кæсы, цыма Уæрæсейы революци æнæхъæнæй дæр ацы фыдцъылыз салдат у: бафæндыд æй, æмæ — чъыртт — æппæт уæрæсейаг уæздан боцъотыл... Чъыртт..

Салдæттæ дарддæр алæгæрстой. Аирвæзтæн та. Поезд фенкъуысыди, хуссар-скæсæнмæ йæ ных сарæзта. Гæлдæрджын йæхиуыл дзуар æфтауы. Хиды гуыр-гуыр ссыди цæлхыты бын. Рудзынгæй ракастæн. Калмыздыхтæй дæрдты зилы цæугæдон. Ау, Терк уа?! Æмæ цæй уæзбынæй кæлы йæ уазал дон? Кæдæйуæдæй дæ ногæй федтон, мæхи Терк! Цы дæн, уымæй хъустæ фестадтæн: йæ абухын нæ хъуысы? Нæй, нæ хъуысы. Æрмæст поезды цæлхыты бын хиды гуыр-гуыр цæуы. Терчы уылæнты уынæры хуызæн аив музыкæ цымæ дун-дунейы искуы разындзæн? Æррайау ралæбурыс Тырсыгомæй, абухыс Дайраны нарæджы, егъау дуртæ фæлдахгæ рахæссыс хæхбæстæй дæлвæзмæ æмæ сæ дæ донвæды цæндтæй ныууадзыс. Зынæрвæссон сылгоймаг йæ дарæс бон цалдæр хатты куыд ива, афтæ ды дæр иудадзыг ивыс дæ донвæдтæ. Хохы дæр æмæ быдыры дæр æнæ бауарзгæ нæй Теркæн.

Ам, дæлвæзы, Терчы былгæрæттыл кæрæй-кæронмæ зайы пыхсæнгæс дæлæмæдзыд хъæд. Цал æмæ цал хатты цыдтæн ам дыууæхстонимæ цуаны. Тулдз, кæрз, сусхъæд, æхсæр, какон, хъæддаг кæрдо, хæрис æмæ фæрв афтæ бæзджын задысты, æмæ се 'хсæн зынтæй хылдис адæймаг. Хъæдгæрæттæ ииуылдæр уыдысты дзедыр æмæ хуымæллæджы бын. Цыдтæниу тыхамæлттæй, мæ размæ пыхсытæ хъамайæ цæгъдгæ. Ноджы зындæр цуангæнгæ та уыди, Терк быдыры парахат кæм анхъæвзта, йæ былтæ хъамылæй æмæ пыхсæй æмырæхгæд кæм сты, уым. Уæртджын хæфсытæн дзы ныккæнæн нæй, былгæрон кæнæ фæлдæхт бæлæсты зæнгтыл æмæ уидæгтыл бадынц, сæхи тавынц хурмæ. Мæргъты цъыбар-цъыбур æмæ хъæлæбайæ хъустæ бамыр вæййынц. Кæд кавказаг хуыргарк скуынæг, уæддæр ма йыл арæх ис бамбæлæн. Сагтæ цæуынц рæгъаугай, ссæдзгæйттæй-дæс æмæ ссæдзгæйттæй. Хъамылы æрхæдзарон сты хъæддаг хуытæ. Маргъдзуан кæнынц хъæддаг гæдытæ. Ис дзы хъæддаг куыйтæ дæр... Фыдыбæстæ!.. Терк!..

Мæ хъуыдытæ мæ кæд цыфæнды дард ахастой æмæ кæд цыппар азы нæ хæдзары нæ уыдтæн, уæддæр бæхы аразын комкоммæ нæхимæ фæндагыл. Фæндаг цæуы Бæгæныдджыныл. Куыддæр хъæугæронмæ бахæстæг стæм, афтæ Асæге йæ бæхы фæурæдта.

— Цы хабар у? — афарстон æз.

Асæге иуцасдæр ницы дзуры, йæ даргъ рихи здухы, стæй æрæджиау загъта:

— Ацы фæндаг нæ фыдæлтæ кæд сарæзтой, уый уæвгæ дæр ничиуал зоны. Иууылдæр ыл сахуыр стæм, ды дæр æй хорз дæ зæрдыл бадардтай. Мæнæ ардыгæй суанг кæронмæ йæ рагон фæдыл цæуы.

Асæге цыма йæ кæсгон саулохагыл авдæнæй фæстæмæ бады, уыйау фидауы саргъыл; йæ рахиз къух синысæрмæ сарæзта, кæстæр æнгуылдзыл æрзæбул ехс. Æрфгуытæм ныллæг конд худы бынæй дард кæдæмдæр кæсы.

— Нылонг ацы хъæу зыдтам дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр Бæгæныджынæй, ныр та сси чырыстон Бæгæныджын, æмæ йæ астæуты пысылмонæн фæндаг нал ис, — сдзырдта нæ чъылдыммæ бынтон æвзонг лæппу Азджери. Йæ бæхы æрцавта æмæ нæ разæй фæци. Рагон фæндагæй фæрсырдæм атындзыдта.

Йæ фæдыл араст дæн, зонгæ фæндаг фæсте кæм аззади, уыцырдæм фæкæс-фæкæсгæнгæ.

Ногæй та æрæнкъард дæн æмæ хинымæр тыхсын.

— Хъус-ма, Асæге. Куыд æмбарын, афтæмæй рагæй фæстæмæ фыдæлты æгъдауыл фидарæй хæст иу Ирыстон нал ис, фæлæ фæзынди пысылмон æмæ чырыстон Ирыстæттæ? — фæрсын Асæгейы.

— О, — цыбыр дзуапп мын радта сæргуыбырæй. Стæй загъта: — Бæндæн иу тагæй не ’ххæссыд æмæ, дам, æй дыдагъ кодтой...

Ехсæй бæхы фарс ныдздзæхст ласта. Саулохаг ныххуырытт кодта, æмæ йæ хъустæ базмæлыдысты.

— Уæдæ ды кæцытæй дæ ныр: чырыстон ирæттæй æви пысылмон ирæттæй? — фæрсын та йæ ногæй.

— Æз хуымæтæджы ирон мæгуыр лæг дæн, мæ дин у фыдæлты фæдзæхст сыгъдæг æгъдау, мæ хуыцау та — мæ сыгъдæг цæсгом.

Диссаг мæм фæкаст, æмæ мæ зæрдæмæ тынг фæцыди хуымæтæг хохаджы дзуапп: мæхи хъуыды дæр ахæм у. Райгондæй кæсын Асæгейы дыууæ цъæх цæстмæ. Куыд кæнон, уый дæр нæ зонын.

Нæ дуармæ æрхæццæ стæм. Ме ’мбæлттæн мидæмæ табуафси загътон. Нæ бакуымдтой. Алчи сæ йæ хæдзармæ тагъд кæны.

— Хуыцауы куы бафæнда, уæд та рæхджы нæ зæронд фæндагыл цæуын райдайдзыстæм, фæрсырдæм зилын нæ нал хъæудзæн, — адзырдтон сæ фæдыл.

— Дунесфæлдисæджы бафæндæд!

— Хуыцау зæгъæд!

— Дæ ныхас Дунедарæгмæ куы фехъуысид, æмæ ахæм бон æцæгдæр куы ралæууид!

Тигъæй цалынмæ фæаууон сты, уæдмæ сæ фæдыл кæсгæ баззадтæн.

Дзыларбос бæхбæттæныл — хус бæласы къалиуыл — баппæрстон æмæ бæхы бæрзæй рæвдаугæ æрхостон. Ахъаззаджы бæх.

Бæхбæттæны акомкоммæ кауы рæбын — цалдæр егъау дойнаг дуры. Цалынмæ мæ хызын саргъæй æфтауын, уæдмæ мæ цæстытыл æнахуыр бæлвырдæй ауадысты рагон нывтæ. Цал æмæ цал азы сты ам уыцы дуртæ! Куыд хъуамæ ферох уой мæ сабибонтæ! Мæ зæронд фыд уарзта ацы дуртыл бадгæ йæхи хурмæ тавын. Мæ фыд хохæгтæм стыр лæгыл нымад уыди йæ заманы — милицæйы прапыр... Афтæмæй æгæрмæгуыр кæсын æмæ фыссын дæр нæ зыдта, æрмæст йæ къух æвæрыныл сахуыр куыддæрты. Йæ фарсмæ-иу рабадтысты нæ сыхæгтæ — йæхи хуызæн зæронд лæгтæ — æмæ сын-иу дæргъвæтин ныхас бацайдагъ: мысыдысты незамантаг хабæрттæ æмæ хъуыддæгтæ. Уæлдай арæхдæр мысыдысты Донайы хæст; искуы-иуæй фæстæмæ дзуæрттимæ æмæ майдантимæ сыздæхтысты уырдыгæй.

Ацы дурты уæлæ бадгæйæ бавзæрстон мæ царды фыццаг удхайраг фæлварæн. Нæ сыхæгты зæронд лæг мæ йæ уæрджыты æхсæн балхъывта, хъамайы бын даргæ дæргъæццон цыргъ хæрынкъа систа æмæ мын мæ сæр хусæй дасыныл схæцыд. Чысыл æй уæд та куы бахуылыдз кодтаид. Хъыллист самадтон, мæ цæссыгтæ гæр-гæрæй калдысты, мæ гæндзæхтæ цагътон, фæлæ мæ зæронд йæ уæрджытæй афтæ нылхъывта, æмæ мæ фезмæлæны бон нæ уыд.

— Ма тæрс, ма тæрс... Æцæг ирон лæппу хъуамæ дастсæрæй цæуа, — зæрдæтæ дæр мын æвæрдта.

Æппынфæстаг мæ хъизæмарæн кæрон æрцыд. Зæронд мын йæ дæрзæг армæй мæ сæр æрсæрфта, дыууæ æнгуылдзæй мын мæ къæбут ныцъцъыкк ласта, æмæ йæ уæрджытæ феуæгъд сты. Нæмыгау расхъиудтон йæ хъæбысæй.

— Тæхгæ, æнæнтыст! — радзырдта мæ фæдыл.

Ацы дурты æхсæн райдыдтой мæ сабибонтæ, ам арвыстон ме 'взонджы бонтæ.

Цал æмæ цал бараджы æрфистæг ацы бæхбæттæны цур!

Нæ дуармæ-иу барæг куыддæр æрлæууыд, афтæ-иу æз дæр уынгмæ ратахтæн. Бауадтæн-иу, дзылармæ-иу фæлæбурдтон æмæ-иу бæхмæ рахизырдыгæй бацыдтæн. Дзыларыл хъуамæ рахиз къухæй хæцай, æгъдæнцойыл та — галиуæй, амыдта мын мæ фыд. Барæг куы æрцæйхиза, уæд саргъ фæрсырдæм куыннæ фæбыра, афтæ-иу ыл æрцауындзæг дæн.

— Хуыцау дæ афицер рауайын кæнæд, — арæхдæр-иу ахæм уыди уазæджы арфæ.

Бæхы алыварс мæ рауай-бауайæ уазæг бамбæрстаид: йæхицæй тынгдæр йæ бæхыл у мæ цин.

— Абад ыл, абад!

Æз дæр æнхъæлмæ кастæн. Бæхы рагъыл февзæрдаин, растдæрæй та йæм схылдаин. Мæ къæхтæ æгъдæнцæйттæм не 'ххæссынц æмæ сæ æхтæнгты бын атъыссын.

— Кæс-ма уыцы æнæнтыстмæ, бæхыл та куы февзæрди! — сдзурдзæни мæ фыд.

Бæх сабыр у, хивæнд оцани у, тæрсаг у — мæ фыд æй фыццаг бакастæй базоны æмæ йæ зæрдæ æхсайы: мыййаг дзы куы асхъиуон æмæ бæрзæйсаст куы фæуон, фæлæ дын кæйдæр раз ма равдиса йæ мидкатай. Йæ мæт цыма бæхыл у, уыйау мæ фæстæ хъæр кæны:

— Сабыргай тæр! Уазæджы бæх тæригъæд у — дард фæндагыл фæцыди...

Æмæ æцæгдæр сабыргай араст дæн хæдзары цурæй: искуыдæр-ма фыды коммæ æнæ бакæсгæ вæййы. Фæлæ куыддæр тигъы фале фæдæн, афтæ бæхы фæрстæ зæвæттæй хойын байдыдтон, хъæугæрон та йæ йæ тых-йæ бонæй аскъæрдтон.

Дугъы уайынæй стырдæр амонд уæвгæ та цы хъуамæ уа?

Быдыр мæ алыварс зилы. Бæлæстыл цæст нæ хæцы, уайтагъд фæсте аззайынц. Риуыдзаг улæфын æмæ фырцинæй хъыллист кæнын.

Мæ размæ чи фæвæййы, уыдон мидбылты бахудынц.

— Аскъæр, аскъæр, фенæм дæ, цымæ дæ цавæр барæг рауайдзæни. Дæ фыд хорз барæг уыди, ма йæ фæхудинаг кæн. Ехсæй æрцæв! — хъæр кæнынц мæ фæдыл.

Фæлæ ехсæн къæрццы бæсты йæ тъупп ссæуы бæхы гуыбыныл. Ехх, æцæг барæджы къæрцц иунæг хатт уæд та куы ныккæнид.

Мысинæгтæ мæ рагбонтæм фæхастой, афтæмæй сындæг къахдзæфтæй бацыдтæн кулдуары цурмæ. Зыхъхъырæй

мидæмæ бакастæн. Змæлæг дзы нæ зыны, иу уынæр дзы нæ хъуысы. Уæртæ сарайы рæбын нæ иузæрдион куыдз Домбай. Йæ сæр раззаг дзæмбытыл æвæрдæй хуыссы. Бахостон. Домбай фæгæпп ласта æмæ кулдуарыл йæхи ныццавта. Рæйы. Базæронд, мæгуырæг, ныффæсус.

Хæдзарæй ничи зыны, рудзгуытæ æмыр æхгæд, дуæрттыл — гуыдыртæ. Мæ зæрдæ æрбауазал — марды фесты, æви? Тынгдæр бахостон. Домбай лæбуры, хæмхудтæ кулдуары фæйнæджыты бын фæцæвы, фырмæстæй йæ ниуын ссæуы...

Дуары хойынмæ æмæ куыдзы знæт рæйдмæ рахызти нæ сыхаг зæронд хъомгæс. Æрбацыд мæм, йæ хъæбысы мæ ныккодта.

— Табу Дунедарæгæн, æгайтма дæ сæрæгасæй фыдыуæзæгыл сæмбæлын кодта. Фæлæ нæм хорзæй ницы сæййæфтай, — йæ цæссыгтæ æркалдысты. — Ирон адæмæн сæ зонд фæцыди. Пысылмæттæ æмæ чырыстæттыл фæдих сты, æмæ æфсымæр æфсымæрæн знаг фестади... Кæсыс, дæ хæдзар сындзæрхæй лæууы, иннæ хæдзæрттæ дæр афтæ сты.

Зæронд хуыфы — хъыххы... хъыххы... Иуварс азылд, ату кодта æмæ цухъхъайы скъуыдтæ дысалгъæй йæ дзых æмæ боцъо æрсæрфта.

— Хъыххы... Хъыххы... Бæгæныджын æмæ иннæ чырыстон хъæутæ нæм кæд æрбалæбурдзысты, уый бæрæг нæу. Сылгоймæгты, сывæллæтты, рынчынты — гарз райсынхъом чи нæу, уыдоны хохмæ арвыстам. Хъыххы... хъыххы... Уым æдасдæр у. Æрмæст хæстхъом лæгтæ баззадысты ам. Хъыххы... Ныртæккæ мæзджыты кæрты сты, сходы...

Зæронды хуыфæг йæ быны скодта, йæ хурсыгъд æнцъылдтæ уадултыл згъорынц цæссыгтæ.

Бæхы зæрондæн бафæдзæхстон, мæхæдæг хабар базонынмæ атындзыдтон мæзджытырдæм.

Куыд æмбарын, афтæмæй ирон пысылмæтты æмæ чырыстæтты æхсæн бæгуы тох нæ бацайдагъ. Суанг ма бинонты хохмæ æрвитын дæр бахъуыди. Цæмæн афтæ æнæуынон фæцадаиккой кæрæдзийæн? Иу адæмы хъæбултæ кæрæдзийыл чи сардыдтаид? Татианыхъæу зæрдыл æрбалæууыд, æмæ мæ масты дзæкъул адæнгæл. Уæлдзарм худ дæлиау æрсагътон æмæ фæтæн санчъехтæй араст дæн.

Чидæр мын мæ дысыл æрхæцыд æмæ гуым-гуым кæны.

Чи у, уый нæма базыдтон, афтæмæй ме ’рвад, гоби Умары

хъæбысы февзæрдтæн. Йæ цин дзыхæй зæгъын йæ бон нæу, фæлæ йæ цæсгомыл бæлвырдæй зыны: дæндæгтæ базыхъхъыр сты, æрфгуытæ уæлиау систа. Йæ зæгъинæгтæ кæмдæр риуыгуыдыры сагъдæй лæууынц, хæрдмæ сæ нæ фæразы æмæ йæ гуым-гуымæй не 'нцайы. Цымæ цы зæгъинаг у? Цыппар азы дæргъы уæлдайхуызон нæ фæцис Умар, æрмæст тæнæггомау зайæгхал рауагъта йæ уадултыл. Фæрсæй-фæрстæм цæуæм, къухтæй мын цыдæртæ амоны, фæлæ йæ æз, иуæй, не 'мбарын, иннæмæй та, дзурынтыл нæ дæн. Æмæ уæд Умар дæр ныхъхъус. Размæ лæгæрдæм, алчи йæхи сагъæстимæ.

Умар иуцасдæр фæцыд æнæуынæрæй, стæй мын æвиппайды мæ цонгмæ фæлæбурдта. Фестъæлфыдтæн. Гуымгуымгæнæг иу къухæй хæцы мæ цонгыл, иннæмæй хæрдмæ амоны. Йæ цæстытæ æрттивынц. Тымбылкъухæй кæмæдæр æртхъирæн кæны. Йæ цæсгом у мæстджын, хæрдмæ кæсы. Куыд æй æмбарын, афтæмæй зæгъы: ды мын æвдисæн фæлæуу — æппындæр райгонд нæ дæн зæххы æмæ уæларвы хицауæй.

Мæзджыты фæз адæмæй нæ зыны. Хъæубæстæ иууылдæр, æвæццæгæн, ардæм æрæмбырд сты. Умар адæмы куы федта, уæд æрсабыр, арф ныуулæфыд æмæ мын йæ сæры базмæлдæй бамбарын кодта, рæвдздæр цом, зæгъгæ.

Сходы адæмæн мæ уынд æхсызгон у, фæлæ йæ цин æргом ничи равдыста, иунæг дæр мæм дзы нæ бахудти. Æмбарын æй: цинты æмæ арфæты бынат нæу ам. Хистæрты къордæй чысыл æддæдæр хицæнæй лæууынц фæсивæд. Мæхи сæм байстон.

Ныллæггомау обаугондыл лæууы хъæуы хистæртæй иу — бæрзонд, гуырвидауц Темболат. Йæ нарæг астæу æвзист ронæй æнгом æлвæст. Роныл — æвзист хъама; рахиз фарсыл сæрак хуымпъырæй зыны дамбацайы хъæд, галиу фарсыл — æхсаргард æвзист фистонимæ. Фæтæн риуыгуыдырыл иу кæронæй иннæмæ — урс бæрцытæ. Йæ сæрыл — фæныкхуыз бухархуд, худы бынæй зыны бæрзонд тæрных.

Дымгæ йын фæйлауы йæ сауæмхæццæ даргъ урс боцъо, йæ фæтæн тыхджын уæхсчы сæрты йæ аппары. Йæ бæзджын æрфгуытæ тæмæнкалгæ цæстыты сæрмæ сты тарæлхынцъ.

Зæронд йæ ныхас куыддæр райдыдта, афтæ бахæццæ дæн æз дæр.

— Урссæр буц хистæртæ, сымахæй хатыр курæг дæн, уæ разы мæм мæ дзых схæлиу кæныны ныфс кæй разынди, уый тыххæй. Кæстæртæ, сымах та цы стут, уымæй хъустæ фестут

æмæ уе ’взонг зæрдæты арф сæвæрут, Кавказы хохæгты ном чи хæссы, уыдоны æгуыдзæгдæр — мæнæ æз цы зæгъдзынæн, уыдæттæ, — æхсаргарды фистоныл йæ къух æвæрдæй дзуры Темболат; йæ хъæлæс у зæлланггæнаг, алы ныхас дæр хъуысы бæлвырдæй. — Знаг нын нæ цæргæсы ахстæттæ куы ныффалгæрон кодта æмæ нæ фыдæлты зæххыл æгомыг фосау куы схæтæнхуаг стæм, уæдæй нырмæ мæ райгуырæн бæстæ агурæг дæн ныр æртиссæдз азы дæргъы æмæ йæ мæ бон ссарын нæу. Æмæ абон нæ сахъ фæсивæд ацы кувæн бынатмæ хонæг куы æрзылдысты хъæууынгты, уæд мæ сæрыл бæрзонд схæцыдтæн. Уыйбæрц хъарутæ æмæ ныфс мæм сæвзæрди, æмæ йын зæгъæн дæр нæй. Æнхъæлдтон, ныронг мæ мæхи зæххыл мæ райгуырæн бæстæ ссарын чи нæ уагъта, уыцы джауыры мын ам бацамондзысты. Æнхъæлдтон, уыцы джауыримæ тугкалæн хæсты мæ утæхсæнæн кæрон æрцæудзæн æмæ мæ зæронды бонтæ рæсугъдæй арвитдзынæн. Уымæ гæсгæ æрбалвæстон абон мæ астæуыл фыдæлты фæринк, уымæ гæсгæ ауыгъд у мæ роныл дæсгай азты размæ ифтыгъд фыдæлтыккон дамбаца. Фæлæ куыд кæсын, афтæмæй мæхи кæдæм ифтонг кодтон, уырдæм не’рбафтыдтæн. Цы фыдгулимæ схæцинаг уыдтæн, уый нæ уынын ам.

Иуцасдæр æдзæмæй алæууыд æмæ дарддæр дзуры:

— Ирон лæджы фыдгулы ирон адæмы æхсæн нæ, фæлæ æндæр ран агуырдтон. Æмæ ныр цы раргом? Куыд бамбæрстон, афтæмæй ирон лæджы фыдгул ирон лæг у. Æз та ахæм хъуыдыимæ никуы сразы уыдзынæн. Мæнæ ацы марæнгарз, — æхсаргард æмбисмæ никуы сласта кæрддзæмæй æмæ йæ фæстæмæ нысхуыста, — знæгтæн-джауыртæн хатыр нæ зыдта, фæлæ æфсымæры туг никуы ныккалдзæн...

Фæстæрдæм иу къахдзæф акодта зæронд; цы йæ зæрды ис, уымæн ничи ницы бамбæрста, афтæмæй арвæрттывдау йæ къухы ферттывта фыдæлтыккон фæринк.

Адæм ныссабыр сты. Хъуысы æрмæст дымгæйы æхситт гæдыбæлæсты быгъдæг къалиуты æхсæн, стæй дæрддзæф кæмдæр уасынц халæттæ.

Зæронд цы уыди, уымæй ноджы бæрзонддæр цыма сырæзыд обаугондыл, афтæ мæм кæсы. Йæ цæстæнгас сындæггай хæссы адæмыл.

— Иугæр фыдæлтыккон фæринкæн знаджы сæрау кæд ироны сæр къуыринаг у, уæд ын, æвæццæгæн, æндæр тæрхон раханта Хуыцау, — йæ ныхас кæронмæ ахæццæ кодта Темболат.

Æхсаргард йæхимæ дæр æмæ сæ хæдзарвæндагмæ дæр мыггаджы тæккæ стырдæр хæзнайыл нымад уыди. Темболат ын дыууæ къухæй йæ фистоныл æмæ кæроныл æрхæцыд, йæ былтæм æй схаста, узæлгæ йын аба кодта, стæй æхсаргарды тæккæ астæу йæ уæрагыл æрцавта. Ниуæгау ныккодта фæринк æмæ дыууæ дихæй зæхмæ æрхауд.

Сæдæгай адæймæгтæ æмуынæргъд ныккодтой:

— Æллæх-æллæх!..

Æмæ та сыбыртт никæцæйуал хъуысы. Адæм зæрдæдзæф фесты зæронд Темболаты ныхæстæй æмæ фæринчы састæй.

Сæргуыбырæй иуцасдæр алæууыди Темболат, сæргуыбыр æмæ æдзæмæй æрхызт обаугондæй, хистæртæм йæхи байста.

Ничи ницы дзуры.

Уалынмæ зæрæдтæ банкъуысыдысты. Чидæр ын йæ цонгыл хæцы, афтæмæй обаугондмæ лæдзæгæнцæйтты фæцæуы хъæубæсты хистæр Хъуыдæберд; азты уæзæй ныггуыбыр, йæ къах тыххæйтты исы. Йæ синджын кæрц зæххыл хафгæ цæуы. Алы къахдзæфæн дæр йæ тæнæггомау боцъо базмæлы, цæстыты дон лæдæрсы, уынгæ дæр, æвæццæгæн, дзæбæх нал кæны. Хъæрзгæ æмæ тыхулæфт кæны Хъуыдæберд. Кæйдæрты æххуысæй тыхамæлттæй схызт обаугондмæ æмæ дзойдзойгæнгæ æрлæууыд. Йæ лæдзæг зæххы æрсагъта æмæ йыл йæ риуæй æрæнцой.

Бынтон базæронд Хъуыдæберд, фæлæ йæ хъæлæс зæлланггæнагæй баззади. Йæ ныхас алкæмæ дæр хъуысы:

— Темболатæн иууылдæр арфæйаг стæм йæ ныхæсты тыххæй. Æрмæстдæр ирон лæгæй фехъусæн ис ахæм ныхæстæ æмæ æрмæстдæр ирон зæрдæмæ бахъардзысты. Мæнæн мæхи риуы мидæг зынгау судзынц Темболаты ныхæстæ.

Лæдзæгæнцой лæууы Хъуыдæберд, йæ боцъо асæрф-асæрф кæны, дарддæр цы зæгъа, уый цыма нал зоны, уыйау. Бынтон базæронд Хъуыдæберд, фæлæ ма йæ зонд æххæстæй дæр йæхимæ ис нырма.

— Бирæ ныхæстæ дзы цæмæ хъæуы?! — дзуры дарддæр. — Иунæг зæгъинаг йеддæмæ мæм нал ис: мæнæ ац фæринчы — сæ хæдзарвæндаджы тæккæ стырдæр хæзнайы — сæстытæ нын æвдисæн фæуæнт Хуыцауы раз, Темболаты амынд фæндагыл кæй ацæудзыстæм, уымæн. Уæлиау Чи бады, алцыдæр Чи уыны æмæ зоны, алкæмæн дæр æнæхæрам тæрхон Чи рахæссы боныфæстагмæ, Уый фыдæх нæ баййафæд, æндæр фæндагыл куы ацæуæм, уæд...

Хъуыдæберд уæлиау систа йæ лæдзæг æмæ дзы æвзиды.

— Ард хæрæм! Ард хæрæм! — иу адæймагау хъæр кæнынц фæзы адæм иууылдæр.

— Ард хæрæм! Ард хæрæм! — хъæр кæнын æз дæр, кæмæдæр тымбылкъухæй æвзидгæйæ.

Райгонд дæн мæхицæй — æгайтма æмвæнд разындтæн мæ адæмимæ. Уымæй стырдæр амонд ма цы вæййы! Мæ сагъæстæ цыдæр æрбаисты, цыма ме уæхсчытæй уæззау уаргъ ахауд, уыйау.

Йæ хæдзармæ йæ къах никæй хæссы. Цинæйдзаг, райдзаст цæсгæмттæ. Хуры фæстаг тынтæ хъазынц мæсджыты сызгъæрин доны тылд ног мæйыл. Арвы æмбис сырххъулон дары. Уæлиау кæмдæр цæст зынтæй æвзары сау стъæлфытæ — тæхгæмæргътæ тагъд кæнынц цæгатырдæм.

Фæсивæд мыл æрæмбырд сты. Æгасцуай мын зæгъынц, хъæбыстæ кæнынц. Хъазæн ныхас... Ахæм балхонимæ, дам, никæмæйуал тæрсæм. Кой дардмæ хъуысы — райгуырæн хъæуы дæр мæ хъæбатырыл банымадтой...

Хъæугæсты хицау йæ бартæ дæтты мæнмæ, фæлæ йын нæ бакуымдтон, сразы дæн хъæуæн æрмæст йæ хуссайраг хай хъахъхъæныныл. Фæсивæды къордимæ ацыдтæн, нæ бынат кæм ис, уырдæм — уæлмæрдты фарсмæ.

Хур аныгуылд. Талынгæй-тылынгдæр кæны, фæлæ цæст нырма æвзары уæлмæрдты цыртытæ — хохаг хуымæтæджы лæгъзгонд къæйдуртæ. Алыхуызон фыстытæ æмæ нывтæй аивгонд, рæнхъæй лæууынц тохвæллад хæстонтау. Цыртытæй бирæтæ афæлдæхтысты кæнæ æрфæлдæхынæввонгæй фæрсырдæм фефсæрстой. Цыртытыл нывгонд сты кæм бæрцытæ, хъаматæ, кæм та хæсгæрдтæ, судзинтæ, сылгоймаджы риуыгънæджытæ — ингæны нæлгоймагæй, сылгоймагæй чи ныгæд у, уымæ гæсгæ. Нывты сæрмæ та араббаг æлхынцъ фыстытæ: марды ном, кæд райгуырди, кæд амард.

Хъæугæстæй йæ бынат кæмæн кæм ис æмæ кæмæн цы кæнгæ у, уый сын бацамыдтон, мæхæдæг мæ фыды ингæны цурмæ байстон мæхи. Нымæт зæххыл æрытыдтон, басылыхъ нывæрзæны сæвæрдтон æмæ æрхуыссыдтæн. Дыууæ мæйы дæргъы фæндагыл рахау-бахауæй афтæ бафæлладтæн, æмæ мæ къæхтæ мæ быны дыдæгътæ кæнынц. Тарф фынæй куыд адæн, уый уæвгæ дæр нæ бамбæрстон.

Цас фæфынæй кодтаин, нæ зонын, фæлæ иуафон кæйдæр

сагъæсхуыз ныхас ауад мæ хъустыл.

— Райхъал æй кæнут, хъазахъхъ æмæ æрыдойнæгтæ æрбабырсынц!

Фæгæпп ластон:

— Цы хабар у?

— Уартæ уыныс? Стæй хъусыс? — ехсыхъæдæй мын цæгатырдæм амоны хъæугæсты хистæр. Кæдæм амоны, уым бонивайæнты фæлмы цæст иртасын райдыдта Даргъбыдыры хæдзæрттæ.

Хур нæма сзынди, фæлæ йæ фыццаг тынтæ фæбæрæг сты арвгæроны. Зæхх æртæхæй бауымæл, мигъы тæнæг фæлм ыл æрбадти. Дымгæ йæ тæры цæгатæй хуссарырдæм, хæхтырдæм.

Цæгатырдыгæй мигъ сыстад, æмæ дзы разынди рацу-бацугæнæг æндæргтæ. Сæууон уæлдæфы æрбайхъуыст æфсæйнаджы гыбар-гыбур æмæ цæлхыты хъинц.

Бинокль никæмæ ис, фæлæ æнæуи дæр цæст иртасы бæхджын æфсад иу полчъы бæрц. Фæлæ уыцы гыбар-гыбур та цы амона?

— Кæд сармадзантæ сты, — зæгъы фæсивæдæй чидæр.

— Сармадзантæ?! — нæ йыл æууæнды иннæ. — Æмæ сæ гыбар-гыбур афтæ тынг цæмæн цæуы?

— Сæ сæмæнтæ балвасинаг сты, æвæццæгæн.

Куыд мын радзырдтой, афтæмæй ирон адæммæ ис дыууæ сармадзаны. Æфснайдæй сæ дардтой Алагиры, фæлæ ныр, æвæццæгæн, бахъуыдысты æмæ сæ раластой? Æмæ сæ кæдæм ласой? Кæм дзы ис сæ зæрды æхсын? Сармадзантæ ис мæхъхъæлмæ дæр. Уæдæ хъазахъмæ та алы станицæйы дæр ис. Хæст цы вæййы, уый у. Суанг сармадзантимæ. Мæлæты хæстмондаг систы адæм. Ныххудынмæ мæ бирæ нал хъуыди. Фæлæ мæ алыварс фæсивæд уыдысты тыхстхуыз, æвæццæгæн, тарстысты, уыцы сармадзантæй нæхи хъæуыл ныккалынæй. Æнæ базонгæ йын нæй — цы хабар у, цавæр æфсад сты, стæй кæмæ ныхъхъавинаг сты сармадзантæй.

Уæ хотыхтæ цæттæйæ дарут, зæгъгæ, бафæдзæхстон лæппутæн, мæхæдæг цалдæримæ фæндаггæронмæ æрхызтæн. Фæндаг цæуы донбылты.

Бæхджынтæм æцæгдæр ис иу сармадзан æмæ цалдæр уæрдоны, æрбаввахс нæм сты. Сæ фæндаг махырдæм нæ барынц, фæлæ скæсæнырдæм, Бæгæныджынмæ. Сæ ныхас нæм хъуысын райдыдта, æмæ бамбæрстам, ир æмæ хъазахъхъ кæй сты æмхæццæйæ.

Махæй рох нæу мæзджыты кæрты нæ ардбахæрд æмæ фæрсырдыгæй кæсæм бæхджынты къордмæ. Нæ рæзты сивгъуыдтой...

Æвиппайды дард кæцæйдæр райхъуыст уадындзы хъæлæс. Ыннæрыд иу гæрах, дыккаг, æртыккаг. Фæдис...

Мæ адæм сæ бынæттæм азгъордтой. Зæххыл æрхуыссыдысты.

Æз æнцад лæууын æмæ хъусын: кæцырдыгæй цæуынц гæрæхтæ, чи кæй æхсы?

Куыддæр уадындз райхъуыст, æмæ гæрæхтæ сарæх сты, афтæ барджыты къорд фæхæлиу æмæ уæртæ быдыры фæтæхы. Бæхтæрджыты бæхтыл ралæууыдысты. Уæрдæттæ æмæ сармадзан гыбар-гыбургæнгæ стырындз сты.

Уадындзы уасын цы амоны, æмæ чи гæрæхтæ кæны, уый базонынмæ атындзыдтам доныбылмæ — уырдыгæй хъуысы уадындз.

Фæндаггæрон иу къардиуы къутæры бын бады нæхи Гогос æмæ æфсæнвæндаджы кусæджы уадындзæй уасы æмæ уасы.

Мах куы ауыдта, уæд фырхудæгæй йæ тæнтыл ныххæцыд, йе 'нгуылдзæй быдырырдæм амоны, ома кæсут, хорз куы фæтарстысты, сæ сæр сæ кой ссис.

— Хъазын дæм куыд цæуы, — бауайдзæф кодтам Гогосæн.

Æрбабон. Ме 'хсæвы рад ахицæн. Цалдæр хъахъхъæнæджы баурæдтон, иннæтæн бузныг загътон æмæ сæ ауагътон сæ хæдзæрттæм.

Хъæумæ æрбаздæхтæн.

Уынгты æрзилын мæ фæнды. Æвæдза, куыд тырныдтон фыдыуæзæгмæ! Схæццæ дæн æмæ дзы хорзæй цы сæййæфтон? Уæрæсейы æгъатыр æмæ карз уадтымыгъ ардæм дæр схæццæ. Мæ хæстæгдæр къабæзтæ фæхæтæнхуаг сты. Нæ кæрт сындзæрхæй лæууы, змæлæг дзы нæй.

Хæдзары дæгъæлтæ разындысты нæ хæстæджытæм. Уатмæ куы бахызтæн, уæд ахæм зауиатхуыз разынд, æмæ мæ зæрдæ бамæгуыр, уайтагъд феддæдуар дæн.

Кæдæм фæцæуон?

Адæм фылдæр кæм ис, сæ уынæр æмæ ныхас кæм хъуысы, иунæг кæм нæ уон æмæ мæ зæрдæйы тугтæ кæм нæ кæлой, уырдæм.

Къæнцыларырдæм араст дæн. Хæстæг нæм у: дыууæ-æртæ тигъыл фæзил æмæ йæм бахæццæ уыдзынæ. Цæй æдзæллаг ныццис! Йæ сæрст æрызгъæлд, æмæ хъæдын къултæ разынды-

сты. Йæ дуары сæрмæ тасмачъийы гæбазыл фыст зынтæй равзæрстон: «Селско правлени». Тасмачъийы къæпсыртæ суæгъд сты æмæ дымгæмæ йæ дзæгъ-дзæгъ цæуы. Рудзгуытыл æвгтæ нæй. Сæ бæсты бафидар кодтой хъæбæр гæххæттытæ: рыгæй, къæвдайæ æмæ дымгæйæ сбур сты. Уæлхæдзар кæддæр æмбæрзæндурæй æхгæд уыди, ныр гæмттæй зыны.

Иуцасдæр фæхъуыстон, къæнцылары дуармæ бæрзонд гæдыбæлæсты быгъдæг къалиуты дымгæ куыд ниуы, уымæ. Хъæугæрон незамантаг хъæбатыры ингæныл амад обаумæ ацыдтæн. Зыны дзы дзæвгар адæм.

Хæстæгдæр сæм мæхи байстон æмæ обаумæ схызтæн.

Адæм иууылдæр кæсынц скæсæнырдæм. кæдæм кæсынц, уым бæрзонд фæцыди сау фæздæг: судзынц Тепсыхъойыхъæуы фæстаг хæдзæрттæ.

Ныгуылæнырдыгæй скæсæнырдæм хъæдæмбæрзт хохрæбынты цыдæр змæлд æрцахста мæ цæст, цыдæр сау стъæлфытæ дзы змæлынц. Æдзынæгдæр ныккастæн æмæ раиртæстон: адæм æмæ фосы змæлд у.

Иу ран бæхрæгъау цæмæйдæр фæтарст æмæ фæрсырдæм алæгæрста. Бæхтыл ничи бады. Иннæ ран та фысты дзуг батыгуыр æмæ æнцад лæууы. Сæ тæригъæддаг уасын сын цыма æрбахаста дымгæ, афтæ мæм фæкаст...

Фæздæг бæзджынæй-бæзджындæрæй цæуы уæларвмæ. Хатгай дзы ферттивы зынг, аргъæуттаг тугдзыхы цæст ферттивæгау.

Суанг ардæм дæр хæццæ кæны сыгъды хъæхъхъаг тæф...

Цы судза, цымæ? Хъæд, писи, хос, æвзалы? Æви арты чи судзы æмæ æнæныгæдæй чи баззад, уыцы адæмы æмæ фосы тæф уа?

Кæй бон бауыдзæн арты дзæмбытæй исты ратонын?

Цас æмæ цас хид ныккалы мæгуыр ирон лæг хæдзарæн исты самал кæныныл! Уаты дзаума æрæвæрын хъæуы, æнæ гауызтæй æмæ хæцæнгарзæй дæр кæм фидауы. Дæсгай азты дæргъы стыр тухитæй амалгонд мулк цалдæр сахатмæ фæнык фестад. Дзаг хордæттæ сойын цырагъау судзынц. Фос кæвдæстæй нал раирвæзтысты æмæ удæгасæй арты амæддаг баисты. Уынгты æмæ кæртыты бацарыдысты хъазæй, гогызæй, бабызæй, каркæй...

Арт пиллонæй куы сирвæзы хæрдмæ, уæд фæздæджы æмæ алайы æхсæн разынынц тухæнгæнæг адæм, фæлæ цы сæ бон у. Æвæдза, æрдз куы сызнæт уа, уæд æппындæр хатыр куыд никæмæн зоны!..

Адæм æмæ фос æмгуылфæй æрбаввахс сты нæ обаумæ.

Лæг дзы нæ зыны. Сылгоймæгтæ æмæ сабитæ. Хинымæр ниугæ æмæ дзыназгæ кæдæм цæуынц, уый сæхæдæг дæр нæ зонынц. Иутæ дзы размæ цæуынц хъуынтъыз æмæ ныфсхуызæй, иннæтæ иуцасдæр рауайынц, фæстæрдæм азилынц, кæсынц, кæсынц, æмæ та ногæй араст вæййынц. Кæдæм? Æвæццæгæн, се стыр бæллæхæй сæ зонд дæр рæстмæ нал у. Цас æмæ цас удхар федтон хæсты быдыры, фæлæ мæ зæрдæ афтæ ныддур, æмæ мæм дзы ницы бахъардта. Ныр та мæ буар нырризы æмæ ме 'нгуылдзтыл зыр-зыр бахæцы. Лигъдæттæ нæ рæзты фæивгъуыйынц быдираг хъæутæм.

Бæхтыл бабадтыстæм æмæ цалдæр барæгæй бацыдыстæм сæ цурмæ.

Фыдæлты æгъдаумæ гæсгæ сын мæ худ систон æмæ сын дзурын:

— Уæ хорзæхæй, нæ рæзты ма аивгъуыйут. Нæ дуæрттæ уын парахат гом сты. Уæ тыхст æмæ уæ рыст уын хорз æмбарæм. Саккаг нæм кæнут, уæ хорзæхæй, уæ фæллад нæм суадзут...

Хъуынтъызæй, æнæуынон цæстæй нæм кæсынц æмæ æдзæмæй дарддæр дарынц сæ фæндаг. Цыма нын нæ уæздан ныхас хъусгæ дæр нæ фæкодтой, уыйау.

Æмбарын æй: мæн дæр æмæ æгас хъæуы дæр нымайынц, сæ къонатыл сын арт чи сæндзæрста, уыдоны хуызæн знæгтыл. Мах — пысылмон, уыдон — чырыстон. Æууæндгæ дæр ныл уымæ гæсгæ нæ кæнынц, сæ маст дæр нæм уымæ гæсгæ фыцы.

Фæнды сæ хон, фæнды ма: æлгъаг сын стæм...

Мæ худ мæ сæрыл дæлиау æркодтон æмæ сæм æнæдзургæйæ кæсын.

Уæртæ фæцæуы саудзаст рæсугъд чызг, йæ дзыккутæ дымгæмæ фæйлауынц, йæ дарæсы бызгъуыртæй йæ буар разыны. Куы фæндагæй фæрсырдæм фæцæйзгъоры кæйдæр æййафæгау, куы та кæйдæр цыма æрцахста, уыйау дзыхълæуд æркæны æмæ худæгæй бакъæцæл вæййы. Куы йæ бызгъуыртæй йæ буар бамбæхсыныл фæвæййы, куы та Хуыцаумæ æмæ Йе сфæлдыст адæммæ тымбылкъухæй нывзиды.

Йе 'ртæ æфсымæры, йæ мад æмæ йæ мойаг фæмард сты. Куыннæ хъуамæ фæцæуа афтæмæй йæ сæрызонд...

Уæртæ бынтон зæронд лæг. Йæ къæхтæ йæ коммæ нæ кæсынц, тыххæйты сæ исы. Лæдзæгæнцæйтты хилы размæ. Йæ

цæстытæ дард кæдæмдæр дзагъырæй уыциу ранмæ кæсы. Йæ урс хæмпæл зачъе къæмдзыгæй байдзаг. Æвæццæгæн, кæмдæр фæндаггæрон къанауы ахауд æмæ йæ цалынмæ систой, уæдмæ дзы хуысгæ баззади. Йæ ныхас нæ хъуысы, фæлæ йæ былты змæлдæй бæрæг у: цыдæртæ дзуры. Хуыцаумæ кува, æви искæй æлгъита? Чи йын цы зоны...

Уæртæ сывæллæттæ. Иу-дæсаздзыд чызг йæ къухыл хæцгæ фæкæны йæ гыццыл æфсымæры. Лæппу ныддæвдæг рыгæвдылд кæрдзыны къæбæрыл, судзаггаг цæссыгтæ калы. Чызг йе 'ккойы хæссы лæппуйæ къаддæр сабийы. Саби йæ хойы хъуырыл æрцауындзæг, къæхтæ æнæмæтæй тилы. Чызг цæуы бæгъæмвадæй, къæхтæ — тугæрхæм.

Къордæй æрбацæуынц сылгоймæгтæ. Кæлмæрзæн кæмæн йæ сæрыл, кæмæн йæ уæхсчытыл æппæрст, сæ кæрæттæ сын зæххыл ласынц. Сæ цæстытæ фыркуыдæй ныссырх сты, цæсгæмттæ — чъиллон... Цæссыгтæ, туг æмæ сыджыт...

Сылгоймæгты астæу кæугæ-ниугæ цæуы бæрзонд, тæнтъихæг ус:

— Кæм стут, мæ хъæбултæ?.. Цы раны?.. Дæ-дæ-дæй! Дæ-дæ-дæй! Цы тары мын анығъуылдыстут? Хъæубæсты фидауц куы уыдыстут, адæм сымахæй куы хастой сæ ныфс!.. Дæ-дæ-дæй!.. Дæ-дæ-дæй!.. Мæ дзидзи сымахæн дарыны бæсты фæлтау мæ риутæ хæсгардæй цæуылнæ ныллыг кодтон!.. Дæ-дæ-дæй!.. Дæ-дæ-дæй!.. Ныр уын уæ мард уыныны бæсты уæ фæлтау стонгæй уæ гæндзæхтæ цæгъдгæ куы уыдтаин дзидзидайæ... Дæ-дæй, цы кæнон!..

Кæуынц иннæ сылгоймæгтæ дæр. Фæлæ мах куы ауыдтой, уæд æвиппайды фæхъус сты.

Сæ зыныsахат сæ кæй уынæм, уый дæр сæ нæ фæнды, æвæццæгæн.

Мæнæн дæр уыцы æбуалгъы ныв тæм кæсын мæ бон нал у.

Разылдыстæм æмæ ныххъуырдæй æрбаздæхтыстæм обаумæ. Лигъдæттæй цы дзуапп райстам нæ еблуагъæйæн, уый адæмæн рафæзмыдтам.

— Мах нæ хæс сæххæст кодтам! — сдзырдта чидæр.

Хинымæр мæстæлгъæдæй бахудтæн: уæдæ хуыздæр цы зæгъæм, æниу.

Лигъдæтты фæстæ æрбазындысты сæдæйы бæрц гæрзифтонг барджытæ. Нæ кæстæртæй дыууæ сæ размæ атындзыдтой, чи сты æмæ нæ зæххыл гæрзифтонгæй цæмæн æрлæууыдысты, уый базонынмæ.

Се ’хсæн рауад мæнæ ахæм ныхас:

— Чи стут сымах?

— Лигъдæтты хъахъхъæнæг стæм.

— Мах зæххыл хъахъхъæнинаг не сты.

— Зонæм æй.

— Цы зонут?

— Зонæм æй.

— Гъе, уæдæ уын æй мах зæгъæм: уæ фыдæбон дзæгъæлы у.

— Дзæгъæлы у æви нæу, уый нæ хистæртæ хуыздæр зонынц. Уыдон нын радтой бардзырд æмæ йæ мах æххæст кæнæм.

— Гъемæ сын сæ бардзырд мах зæххæй фæстæмæ кæмдæриддæр æххæст кæнут. Махæн дæр ис хистæртæ, стæй бардзырдтæ дæттынмæ дæр арæхсынц. Мах та сын сæ бардзырдтæ сæххæст кæнынмæ сарæхсдзыстæм.

Барджытæ æрлæууыдысты, сæхи мидæг цыдæртæ аныхас кодтой æмæ фæстæмæ азылдысты.

Нæ кæстæртæ обаумæ æрбаздæхтысты. Цæст кæйонг æххæссы, уыйонгты дæлвæзты цытæ цæуы, уыдæттæм дæсгай гæрзифтонг адæймæгтæ æдзынæг кæсынц обауы сæрæй...

Бон йæ тæмæны бацыд. Хур уæлдæрæй-уæлдæр тулы, йемæ хæссы рагуалдзæджы цин. Ранæй-рæтты скастысты кæрдæджы фыццаг тихалджытæ — зæрдæрухсы хос. Фæлæ нæ алыварс быдыртæ нырма сауæй зынынц. Хуымтæ æнхъæлмæ кæсынц гутонмæ, адæймаджы хидвæллоймæ; уый куы нæ уа, уæд уæвæн нæй фыццагдæр цардыхосæн — хорæн. Сатæг уалдзыгон уæлдæфæй мæ зæрдæйыцæлхъытæ цæуынц. Мæ мæстытæ æмæ мæ мæ тухæнтæ айрох сты. Туг куыд æхсиды тугдадзинты, уый дзæбæх æнкъарын. Æвæдза, цæрынæй хуыздæр ницы ис а дунейыл. Хуымгæнæджы хуымæтæг цардæй. Æнцой никуы зоны, йæ цæсгом хурмæ сауфизонæг нывваййы, армытъæпæнæй чъепсытæ схауы; уый хыгъд ын цас æмæ цас цин æрхæссы йæ фæллой. Уæд цæуылнæ зонынц адæм цардæн аргъ кæнын? Сæрхъæнтæ!..

Хъæумæ æрбаздæхтæн. Стонг мыл стыхджын. Мæ бирæ хæстæджытæй иу хæдзармæ баздæхтæн. мæ фысымтæ мын радзырдтой: Бæгæныджынæй æрбацыдысты минæвæрттæ, æмæ скъолайы кæрты сход йæ тæккæ тынгыл у. Тагъд-тагъд цыдæртæ ахордтон æмæ уырдæм фæраст дæн.

Скъолайы къæсæрыл лæууы æнæзонгæ зæронд лæг æмæ дзуры:

— Ирæттæ пысылмæттыл æмæ чырыстæттыл кæй фæдих сты, уымæй æдылыдæр хъуыддагæн уæвæн нæй. Бæгæныджыны хъæубæсты номæй уын Хуыцауæй ард хæрын, нæ хæстæгдæр сыхæгты æмæ æфсымæрты ныхмæ схæцыны худинаг нæ сæрмæ кæй никуы æрхæсдзыстæм!

Мах хъæуы номæй йын дзуапп радта Хъуыдæберд:

— Нæ буц хистæр æмæ Хуыцауæй лæвæрд хорз уазæг! Бæгæныджыны не 'фсымæртæн фехъусын кæн: нæ хъæубæстæ ард бахордтой, æфсымæримæ худинаггаг хæсты кæй никуы бацæудзысты. Æндæр мæм зæгъинагæй ницы ис.

Хъуыдæберд лæдзæгæнцойæ иуварс ацыд. Ныллæг бандон ын æрæвæрдтой æмæ йыл йæхи æруагъта.

Бæгæныджыны минæвæрттæ иттæг райгондæй баззадысты ахæм дзуаппæй, æмæ сæ нæ кæстæртæ афæндараст кодтой.

Сход рахæлиу. Алырдыгæй хъуысы хъазæн ныхас æмæ худын...

Тæккæ уыцы бон алчи йæ бинонтæм арвыста хæхбæстæм.

## II

— Мæ уды гага, мæ цæсты рухс, мæ къона, мæ гыццыл хур, рауай-ма, рауай, мæ хъæбысы дæ акæнон! — йæ къухтæ мæм ивазы нана.

Йæ фондзыссæдз азы йæхи фесты, уæддæр нырма сæрæнарæзт у. Кæрты астæу лæууы уæрдоны фарсмæ. Бæх нырма ныр суагътой, уый бæрæг у, йæ саргъ дæр ын нæма систой; æнцад йæхицæн кæрдæг хæры. уæрдоны цур бады Домбай дæр, фырцинæй зæхх хойы йæ пыхцыл къæдзилæй. Чысыл æддæдæр сахсæнæвæрдæй æртæ саргъыбæхы.

Нанамæ нæма бахæццæ дæн, афтæ хæдзарæй разгъордтой мæ дыууæ хойы дæр, мæ хъуырыл æрцауындзæг сты. Дуарæй разынди Æна дæр.

— Стæут-ма, раздæр ын æз ахъæбыс кæнон: æз сымахæй хистæр дæн, — чызджытыл буц хъуыр-хъуыр кæны нана.

Хоты мæ хъæбысмæ систон, афтæмæй йæ размæ бацыдтæн.

Мадмæ къæсæрыл æрхизыны хъару нал ис, фырцинæй йæ цæссыгтæ кæлынц.

— Рауай, рауай ардæм, къухæй йын амоны нана. — Фæзынди дæ хъæбул. Кæсыс, цы хуызæн лæг дзы рауади, Лæгтыдзуары уазæг уа кæддæриддæр. Цæстæй йын хай ма уæд, цæстæй. Зæрдæрухс у, зæрдæрухс æдзухдæр, дæ мады æмæ дæ бинонты фæндиаг.

Ӕмӕ та мын ногӕй хъӕбыстӕ кӕнын райдыдта, йӕ дӕрзӕг армӕй мын мӕ уадултӕ рӕвдауы.

— Марадз, дӕ мадӕн ахъӕбыс кӕн. Марадз...

Ӕнамӕ бацыдтӕн. Мӕ цонгыл мын ныххӕцыд ӕмӕ мӕ уатмӕ бакодта. Йӕ цӕсгом у райдзаст, йӕ ныхас та — кӕуынӕмхиц:

— Сӕрӕгас у мӕ хъӕбул, сӕрӕгас... Ӕндӕр мӕ ницы хъӕуы зӕххыцъарыл. Ӕмбал кӕмӕн нӕй, уыцы иунӕг цытджын Хуыцау, табу дӕхицӕн! Табу... Ныр мӕ каст ницӕмӕуал у. Тӕккӕ абон мӕ куы айсай, уӕддӕр цӕттӕ дӕн... Тӕккӕ абон...

Ацы цалдӕр азмӕ ӕваст ӕрбазӕронд Ӕна. Цӕсгом бынтон нынцъылдтӕ. Былтӕ мидӕмӕ бахаудысты, роцъо ныццыргъ. Цӕсгом баруади. Дыууӕ лыстӕг урс-урсид дзыккуйы къӕдзилтӕ зынынц сӕрбӕттӕны бынӕй.

Базӕронд, уӕдӕ цы, Ӕна. Ӕрмӕст-ма йӕ цъӕхбын цӕстытӕ хаттӕн кӕддӕрау ферттивынц. Уӕлдайдӕр та мӕнӕ ныр, уал азы фӕстӕ мӕ куы федта, уӕд. Йӕ цины цӕссыгтӕ уромын нӕ фӕразы.

— Ӕгъгъӕд, Ӕна, ныр та йӕ махмӕ рауадз, — мады хъӕбысӕй мӕ ратыдтой мӕ хотӕ.

Базонӕн дӕр сын нал ис.

Цыппар азы размӕ нӕ хӕдзары ныууагътон ӕнахъом сывӕллӕтты, ныр сӕм кӕсыс — чындздзонтӕй агӕпп ластой. Дыууӕйӕ дӕр рӕсугъд, гуырвидауц, дыууӕйыл дӕр ӕмхуызон фӕлурсбын морӕ къабатӕ.

Хистӕр, Фаризӕт, саудзаст, саулагъз, ирдцъар, йӕ былтӕ сӕнтсырх.Йӕ фезмӕлд, йӕ уаг Ӕнайы хуызӕн хиуылхӕцгӕ, уӕздан.

Кӕстӕр, Дзыгыда, Дзыги, бурдзалыг, сырхуадул, цъӕхдзаст, тӕлфаг, ӕнӕнцой.

Нана дӕр ӕрбахызти уатмӕ. Йӕ сау къабайы уӕлӕ йӕ астӕуыл чырынтӕ кӕлмӕрзӕн баст, разӕй йӕ балхынцъ кодта. Иннӕ кӕлмӕрзӕн — сӕрыл баст, тӕрныхы фӕйнӕ фарс зынынц урс дадалитӕ. Фӕлмӕн бӕзджын гауызӕй ӕмбӕрзт тъахтиныл ӕрбадти. Ацы гауыз стыр хӕзнайыл нымад у Ӕнамӕ. Мӕ къух мын йӕ армы бакодта нана. Чызджытӕ нӕ цуры ӕрбадтысты ныллӕг бандӕттыл. Ӕна дуаргӕрон лӕууы, уымӕн дӕр йӕ уӕлӕ сау къаба, ӕрмӕст кӕлмӕрзӕны бӕсты йӕ сӕрыл ис цыллӕхыз.

Ничи ницы дзуры.

Кæртæй æрбайхъуыст кæйдæрты ныхас, стæй уат уайтагъд байдзаг фæсивæдæй, сæ хотыхты гыбар-гыбур цæуы.

Æппæты разæй уатмæ къориау æрбатылди ныллæджытæ, фæтæнуæхск Бибо, йæ фæдыл — гæдыбæласау рæхснæг Бесæгъуыр, уый фæстæ — дзыгъуырдзæсгом, тæнæгрихи, тæнтъихæг Доде, семæ, æз кæй нæ зонын, цалдæр ахæм лæппуйы, æвæццæгæн, æз æддæ цалынмæ уыдтæн, уæдмæ чи байрæзыд, ахæмтæ.

Иууылдæр сты мæ къабæзтæ. Цар сæ сæрыл систой худынæй. Цæуыл худынц, уый бæрæг нæу — фæсивæдæн сæ кæнон ахæм у, сæ хъару цы фæкæной, уый нæ зонынц.

Сæ хъæбысы мæ нылхъивынц радыгай.

Мæхицæй адджындæр ничиуал ис. Хæрзæрæджы дæр ма мæм афтæ касти, цыма æгас дунейы дæр никæй хъæуын. Æвзæрæй æппындæр кæмæн ницы ракодтон, уыцы адæм, хъамылы хуыйыл цуангæнæгау, зылдысты мæ фæдыл. Стыр æхсызгонæй мæ амардтаиккой. Цæй тыххæй? Цы азым мæм разынд? Цавæр аххос мæм ссардтой? Афицер кæй дæн, æрмæст уыцы аххос. Æвзонг ма куы уыдтæн, уæд мæ цæрæнбоны тыххæй цал æмæ цал ирон хистæры ракуывта — Хуыцауæй мын куырдтой афицеры пъагæттæ хæссыны амонд. Сæ хъуыдыйы кæрон дæр кæцæй хъуамæ æрцыдаид, уыцы пъагæттæ лæгæн кæддæр æнæкæрон масты хос кæй разындзысты Уæрæсейы. Цал æмæ мыл цал хатты баталынг хур, цал хатты мын фенæуынон мæ цард! Иуахæмы та мæм суанг мæхи амарыны зонд æрцыди.

Æмæ ныр мæнæ мæ алыварс адæм зæрдиагæй цин кæнынц, тæссаг æмæ дæргъвæтин балцæй сæрæгас æмæ дзæбæхæй кæй сыздæхтæн, ууыл. Иууылдæр мæ уарзынц.

Мæ зæрдæйы цæлхъ-цæлхъ цæуы. Мæнæ ис мæ райгуырæн бæстæ! Мæ чысыл, рæсугъд æмæ адджын райгуырæн бæстæ! Æрыздæхтæн дæм бирæ рахау-бахауы фæстæ æмæ бадæлгом дæн сыджытыл. Уæрæсейы æнæкæрон тъæпæны, хæсты быдыры гыбар-гыбурæй мæ дæуыл бæстон ахъуыды кæнынмæ никуы равдæлди, мæ зæрдæйы æрфытæ мын никуы фæцагайдтай. Ныббар мын уыдæттæ! Ныр дæм æрцыдтæн, ссардтон дæ. Æрмæст дæуæн дæтдзынæн ныр мæ хъарутæ иууылдæр. Ме ’хсар. Ме ’хсидгæ зæрдæ. Мæ хъуыдытæ. Мæ цин. Мæ маст. Мæ уарзт. Мæ туг. Мæхи æнæхъæнæй дæр дæуæн æрхæсдзынæн нывондæн.

Фæсивæды æхсæн бæрæг дары иу æвзонг лæппу. Дуары тар-

вазыл банцой, мæнмæ хæстæг æрбацæуыны ныфс æм нæй. Æна мæм æй æрбакодта æмæ мæ фæрсы:

— Зоныс æй?

— Нæ зонын.

— Æниу æй кæцæй хъуамæ зонай. Хадзгуайы лæппу у, Осмæн, хохæй æрцыди. Амæй размæ йæ никуы федтай. Нæ ирвæзынгæнæг у, нæ хæдзары цæджындз. Осмæн нын куы нæ уыдаид, уæд афонмæ раджы фесæфтаиккам. Ахъæбыс кæнут кæрæдзийæн.

Лæппуйы мæнырдæм æрбасхуыста Æна.

Осмæн фырæфсæрмæй ныссырх. Æнарæхст хъæбыс мын акодта æмæ иуварс алæууыд.

— Бузныг, стыр бузныг, — йæ уæхск ын æрхостон æз. — Стыр хæсджын дæн дæуæй, æмæ, хъуыддаг чындз хæссыны онг куы æрцæуа, уæд ирæд мæнæй фæуæд. Фыстыл æй нымай. Уæллæй, зæххыл кæй нæма фендæуыд, ахæм чызг дын равзардзыстæм. Разы куы нæ уа, уæд та скъæфгæ æрцæудзæн. Рæстытæ нæ дзурын, лæппутæ?

Фæсивæд худынц.

— Бынтон рæстытæ...

Нана æмæ Æна уатæй ацыдысты. Лæппуты ныхас ноджы фæхъæлдзæгдæр.

— Даргъбыдирæгтæ хорыхъæуккæгтæн цы бакуыстой, уый нæма фехъуыстат? — мæ фарсмæ тъахтиныл æрбадти Бибо, йæ цæст ныл ахаста.

Йæ домбай къабæзтæ аивæзта. Хъамайыл иуварс ахæцыд æмæ исдуг ницуал дзуры. Фæсивæд бацымыдис сты.

— Радзур æй, цы уыди? — фæрсын æй æз.

Иннæтæ рагацау худынц — худæджы хабар кæй радзурдзæн, уый æмбарынц.

— Ахæм дзы мæнгард адæм никуыма уыди, сæ хæдзар фехæла!

— Радзур-ма йæ, цы уыдис уагæры? — бацымыдис сты фæсивæд.

— Уæхиуыл хæцын фæразут, радзурдзынæн æй. Тагъд дон фурды не ’ййафы, зæгъгæ, ахæм æмбисонд никуы фехъуыстат?

Бибо мæнырдæм разылд, æмæ цыма уаты мæнæй дарддæр ничи ис, уыйау дзуры:

— Даргъбыдирæгтæ бавдæлдысты æмæ хъуылæг райстой, сау æй сахуырстой æмæ йæ бричкæйы раззаг сæмæныл

сæвæрдтой. Стæй сæ сармадзан хъæугæронмæ раластой æмæ йæ Хорыхъæумæ сарæзтой.

Фæсивæд худæгæй мæлынц.

— Фæлæуут-ма, сабырдæр ут, науæд тъангæфтыд фæуыдзыстут, — дзуры сæм Бибо. — Дарддæр цы уыдис, уымæ байхъусут. Сармадзан сæхимæ арæзтæй куыддæр ауыдтой Хорыхъæу, афтæ фæдис куыннæ самадтаиккой. Адæм сходмæ æрæмбырд сты. Раныхас-баныхасы фæстæ минæвæрттæ арвыстой.

— Ахæм ма дзы тæппуд адæм уа, — йæ дзырд баппæрста Бесæгъуыр. — Сармадзаны гæрахмæ уæд та банхъæлмæ кастаиккой.

— Хъæдуры гæрахмæ! — бафтыдта йæм Доде.

— Сабырдæр! Æмдзырд ма кæнут. Дарддæр цы уыдис, уымæ байхъусут, — схъæр сыл кодта Бибо. — Даргъ-Быдырмæ æрбацыдысты минæвæрттæ æмæ загътой: «Уæууа, гормæттæ, уый цы ми кæнут? Рагæй-æрæгмæ æфсымæрты цард нæ фæкодтам, мыййаг? Сармадзанæй нæм цæмæн ныхъхъавыдыстут? Нæ иумæйаг быдыры уæ туг ныккалын цæмæн бафæндыди?» — фырдисæй сæ цæстытæ рацæйбырыдысты Даргъ-Быдыры хистæртæн. «Сымах, æндæр кæй...» — «Омæ нæ сымахимæ сабырæй цæрын куы фæнды». — «Уæдæ нæм сармадзан цæмæн ныццарæзтат?» — «Цавæр сармадзан?» — «Уæртæ хъæугæрон кæй æрæвæрдтат, уыцы сармадзан». — «Иу сарамадзан дæр дзы никуы ис». — «Куыд нæй, куыд, ардæм фæндагыл æй нæхи цæстытæй куы федтам, уæд».

Æмæ Даргъ-Быдыры хистæртæ Хорыхъæуы æрвыст лæгтимæ хъæугæронмæ фæцыдысты сармадзан фенынмæ.

— Гъы, æмæ цы? — фæрсы Бесæгъуыр.

— Ницы. Хорыхъæуккæгтæ æлгъитгæ ацыдысты сæхимæ.

Иууылдæр худынц.

— Адæм сæрра сты, — бафиппайдта Бибо.

— Цы нæм æнхъæлмæ кæсы, уый Хуыцау йеддæмæ ничи зоны, — бирæ фæхудыны фæстæ ныуулæфыд Бесæгъуыр.

— Царды бындуртæ нынкъуысыдысты, æмæ дуне йæ фæстаг бонтæм фæцæуы, — зондджынхуызæй зæгъы Доде.

— Уæдæ уымæн тагъд кæныс кæйдæр дуканитæ расæрфынмæ. Байрæджыйæ тæрсыс! — фæцарæхст æм Бибо, æмæ та иууылдæр ныххудтысты.

— Ды дæр цыма фæсте нæ баззайдзынæ, — дзуапп ын радта Доде.

Раст уыцы рæстæг Фаризæт фынг æрæвæрдта æртæ хæбизджынимæ. Хæбизджынтæ царвы ленк кæнынц, сæ тæфмæ комыдæттæ уайынц. Фаризæты фæдыл уатмæ æрбахызт Осмæн, йæ къухы — гуыбынджын графин цъæх арахъхъимæ. Куы йæ ауыдтой, уæд фæсивæды цæстытæ ссыгъдысты. Искуы-иу хатт, æрмæст бæрæгбæтты, фæзыны ацы графин фынгыл.

— Замманайы минас нæм æнхъæлмæ кæсы, — йæ къухтæ ауyæрста Бибо. —Ахæм минас адзалы размæ дæр никæй бахъыгдардзæн.

— Фæсивæд куыдхистæрæй рабадтысты фынджы уæлхъус, бынтон кæстæртæ та лæууынц дуаргæрон.

Осмæн чысыл агуывзæйы нозт рауагъта æмæ йæ фынджы хистæрмæ, Бибомæ, балæвæрдта. Бибо галиу къухмæ чъири систа, рахизмæ та агуывзæ райста æмæ сыстад. Иннæтæ дæр сыстадысты.

— Хуыцæутты Хуыцау, æмбал кæмæн нæй, уыцы иунæг Хуыцау, нæ куывд дæм хорзæй фехъуысæд! — скуывта Бибо.

— Оммен, Хуыцау!

— Сыгъдæг Уастырджи, дæ хорзæхæй нын хай бакæн! Нæ фæсивæд дæ рæзты фæцæуынц æфсадмæ дæр æмæ хæсты быдырмæ дæр, æмæ сын кæддæриддæр ахъазгæнæг у, кæддæриддæр сæ рæствæндаг кæн!

— Оммен, Хуыцау!

— Тбауы бæрзондыл бадæг Уацилла, хордæттæг дæ, æмæ хорцух куыд никуы баййафæм, уыцы хорзæх нын дæ цæст бауарзæд!

— Оммен, Хуыцау!

— Не сфæлдисæг æппæтаразæг Хуыцау, Дæ хъæбултыл нымайæм нæхи, æмæ нæ Дæ зæдтæ-дауджытыл бафæдзæхс æмæ нæ абоны стыр бæллæхтæй бахизой!

— Оммен, Хуыцау!

— Хуыцæутты Хуыцау, æнамонд адæмæн сæ сæры зонд бауадз, науæд дыууæ дихы баисты æмæ сæ кæрæдзи ныццæгъдынмæ бирæ нал хъæуы. Кæрæдзи куыд бамбарой æмæ бауарзой, уыцы амонд сын ратт!

— Оммен, Хуыцау!

— Бæсты Хицау, ацы хæтæнхуаг бæлццон ныфсы хос у йæ мыггагæн, йæ хъæубæстæн æмæ æгас ирон адæмæн, æмæ æгайтма Дæу руаджы йæ къонайыл сæмбæлдис æмæ йæ амондхæссæг фæкæн! Ацы хæдзар кæддæриддæр де уазæг уæд!

Бинонты къорды цæрæнбон бирæ уæд! Амонддчын æмæ æвæсмон уæнт æдзухдæр! Сæ мыггаг куыд никуы сыскъуыйа, ахæм хорзæх сыл бафтау!

— Оммен, Хуыцау!

Бибо куывд фæцис æмæ кæстæртырдæм акаст. Сеппæты кæстæр æрбауад, агуывзæ рахиз къухмæ райста, схуыпп дзы кодта, стæй чъирийæ ацахуыста æмæ иуварс алæууыд.

Фынгмæ æрæвнæлдтам.

Хур раджы скаст, уæддæр мæ сынтæгæй нæма рахызтæн.

Фаризæт къæсæрыл æрбахызт, райхъал дæн, уый бамбæрста æмæ мæ сынтæджы цурмæ æрбацыд:

— Дæ райсом хорз, ме ’фсымæр. — Мæ баз мын адзæбæхтæ кодта. — Хорз фæфынæй кодтай? Дæ фыны та цытæ федтай? Æхсæв-бонмæ кæимæдæр ныхас кодтай. Дзыгиимæ дæм хъуыстам, æмæ бæрæг уыди — кæмæдæр мæсты кæныс, хъуырдухæн кодтай. Райхъалгæнинаг дæ уыдыстæм, фæлæ нæ ныфс нæ бахастам. Цы дæ цæстытыл уадис, нæ уды гага?

— Ферох мæ, нæ йæ хъуыды кæнын, мæ сызгъæрин хо.

— Гъемæ, æвæццæгæн, ницы уадиссаг уыди.

Фаризæт мæ сынтæджы бынæй чырын раласта. Цалдæр тæлмæй йыл æвæрд ис æрхуы зæгæлтæй хост тасмачъи. Гуыдыр зæллангæнгæ байгом. Чырыны сæрыл схæцыд Фаризæт. Уат духийы тæфæй байдзаг.

— Кæс-ма ацы буржуйкæмæ, духи йæм куы ис.

Дзырд «буржуйкæ» не ’мбары Фаризæт.

— Духи тынг бирæ уарзын, — бацъупп сты йæ былтæ.

— Æз дæр æй йæ заманы бæргæ уарзтон, — Ныуулæфыдтæн æз.

— Нæ молло афтæ фæзæгъы: Мæхæмæт-пехуымпар дæр, дам, Хуыцауы хорзæх æй уæд! — хæрздæфгæнæнтæ уарзта. Пысылмонæй хæрздæф хъуамæ цæуа. Раст нæ зæгъын?

— О, мæ хойы гæбаз. Алы адæймагæй дæр — пысылмон уа, чырыстон, æви муртакк — смаджы бæсты фæлтау дзæбæх тæф кæла, — ныххудтæн æз. — Фæлæ ма мын æй зæгъ, кæм дын уыди духи?

— Бибо мын балæвар кодта: горæтæй йæ æрласта.

— Кæс-ма уыцы абырæгмæ, æвæццæгæн, кæцæйдæр рамырхта. Духи ныртæккæ æнцонтæй нал ссардзынæ.

— Цалдæр авджы йæм уыди. Иу дзы мæнæн радта, иннæ — Дзыгийæн. Куыд æмæ кæм цы амал кæнынц нæ фæсивæд, уымæн чи цы зоны. Æрæджы Доде æнæхъæн асыччы дзаг са-

пон ӕрласта. Йӕ хӕлӕртты ныхӕстӕм гӕсгӕ кӕмдӕр горӕты дуканийы дуар басаста.

Фаризӕт дзургӕ-дзурын чырын фӕйлауы. Цынӕ дзы ис, цынӕ, чырыны: хъуымацы гӕппӕлтӕ, сӕрачы гӕбӕзтӕ, ӕндӕхтӕ, судзинтӕ, ӕнгуырстуан, сӕрвасӕнтӕ, афтид къоппытӕ, цӕппӕртӕ, къамтӕ, алдымбыдтӕ, уӕдӕртт, хӕрдгӕбыдтӕ, сахатбостӕ, ливорбостӕ. Сеппӕтӕй дӕр кӕлы духийы тӕф.

Чырыны тӕккӕ бынӕй урс гӕххӕтты тыхтӕй цыдӕр систа ӕмӕ йӕ мӕнмӕ ӕрбадардта:

— Ай та дӕуӕн у...

— Циу, цы?

Гӕххӕтт райхӕлдта. Ӕмӕ дзы хӕрдгӕбыд ехс. Мӕ сӕрмӕ йӕ цалдӕр хатты ӕрцъыкк ласта.

— Тагъд дын чындз хӕсдзыстӕм, ӕмӕ ацы ехсӕй нӕмдзынӕ дӕ усы.

Йӕхӕдӕг худы.

Хуры тынтӕм цӕхӕртӕ калы ехс. Лыстӕг сызгъӕрин ӕндахӕй быд. Йӕ хъӕд — пылыстӕгӕй, сызгъӕрин нывӕфтыдтӕ йыл, чи зоны, Кубачийы зӕрингуырдты къухӕй рацыдаид.

— Уӕллӕй, ахӕм ехс Персы паддзахы къухы дӕр сфидаудзӕн. — Ехс ӕцӕгдӕр диссаджы аив у. — Фӕлӕ, Фаризӕт, мӕ усӕй раздӕр дӕ курӕджы бахъӕудзӕн. Дӕ хуызӕн рӕсугъды курӕг ма уа, уый мӕ никуы бауырндзӕни...

— Алӕ, стӕ... Афтӕтӕ куы дзурай, уӕд дӕ ехсӕй ӕрнӕмдзынӕн.

Хъавгӕ мыл ӕй ӕруагъта, стӕй йӕ мӕ нывӕрзӕнырдыгӕй къулыл ӕрцауыгъта.

— Ӕз та ауал азы ӕддӕ фӕдӕн, фӕлӕ дӕуӕн дӕр ӕмӕ иннӕтӕн дӕр мӕ бон ницы лӕвар ӕрласын бацис...

Кӕронмӕ дзурын мӕ нӕ бауагъта Фаризӕт:

— Куыд ницы? А дунейыл ӕмбал кӕмӕн нӕй, уыцы тӕккӕ зынаргъдӕр лӕвар нын куы ӕрластай.

— Цавӕр лӕвар?

— Мӕнӕ дӕхи.

— Мӕлӕты стыр хӕзна.

— Иннӕтӕн сӕ бар сӕхи, фӕлӕ махӕн ды тӕккӕ стырдӕр хӕзна дӕ. Дӕу хуызӕн ӕфсымӕр кӕмӕн ис...

— Хурмӕ хус афицер. Инженер кӕнӕ ӕвдакат куы уаин, уӕддӕр ма гъа. Уӕвгӕ, уыдонӕн дӕр стыр кад нал ис ныры рӕстӕджы.

— Мах æндæр ничи хъæуы. Хуымæтæджы æнахуыргонд хохаг лæг куы уаис, уæддæр дæ къаддæр нæ уарзиккам.

Æхсызгон та мын куыннæ сты йæ ныхæстæ, фæлæ мын цыма уæлдай нæу, уыйау дарын мæхи. Фæризæт ногæй æргуыбыр чырынмæ, хинæйдзаг мидбылхудт хъазы йæ цæсгомыл.

— Ноджы ма дын иу лæвар æрцæттæ кодтон...

— Кой дæр нæ! Æппындæр дæ ницуал райсдзынæн, — сцагътон ыл мæ къухтæ. — Æгъгъæд у. Æрмæст ацы ехс йæхæдæг кæуылты у! Йæ аккаг бæх, науæд дзы кæй хъуамæ нæмон, ахæм ус зæххыцъарыл нæ разындзæн. Ус дæр ехсмæ гæсгæ хъуамæ уа.

— Нæ, ацы лæвар цыфæндыйæ дæр бакомдзынæ.

Чырынæй къам систа æмæ йæм æдзынæг кæсы. Йæ риумæ йæ нылхъывта. Йæ сау цæстытæ хинæйдзаг тæмæнтæ калынц.

— Бакомдзынæ йæ... Равдисон дæм æй?

— Бакомдзынæн... Равдис æй.

— Нæ дын æй ратдзынæн. Стæй дæм æй не 'вдисын.

— Къам райсдзынæн. Дæ къам у?

— Нæу.

— Уæдæ кæй? Кæд дæу къам нæу, уæд мæ ницæмæн хъæуы.

— Мæ къам нæу, фæлæ дын мæнæй зынаргъдæр чи у, уый къам.

— Ахæм ничи ис.

— Ис... Ис. Æз æй зонын.

— Ницы зоныс мур дæр. Мæсты дæм райдыдтон, Фаризæт.

— Гъа... Гъа, — къам мын мæ тæккæ цæстытæм æрбадардта.

Æз фесхъиудтон æмæ мæ сынтæджы рабадтæн.

— Валяимæ систай дæ къам?! Куыд? Цы хуызы? Кæм базонгæ стут?

Фаризæт мидбылты худы:

— Æз уын уæ хабæрттæ иууылдæр зонын...

— Цы зоныс? Кæм базонгæ стут?

Фаризæт сынтæгыл æрбадт æмæ мæ хъуырыл æрцауындзæг.

— Горæты базонгæ стæм, чындзæхсæвы. Аминæтæн чындзхæссæг уыдтæн. Стыр хъазт сарæзтой. Горæты рæсугъд чызджытæ, æвæццæгæн, иууылдæр æрбамбырд сты уыцы хъазты. Ацы æнамонд рæстæджытæ уæд нæма ралæууыдысты. Диссаджы хъæлдзæг чындзæхсæв. Æмæ уым базонгæ стæм Валяимæ.

Къаммæ æдзынæг кæсын. Дыууæ чызгыл дæр разгæмттæ, кæрæдзийы уæхсчытыл сæ къухтæ æвæрдæй лæууынц.

— Æмæ куыд базонгæ стут?

— Куыд базонгæ вæййынц, афтæ. Валя мын алцыдæр радзырдта. Писмотæ йæм фыстай?

— Фыстон.

— Равдыста мæм дæ писмотæ. Æртæ боны арвыстам иумæ æмæ тынг бахæлар стæм. Уарзы дæ. Тынг дæ уарзы.

Æна уатмæ æрбахызти.

— Цæмæты кæсут, уый ма уæ зæронд мадмæ дæр равдисут.

Къам æм радтон. Æхсгæ каст æм æркодта, йæ цæсгом бахъуынтъыз, фæлæ йыл уайтагъд райдзаст мидбылхудт фæзынди.

— Мæнæ цы диссаджы дыууæ дидинæджы ис! — Куыддæр мæм кæнгæ фæкаст йæ ныхас. Йæ зæрдыл цыма æвиппайды æрбалæууыд цыдæр, уыйау Фаризæтмæ фездæхт: — Марадз, хæдзармæ ауай — мыййаг, дзул куы басудза пецы. Дзыги цæхæрадонмæ ацыди. Марадз, мæ къона, рæвдздæр.

Æна Фаризæты бынаты æрбадт æмæ йæ арм мæ къухыл æрæвæрдта. Стæй мын æнæнхъæлæджы мæ къухæн аба кодта.

— Уый цы кусыс, Æна? Цы кусыс?

— Цы, дам?! Мæ хъæбулы къух аба кæныны бар дæр мын нал ис. Мæ гуыбыны кæй фæхастон æмæ мæ дзидзийæ чи схъомыл, уый къух. Куы дын амардаин фæлтау...

Рудзынгмæ дзæвгар фæкаст, цыма йæ зæгъинаг йæ зæрдыл нал лæууы, уый хуызæн, стæй разылд æмæ, комкоммæ мæ дыууæ цæстмæ кæсгæ, тызмæгæй дзурын райдыдта:

— Ныббар мын, мæ лæппу, мыййаг, дæм мæ ныхæстæ хъыг куы фæкæсой. Базæронд дæн æмæ, æвæццæгæн, мæ зонд дæр йæ бынаты нал ис. Талынгæй райгуырдыстæм, талынгæй фæцардыстæм æмæ мæлгæ дæр талынгæй акæндзыстæм. Мæ зонд æмæ мæ хъуыдытæ сты, æцæг дунемæ чи ацыди, уыдоны зонд æмæ хъуыдытæ, фæлæ нæ фыдæлтæ æмæ уыдоны фыдæлтæ дæр цыдæртæ зыдтой. Зарджыты дзæгъæлы нæ баззадысты сæ нæмттæ æмæ сæ абон дæр дзæгъæлы нæ мысынц. Куыд дзурынц, афтæмæй æвзæр адæм нæ уыдысты. Бæгуыдæр нæ уыдысты æвзæр адæм. Уыдоны зондмæ гæсгæ дæ курæг дæн — дыууæ хъуыддагæй дæхи бахиз.

— Цæмæйты? — бахудтæн æз.

— Ма худ, мæ хур, ды куыд æнхъæлыс, ахæм чысыл хъуыддæгтæ не сты. Сывæллон нал дæ, дæ цардыл ахъуыды кæнын

афон дын у. Бæлас дæр ма уидаг куы ауадзы, ды та адæймаг куы дæ, уæздан мыггагæй. Дæ фидæныл ахъуыды кæн. Фæлæ дæхи бахъахъхъæн...

— Цæмæй бахъахъхъæнон, Æна?

Ногæй та бахудæнбыл дæн.

— Мæ ингæны ардæй дæ курæг дæн: уырыссаг чызджы ма бауарз, уырыссаг сылгоймаг ма ракур — уый дын иу; иннæ та — уæздæттæй чи нæу, ахæм ирон чызджы дæр ма ракур, уæлдайдæр та чырыстоны. Стыр рæдыд æруадздзынæ, мæ хъæбул. Дæ мады урс сæр фæхудинаг уыдзæни.

Сдзурынмæ хъавын, фæлæ мæ нæ бауагъта.

— Мацы дзур æппындæр... Мацы дзур... Раздæр уал мæн баныгæн, стæй уый фæстæ дæ бар — дæхи. Ацы хæдзары худинаг феныны бæсты фæлтау мæ цæстытæ бакуырм уæнт. Дунедарæг Хуыцау, уыйонг мæ ма фæцæрын кæн. Æмбал кæмæн нæй, уыцы иунæг Хуыцау, батæригъæд мын кæн! Хуыцауы раз адæмы сæрыл дзурæг дæ, сызгъæрин Мæхæмæт-пехуымпар, æз де уазæг! Бынатыхицауы зæдтæ, кæд мæ иу къахæй ингæны лæууын, уæддæр зæронд усы бон цастæ у, уыйас уæ зæрдæхудты куы ницæмæй бацыдтæн, хæдзары къона бамынæг ма бауадзут, йæ бындур ын ма рафтаут, науæд нæ хæдзар ныккæлдзæн.

Йæ къухтæ уæлæрвмæ сдардта æмæ йæ цæссыгтæ гæр-гæрæй згъорынц йæ уадултыл. Цард-цæрæнбонты йæ сæр бæрзонд фæхаста, хъысмæты уæззау цæфтæй никуы фæтасыд, фæлæ ныр у мæгуырхуыз æмæ тæригъæддаг.

Æвиппайды фестад, йæ дзыхæй иунæг ныхас дæр нал схауди, афтæмæй фæдуарæдде.

Нырма ныртæккæ цытæ фехъуыстон æмæ федтон, уыдоны уæзæй сынтæгыл уæлгоммæ афæлдæхтæн. Кæс-ма, дæ хорзæхæй: бахæццæ Æнамæ дæр хабар æмæ йæ зæрдæмæ нæ цæуы. Чызг чырыстон кæй у, уый тыххæй... Куыд чындæуа? Дæу цæрайæн чи цæры, уыцы ныййарæджы масты куыд хъуамæ бафтауай? Йæ зæронды бонты æнцой нал ссардзæн, йæ цæссыгæй йæхи æхсдзæн æмæ, чи зоны, афонæй раздæр ссара адзал. Мады зæрдæйы сæрты куыд ахызтæуа?.. Уый дын хъуыддаг. Адæймаг хуыздæр æнхъæлæй амонды дуарыл куы фæцæйхизы, уæд йæ бауромыны бар кæмæ ис?

Мæ къухтæ мæ сæры бын бавæрдтон, нылхъывтон æй æмæ хъуыдыты анығъуылдтæн.

Ивгъуыд бонтæ мæ цæстыты раз слæууыдысты.

Цыппар азы рацыд уæдæй нырмæ.

Дзæуджыхъæуы иу хъæздыг иронæн фырт райгуырди, æмæ стыр куывд скодта.

Куывдмæ бафтыдыстæм мах дæр — хæсты быдырмæ цæуæг æрыгон афицертæ. Хъазтизæр йæ тæккæ тынгыл у. Уазæг фæсивæдæн егъау уаты бынат нæ фаг кæны. Алцыдæр у æгъдауыл. Къулрæбын иуырдыгæй лæууынц чызджытæ, иннæрдыгæй — лæпputæ. Фæндырдзагъдмæ кафынц. Фæндырæй цæгъды абадгæ хæрзхуызтæ тыппырæнгуылдз чызг, йæ уæлæ фæныкхуыз къаба. Фæндыр æнцайы йæ уæрагыл, къахы бын ныллæг бандон æвæрд.

Куыддæр бацыдтæн, афтæ фæсивæды æхсæн æрныгъуылдтæн, фæлæ мæ чегъре бафиппайдта. Иу чызджы рахуыдта уаты астæумæ. чызг у бурхил, йæ фезмæлд уæздан, цæстытæ æфсæрмхуызæй кæсынц сау бæзджын хауты бынæй. Фæлурс бурбын къаба сызгъæрин æргъæвæгджын фæтæн хъæдабæ ронæй æнгом æлвæст. Æвзист риуæгънæджытыл хъазынц сызгъзæрин стъæлфытæ, æнгом бадынц чызджы къуыпп риутыл. Æрвгъуыз хъæдабæ къандзолыл — цалдæр рæнхъы хæрдгæбыдтæ. Къабайы фæдджитæ кæрæдзимæ баст сты коцораджын цыллæ алдымбыдтæй. Йæ сæрыл — фæлурс бурбын персайнаг тæнæг цыллæхыз, йæ кæрæттæ фæсонтыл æппæрст.

Чызг æнхъæлмæ кæсы кафтæмбалмæ. Чегъре мæнмæ фæкомкоммæ æмæ мæ уаты астæумæ расхуыста мæ къабазæй.

Æмдзæгъдгæнгæйæ мæ куыннæ хъыгдарой, афтæ мидæмæ фæлдæхт уыдысты мæ цухъхъайы дыстæ, ныр сæ æруагътон. Чызг мæ разæй сиргæ фæцæуы, æз дæр нæуæндонхуызæй йæ фæдыл араст дæн. Зыны мæм чызгæн æрмæст йæ гуыр, цыллæхызæй æмбæрзт уæхсчытæ. Уынгæ сæ нæ кæнын, фæлæ йæ къæхтæ даргъ къабайы бын куыд сирынц, уый æнкъарын.

Уæнгмардæй æмæ æнæбары акодтон фыццаг къахдзæфтæ, фæлæ мыл иунæг уысммæ цы 'рцыди, уый мæхæдæг дæр нæ бамбæрстон — дыууæ цонджы хæрдмæ фелвæстон æмæ мæ а зæххыл ницуал бауромдзæн, стæхынæввонгæй мæ буары уæз нал æнкъарын.

Чызджы сæр фæкъул æмæ цыллæхуыз уæхсчытæм æрхаууди. Разынди ставдбыд мыдхуыз дзыкку. Йæ цъæх цæстытæй рухс кæлы, уадултæ сырх пиллон скалдтой æмæ сæ цыма мæнæй æмбæхсы, уыйау рахиз цонг рæмбыныкъæдзы дыдагъæй къæмисæнты онг систа, галиу цонг та кæдæмдæр амонæгау у æмраст. Тæмæнкалгæйæ ленк кæны мæ разæй. Афтæ мæм

кæсы, цыма амонды æндæрг у æмæ йын æнæ байййафгæ нæй. Фæндыры цагъд фæцырендæр, æмæ лæппуты къухкъæрццæмдзæгъд мынæгдæрæй райхъуысти. Мæ зæрдæ абухы риуы, хинымæры ныууынæргъыдтон, иуварс асхъиудтон æмæ къахфындзтæ æрсагътон. Ноджыдæр ма... Базыртæ мыл разадис æмæ кæмдæр арвæй зæххы æхсæн тæхын. Мæ къахфындзты къуппимæ сиу дамбацайы гæрах. Дыккаг гæрах. Æртыккаг. Чидæр йæ дамбаца фелвæста æмæ нæмгуытыл нал ауæрды.

Æрмæст иунæг æхсгæ каст фæкодта чызг мæнырдæм, æмæ сонтдзæфау фæдæн. Æндон цъæттæ фестадысты мæ къæхтæ, гуыримæ баст сты æрмæст лыстæг æндахæй, æндах мæнæ-мæнæ аскъуыйдзæн, уæддæр къæхтæ сæ кафт нæ ныууадздзысты.

Сиргæ-сиргæ дæрдты æрбацæйзилы чызг. Йæ размæ пуртиау басхъиудтон æмæ къахфындзтæ æрсагътон. Цъилау фæзылдтæн. Къахфындзтæ ногæй æрсагътон. Иннæрдæм фæзылдтæн æмæ та къахфындзтæ æрсагътон. Къæхтыл цæст нал хæцы. Кафгæ-кафын уæрджытыл æрхаудтон, фестадтæн æмæ иу къахы æнгуылдзтыл хæрдмæ схъиуын, стæй та — иннæ къахы æнгуылдзтыл. Цъилау мидбынаты зилгæ куы иу къахы æнгуылдзтæ æрсадзын, куы иннæ. Чызг сиргæ-сиргæ фæцæуы йæ бынатмæ, цалынмæ æрлæууыди, уæдмæ æз дæр къахфындзтыл кафын йæ фæдыл. Сæрæй йын æркуывтон æмæ фæсивæды æхсæнмæ раздæхтæн.

Фæндыр фæхъус. Исдуг сыбыртт никæцæйуал цæуы, стæй къухæмдзæгъд ныннæрыд.

Чызгæй, лæппуйæ — тынг сæ зæрдæмæ фæцыди мæ кафт. Чызджытæ мæм худæнбылæй кæсынц рæвдауæг цæстытæй.

Мæ хуызæн дыккаг ничиуал акафыд.

Тæккæ уыцы изæр базонгæ дæн йемæ. Разынди ирон саууджыны чызг, хæрзæрæджы каст фæци гимназ. Дыууæ уды кæрдзийы куыд бамбарынц, уымæн чи цы базондзæн? Уарзты зынг риуы мидæг кæцы сахат ссудзы, уый чи раиртасдзæн?

Ромеойы уарзтау мæ уарзт дæр æвиппайды суагъта пиллон...

Мæ сæрæй къулыл банцой кодтон, фæлæ мын уайтæккæ чидæр мæ цæстытæ æрæхгæдта фæлмæн армæй. Дзыги кæй у, уый куыннæ бамбæрстон, фæлæ мæхи нæзонæг скодтон.

Дзыги дын бирæ бафæраза æнæдзургæйæ.

— Зонын æй: Фаризæты куыд уарзыс, — мæ хъуырыл ныттыхст æмæ тæргайхуызæй дзуры мæ хъусы. — Фаризæт рæсугъд æмæ зонджын у, æз та — фыдуынд æмæ æдылы... О... О... Зонын æй...

Суагъта мæ æмæ ехсмæ амоны къухæй.

— Уæлæ дын ныридæгæн лæвар дæр ракодта. Æз та! — йæ уæрджытæ дыууæ къухæй æрцавта. — Æз та æдылы дæн. — Сынтæгмæ сгæпп ласта, цыма ехс йæ бынатæй æрæппарынмæ хъавы, уыйау. — Æз та æппындæр ницæмæ арæхсын... Æдылы Дзыги... Раст нæ зæгъын? Æрмæст хъазын æмæ худын зонын. Æна дæр мæм райсомæй изæрмæ загъд кæнынæй не 'фсæды. Ды дæр мæ нæ уарзыс.

Йæ цæсгом скæуынæввонгæй банхъырдтæ, йæ дыууæ армы йæ бамбæхста.

— Уæ-дæ-дæй... уæ-дæ-дæй... — хъарæгыл схæцыд. — Цы фæуа мæгуыр сидзæр чызг, æппындæр æй куы ничи уарзы, уæд? Ныр кæдæм фæцæуа? Ныр кæмæ фæхæсса йæ маст? Чи йын батæригъæд кæндзæн?! Уæ-дæ-дæй... уæ-дæ-дæй!..

Æцæгæй кæуа, æви?

— Цытæ дзурыс, Дзыги? Æз дæ Фаризæтæй фылдæр куы уарзын. Ды кæстæр дæ, кæстæрты та фылдæр фæуарзынц. Басабыр у... Басабыр у!

— Нæ басабыр уыдзынæн... Зонын æй, нæ мæ уарзыс æппындæр... Фаризæтæй фылдæр мæ ницæмæн хъæуы, фæлæ Фаризæты цас уарзыс, мæн дæр уыйас уарз. Сайгæ мæ кæныс... Фаризæты фылдæр уарзыс... Уæ, мæгуырæг йæ бон сидзæр чызгæн, ныр цы фæуа? Иунæг æфсымæр йеддæмæ йын куы нæ ис æмæ йæ уый дæр куы нæ уарзы!

— Нæ дын загътон — уарзын дæ!

— Æцæгæй?

Йæ къухтæ йæ цæсгомæй нæма æриста, фæлæ йæ ныхас фæхъæлдзæгдæр.

— Æцæгæй, — зæгъын ын зæрдиагæй.

— Афтæ уа?

— Афтæ.

Дзыги йæ къухтæ æриста æмæ кæл-кæлæй худы.

— Æнхъæлдтай, æцæгдæр кæуын? Ха-ха-ха... Ха-ха-ха... Æз æппындæр никуы фæкæуын... Ха-ха... — зилдух самадта уаты къуымты. — Ха-ха...

Йæхи мыл ныццавта. Хъæбыстæ, схуыстытæ мæ кæны.

— Ды дæр мæ тынг уарзыс. Зонын æй.

Йæхицæн дзыхæй цæгъды, афтæмæй æмдзæгъдгæнгæ æркафыди, къахфындзтæ цалдæр хатты æрсагъта.

— Кæд мæн дæр Фаризæты йас уарзыс, уæд дын æз дæр мæ

лæвар æрцæттæ кодтон. Æз дæр арæхсын цæмæдæрты.

Дзыгимæ дæр Фаризæты чырыны хуызæн разынди. Сынтæджы бынæй йæ раласта. Гуыдыр зæлланггæнгæ байгом. Чырынæй духийы тæф скалди. Гæххæтты тыхтæй дзы цыдæр систа Дзыги. Хæрдгæбыд хъæдабæ дзæкъулгонд сахат æфснайынæн.

— Куыд дæм кæсы: ехсæй цауддæр у? Цауддæр у?

— Ахъаззаджы дзаума!.. Диссаджы къухты хицау разындтæ. Æз та æнхъæлдтон æмæ иу минут æрбадын никуы бафæраздзынæ.

Дзыги йæхицæй ныббузныг.

Цавæрдæр къопп рафæйлау-бафæйлау акодта, зæгæл дзы систа, иннæ уатмæ бауад æмæ дзæбугимæ фездæхти. Дыууææртæ къуппæн зæгæл къулы бахоста æмæ дзæкъулгонд ехсы бынмæ æрцауыгъта.

Мæ сахат дзы сæвæрдтон.

Дзæкъулгонды хъæдабæйыл хæрдгæбыдæй нывгонд у ногдзыд мæй, йæ къæлæты астæуæй хæрдмæ æмæ фæйнæрдæм фæтахтысты авд стъалыйы, сæ сæрмæ та иронау хæрдгæбыд фыст: «Дзыги».

— Ныр æппынкъаддæр бон дыууæ хатты лæудзынæн дæ зæрдыл: изæрæй, хуыссынафон дæ сахат куы æфснайай, уæд, æмæ йæ райсомæй дæ дзыппы куы æвæрай, уæд.

Дзыги худæгæй бакъæцæл, йæхицæн æмдзæгъд кæны.

Уатмæ æрбахызти Фаризæт æрхуы тас æмæ хъуывгъанимæ. Дзыги хисæрфæн æмæ сапонмæ ауад.

Мæхи æхсын.

Тæккæ уыцы бон изæрæй писмо фыссыныл æрбадтæн. Горæтмæ цæуæг чи фæуа, уымæ йæ ратдзынæн.

Дæ бон хорз, Валя!

Ацы писмо куы райсай, уæд куыд дис кæндзынæ, уый мæ цæстытыл ирдæй уайы. Ныр æнæхъæн афæдз нал ныффыстам кæрæдзимæ. Дæ фæстаг писмо дын госпитæлы райстон, дзæбæхырдæм куы фæдæн, уæд. Мæ буары ахызтысты цыппар нæмыджы æмæ цардæй адзалы æхсæн дзедзырой фæкодтон. Æппынфæстаг цард фæуæлахиз. Ноджы ма дæ писмо дæр раст уыцы бонты райстон, æмæ мын уый дæр куыннæ фæахъаз уыдаид. Кастæн æмæ йæ кастæн, дохтыры цыфæнды хостæй мын хуыздæр феххуыс. Сахатгай мæ бон фезмæлын нæ уыд, афтæмæй хуыссыдтæн сынтæджы, фæлæ мæ хъуыдытæ уыды-

сты дард кæмдæр. Фæхастой мæ-иу Кавказмæ, Терчы фарсмæ сымах чысыл хæдзары къæсæрмæ, тæккæ былгæрон уæ дыргъдонмæ. Иумæ цы изæртæ арвыстам, уыдон мæ цæстыл уадысты æдзух — никуы мæ ферох уыдзысты. Горæты уынæр мынæгмæ цæуы. Доны фаллаг фарс куы иу ран, куы иннæ ран ссудзы цырагъ. Тынгæй-тынгдæр хъуысы Терчы змæст уылæнты абухын. Хуры фæстаг тын ферттывта Хъазыбеджы цъуппыл æмæ изæрмилтæ сæхи æруагътой. Стъалытæ ссыгъдысты. Дайранырдыгæй радымдта сатæг уддзæф. Æдзæмæй бадæм уæ балкъоны. Хъусæм нæ зæрдæты цæлхъытæм. Ды уатмæ бацыдтæ, балкъоны рудзынг байгом кодтай. Пианинойы уæлхъус æрбадтæ æмæ адæмон зарджытæ цæгъдыс. Мæ риу мын цыдæр нылхъывта, фæлæ циу, уый нæ хатын. Ме 'нкъарæнтæ бамбарынхъом никуы уыдтæн.

Иухатт госпитæлы кæртæй æрбайхъуысти фысы уасын, æмæ нæ хæдзар мæ цæстыл ауади. Æвиппайды мæ улæфæнтæ ахгæдтой. Мæ цæссыг базмæ æртагъди. Мæхæдæг мæхиуыл фæхудтæн: хæстон лæг æмæ фысы уасынмæ скуыдта! Уагæрма, хæдзар циу, уый нывыл куы зыдтаин. Кадетты корпус, æфсæддон скъола, полкъ, стæй хæст. Фыны фенæгау атахтысты, дзæбæх сыл хъуыды дæр нæ акодтон. Алцыдæр мæм хуымæтæг касти: хицауадмæ хъус, райгуырæн бæстæ æмæ паддзахы хъахъхъæн... æмæ дæ зæрдæйы дзæбæхæн цæр. Мæ хъуыдытæ æдзух уыдысты дæуыл — тынг дæ мысыдтæн. Дæу фæрцы ныхъхъуыды кодтон фыццаг хатт цардыл, фæлæ, æргом куы зæгъон, уæд æм лæмбынæгдæр æркастæн, змæстытæ куы райдыдтой, афицерты сæ кады бынатæй цъыфмæ куы нывзылдтой, уый фæстæ. Æппындæр ницы æмбæрстон. Цы хабар у? Цы 'рцыди? Революци! Змæст! Цæй охыл? Сæттын ыл — æхсæнадон фарстаты фæдыл иунæг чиныг дæр никуы бакастæн, мæхи ирхæфстон уæлæнгай чингуытæй, «Нивæйы» уæлæфтуантæй, францаг романтæй. Афтæмæй та кæсын бирæ уарзтон. Ныр та мæ бар-æнæбары уыйбæрц кæсын бахъуыд, æмæ-иу мæ сæр тъæппытæ хауын байдыдта. Цас фылдæр кастæн, уыйас мæм уæззаудæр хъуыдытæ æвзæрдис. Тынг мæ фæндыди, хъуыддаг цæй мидæг ис, уый бамбарын. Хъуамæ дæм æрцыдаин æмæ, комкоммæ дæ цæстытæм кæсгæйæ, ныфсджынæй загътаин: цом мемæ! Æз зонын, цы мæ хъæуы, уый дæр, кæдæм цæугæ у, уый дæр!

Валя! Мæ зонд фаг бахсысти ныры змæстыты, фæлæ йæ цы

сусæг кæнон: мæ царды нысан ис, дæу кæй уарзын, уый мидæг.

Ныры царды сæрсæфæн фæзилæнты мæ фæдзæгъæл чи бауадзид, уыцы фæндагамонæг æндах æгæр лыстæг у æмæ алы къахдзæфæн дæр аскъуыйы. Мæ къухыл мын чи рахæца æмæ мæ раст фæндагыл чи сараза, ахæмы хъуаг дæн. Уæд ма искæмæн куыд ныллæууон фæндагамонæг. Раст зæгъын хъæуы, бирæ цыдæртæ æмбарын байдыдтон. Афицеры тæмæнкалгæ фæлыст хисайæн кæй у, æмæ мæ ивгъуыд цард æнæхъола кæй уыди, уый мæм бахъардта. Фæлæ мæ революционер нæ рауади. Сау адæм мын удхæссæг сты. Ме сæфт уынын, адæймаджы цард нымады дæр кæмæ нæу, уыдонæй. Фæлæ мæм хаттæн афтæ фæкæсы, цыма Уæрæсейы цытæ цæуы, уыцы хъуыддæгтæй рæстытæ дæр ис. Æрмæст сæ мæ бон бамбарын нæу. Цæуылнæ? Уымæн æмæ адæмы фæндæй сты. Адæм та мын æнæнхъæлæджы бынтон æцæгæлон фестадысты. Уырыссаг адæмы, цымæ, амæй размæ уарзтон? Нæ зонын. Амæй размæ бирæ цæуылдæрты нæ хъуыды кодтон, уыдтæн æнæмæт. Ныртæккæ та Уæрæсемæ куыдфæндыйæ кæй кæсын, уый бæлвырд у. Цæмæн? Мæ бон æй зæгъын нæу. Хъуыддаг уый мидæг ис, Валя, æмæ иуахæмы банкъардтон, хъал кæмæй уыдтæн æмæ сæрыстырæй кæй хастон, уыцы афицеры фæлыст мын мæ риу æлхъивы. Æрымысыдтæн нарæг ронæй æлвæст цухъхъа, фæлмæн хæдбынтæ, мæ даст сæрыл та — уæлдзарм худ. Ба-фæндыд мæ, уырысы æхсæн цы миниуджытыл фæцалх дæн, уыдонæй фервæзын, хæхбæсты сæрибар æмæ æнæмæт фыртæй мæхи банкъарын. Дард Кавказ — фыдыуæзæг! Зæххы цъарыл зынгæ дæр чи нæ кæны, ахæм армыдзаг адæм. Кæм стут? Цæлхдур мæм нымады нал уыди, афтæмæй атындзыдтон Кавказмæ — мæ адæмæн мæ хъарутæ раттынмæ. Фыдыуæзæг æмæ мæ адæм та мæнæн дæуимæ æнæфæхицæнгæнгæ баст сты. Фæндагыл цытæ бавзæрстон, уыдæттæ дын радзурон? Æгæр бирæ сты, уæвгæ дæ ницæмæн хъæуынц. Куы фембæлæм, уæд дын сæ радзурдзынæн. Тыхамæлттæй схæццæ дæн. Хæхты уындæй мæ зæрдæ куыд барухс, афтæ, Колумб дæр, æвæццæгæн, нæ бацин кодта æнæкæрон фурды фæстæ сур зæхх куы федта, уæд. Фæлæ поездæй куыддæр æрхызтæн, афтæ мæм, æвæдза, цæй уæззау цæф æнхъæлмæ касти. Сармадзанты гыбар-гыбур, хæст, туг. Дарддæр — фыддæр. Мæ гыццыл адæм дыууæ къордыл фæдих сты, кæрæдзимæ топпы кæсæнæй кæсынц, æргомæй схæцынмæ сæ бирæ нал хъæуы. Цытæ цæуы,

уыдæттæ нырма дзæбæх нæма æмбарын, фæлæ бæлвырдæй зонын: кæрон сын сæвæрын хъæуы. Æфсымæр æфсымæры ныхмæ æрлæууыд. Ахæм худинаг уа! Афтæ ма зонд фæцæугæ уа! Пысылмæттæ æмæ чырыстæттæ... Мах, ирон адæм, пысылмон дæр не стæм æмæ чырыстон дæр — иутæ дæр кувынц Уастырджимæ æмæ иннæтæ дæр, растдæрæй та муртаччытæ стæм, нæ кувæндæттæ æмæ дзуæрттæ — къохтæ æмæ къæдзæхтæ. Кувгæйæ дæр нæ иу къухы арахъхъы сыкъа кæнæ бæгæныйы къус вæййы, иннæйы та — уæливых. Афтæ нæу? Ныр æвиппайды пысылмæттæй æмæ чырыстæттæй агæпп ластам! Пысылмонæн дæр ницы æмбарын æмæ чырыстонæн дæр. Æмæ фырмæстæй дæр уымæн фыцын, цыма мын мæ зæрдæ дыууæрдæм рæдувынц, уыйау. Æмæ уæвгæ дæр афтæ у. Уымæн æмæ мæ зæрдæ, æз мæхæдæг дæн дæуимæ. Æз — пысылмон, ды — чырыстон, нæ дыууæ дæр иу адæмы хъæбултæ. Æз æмæ ды стæм иудзинады æвдисæн. Æмæ ирвæзгæ дæр æрмæст иудзинады фæрцы фæкæндзыстæм. Нæ дыууæйы иудзинадæй зынаргъдæр мын ницы ис! Раздæры Валяйæ баззадтæ, æви æз кæй зыдтон, уый нал ис? Рæстæг куыд тагъд ивы, уæлдайдæр та ныры змæст рæстæг, адæм дæр афтæ ивгæ цæуынц. Ныффысс мæм! Æнхъæлмæ кæсын...

*Дæхи Албег*

*1918 азы 20 мартъи.*

*P. S. Кæд дæ бафæнда, уæд уæ бабæрæг кæндзынæн.*

III

Къæнцыларæй мæм пакет æрбарвыстой. Тухæн гæххæтæй хиконд къонверт паддзахы заманы мыхуыримæ: «Дзæуджыхъæуы зылды Сисыхъæуы правлени». Къонвертыл фыст ис:

Йæ бæрзонддзинад булкъон Албегмæ

№ 345

Къонверт аскъуыдтон, æмæ дзы разынди гæххæтты гæбаз:

«Хъусын дын кæнæм, Сисыхъæуæй æвзæрст кæй æрцыдтæ ирон пысылмæтты съезды делегатæй. Съезд уыдзæни Цъæхтырсы».

— Цы хабар у? — фæрсын къулеры. — Цæй охыл аразынц съезд?

— Ау, дæ гæххæтты фыст нæу?

— Нæу.

Зæрæдтæ сходы цытæ дзырдтой, уыдон мын бæстон рафæзмыдта къулер. Адæмæй, дам, алырдыгæй цæуы хъæстытæ. Хæдзархæлд тепсыхъойыхъæуккæгтæ фæндæгтыл бабадтысты æмæ дзы нæдæр фистæгæн нал ис ацæуæн, нæдæр барæгæн. Куыддæр базонынц, фæндаггон пысылмон у, уый, афтæ йæм балæбурынц, бастигъынц æй, ныхмæ сæм чи фæлæууа, уый та суанг маргæ дæр акæнынц. Сырхкъулаг къуылых Батыразы амардтой, цъæхтырсаг зæронд Ахболатæн йæ галтæ байстой, хорыхъæуккаг фыййауæн йæ дзуг атардтой, цъæхтырсæгтæ цалдæрæй фæцæйцыдысты, æмæ сыл топпытæй ныккалдтой. Сæ амæддаг чи баци, уыдонæн сеппæты ранымайæн дæр нал ис. Иу хъæуæй иннæмæ фæцæуыны тыххæй цалдæргай уæрдонджыны бакъорд вæййынц, ноджы ма сын бахъæуы хъахъхъæнæг барджытæ дæр, науæд æвыдæй нæ аирвæздзысты. Раст, дам, Шамилы заман куыд уыдис, афтæ ныр дæр фæндагыл нæ, фæлæ фæсвæд быдырыл цæугæ у, зæгъынц хистæртæ. Уæд уый цавæр цард ралæууыд? Афтæмæй хуымгæнæн æрæввахс. Æмæ чи рауæнддзæн хуым кæнынмæ, кæд æмæ дæ цы минут амардзысты, дæ галтæ, дæ бæхтæ дын кæд байсдзысты, уый бæрæг нæу. Æппæт уыдæттыл æрдзурынмæ æмбырд кæнынц делегаттæ Цъæхтырсмæ.

Раст ахæм рæстæг сдæн хуымæтæг ирæтты нæ, фæлæ пысылмон ирæтты делегат ирон адæмы съездмæ нæ, фæлæ пысылмон ирæтты съездмæ. Мæ зæрдæмæ бæргæ нæ цæуы ахæм хъуыддаг, фæлæ мын иугæр хъæубæстæ кæм бафæдзæхстой, уым æнæ фæцæугæ дæр кæм ис...

Сæумæйæ Сисыхъæуæй арст стæм Цъæхтырсы съездмæ.

Стæм æртæ делегаты. Астæуæй Одзоты Дрис бады хъазахъхъаг хъомыл саулохагыл, мах æй тыххæйты æййафæм нæхимæ дæлæмæдзыд хохаг аласатыл. Дрисы галиуырдыгæй цæуы Тедоты Тотырадз — дыккаг хистæр, æз та, кæстæр — йæ рахизырдыгæй.

Æгъдаумæ гæсгæ хистæрæн астæуæй цæугæ у. Æмæ уый хуымæтæджы нæу — ахæм уаг сæвзæрди незаманты, хæстытæн кæрон куы нæ уыдис, уæд. Бахъуыды рæстæг хъуамæ кæстæр иннæты разæй алæгæрстаид фыдгулмæ, хистæры рахиз фарс сæрибар куыд уа æмæ рахиз къухæй куыд схæца, афтæ, галиуырдыгæй та йæ хъахъхъæдта дыккаг хистæр.

Суадон, хид кæнæ цæугæдон нæ размæ куыддæр фæвæййы, афтæ йыл æз балæгæрдын иннæты разæй, хистæр цæуы мæ

фæдыл, уый фæдыл та — дыккаг хистæр. Ирон адæм мин азы размæ дæр афтæ цыдаиккой, æвæццæгæн.

Не 'ртæйыл дæр ис нæхимæ ирон тæбынæй цухъхъатæ, нымæттæ æмæ басылыхътæ. Нымæты æдде уæхсчытыл сты нæ хотыхтæ: мæнмæ — кæрæбин, иннæтæм — дæргъæй-дæргъмæ фондзæхстæттæ.

Уазалгомау райсом у, æмæ мæхи нымæты тухын. Мæ зæрдæмæ тынг цæуы уæйлаг нымæт — фæндагыл ын æмбал нæй, хуымæтæг æмæ удæнцой дзаума. Алцæй ныхмæ дæр ахъаз у — дымгæ, къæвда, уазал, тæвды. Бахъуыды сахат та дын цæттæ гобан æмæ хъæццул. Диссаг у, фæлæ дзы цыфæнды æнтæф бон дæр буарæн сатæг у.

— Кæм балхæдтай дæ нымæт? — цыма мын мæ хъуыдытæ бамбæрста, уыйау мæ фæрсы Дрис.

— Æлхæд нæу, Æна мын æй скодта.

Дрис уырзæй сгары нымæт: фаг æууæрст æмæ фаг бæзджын у, зæгъгæ. Нымæты кæрон сфæлдæхта æмæ йæ бæрæг кæны — хур дзы иннæрдæм кæсы æви нæ.

— Ахъаззаджы нымæт. Кæсгон нымæтæй цауддæр нæу.

— Ницы йын у, — загътон æз дæр.

Мæхи цæстыты раз конд кæй у, уымæ гæсгæ йæ уæлдай æхсызгондæрæй дарын.

Æнамæ æфснайд разынд хъæрæсейаг сау къуымбилы æнæхъæн чырын. Мæ сыздæхынмæ йыл фæцауæрста.

Бæстон ныхсадта къуымбил. Стæй ерджен райста, кæттаг ыл байтыдта æмæ йыл къуымбил æмхуызон фæлтæрæй æрæвæрдта. Уый фæстæ йыл æрæвæрдта хæрзæхсныст къуымбилы дыккаг фæлтæр. Хъæрмуст донæй йæ бапырх кодта. Стæй ерджен æд къуымбил батыхта æмæ йæ иннæ сылгоймæгтимæ æууæрдынтæ байдыдта. Къуымбил дзæбæх куы фæхъæбæр, уæд æй ердженæй систой æмæ та йæ ногæй æууæрдынтæ байдыдтой.Ноджыдæр ма йæ иу хатт фæныкдонæй цæхсадта æмæ йæ сыгъдæг донæй сæнхъæвзта. Бахус æй кодта. Гуцъулабаст гæны фæскъауæй нымæт æддæрдыгæй дзæвгар фæцагъта, æмæ схæмпус, мидæджырдыгæй та къуымбилы уæлдæйттæ ацарыдта.

Фаризæт сау алдымбыдæй сфæлыста нымæты æфцæггот, йæ кæрæттыл ын гæрзæй-гæрзмæ бахуыдта сæрачы уаццаг, æмæ нымæт срæвдз.

Дзыгимæ та разынди тинтычъи тын, фæсивæдæй йын æй

чидæр хохæй æрласта. Тын ахæм фæлмæн уыди, æмæ йæ батух, уæд æй къухдарæны æнцонæй аластаис иннæрдæм. Йæ уæйгæнæг куыд загъта, афтæмæй йæ бауафынæн бахъуыди æртындæс æмæ астыссæдз сæгъы фист æрфасын. Дзыги мын дзы басылыхъ бахуыдта.

Нымæты кой ахицæн. Дарддæр цæуæм æдзæмæй. Хистæртæм æнхъæлмæ кæсын, фæлæ сæм дзурынвæнд нæй.

Мигъ бæзджын бады быдыртыл.

Иу хъуыды мæ æнæнцойæ æвдæрзы: уæддæр цæмæн фæдих сты ирон адæм пысылмæттæ æмæ чырыстæттыл? Схæцыны онг цæмæн фæфыдæх сты кæрæдзимæ? Суанг акъоппытæ къахынмæ бавнæлдтой хъæугæрæтты, ранæй-ран та сындзтелæй æрæхгæдтой. Æхсæв æнæмæтæй ничиуал хуыссы. Дзæгъæл гæрæхтæ райхъуысы, æмæ адæм фæдисæй атындзынц хъæугæрæтты акъоппытæм. Хъус-хъус дзурынц: чырыстон ирæтты æмæ хъазахъхъы зæрды, дам, ис пысылмон ирæтты сæргæвдын, пысылмон ирæттæ та, дам, мæхъхъæл æмæ кæсæгмæ фæсидтысты æххуысмæ.

Хъæмпы бæстытимæ даргъ хъилтæ æрсагътой обæуттыл. Фæдисы рæстæг хъæмпыл арт сæндзарынц — сæдæ азы размæ Шамилы хæсты заман куыддæриддæр уыдис, афтæ. Уæд Кубанæй Терчы онг хъазахъхъаг станицæтæ ахæм хуызы фæдис кодтой иу иннæмæ. Хохаг барджыты къордтæй искæцы хъазахъхъырдæм бадзæгъæл, зæгъгæ, уæд-иу уыдон арт сæндзæрстой хъæмпы æргъæмттыл æмæ-иу фæфæдис сты. Цæвæг-иу марæджы нал æвзæрста. Кæд-иу хохæгты стæр фæрæстмæ, уæд-иу сæ фæстæ ныууагътой судзгæ станицæтæ, хъазахъхъ та-иу донахизæнты сæ размæ бабадтысты.

— Хуыцауы тыххæй, ныббарут мын, — дзурын хистæртæм. — Съездмæ бæргæ рараст стæм, фæлæ ирон адæм пысылмæттæ æмæ чырыстæттыл цæмæн фæдих сты, уымæн ницы æмбарын. Нырма æрæджы сыздæхтæн нæхимæ æмæ хъуыддæгтæ нæма зонын, — зæгъын мæхи растгæнæгау.

— Лæппу, æнхъæлыс, мах сын исты æмбарæм? — мæнырдæм разылди Дрис. Йæ рахиз къухæй æрфас-æрфас кæны йæ сау фæтæн боцъо. — Талынг адæм стæм мах, ды цас бакастæ скъолайы, уыйас нæ бакастыстæм. Бæласы уидæгтæн дон куы нал вæййы, уæд йæ цъар куыд бахус вæййы, афтæ бахус нæ сæрымагъз. Уæд куыд хъуамæ бамбарæм абоны хабæрттæ? Хуыцау йеддæмæ сын чи цы зоны.

Йе 'рфгуытæ нылхынцъ сты, хъуыдыты анығъуылди.

— Хуыцау нæ ралгъыста! — загъта æвиппайды хъæрæй. — Ралгъыста! Ралгъыста! Ралгъитинаг та рагæй уыдыстæм...

— Цæй тыххæй нæ ралгъита, ахæмæй цы сарæзтам? — йæ ныхас кæд фæбæлвырддæр кæниды æнхъæлæй йæ къахын.

— Цæй тыххæй? — йæ сæр æруагъта Дрис. — Цæй тыххæй? — ногæй та разылдис мæнырдæм. — Хъус-ма, лæппу, мæ фыдыфыд мын цы радзырдта, уымæ. Уый дæр æй йæ фыдыфыдæй фехъуыста. Хабар уартæ незаманты уыди. Нæ ирон адæмæн Азийы уыди сæхи паддзахад. Паддзахиуæг та дзы кодта зæронд лæг. Зæрондæн уыди фырт. Æмæ фырт йæ фыды ныхмæ сыстад. Æмæ кæрæдзиимæ хæцын райдыдтой. Дæргъвæтин рæстæг фæхæцыдысты æмæ адæмæй бирæты ныццагътой. Гæныстон фестадысты дзæвгар горæттæ æмæ хъæутæ. Æппынфæстаг фыд фæуæлахиз фыртыл. Фырт йæ фарслæуджытимæ фæлыгъди Кавказмæ. Зæронд паддзах куы æркасти фырты бæллæхтæм, уæд ыл, кæимæ фæлыгъди, уыдонимæ фыдæлгъыст бафтыдта: «Кæрæдзи цæгъдæг уæ Хуыцау фæкæнæд фыдæй фыртмæ! Кæрæдзи ныхас макуы бамбарут! Æфсымæр æфсымæры марæг фæуæд, фырт та — йæ фыды марæг!» Æмæ нæ ныр раст уыцы фыдæлтыккон æлгъыст баййæфта... Баййæфта... Æндæр дын ницы зæгъын у мæ бон, лæппу.

Сæргуыбырæй ноджыдæр ма иу хатт сдзырдта йæ фындзы бын:

— Æппындæр ын ницы зонын... Ницы...

— Æз æй зонын, нæ хорз хистæр, æз, — ныхас йæхимæ айста Тотырадз — сæнтсырх лæг, йæ цæсгом бæзджын хъуыны бын фæцис. — Зонын æй æз, — базмæлыд саргъы уæлæ. — Ныббар мын, нæ хорз хистæр, ды йæ нæ зоныс, фæлæ мæнæн цыма мæ армытъæпæныл ис, афтæ бæлвырд æй уынын.

— Дæ хъуындкын армыл кæд афтæ бæлвырдæй зыны... — худы Дрис.

Тотырадзæн йæ армгæрæттæ æцæгæй дæр æнахуыр хъуынджын сты, фæлæ йæм хистæры хъазæн ныхас нæ хъуысы.

— Зонын æй, мæ хуртæ, зонын...

— Гъемæ йæ махæн дæр бацамон, — хаты йæм Дрис.

— Хъаймæт райдыдта. Сыгъдæг чингуыты загъд ис: «Ахæм бон ралæудзæн, æмæ адæм кæрæдзи нал æмбардзысты. Æфсымæр æфсымæримæ схæцдзæни». Тæккæ знон мын æй нæ зæронд хадзы бакаст иу бæзджын чиныджы. Æмæ æцæгдæр

афтæ у. Дуне йæ бындзарæй нынкъуысыд. Æгъдау нал ис, дин нал ис, цæсгом нал ис, кæстæртæ коммæ нал кæсынц, хистæртæй æфсæрмы нал зонынц, уазæг сæм уазæг нал у. Афтæ у, бæгуыдæр. Цæсты гагуыйау цы хъахъхъæдтам æмæ нæм сызгъæринæй зынаргъдæр цы уыдис, уыдæттæ нымады никæмæуал сты. Хъаймæт æмæ хъаймæт! Афтæ у бæгуыдæр. Æфсымæр æфсымæры ныхмæ сыстад. Фырт — йæ фыды ныхмæ. Чызджытæ сæ цæсгом бахордтой æмæ хæтагсылтæй уæлдай нал сты. Афтæ у, бæгуыдæр. Ахуыргонд нæ дæн æз, гимназты æмæ университетты нæ бакастæн, фæлæ уæддæр цыдæртæ æмбарынхъом дæн. Афтæ у, бæгуыдæр. Афтæ...

— Гъемæ фæуæд афтæ дæр. Фæлæ цæуыл фæхæрам сты ирон адæм кæрæдзимæ — пысылмæттæ æмæ чырыстæттæ? — ныхас æгæр дæрдты кæй цæуы, уымæ гæсгæ та сæ ногæй бафарстон.

— Хъаймæт ралæууыди, дунейæн йæ кæрон æрцыд... — райдыдта та Тотырадз.

Нæй, ницы сын бамбарæн ис, дзæгъæлы сты мæ фæлтæрæнтæ.

Дрис æрымысыд кæддæры хорз рæстæджытæ, ирон адæмы æхсæн — пысылмонæй, чырыстонæй — ницы хъауджы уыдис. Сæ куывд дæр, сæ чындзæхсæв дæр иумæ: чырыстæттæ куырдтой пысылмон чызджыты, пысылмæттæ та — чырыстон чызджыты, сæ бæрæг бæттæ дæр иумæйаг. Стæй нымайын райдыдта, сæ иу хай пысылмон кæмæн у, иннæ хай та чырыстон, ахæм мыггæгтæ. Суанг-иу афтæ дæр рауад, æмæ мадызæнæг æфсымæртæй иу молло уыдис, иннæ та — сауджын. Æмæ тынг дзæбæх цардысты, хæларæй æмæ сабырæй. Ныр та кæрæдзимæ фесты. Хуыцауы æлгъыст, хъаймæт — уымæй дарддæр нæ цæуы зæрæдты ныхас.

Цъæхтырсы хъæугæрон акъоппытæ разындысты. Ницы фау æрхæссæн сæм ис — раст, хæсты быдыры чи вæййы, ахæмтæ.

Уайтагъд мæзджыты кæртмæ бахæццæ стæм. Адæмæй дзы азмæлæнтæ нæй.

Кæстæртæ нæ размæ рауадысты, дзыларбостæ райстой, æгъдæнцæйттыл хæцынц. Æрхызтыстæм. Бæхтæ, топпытæ, нымæттæ сæм радтам, нæхæдæг адæмырдæм ацыдыстæм. Куыддæр сæм баввахс стæм, афтæ хистæртæ сæ бадæнтæй сыстадысты.

— Салам-алейкум! — раарфæ сын кодта Дрис æмæ йæ къух риуы онг схаста.

— Алейкум-салам! — дзуапп радтой хистæртæ, иннæтæй ничи ницы дзуры.

Сисыхъæуы минæвæрттæ стæм, уый базыдтой, бацин ныл кодтой, куыдхистæрæй нæ размæ рацыдысты æмæ нын нæ къухтæ райстой. Дрис æмæ Тотырадзы уайтагъд зæрæдты астæу сбадын кодтой, æз та фæсивæдырдæм баздæхтæн. Амбырд мыл сты æмæ мæ цæмæй нæ бафарстой, ахæм нал баззад. Мæ кой амæй размæ дæр фехъуыстой. Мæ хæстон хабæрттæ æмæ фæндаггон хъизæмæрттæ сын зындгонд сты. Татианыхъæумæ куыд фæцыдтæн æмæ дзы æгадæй куыд раздæхтæн, уый дæр зонынц. Мæ хабæрттæ хъус-хъус куыд цыдысты, афтæ сыл алчидæр къæхтæ-къухтæ æфтыдта, æмæ сæ таурæгъ рауади. Байхъус сæм, уæд мæнæй хъæбатырдæр нал ис. Хинымæр мидбылты худын, фæлæ мын сæ ныхæстæ æхсызгон сты. Уæлдай æхсызгондæр та мын уымæн сты, æмæ бахъуыды заман иу-дыууæ сæдæйы мæ фæдыл æнæзивæгæй ацæудзысты, æмæ уый кæуылты тых у! Раст зæгъын хъæуы, сæ сæр мæ кæм бахъæудзæн, уый мæхæдæг дæр дзæбæх нæма æмбарын.

Скъолайы агъуыстмæ нæ бахуыдтой. Съездæн райдайыны афон у. Ирыстоны æппæт пысылмон хъæутæй дæр минæвæрттæ æрбацыд. Сæдæ делегаты бæрц. Æрмæст рæбыны хохаг хъæуты минæвæрттæ нæма сæмбæлдысты.

Съезды фыццаг хатт дæн. Цымыдисæй кæсын делегаттæм. Цымæ цавæр фæндтимæ æрбацыдысты ардæм? Цæмæ бæллынц? Фæстаг рæстæджы цаутæ сæ зондахастыл кæцырдæм фæзындысты? Сæ бакастæй сæ хъуыдытæн рахатæн нæй, фæлæ мидæгæй хæлбурцъ кæй кæнынц, уый бæрæг у. Ирон адæмы ахæм райдзастхуызæй никуыма федтон.

— Абоны бонæн ферохгæнæн никуы уыдзæни, — хъуысы мæм делегатты иу къордæй. — Кæдæй-уæдæй пысылмæттæ бафидауынмæ æрæмбырд сты.

— Рæстытæ дзурыс. Уæллæй, рæстытæ, — дзурынц алырдыгæй. — Хуыцау æй амондджын фæкæнæд нæ съезд æмæ Йæ хорзæх уæд нæ мæгуыр ирон адæмы.

Райхъуысыд дзæнгæрæг, æмæ делегаттæ басабыр сты.

Зæрæдтæ рабадтысты раззаг рæнхъыты, æрыгæттæ — сæ фæсте.

Съезд æмхъæлæсæй сæрдарæй равзæрста инæлар Дженалдыхъойы. Дунеон хæсты заман йæ ном арæх хъуысти. Секре-

тарæй равзæрстой студент Мырзабеджы, къæйных кæсæнцæстджын лæппуйы. Раст куы зæгъон, уæд бынтон мæ зæрдæмæ нæ цæуы ацы лæппу. Уæвгæ, студенттæм ахæм цæстæй кæсыныл сахуыр дæн, æфсæддон скъолайы ма куы ахуыр кодтон, уæдæй фæстæмæ. Æдзухдæр афтæ æнхъæлдтон, цыма студенттæ ахуыры бæсты сæхи тъыссынц политикæйы, ахсджиаг паддзахадон хъуыддæгты.

Чидæр фехъусын кодта: Бетъырбухæй Дзæуджыхъæумæ ссыди «нæхи Мæхæмæт» — стыр пысылмон архайæг, æнæмæнг æй æрбахонын хъæуы съездмæ. Фæндоныл сразы сты æмæ æмхъæлæсæй Мæхæмæты æмбырды кадджын уæнгæй равзæрстой.

Æмбырд райдыдта цъæхтырсаг инæлары ныхасæй.

Инæларæн ис зæрдæмæдзæугæ цæсгом, бæрзонд тæрных. Уадултæ биноныг даст, рихитæ цыдыр æлвыд. Дзæнгæрæгыл йæ къух æрæвæрдта æмæ, адæм кæд басабыр уыдзысты, уымæ æнхъæлмæ кæсы. Ныццагъта йæ. Сыстад æмæ иронау дзурын райдыдта. Хаттæн йæ ныхас фæкъуыхцы вæййы, хаттæн дзы уырыссаг дзырдтæ дæр сирвæзы.

— Æбуалгъы хъуыддæгтæ цæуы Ирыстоны. Бамбарæн дæр æмæ сын ныббарæн дæр нæй. Ирон лæг сыстад ирон лæджы ныхмæ. Хохаг хохаджы ныхмæ. Знаджы нæ, фæлæ нæхи æфсымæрты туг кæлы. Хъус-хъус цы æвирхъауы хабæрттæ цæуы, уыдон адæмы удæнцойæ цæрын æмæ кусын нæ уадзынц. Алчи дæр уæ бæстон ныхъхъуыды кæнæд, дарддæр куыд цæргæ у, ууыл. Иронимæ ироны тохæн дæр æмæ мæхъхъæлонимæ ироны тохæн дæр хъуамæ кæрон æвæрд æрцæуа. Канд ирон адæм нæ, фæлæ хохæгтæ иууылдæр хъуамæ цæрой иу бинонтау хæларæй. Куыд æмæ цы хуызы, ууыл ахъуыды кæнын та съезды хæс у. Адæм хъуамæ фæндæгтыл ногæй æдасæй цæуын райдайой. Тепсыхъойыхъæуккæгтæн цы хуызы баххуыс чындæуа, уый дæр ахъуыдыйаг у. Ацы съездæн та мæ зæрдæ æнтыстджын куыст зæгъы канд ирон адæмы хорзæхæн нæ, фæлæ Кавказы æппæт хохæгты пайдайæн.

Снысан кодтой съезды боны фæтк.

Ныхасгæнджытæ дзурынц иуæй иннæ æнкъарддæр хабæртты тыххæй.

Уым кæмдæр бастыгътой, ам кæйдæр багæрах кодтой, аннæ ран чидæр фæцæф. Дарддæр афтæ цæрæн нал ис. Цалынмæ уыцы хабæрттæ кæнынц, уæдмæ дзырдарæхст бæргæ вæййынц, фæлæ хъуыддаг куыддæр «цы чындæуамæ» æрхæццæ вæййы,

афтæ дзуапп никæмæ разыны. Æмæ, æцæгдæр, цы чындæуа, кæд æиæ дын фыдгул нæй. Кæд ис, уæд та — кæм? Чи у? Цы йæ хъæуы? Чи йын разамынд дæтты? Куыд æмæ кæимæ бафидаугæ у? Делегаттæ дыууæ дихы кæй баисты, уый бæрæг у. Иутæ зæгъынц: цыфæндыйæ дæр сабырæй æнæ цæргæ нæй. Иннæтæ сты хæстмондаг: чырыстон ирæтты алы цæфæн дæр дзуапп дæттын хъæуы цæфæй.

Сырхкъулы делегаттæй иу — тæнтъихæг, дæргъæй-дæргъмæ, хæнкъуытæ, морæ цухъхъаджын — бауромын нал комы: кæд съезд нæ зоны, цы кæнгæ у, уый, уæд æй сырхкъулæгтæ зонынц. Сæхæдæг сæхи бахъахъхъæнынмæ сарæхсдзысты. Сæ фарсмæ чи æрлæууа, ахæм хæлæрттæ разындзæни. Сырхкъулæгтæй иу куы фæмард уа, уæд йæ бæсты дыууæ чырыстон ироны ссардзысты мæлæт.

— Уе ’фсымæр ироныл æцæгæлон мæхъхъæлæтты æмæ кæсгæтты ардаудзыстут? — хъæр æм кæны чидæр йæ бынатæй.

— Цавæр ирон æфсымæрты кой кæныс! — цыма йæ туасæй исчи фæрæхуыста, уыйау йæ бынатæй фестад. Йæ цæстытæ цæхæртæ калынц, хъæлæсыдзагæй арауы: — Иунæг цытджын Хуыцауыл æмæ йæ пехуымпар Мæхæмæтыл чи æууæнды, æрмæст уыдон сты махæн æфсымæртæ. Шариатыл фидар чи хæцы, уыдонæй дарддæр махæн æфсымæр нæй — джауыртæ куыд хъуамæ уой махæн æфсымæртæ? Чырыстон ирæттæй нæм мæхъхъæл æмæ кæсæг хæстæгдæр сты!

Мæ хистæр Дрисæй рох нæу Сисыхъæуы сходы уынаффæ, хъæддыхæй дзуры, фидауыны фæндагыл æнæмæнг цæугæ у, зæгъгæ. Уымæн æмæ пысылмон ирæтты дадзинты дæр æмæ чырыстон ирæтты дадзинты дæр æхсиды иумæйаг фыдæлты туг, дзурынц иу æвзагыл, уыциу æгъдауыл хъомыл кæнынц сæ мады æхсыримæ...

— Æлгъыст фæуæд, нæ фæндагыл саугæды цæхгæрмæ кæд азгъордта, уыцы бон! — зæгъы Дрис.

— Сау гæды нæ, фæлæ хъазахъхъ, — хъæр æм кæнынц сырхкъулæгтæ.

Чырыстон хъæуты æхсæн аззайæг чысыл пысылмон хъæуы делегат дзуры, æрæджы сæ сыхæгты гæрзифтонг къордтæй сæ хъæуы астæуты куыд æрцæйцыдысты.

— Кæдæм цæут? Цавæр фæдис у? — фæрсæм нæ сыхæгты æмæ нын дзуапп радтой: «Кæдæм цæуæм, уый сымах хъуыддаг нæу, фæлæ рæхджы сымахмæ дæр фæзындзыстæм æмæ уын уæ мæзджыты цъуппыл ног мæйы бæсты дзуар æрсадздзыстæм»...

— Джауыртæ! Æнæхуыцау куыйтæ! — хъæр кæнынц алырдыгæй. Иуæй-иу делегаттæ сæ бынæттæй фестадысты. Бæстæ хъæр-хъæлæба ссис. Тыххæйты басабыр сты. Иутæ дзурынц: съезд фидыд куы нæ расида, уæд адæмы цард никуы банывыл уыдзæн. Фыццаджыдæр æрдзурын æмбæлы, хæдзархæлд тепсыхъойыхъæуккæгтæн куыд баххуыс чындæуа, ууыл, уымæн æмæ цалынмæ уыдон искуы æрбынатон уой, уæдмæ лæбурдзысты æмæ фæндæгтыл стигъдзысты.

— Кæй аххосæй бахаудтой ахæм бæллæхы? — фæрсынц сырхкъулæгтæ — Тепсыхъойыхъæуы рагон знæгтæ.

Бацайдагъ быцæу.

Кæйдæртæм гæсгæ алцыдæр тепсыхъойыхъæуккæгтæн сæхи азм у: мæхъхъæлон молло æнцад йæхицæн æрцæйцыд сæ уынгты, уыдон æй амардтой æмæ йын йæ хъус ралыг кодтой. Æмæ йын йæ мард афтæмæй радтой йæ хæстæджытæн — æнæ хъусæй. Хъус фесæфти. Кæм ис йæ хъус? Æмбарут æй — хъус! Уæд исчи афтæ кæны? Ахæм æфхæрд чи хъуамæ ныббара? Иннæ хатт та ныррасыг сты æмæ иукъордæй тыхми бакодтой мæхъхъæлон зæронд усæн — уый дæр сæ уынгты æрцæйцыд. Ахæм хъуыддæгтæ искуыдæр ма ныббарстæуыд?..

— Æмæ мах афтæ зæгъæм æмæ хорз бакодтой? Æппæт уыдæттæ Хуыцау дæр нæ ныббардзæни. Фæлæ мæхъхъæлы хабæрттæ рохгæнинаг не сты, — зæгъынц иннætæ. — Фæндаггæтты размæ бабадынц, лæбурынц, стигъынц, давынц. Æмæ иу æмæ дыууæ хатты куы уаид, фæлæ алы бон дæр. Нæдæр быдырмæ ацæуæн ис, нæдæр базармæ. Уæллæй, зæд дæр сæм нæ бауромдзæн йæхи, зæд.

Æмæ та æнæкæрон радзур-бадзур бацайдагъ.

Æризæр...

Къласмæ цалдæр фæтæген цырагъы бахастой. Æнудæй сулæфæнтæ нæй. Сæр риссы. Мæхимæ мæсты кæнын райдыдтон: иуæй мæ рæстæг дзæгъæлы фесæфт, иннæмæй мæ бон ницы хъуыддаджы фæндон бахæссын у.

Чидæр хабаргæнæг фæцис: иннæ съездæй, чырыстæтты съездæй, минæвæрттæ æрбацыд æмæ æмбырдмæ бацæуыны бар курæг сты.

«Уыцы джауыртæм» байхъусын æмбæлы æви нæ, уый фæдыл иуцасдæр фæрадзур-бадзуры фæстæ, съезд сразы, æмæ сæ скъоламæ æрбахуыдтой. Минæвæрттæ сты дыууæ: хъæубæсты кадджындæр хистæр æмæ дзырдарæхст сауджын. Революцийы фæстæ сауджын йæ пæлæз аппæрста.

Дуарæй куы æрбахызтысты, уæд сын иууылдæр сыстадысты. Стæй фæстæмæ сбадтысты.

Минæвæрттæ салам дæттынц чырыстон ирæтты съезды номæй. Тынг хъыг сын у, сæ съезды сæ пысылмон æфсымæртæй кæй ничи ис, уый. Съезд мæнæ мах æрбарвыста пысылмон ирæтты æрбахонынмæ æмæ сæм цалынмæ уæ делегаттæ бацæуой, уæдмæ йæ куыст баурæдта. Уæ хорзæхæй, нæ фæндоныл сразы ут æмæ тæккæ райсом иууылдæр иумæ ацæуæм Дукантыхъæумæ.

Сауджын дæргъвæтин рæстæг ныхас кæны, ирон адæм — пысылмонæй, чырыстонæй — æфсымæртæ кæй сты, уый тыххæй. Дзуры иттæг зæрдиагæй, фæлæ моллотæй æмæ хадзытæй кæйдæрты цæсгомыл бакæсæн ис: æгæр дæргъвæтин у йæ ныхас.

Банафон. Адæм иууылдæр бафæлладысты. Хъуыддаг райсоммæ аргъæвтой.

Æмбырд ахицæн, фæлæ делегаттæй хæдзармæ ацæуыны фæнд никæмæ ис. Бакъордтæ-къордтæ сты. Быцæу ныхас бацайдагъ. Иутæ зæгъынц: чырыстæтты съездмæ цæугæ у, семæ бафидаудзыстæм æмæ æфсымæрты æхсæн хæстæн кæрон æрцæудзæн. Иннæтæ зæгъынц: мæнæ ам, нæхи мидæг, бафидауынæн куы нæ стæм, уæд ма уырдæм цæй номыл уыдзæн нæ балц?

Фыццæгтæм гæсгæ та цæугæ у...

Райсомæй ног хабар: æрцыд Мæхæмæт. Делегаттæй иуæйиутæ сæ зæрдæ дарынц — Мæхæмæт хъуыддаг равзардзæн, быцæутæн кæрон сæвæрдзæн.

— Ирон мады гуыбынæй уыйау сæрджын лæг нæма рацыди, — зæгъы чидæр. — Æцæг пысылмон цыдæриддæр уа, уый у. Фенын сын кæндзæни, чырыстæттимæ куыд æмдзæхтонгæнгæ у. Ссардтой мын æфсымæртæ...

Фидауыны зондыл лæуд чи у, уыдон сæ сæртæ æруагътой: Мæхæмæт, æцæгдæр, мыййаг, фидауыны ныхмæ куы ныллæууа. «Нæ, уымæн уæвæн нæй... Зонджын адæймаг куы у, хъуамæ бамбара, куы нæ бафидауæм, уæд хъуыддаг цæмæ æрцæудзæн, уый: Ирыстон туджы зæйты бын фæуыдзæн... Мах фарс уыдзæни цыфæндыйæ дæр».

Мæхæмæт куы фæзынди, уæд ын адæм сарæзтой тыхджын къухæмдзæгъд. Ныллæггомау саухил лæг, фæныкхуыз френч æмæ йыл галифе, цырыхъхъытæ. Хæрздаст. Рихитæ цыбыр

ӕлвыд. Сӕрдары стъолы фарсмӕ лӕууы ӕмӕ, къухӕмдзӕгъд кӕд фӕуыдзӕн, уымӕ ӕнхъӕлмӕ кӕсы.

Мӕнӕ уал уын революцийы хӕрзтӕй иу: ирон адӕм къухӕмдзӕгъд кӕнын базыдтой, фӕткыл ӕй банымадтой.

Мӕхӕмӕт раарфӕ кодта, съездмӕ йӕ кӕй ӕрбахуыдтой, уый тыххӕй ӕмӕ дзурын райдыдта:

— Ӕз нырма хӕрзӕрӕджы ссыдтӕн ардӕм. Хабӕрттӕ сеппӕт нӕма зонын, фӕлӕ цытӕ фехъуыстон, уыдон мӕ стыр сагъӕсы ӕфтауынц. Канд Кавказы адӕмтӕ нӕ, фӕлӕ нӕхи ирон адӕм дӕр ныддихтӕ сты ӕмӕ сын хӕст ӕргомӕй бацайдагъ. Дыууӕ съезды сарӕзтой — пысылмон ӕмӕ чырыстон. Революци аразын, сӕрибарыл тох истӕмӕн хъуыди, боныфӕстагмӕ, адӕмы туг ӕнӕсӕрфатӕй куы кӕла, уӕд? Цы хабар у? Кӕй аххосӕй фӕдих сты ирон адӕм? Аххосджыны ссарыны тыххӕй хъуыддаг хъӕуы лӕмбынӕг равзарын, съездӕн та уыйбӕрц рӕстӕг нӕй. Ныртӕккӕ сӕвзӕрди къорд ӕвӕстиатӕй лыггӕнинаг фарстайы. Фыццаджы-фыццагдӕр — чырыстӕтты съездмӕ цӕугӕ у ӕви нӕ? Кӕд нын цӕугӕ у, уӕд цавӕр фӕндӕттимӕ, цавӕр домӕнтимӕ? Мӕнмӕ гӕсгӕ, цӕугӕ у. Кӕд ӕмӕ мемӕ сразы уат, уӕд цавӕр домӕнтӕ ӕрӕвӕрдзыстӕм?

Мӕхӕмӕт дӕргъвӕтин ныхасыл схӕцыд Уӕрӕсейы революцийы, национ миниуджыты, интернационализмы миниуджыты тыххӕй. Ӕрмӕст дзӕвгар фӕдзурыны фӕстӕ бамбӕрста: ам чи бады, уыдоны йӕ ныхӕстӕ хъӕугӕ дӕр ницӕмӕн кӕнынц, хъаргӕ дӕр сӕм нӕ кӕнынц.

— Бахатыр кӕнут, ӕгӕр дӕрдты авнӕлдтон, — мидбылты бахудти Мӕхӕмӕт. — Мӕ хъуыды у ахӕм, ӕмӕ хъуамӕ сразы уӕм чырыстӕтты фӕндонимӕ, сӕ съездмӕ цӕугӕ у. Ам чидӕр афтӕ дзырдта, ӕрӕджы, дам, чырыстӕттӕ пысылмон хъӕуы астӕуты куы фӕцӕйцыдысты, уӕд бартхъирӕн кодтой, рӕхджы уын уӕ мӕзджыты цъуппӕй мӕйы ныв расхойдзыстӕм ӕмӕ йын йӕ бӕсты дзуар ӕрсадздзыстӕм, зӕгъгӕ. Сӕ иу дӕр ӕмӕ иннӕ дӕр ӕппаринаг нӕу, уадз ӕмӕ фӕрсӕй-фӕрстӕм уой, цалынмӕ дунейы адӕмтӕй иумӕйаг ӕфсымӕрон бинонтӕ рауайа ӕмӕ иууылдӕр цагъарады кӕцыфӕнды хуызы рӕхыстӕй фервӕзой, уӕдмӕ...

«Тӕссармӕ та йӕ фӕхӕссы, — хъуыды кӕнын хинымӕр. — Адон хуымӕтӕг ныхӕстӕй дзурын куыд нӕ зонынц, уый мӕм диссаг кӕсы».

— Ныр та уал цы стӕм, уымӕй баззайдзыстӕм, чырыстӕт-

ты зæрдæмæ куы нæ цæуæм, уæддæр. Уымæ гæсгæ хъуыддаг лыггæнинаг у юридикон уагыл. Мах домæн у ахæм: Ирон национ советы делегатты æртыккаг хай хъуамæ уой пысылмæттæ, нæ адæмæй пысылмæттæ æмæ чырыстæттæ цас ис, уымæ гæсгæ.

— Разы стут, Ирон национ советы уæнгты æртыккаг хай пысылмæттæ цæмæй уой, уыцы домæн æрæвæрыныл? — фæрсы Мæхæмæт.

— Стæм... Стæм... Куыннæ стæм! — хъуысы алырдыгæй.

— Уæдæ чырыстон ирæтты съезды цы домæнтæ æрæвæргæ сты, уыдонæй иу сбæлвырд. Æххæстгонд куы æрцæуа, уæд нын уыдзæни нæ адæмы цард, уыимæ политикон цард дæр, бæлвырд фæндагыл аразыны фадат. Фæлæ, сæ цард раст цæмæй ацæуа, уымæн хъæуынц æмбæлгæ физикон-экономикон уавæртæ. Уæрæсейы революци байста пъамещикты зæххытæ. Уырыссаг зæхкусджытæ зæхх райстой. Хохаг мæгуыр лæг зæхх райста? Нæ райста! Уымæн æмæ аграрон политикæйы бæсты ирон адæм лæуд уыдысты хъазахъхъаг политикæйыл. Ирон мæгуыр лæг зæхх кæмæй хъуамæ райса, пъамещиктæ нæм куынæ ис, уæд? Зæхх райсæн ис æрмæст хъазахъхъы хæйттæй! Нæ фыдæлтæй рох нæма сты, колонизацион, стратегион æмæ русификаторон нысантимæ хохæгты зæххытыл хъазахъхъаг станицæтæ куы арæзтой, уыцы рæстæджытæ. Уыдонæн лæвæрдтой хуыздæр зæххытæ. Хъазахъхъ æрæхгæдтой хохæй рацæуæнтæ.Уæрæсе-хæдхæцæг паддзахады хъæхъхъаг куыйты рæхысæй æрбастой, хохаджы зæрдæ æдзухдæр быдырмæ йæ бæттæнтæ кæцæй рæдывта, уыцы уынгæг кæмттæй рацæуæнты. Мах хъуамæ зæхх самал кæнæм, хохы чи баззад, нæ уыцы мæгуыр æфсымæртæн. Уый тыххæй та æркуынæггæнинаг сты хъазахъхъы дзаджджын хæйттæ. Ахæм домæны бын сæ къух æрæвæрдзысты мæгуыр хохæгтæ иууылдæр. Афтæмæй арæмудздзыстæм ирон чырыстæтты æмæ хъазахъхъы фронт æмæ сараздзыстæм ирон чырыстон-пысылмон демократийы иумæйаг фронт. Адæмæн зæхх куы раттæм, уæд баст æрцæудзысты революцимæ. Хъазахъхъы реакцион хайæ сæ рарæдувдзыстæм, æмæ реакци фæлæмæгъдæр уыдзæн.Нæ зæххыл æцæгæлæттæ куы нал уа, уæд æууæлтæ сараздзыстæм нæ национ организм сфидар кæнынæн æмæ нæ адæмы дарддæры тæккæ хуыздæр национкультурон æмæ политикон рæзтæн...

— Хъазахъхъы зæххытæ æрлыгтæ кæныны фæрцы аграрон фарста алыг кæныны домæнимæ разы стут, æви нæ? — ногæй фæрсы Мæхæмæт.

— Стæм! Стæм! — хъуысы алырдыгæй.

— Уæдæ ахæм уыдзæни нæ дыккаг домæн. Уыцы дыууæ хъуыддагыл куы бафидауæм, уæд дзы дарддæр зынæй ницуал уыдзæни. Ноджыдæр бадомын хъæудзæн Ирон национ совет хъазахъхъаг Æрыдонæй Беслæныхъæумæ раивын, адæмон æгъдаумæ гæсгæ мæхъхъæлимæ бафидауын æмæ тепсыхъойыхъæуккæгтæн баххуыс кæнын.

Кæронбæттæны Мæхæмæт ногæй фæрсы:

— Мæ фæндæттимæ сеппæтимæ дæр разы стут?

— Стæм! Стæм!

— Съездмæ цæуæм?

— Цæуæм! Цæуæм!

— Иууылдæр цæуæм?

— Иууылдæр! Иууылдæр!

— Исчи ныхмæ у?

— Ничи... Иууылдæр разы стæм демæ... Бузныг... Дæ цæрæнбон бирæ... Хуыцауы хорзæхæй хайджын у!

— Уæдæ хъуыддаг лыг у! — президиумырдæм бакасти Мæхæмæт. Йæ сæрæй акуывта æмæ иуварс ацыд. Ныннæрыд къухæмдзæгъд.

Съезд æхгæдыл банымадтой.

— Гъе, уый дын лæг, — сдзырдта делегаттæй чидæр мæ чъылдыммæ. — Хъуыддæгтæ иууылдæр алыг кодта уайтагъд. Мах та æнæхъæн къуыри радзур-бадзуры фæстæ дæр кæрæдзи нæ бамбæрстаикккам.

— Бæгуыдæр сæрæнгуырд у, — зæгъы иннæ. — Ахуыргонд лæг. Мæскуыйы дæр æмæ йæ Бетъырбухы дæр зонынц иууылдæр. Махонтæ йæ тагъд нæ баййафдзысты... Раст зæгъын хъæуы, йæ ныхæстæн сæ фылдæр нæ бамбæрстон, фæлæ бæрæг у — мах пайдайæн архайы.

— Махонтæ та æнхъæлдтой, æмæ Мæхæмæт æрцæудзæн æмæ бафæрсдзæн: пысылмæттæ стут æви нæ? — худы чидæр. — Кæд пысылмæттæ стут, уæд ма каст цæмæ у... Хъазуат хæсты бацæут, хъазуат... Уыцы чырыстон куыйты сæргæвдынæн йæ тæккæ афон у... Чидæртæ рагацау сдаудтой сæ хъаматæ... Ха-ха-ха!

— Сæргæвдинаг сты æви нæ, уымæ нырма æркæсдзыстæм, — зæгъы хъуынтъызæрфыг сырхкъулаг. Бæрæг у — Мæхæмæты ныхæстæ йæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты. — Уæллæй, чырыстæттимæ нæ иу аджы куы сфыцат, уæддæр нæ бас нæ сæмхæццæ уыдзæн.

— Цæуылнæ? Цæуылнæ сæмхæццæ уыдзæни? Иу адæм, иу туг-стæг не стæм, мыййаг?

Сырхкъулаг ницуал сдзырдта. Æмбары йæ: дзура, ма дзура — йæ ныхас æнæпайда уыдзæн. Сыстад æмæ мæстыхуызæй иуварс ацыд.

Мæхæмæты ныхæстæ мæ дызæрдыджы бафтыдтой. Йæ хъуыдытæй цыдæртæ æмбæрстгонд не сты, фæлæ дзы рæстытæ бирæ ис, бæрæг у — алцæуыл дæр бæстон ахъуыды кодта. Гъе, æрмæст Мæхæмæтимæ разы чи нæу, ахæм сырхкъулæгтæ иуырдыгæй дæр æмæ иннæрдыгæй дæр дзæвгар разындзæн. Цы рауайдзæни, цымæ, нæ фæлтæрæнтæй? Цыфæнды дзы куы рауайа, уæддæр кæрæдзи бамбарыныл архайын хъæуы.

Ахæм сагъæстимæ скъолайы къæсæрæй рахызтæн иннæ делегаттимæ.

Кæрты рæнхъæй ралæууыдысты Куырттаты фæсивæд. Съезды сæрдар инæлар сын арфæ кæны.

— Уе 'взонг хъарутæ Ирыстоны сæраппонд нывондæн æрхæссынмæ цæттæ кæй стут, уымæн адæм стыр аргъ кæнынц. Куырттатаг фæсивæд рагæй фæстæмæ дæр хъæбатыр уыдысты. Сымах иннæ кæмттæй хуыздæр бахъахъхъæдтат нæ фыдæлты рагон æгъдæуттæ, стут хиуылхæцгæ, коммæгæс æмæ сахъ. Иры фæсивæды æхсæн æдзухдæр бæрæг дарут. Афтæ у абон дæр. Уымæ гæсгæ уын кæнын уæлдай зæрдиагдæр арфæтæ. Сымах æхсар ирон адæмы абоны хуызæн тынг никуыма бахъуыд, уымæн æмæ æппæт хъарутæй бацархайгæ у, пысылмæттæ æмæ чырыстæттæ кæрæдзи цæмæй бамбарой, ууыл. Алчидæр хъуамæ зона, иннæ хохаг адæмтимæ нын æфсымæртау æнæ цæргæ кæй нæй, уый. Уастырджийы уазæг ут кæддæриддæр! — йæ ныхас фæцис инæлар.

Куырттаты фæсивæд æм хъусынц æдзæмæй, сæ бынаты сагъдау лæууынц фондзæхстæттыл фидар хæцгæ.

Инæлар сæ Уастырджийы уазæг куы бакодта, уæд сабыргай, сæ чъылдым хистæртæм куыд нæ саразой, афтæ фæстæрдæм рацыдысты. Цæсты фæныкъуылдмæ æнæ уынæрæй фестадысты сæ бæхтыл.

Хистæртæн рахиз къухæй салам радтой, дзыларбосыл хæцгæ бæхты фæрстæ уæрджытæй балхъывтой, стæй сæ цæхгæр фæзылдтой æмæ дыгæйттæ-дыгæйттæй тымыгъау цыдæр æрбаисты гæдыбæлæсты къохы фале.

Адæм барджыты фæстæ кæсгæ баззадысты.

— Уый дын лæппутæ, гъе!

— Тæхудиаг сты, ахæм фæсивæд кæмæ ис! — хъуысы алырдыгæй.

— Сæ туг хъазы, сæ туг! — бафиппайдта чидæр.

— Æмæ дæуæн цæуылнæ хъазы? — худы йыл иннæ.

— Дæсны сты, æвæдза, бæхыл бадынмæ. Фæлæ давынмæ та ноджы дæсныдæр сты.

— Федтат, лæппутæ, хи куыд даргæ у, уый? — хъæр кæны тымбылкъухыйас тарсырх фындзы хицау зæронд.

— Мах æй куыд зонæм, дæ фындз дæр æй афтæ куы зонид, — дзуапп ын радта дæргъындзæг лæппу æмæ фондзæхстон йæ уæхскмæ уæлдæр сæппæрста.

— Æдзæсгом! Исчи дæр ма хистæрмæ афтæтæ уæнды? Куыдзы хъыбыл!

Фындзы хицау адæмы æхсæн фæныгъуылди.

Дардæй æрбайхъуысти куырттатæгты зарын. Цъæхснаг хъæлæс æй арвмæ фат суадзæгау уæлиау систа, æмæ йын иннæтæ бæзджын бахъырныдтой. Зарæджы ныхæстæн дардмæ равзарæн нæй. Фæлæ иууылдæр æмбарæм — райгуырæн бæсты сæрвæлтау тохы хъæбатырæй чи фæмард, уыдоны кадæн у. Æнкъард, фæлæ уыцы иу рæстæг ныфсæфтауæг зарæг. Æмæ йын алчи хинымæр хъырны.

Изæры мæ инæлар сæхимæ ахуыдта. Цалдæр зæрдæлхæнæн ныхасы фæстæ загъта:

— Æнæ туркæгты æххуысæй ницы бакæндзыстæм.

— Дзæбæх дæ не ’мбарын — туркæгтæ та кæцырдыгæй хъæуынц?

— Хабар дæрдты хæлиугæнинаг нæу. Æз дæ хибарæй аныхас кæнынмæ æрбахуыдтон. — Инæлары хъæлæс фæмынæгдæр. — Куыд мын фехъусын кодтой, афтæмæй, туркæгтæ Фæскавказы сæ хъуыддаг куы бакæной, уæд сæ Цæгат Кавказмæ хъæуы. Æмæ тынг хорз уыдзæни. Дæумæ та куыд кæсы?

— Мæ бон дын ницы зæгъын у. Амы уавæримæ нырма дзæбæх зонгæ нæма дæн. Мæнмæ гæсгæ, бынтон ныссуйтæ уыдзыстæм. Туркæгтæ ацæудзысты, мах та ам баззайдзыстæм, æмæ дарддæр куыд уыдзысты нæ хъуыддæгтæ?

Туркæгтæ Цæгат Кавказмæ æрбацæуынарæзт кæй сты, уый мæ зæрдæмæ нæ цæуы.

Фæлæ инæлар райгонд у. Куыд нымайы, афтæмæй туркæгтæ большевикты фæсурдзысты æмæ фидар æгъдау сæвæрдзысты. Туркæгтæ æгъдауыл лæуд сты, мах адæммæ та уаг æппындæр

нал ис, æмæ сын туркаг æгъдау зонды хос разындзæн...

Инæлары кæртæй куыддæр рахызтæн, афтæ хæрхæмбæлд фестæм Мырзабегимæ. Сæрæнхуыз æмæ къæйныхарæзт лæппу. Бæстондæр æй æрфæрстытæ æмбæлы, революцийы фæстæ Ирыстоны цытæ æрцыди, уыдæттæй.

Ныхасгæнгæ цæуæм. Дзырдуарзаг разынди Мырзабег.

— О-о, революци тынг дзæбæх райдыдта. Адæм æвиппайды фендæрхуызон сты. Хылкъахæг, давæг, стигъæг нал уыди. Æнаккæгтæ иузаман сæ сæр ногæй сдардтой, фæлæ адæм сæхæдæг æрцахстой хуыснæджыты сеппæты дæр æмæ сæ хицауады къухтæм радтой. Æнæмæт рæстæг, хъыгагæн, бирæ нæ ахаста. Нæхи аххосæй райдыдтой фыдбылызтæ ногæй. Дзæуджыхъæуы зылды комиссарæй равзæрстой æвдакат Къимоны-фырты, дыгурон, æмæ бæстæ бабын кодта. Зоныс æй?

— Нæ зонын. Фыццаг хатт ын хъусын йæ мыггаг.

— Бавдæлд æмæ хуыснæджыты сеппæты дæр рауагъта. Ног цард, дам, райдыдта. Давджытæ, дам, сæ кæнон ныууадзынæй зæрдæ бавæрдтой. Уыдоны дæр ма уымæй хуыздæр цы хъуыди. Уайтагъд сæ куыстмæ бавнæлдтой. Чи сæ æрцахста, уыдонæй сæ маст исынц ныр. Фыдгæнджыты ных бакъуырынмæ чи нæ сарæхст, уыцы хицауад фегад адæмы цæсты. Давджыты æрцахс, хицауады къухмæ сæ ратт æмæ сын цыфыддæр знаг фест, стæй сæ уæд уыцы хицауад ахæстæттæй рауадзæд æмæ урсиуæг кæнæнт...

— Æдылы ми йын уыди тынг. Кæмæй йæ схуыдтай?

— Къимоны-фырт.

— Ау, æмæ цы кусы, уый не ’мбæрста?

— Куыннæ йæ æмбæрста! Адæмы æхсæн æй йæ кой айхъуысын фæндыди.

— Æмæ хуыздæр ницы æрцахста йæ сæр? Давджытимæ сæмдзæхтон у, райгондæй дæ баззайæд, адæмæн та къах сæ роны.

— Æмæ ууыл дæр ма куы æрлæууыдаид. Хъус дарддæр. Дзæуджыхъæуы хохæгты иумæйаг съезды фæстæ сарæзтой Иугонд хохæгты цæдисы Центрон комитет. Къимоны-фырт куыддæр Ирыстоны комиссар ссис, афтæ комитеты ныхмæ тохы бацыд æмæ ирон адæммæ гæххæттыл фыст сидт рауагъта.

— Цæмæн?

— Хохæгты комитет, дам, контреволюцион организаци у, ирон адæм та хъуамæ ацæуой уырыссаг революцион демокра-

тийы фæдыл. Революцион демократийы æнцой та, дам, у Дзæуджыхъæуы кусджыты æмæ салдæтты депутатты совет. Æмæ уæд Ирыстоны тох райдыдта хохаг комитеты фарслæуджытæ æмæ Дзæуджыхъæуы советы фарслæуджыты æхсæн...

Цалдæр лæппулæджы нæ цурмæ æрбацыдысты. Семæ Гагуыдз дæр — æфсæддон скъолайы иумæ ахуыр кодтам.

Мырзабег фæхъус.

— Чи дзы уыдис уыцы советы? — фæрсын æй. — Ирæттæ æмæ иннæ хохæгтæ дзы уыдысты?

— Нæ уыдысты. Фæсчъылдымы æфсæддон хæйтты салдæттæй йæ сæвзæрстой, цавæрдæр пензæйæгтæй æмæ тамбовæгтæй. Сæ сæргъы та лæууыдысты, æппындæр кæй ничи зыдта, ахæм æцæгæлæттæ, цалдæр гуырдзиаджы æмæ дзуттаджы. Уыцы оргæн бынæттон адæмимæ æппындæр ницæмæй баст уыди, афтæмæй йæ схуыдтой революцийы «зонд», стæй ма ноджы цыдæр. Хорз, æмæ бирæ нæ ахаста. Мæнæ сæм дзы Гагуыдз ахъаззаг балæвæрдта, — худы Мырзабег.

— Цы уыди, Гагуыдз, цы бакуыстай? — æрхостон ын йæ уæхск.

Ницы йын æмбарын, цы хъуамæ бакуыстаид ацы хиуылхæцгæ æмæ коммæгæс афицер. Асæй бæрзонд нæу, фæлæ къабазджын, йæ къахайст — барæджы хæлиувад.

— Йæ ракойы аргъ дæр нæу, — ауыгъта йæ къух.

— Цæуылнæ, цæ? Ме 'рцыдмæ ам цытæ арæзтат, уыдæттæ æз дæр хъуамæ зонон.

Бирæ лæгъстæ йын нæ бахъуыди. Куыд радзырдта, афтæмæй йæ дивизийы штабæй Армавирмæ арвыстой ирон бригадæн бæхтæ сласынмæ. Ацыди. Бæхтæ райста. Поездмæ сæ баргъæвта æмæ йе 'мбæлттимæ рацæуынмæ хъавыд, фæлæ фыдбылызау фысымуат «Цæгатаджы» афæстиат. Уым та æрбынатон депутатты совет. Цавæрдæр салдат æм æрбацыд æмæ йын загъта:

— Депутатты советмæ дæ агурынц.

— Депутатты советимæ æз æппындæр никæцырдыгæй баст дæн. Кæд дзы искæй хъæуын, уæд мæм рацæуæд ардæм, — дзуапп ын радта Гагуыдз.

Цалдæр минуты фæстæ йæм советы сæрдар йæхæдæг æрбацыд.

— Бæхтæ кæмæй райстай?

— Кавказы бæхты заводы хицауæй, — дзуапп радта Гагуыдз æмæ йæм йæ гæххæтт равдыста.

— Цæуæм-ма, уæдæ, мемæ, — зæгъы советы сæрдар.

— Хорз.

Фысымуатæй иумæ рацыдысты. Дзоныгъы бабадтысты. Сæ разæй дæр æмæ сæ фæстæ дæр иннæ дзоныгъты бадынц гæрзифтонг салдæттæ. Банафон. Изæры дæс саахаты бæрц уыдаид. Фысымуаты цур дæр лæууынц хотыхджын салдæттæ.

— Цы сбæндæн дæ уыцы куыдзæйгуырдимæ? Агæрах æй кæнæм, æмæ фæци! — хъæр кæны салдæтты æхсæнæй цавæрдæр матрос.

Гагуыдзæн йæ наган цухъхъайы дысы æмбæхст уыди. Советы сæрдары риумæ йæ сарæзта æмæ йæм сабыргай сдзырдта:

— Иунæг салдат дæр дзоныгъмæ æмгæрон куы æрбацæуа, уæд фыццаг нæмыг дæ зæрдæйы ахиздзæн.

— Басабыр ут, æмбæлттæ! Æдылы ныхæстæм ма хъусут! — ахъæр кодта салдæттырдæм сæрдар.

Бæхты заводы хицау булкъонмæ бацыдысты.

— Бæхтæ ды радтай? — фæрсы йæ сæрдар.

— Æз.

— Æмæ сæ советы æвастæй цæмæн радтай?

— Мæ уæлдæр хицауады барлæвæрдмæ гæсгæ, — дзуапп радта булкъон.

— Уæдæ мемæ цæуæм депутатты советмæ.

Æрбаздæхтысты. Булкъоны советмæ акодтой, Гагуыдз та йæ уаты фæмидæг. Цы чындæуа? Йæ амондæн, Армавиры милицæйы хицау разынди ирон лæппу. Хъаугъайы тыххæй йæм фæхабар кодтой, æмæ фысымуатмæ æрбацыд. Хабар куыд рауад, уымæй Гагуыдзы фæфарста. Депутатты советмæ ацыд æмæ цасдæр рæстæджы фæстæ сæрдаримæ фæзынд.

— Уæ хотыхтæ æрæвæрут, — зæгъынц милицæйы хицау æмæ советы сæрдар.

Гагуыдз не сразы. Æхсæвы иу сахатмæ фæхъаугъа кодтой. Æппынфæстаг милицæйы хицау Гагуыдзы сразы кодта сæ хæцæнгарз — топпытæ æмæ дамбацатæ — æрæвæрыныл:

— Нæ хъаугъа æнæпайда у. Фысымуаты алыварс лæууынц салдæттæ. Пулеметтæ æрæвæрдтой. Армавиры гарнизоны фынддæс мин æфсæддоны ныхмæ куыд ис æрлæууын дæ зæрды? Дæуæн та цал сты дæ лæппутæ? Дæс æмæ ссæдз? Гъемæ æнæхъуаджы фæцагъды уыдзысты.

Гагуыдз ницуал загъта. Йæ лæппутæй иуыл цухъхъа æмæ уæлдзарм худы бæсты уыди цинел æмæ æфсæддон худ. Гагуыдз æй, поезд кæд æрбацæудзæн, уый бæрæггæнæг арвыста.

Лæппу æрбаздæхт æмæ радзырдта: поезд æрæджы кæны, вагзал та салдæттæй йæ тæккæ дзаг у. Салдæттæ кæрæдзи дзыхæйисгæ дзурынц: «Цавæрдæр цæцæйнæгтæ æрбацыдысты æмæ сæ зæрды уыдис бæхтæ адавын. Фæлæ сæ къухы ницы бафтыд. Сæ хотыхтæ дæр сын байстой æмæ бæхтæ дæр... Кæсгæ сæм нал у — ныццæгъдинаг сты... Абон куы нæ уа, уæддæр сæ райсом фехсдзыстæм...»

Гагуыдз æй ногæй арвыста вагзалмæ, поезды æрбацыдмæ æнхъæлмæ кæсынмæ. Сæхæдæг катайгæнгæ бадынц. Поезд æрбахæццæ æрмæст райсомы фондз сахатыл. Уазал, мит тымыгъ хæссы. Салдæттæй кæмæн куыд гæнæн уыдис, афтæ йæ сæр бафснайдта хъармы. Гагуыдз æмæ йæ адæм æнæуынæрæй рацыдысты фысымуатæй. Вагзалы хъæдын æмбондыл бахылдысты æмæ поезды бабадтысты.

Æрмæст изæргæрæтты æрбахæццæ сты Прохладнæмæ. Гагуыдзмæ хъазахъхъ балæбурдтой:

— Вагæтты дæ адæм сты? Цæцæн?

Гагуыдз сæ барæй алы вагæтты бæргæ сбадын кодта, фæлæ сæ хъазахъхъ уайтагъд ссардтой.

— Мæн адæм сты. Цы хабар у? Æрмæст цæцæн не сты, фæлæ ирæттæ.

— Уæлдай нæу махæн, цæцæн стут, æви ирон. Тæтæр!

— Цы хабар у?

— Мах сымахимæ схæцыдыстæм æмæ уæ уымæ гæсгæ исæм уацары.

Уый дын хъуыддаг! Вагоны куыд дзырдтой, афтæмæй тæккæ знон хъазахъхъ поездæй раргъæвтой, Мæздæгмæ сæхимæ чи цыд, ахæм ирон афицеры æмæ йæ уæнггай бакодтой. Хабар хорз нæу. Исты æрхъуыды хъæуы.

— Хистæр уын чи у? — бафарста Гагуыдз.

Йæ цурмæ иу хъазахъхъаг æрбацыди. Гагуыдз æм иуварс асидт æмæ йæм йе ’вдисæндар равдыста.

— Бакæс æй.

Хъазахъхъаг бакаст: «...хъазахъхъаг полчъы дæлесаул».

— Мæн барæй арвыстой Армавирмæ, æмæ куы бафæстиат уон, уæд дæ хабар хорз нæ уыдзæни, — йæ хъусы йын бадзырдта Гагуыдз.

Хъазахъхъаг æмраст алæууыд, рахиз къух къæмисæнмæ сæппæрста æмæ хатыр ракуырдта.

Сæ фæндаг адардтой. Мыртазаты бамбæлдысты ирон афи-

церты къордыл. Нырма ныртæккæ баныгæдтой се ’мбалы — хъазахъхъ уæнггай кæй бакодтой, уыцы афицеры æмæ мæстæй фыцынц. Гагуыдз сын йæ хабæрттæ куы радзырдта, уæд сæ маст ноджы тынгдæр сæхсысти. Салдæттæ агурæг апырх сты вагæттыл. Æртыккаг къласы вагоны ссардтой иу фыдцъылыз салдаты. «Æ, мæнæ... Дæ тæккæ мадæн... Хæцæнгарз дæм ис?» «Гæххæтт мæм ис». Хафт — йæ хæмхудтæн. «Гæххæттæй дæ ничи фæрсы. Хæцæнгарз дæм ис æви нæй?» Салдат сæм наган радта, гæххæтт дæр сын сæ къухы фæсагъта. Гæххæтты фыст — булкъон Соколов. «Раздæр нын æй цæуылнæ загътай? Салдаты цинелы цæмæн дæ?» «Хуыцауыстæн, ницуал ын æмбарын, кæм цы дзургæ у æмæ цавæр фæлыст даргæ у. Иу ран салдаты цинелы хуыздæр у, иннæ ран та уый тыххæй нæмгæ кæнынц».

Хатыр дзы ракуырдтой, йæ ливор ын фæстæмæ радтой.

Гагуыдз схæццæ Дзæуджыхъæумæ. Хабæрттæ куыд рауадысты, уый фæдыл рапорт ныффыста полчъы командирмæ. Командир æй загъды бын фæкодта, хæцæнгарз, дам, цæмæн раттат, ахæм афицерæн, дам, полчъы бынат нæй.

— Хорз, — загъта Гагуыдз. — Æфсадæй ацæуыны тыххæй курдиат бадæтдзынæн.

Йæхæдæг депутатты советмæ ацыди. Сæрдар доктор Швилиимæ фембæлди. Армавиры хабæрттæ йын радзырдта æмæ дзы ракуырдта, хæцæнгарз фæстæмæ райсыныл бацархай, зæгъгæ. Уый йæм нывыл дæр нæ байхъуыста, афтæмæй фæцæйцыд. Къæсæргæронæй сдзырдта:

— Махæн ацы хъуыддаджы нæ бон ницы у: уым Армавиры депутатты совет ис, ам та — Дзæуджыхъæуы совет.

— Гъемæ хорз. Уæд та, уæ комитеты æмбырд кæд уыдзæн, уый мын зæгъ.

— Дæуæн та цы уæлдай у?

— Мæ зæрды дзы доклад скæнын ис.

— Цавæр доклад?

— Уый мæхи хъуыддаг у.

Райсом изæрæй æхсæз сахатыл уыдзæни комитеты æмбырд, зæгъгæ, йын загъта Швили.

Дыккаг бон изæрæй Гагуыдз сæдæ ирон æфсæддонимæ араст депутатты советы бæстыхаймæ. Мидæмæ бацыд. Æмбырд йæ тæккæ тынгыл у. Сæрдары бынаты бады доктор Швили, йæ фарсмæ — йæ хæдивæг, цавæрдæр «идзе» æмæ иннæтæ. Док-

тор Кискин доклад кæны, Пур-Гвинойы цæхæрадоны пролетарон клуб сæхгæнгæ у æви нæ, уый тыххæй. Ирон фæсивæды куы федтой, уæд иууылдæр сæ бынæттæй фæгæппытæ ластой. Гагуыдз президиумы стъолмæ бацыд, мацæуыл тыхсут сын загъта, æрмæст мæм байхъусут. Армавиры цытæ рауади, уыдæттæ сын радзырдта.

— Депутатты советы сæрдарæй куырдтон хæцæнгарз фæстæмæ райсыныл бацархайын, фæлæ мæм æгæр-мæгуыр нывыл хъусгæ дæр нæ бакодта. Уымæ гæсгæ æз ахсын президиумы уæнгты сеппæты дæр, æмæ цалынмæ советы уæнгтæй исчи Армавирмæ ацæуа æмæ нын нæ хæцæнгарз сласа, уæдмæ сæ нæ рауадздзынæн.

Гагуыдз бадомдта хæцæнгарзы æфтауцуаты дæгъæлтæ, æмæ йын сæ уайтагъд радтой. Æфсæддонтæ президиумы алыварс æрлæууыдысты æмæ сæ акодтой. Доктор Швилийы йæ хæдивæгимæ æмæ се 'ртыккаг æмбалимæ — цавæрдæр фæскавказаг центры сæрдаримæ — къарцы бакодта, доктор Кискины æмæ иннæты та Фыццаг ирон полкъмæ акодтой. Куыд дзырдтой, афтæмæй доктор Кискин æхсæвы сдойны, æмæ йæ дзыларæфтыдæй Теркмæ акодтой дон ын бадарынмæ.

Гагуыдз Иры национ советмæ ацыд. Къæсæрæй куыд бахызт, афтæ сæрдар дæр телефонæй ныхасгонд фæцис, æмæ мæстджынæй сдзырдта:

— Æнаккæгтæ! Нæ адæм нырма ныртæккæ æрцахстой кусджытæ æмæ салдæтты депутатты совет.

— Чи? Куыд? — фæрсынц æй алырдыгæй.

Гагуыдз цасдæр æнцад фæлæууыд, стæй загъта: æз æрцахстон кусджытæ æмæ салдæтты депутатты совет. Æмæ сæ цæй тыххæй æрцахста, уый сын дзурын райдыдта.

— Æмæ махæй бар ракуырдтай, ахсынмæ сæм куы цыдтæ, уæд? — хъæр самадта доктор Бабайы-фырт.

— Уыцы фарстæн дзуапп дæттинаг нæ дæн, — загъта Гагуыдз.

— Бабын нæ кодтай! Дæу аххосæй ирон адæм æгасæй дæр фесæфдзысты, — бафиппайдта чидæр.

— Æз дæр уын уый зæгъынмæ æрбацыдтæн: ахсгæ сæ æз æркодтон, ирон адæм дзы ницы аххосджын сты, æмæ дзуапп дæр мæхæдæг ратдзынæн.

— Рауадз сæ. Советы сæрдар æмæ йæ хæдивæг уыцы иу рæстæг сты Дзæуджыхъæуы уынаффæдоны президиумы уæнгтæ

дæр, æмæ райсом æмбырды куы нæ уой, уæд адæм цы зæгъдзысты?

— Армавирæй нæ хæцæнгарз цалынмæ сласой, уæдмæ сæ нæ рауадздзынæн.

— Æмæ куы нæ сласой хæцæнгарз, уæд та? — афарста йæ Бабайы-фырт.

— Уæд та сæ Цæнгæт хиды фанартыл æрцауындздзынæн, — дзуапп радта Гагуыдз æмæ рацыди.

Цалдæр сахаты фæстæ Иры национ советы уæнгтæ фæзындысты фысымуат «Францы». Уыцы рæстæг уым уыдысты дыуæ ирон полчъы æвзæрст барджытæ. Советы уæнгтæ сын дзурын райдыдтой, ахстыты рауадзут, зæгъгæ. Барджытæ не сразы сты.

Полчъы командир Гагуыдзмæ фæсидт æмæ загъд systa:

— Цытæ кусыс уый?! Адæмы хивæндæй ахсыс æмæ æцæгæлæтты полчъы къазармайы дарыс.

— Иу дæр сæ къазармайы нæй, кæйдæр хæдзары сты.

— Рапорт ныффыс полкъæй ацæуыны тыххæй.

Гагуыдз бабадт, ныффыста æмæ йæ полчъы командирмæ радта. Куы рацæйцыд, уæд федта: командир гæххæтт аскъуыдта.

Фысымуатмæ æрбаздæхти Гагуыдз. Национ советы уæнгты уым баййæфта. Райсомы цыппар сахаты онг барджытæн фæлæгъстæ кодтой ахстыты рауадзыны тыххæй. Уыцы рæстæг телефонæй фехъусын кодтой, полчъы командиры бардзырдмæ гæсгæ ахстыты рауагътой, зæгъгæ. Национ советы уæнгтæн тынг фæхъыг, ахстыты уыдоны курдиатмæ гæсгæ нæ, фæлæ цавæрдæр булкъоны бардзырдмæ гæсгæ кæй рауагътой, уый. Барджытæ та тынг смæсты сты æмæ полчъы командирмæ æртхъирæнтæ байдыдтой. Исты йыл куы æрцæуайы тæссæй Гагуыдз полчъы командирмæ бадзырдта, ахсæв дæ хæдзары ма бахуысс, зæгъгæ, йæхæдæг барджыты басабыр кодта.

Уыцы хабары фæстæ Дзæуджыхъæуы депутатты совет иунæг хатт дæр нал æрæмбырд, йæ уæнгтæ та алырдæм фæлыгъдысты.

... Æнафоны фæцис йæ хабæрттæ конд Гагуыдз. Хъæу бафынæй. Хæрзæхсæв загътам æмæ рацыдыстæм... Афтæ ма дзы ныззыгъуыммæтæ уа. Зæрдæниз сты ийуылдæр...

Дукантыхъæумæ бахæццæ стæм. Ам цæуы чырыстæтты съезд. Хъæу нæ, фæлæ йæ горæт куы схонæм, уæд растдæр уыдзæни: Ирыстоны базарады артдзæст, сæудæджерты æмæ фæливджыты ахстон. Уынгтæ чъизи, æдзæллаг. Кæрæдзимæ

хæстæг амад фыхдур æмæ цъæхсæр хæдзæрттæ. Дуканитæ, дуканитæ æмæ дуканитæ. Аргъуан. Скъолайы егъау бæстыхай. Уынгты астæу цъымаратæ змæнтынц æлгъаг дзæргъытæ сæ хъыбылтимæ. Ирон хъæуы астæу сæ уындæй зæрдæ хæссы. Адæмыл пинджактæ æмæ теглахудтæ. Нæ размæ чи фæвæййы, уый нæм цымыдисæй ныккæсы. Къордгæйттæй бадынц сисрæбынты. Бынатæй сæнкъуысыны æмæ æгъдаумæ гæсгæ фæндаггæттæн салам раттыны зонд сæ иумæ дæр нæй. Хохаг уæздандзинадæн сæм йæ кой дæр нал ис, сæ фезмæлд — базаргæнæджы талф-тулф. Æрдæгирон, æрдæгуырыссаг.

Дукантыхъæуы фыццаг хатт дæн, æмæ, съезд кæм цæуы, уымæн ницы æмбарын. Сисрæбыны къордтæй иумæ баздæхтæн.

— Уæ бон хорз! Цымæ съезд кæм цæуы?

Дыууæ донхуыз цæсты мæм æдзынæг кæсынц.

— Хуыцау йæ зонæг, æвдæлон бæр-бæр кæм кæндзыстут. Исты пайда куы уаид, бæргæ. Æнхъæлдæн, уæллаг скъолайы уыдзæн, — сдзырдта та былалгъæй, йе 'мбалырдæм азылд, æмæ сæ ныхас дарддæр кæнынц.

— Цы мæрддаг адæм стут, уæ хорзæхæй? — нал сæм баурæдтон мæхи. — Ирон туг, æвæццæгæн, иунæг æртах дæр нал баззад уæ дадзинты. — Уый цавæр цæсгом у? Æгъдау æппындæр нал æмбарут? Исчи дæр ма уазджытимæ афтæ дзуры?

Мæ мæстæлгъæд ныхас кæронмæ нæма ахæццæ, афтæ иууылдæр сæ бынæттæй фестадысты æмæ хатыртæ курын райдыдтой. Æз та æнхъæлдтон, загъд нын бацайдагъ уыдзæни.

— Бахатыр кæн, фæрæдыдыстæм. Раст зæгъыс — цæй ирæттæ ма ис махæй? Нæ фыдæлты æгъдау рох кæнын байдыдтам.

Сæ иу фæрæвдз немæ, скъола кæм ис, уый бацамонынмæ. Дард цæуын æм нæ бахъуыд.

Скъолайы тæккæ стырдæр уатмæ адæмæй къах бавæрæн нал ис, фæлæ æмбырд нæма райдыдта. Хид æмæ фысдзармы тæф фындзыхуынчъытæ ныццавта. Фæрсырдыгæй уаты дуарæй залмæ кæсынц цавæрдæр чызджытæ — æвæццæгæн, ахуыргæнджытæ.

— Байрæджы кодтай, Албег... Байрæджы!

— Ау, райдыдтат? — йæ къух райстон хорыхъæуккаг ахуыргæнæгæн.

— Нæ, æмбырдмæ дын нæ байрæджы, фæлæ махонтæ хицæн уаты бакъорд сты рагацау æрдзурынмæ. Ныртæккæ сæ ардæм хъæуы.

— Уæдæ сæм ам банхъæлмæ кæсдзынæн. Цытæ цæуы, цытæ, ам?

— Нæ хъуыддæгтæ нын чи нæма зоны, уыдонæн дзы бирæ диссæгтæ разындзæни. Фыццаджы-фыццагдæр, æрбамбырд сты керменты разагъды лæгтæ иуурылдæр. Тохмæ æрцæттæ кодтой сæхи.

— Керменисттæ? Уыдон та ма дзы кæцытæй сты?

— Ау, керменистты нæма зоныс? Чермены зарæг никуы фехъуыстай? Дыгуронау æй Кермен хонынц...

— Чермены зарæг та куыннæ фехъуыстон!

— Гъемæ, уæдæ, уыцы æрдхæрæн хъæбатыры ном райстой сæхицæн. Кæйдæр номы ауон æмбæхсынц, афтæмæй сæм ирон миниуæгæй ницы ис.

— Уæдæ цы æнхъæл уыдыстут хинæйдзаг дыгурæн? Мæнгæн нæ фæзæгъынц: дыгур, дам, суанг хæйрæджы дæр афæлывтой...

Дыгурон хос кæрдынмæ ацыди. Хæйрæг дæр фæзынди кæцæйдæр. Дыгурон куыд кæрды, уымæ кæсы. Стæй февнæлдта, йæхицæн хъæдын цæвæг ацарæзта æмæ кæрдыныл балæууыд. Дыгурон цалдæр цъыхырайы абыдта, йæ къæхтæ дзы æлхынцъбаст акодта æмæ дарддæр кæрды. Хæйрæг дæр æй бафæзмыдта — цъыхыратæ стыдта æмæ йæ къæхтæ æлхынцъ бабаста. Дыгурон йæ баст цæвæгæй адзæнгæл ласта. Хæйрæг дæр бæргæ февнæлдта, æмæ хъæдын цæвæгæй цы алыг кодтаид. Йæ къæхтæ бастæй фæцæйлыгъд, фæлæ йæ дыгурон æрцахста æмæ дзы йæхицæн кусæг сарæзта. Æмæ иугæр хæйрæджы кæм афæлывтой дыгур, уым ирон адæмы цæуылнæ хъуамæ афæливой?

— Омæ, уæддæр, цавæр керменисттæ сты æмæ чи уыди Чермен?

— Раджы кæддæр иу ирон хъæздыг мыггагмæ уыди кæвдæсард, йæ ном — Чермен, — дзуры мын ахуыргæнæг. — Хъæбатыр лæппу уыди Чермен, фæлæ йæ иуахæмы бафхæрдтой. Чермен кæмдæр балцы уыд, афтæмæй мыггаг сæ зæххытæ байуæрстой, æцæг дзы Черменæн хай нæ бакодтой. Балцæй куы æрбаздæхти, уæд йæ мады кæугæ баййæфта. Чермен æй фæрсы: цæуыл кæуыс, нана? Мад ын радзырдта, зæххытæ, дам, байуæрстой, махмæ та дзы хай не 'рхауди. Ныр афтæмæй куыд цæрдзыстæм? Чермен йæ мады басабыртæ кодта, æнæ зæххæй нæ баззайдзыстæм, зæгъгæ, йын зæрдæ бавæрдта... Хуымгæнæнтæ ралæууыдысты. Мыггагæй алчи йæ хай ба-

хуым кодта. Чермен быдырмæ ацыд æмæ хуымгæндæй йæхицæн равзæрста. Галтæ сифтыгъта æмæ, йæ зæрдæмæ цы хай фæцыд, уый цæхгæрмæ афæлдæхта. Афтæ райдыдта зæххы тыххæй Чермены тох йе 'фхæрджытимæ. Сæ бон ын æппындæр ницы уыди. Æфхæрджытæй иуы амардта, дыккаджы, æртыккаджы. Æмæ йыл уæд хинæй рацæуынвæнд скодтой. Черменимæ бафидыдтой, сæхæдæг та æнхъæлмæ кæсынц, сæ маст райсыны фадат сын кæд фæуыдзæн, уымæ. Иуахæмы Чермены семæ асайдтой Кæсæгæй рæгъау раскъæрынмæ. Кæмдæр æрлæууыдысты. Черменæн загътой: «Бæласмæ схиз æмæ афæлгæс». Чермен йæ хæцæнгарз бæласы бын ныууагъта, йæхæдæг бæласмæ схызт. Æмæ йæ уырдæм сгæрах кодтой. Адæм Черменыл хъæбатыры зарæг скодтой. Цалдæр æрыгон дыгуроны йæ ном тырысайæн райстой æмæ сæ парти сарæзтой — «Кермен».

— Октябры фæфæлдæхты фæстæ Бетъырбухы большевикон газеты ставд дамгъæтæй мыхуыргонд уыди телеграммæ — ирон революцион-демократон парти «Кермены» арфæ. Æз ма ахъуыды кодтон, цымæ, зæгъын, цавæр парти уа? Уæдæ уыцы «Кермен» у, уыцы. Ирон большевикты парти. Ноджыдæр ма уæм исты политикон парти ис? — фæрсын хорыхъæуккаджы.

— Нæй, æндæр нæм ницы парти ис...

Куыддæр мæм диссаг фæкасти. Политикон партитæ кæмæ нæ уыди æмæ политикон тох чи никуы зыдта, уыцы адæммæ æппæты фыццаг тæккæ карздæр политикон æмæ социалон нысанты парти куыдæй фæзынди? Куыд æмбарын, афтæмæй большевиктæ сты кусæг къласы парти æмæ, йæ размæ цы нысантæ æвæры, уыдон сты кусæг къласы нысантæ.

— Зæгъ-ма, Хуыцауы хорзæхæй, ирон адæммæ кусæг кълас ис? — фæрсын дарддæр.

— Цæй кусæг кълас нæм ис! — зæгъы уый. — Кусæг кълас кæй хоныс?

— Фабрикты æмæ заводты чи кусы, уыдоны.

— А-а... Уæлладжыры нæм æвзист æмæ здыйы æрзæткъахæнтæ ис, фæлæ ныртæккæ нæ кусынц. Йæ заманы дзы мин ироны бæрц куыстаид, — худы хорыхъæуккаг.

Фæлæ дзы æз худæгæй ницы уынын.

— Цæуыл худыс?

— Æвиппайды нæ бамбæрстон дæ фарст. Æвæццæгæн мæ ирон кусджыты тыххæй бафарстаис. Куыд дæм кæсын,

афтæмæй æнхъæлыс, æмæ «Кермен» Ирыстоны кусджыты номæй архайы, — æмæ та ногæй худын райдыдта.

— Уæдæ куыд?

— Афтæ бæргæ хъуамæ уаид, фæлæ се 'хсæн иунæг кусæг дæр нæй. Ирон адæм ииуылдæр хуымгæнæг куы сты, уæд нæм кусджытæ кæцæй ис. Стæй фабриктæ æмæ заводтæ Грознайæ фæстæмæ æгас Цæгат Кавказы дæр куы нæй.

— Фæуæд афтæ. Æмæ хъæууон æххуырстытæ та?

— Хъæууон æххуырстытæ та вæййынц пъамещиктæм. Махмæ та кæм уыныс пъамещикты егъау хæдзарæдтæ?

— Омæ нæм мæгуыртæ дæр нæй?

— Мæгуыртæ та нæм куыннæ ис! Хæдзар ницы хъуаг феййафы, алцæмæй дæр æххæст вæййы, фæлæ æфсымæртæ иуахæмы байуарынц, æмæ уæд гæвзыкмæ æрцæуы хæдзар дæр. Науæд бинонты дарæджы ахæстоны бакодтой... Бирæ цæмæдæртæм гæсгæ смæгуыр вæййы кæрт. Фæлæ диссаг уый у, æмæ йæхи фæллойæ чи цæры, уыцы мæгуыртæ «Кермены» партимæ нæ цæуынц. Чи дзы ис, уыдон ииуылдæр сты раздæры горæтаг дзыпкъахджытæ, къамæйхъазджытæ, сæудæджертæ æмæ æндæр цæстфæлдахджытæ.

— Сæудæджертæ дæр, зæгъыс?

— Æмæ дзы æппæтæй фылдæр уыдон куы сты. Ныртæккæ нартхорæй зын сæудæджергæнæн у, æмæ революцийæ сæудæджермæ бавнæлдтой.

*Уыдзæн ма*

*СКЪОДТАТИ Эльбрус*

# ЦИ УА ÆРЦÆУЙНАГ...

## ЦÆМÆН МÆ ГЪÆУЙ...

Ци фæййагорун, — нæ иссерун.
Нæ лæдæрун æй мæ сæрæй, —
Цæмæн мæ гъæуй æгæр берæ?
Мæгурæй цæрун хуæздæр æй.

Цæмæн мæ гъæуй уотæ минкъий, —
Фур æнæмæтæ цæмæн дæн?
Тухæй ке 'мбæрзуй æрциййи фий, —
Мæхе си паддзах æнгъæл дæн...

## МÆ ФИДÆМÆ

Куд дæбæл исæрхун дæн, мæ фидæ,
Нур ку иссæй ме 'цæг уарзт бæрæг!
Фал еу хатт куд нæ загътай: «Кæми дæ, —
Дæ бабай куд нæ кæнис бæрæг?!»

Кæд, миййаг, цийнæ кæнун нæ зони,
Дæ карз тоги æгъдау æвæрд æй,
Медæгæй ба алли мæгурбони
Некæд кæнун æз цох дæ зæрдæй?!

Мæн бунати æндæр фæккæнидæ
Æхебæл сау ах-ах 'ма дæдæй:
Ес-фидæмæ фæдтæн æнæфидæ,
Мадæ мин кæдæй нæййес, уæдæй.

Нæ зиннуй æнкъарæн дæ цæсгомбæл,
Устурзæрдæ, федар, къæдзæхау.
Ескæд мæ бафарстай сувæллонбæл, —
Гъа, кæнис мæхебæлфарст æвгъау?!

Ескæд дæмæ сун дæр исфæразтон,
Нæ кодтон дæ уæззау къох рæуæг?..
Æви дин еунæг æз нæ фæрраст дæн, —
Ке адтæн мæ гъудитæй нæуæг?!

Нæ, поэзи дæумæ нæй нимади, —
Нартихуар дин дæ гоммæ калæ!
Берæ уарзтай, зонун æй, нæ мади,
Фал берæ нæ рацардтæ хъалæй.

Мæ тæнæг уод нидæн нидздзиназуй, —
Цума ма уотæ ресуй дæ къох?!
Дæ уорс рехæ, цума, ка ниддасуй,
Ка кæнуй дин дæ нихтæ æдзох?!

Куд дæбæл исæрхун дæн, мæ фидæ,
Дæ мæтæй ку нæбал дæн цæрæг!
Ескæд мæбæл бафæрсæ: «Кæми дæ?»
Ци рæуагæй райсон дæ бæрæг...

## ХОНÆ МÆ ДÆ ХÆЦЦÆ...

Хонæ мæ дæ хæццæ,
Сау гъæди халон!
Фесавдæй мæ гæдзæ, —
Де 'мбæлццон исуон.

Рандæй ми еу хатти
Ардиги уарзон.
Гъæунги байзадтæн, —
Кæнун дæ фазон.

Мæнау, гъе, ду дæр дæ
Еунæг 'ма мæгур,
Реутæмæ нæ сæртæ
Фур зинæй — губур.

Мæ зæрдæ — дæ зæрдæ,
Мæ уод — дæ уод æй.
Уæддæр ду æндæр дæ,
Мæн уаг инод æй.

Фæндуй мæ басгарун
Цъæх арви тугур,
Ирд хор 'ма сах уарун,
Уæлдæфон будур.

Хонæ мæ дæ хæццæ,
Тар гъæдти хæтон, —
Æвдеутæн сæ хæццæ
Цæрун нæй мæ бон...

## ХÆРЕСИ

Æхсæвæ — Хæреси!
Уæларви цъæхæй
Æстъалу фæдеси
Урдугмæ тæхуй.

Кæд 'стъалуй зæрдесгæ
Æскъæвди фæцæй,
Кенæ 'ймæ æвдесгæ
Æхе нæ фæцæй?!

Цъæх мегътæн сæ рости
Уорс тунтæ гъаруй.
Къех мæйæ æ бости
Æ билæ 'сдаруй.

Зæнхи цар феййевуй
Мæйрохси цирагъ.
Ирæфæн ферттевуй
Хелагау æ рагъ.

...Æхсæви гъæбеси
Мæ зæрдæ — фæлмæн!
Уозуй мæ æ деси
Гъар æрдзæ нидæн...

* * *

Цæрæн нæ фæндагæн,
Нæ фæдти — фæдонтæ!
Нæййес адæймагæн,
Æвæдзи, фæндонтæ.

Уайуй æппæлуйнаг
Рæстæг æнæрлæугæ.
Ци уа æрцæуйнаг, —
Нæ уй æнæрцæугæ.

Ес нин нæ Уæллагæй
Лæвæрд бæрæг хъарæ.
Зиннæн хебæрагæ,
Æбон, æнæбарæй.

Хуцау раст иуаруй
Зæнхонтæн сæ нивтæ.
Алке æ дзиуарæ
Хæссуй æ тæрнихбæл.

Уадзæн цардвæндагæн
Нæ фæдтæ фæдонтæн,
Уæддæр адæймагæн
Не 'суодзæй фæндонтæ...

## НÆХЕ ДУЙНЕ

Мæ бауæр ма кæдæй-уæдæй нæ ресуй,
Мæнæ бабæй ци дессаги дзæбæх æй!
Уод æхемæ арви рæсугъд куд есуй!
Хонхмæ цæугæй рафæлгæсун уæлбæхæй.

Дон — дæлæмæ, æз — уæлæмæ фæттæхæн,
Сæумон кæрдæг æрниуазуй æртæхæй,
Изæрмæ йæй цæрун гъæуй сæнт цъæхæй,
Хори тунтæ 'й рæвдаунцæ сæх-сæхæй.

Исгъар æй, фал ма багъар уæд зæрдæ дæр,
Æнæристæй хуæздæр амонд нæ зонун.
Нæ мæ гъæуй дæ рæфтад 'ма æхсæвæр,
Дзæбæх мин æй, хуæрун дæр дин нæ комун.

Баримахста æрдзи рони уод Хуцау.
— Уо æнæфсес! Ратондзæнæй дæ губун!
Ци дæ гъæуй?! Рабал кæсæ-ра, фæлтау
'Ма фæууинæ дæ асæги æцæг фун.

Арви цийнæ идуйгæ кæнуй фуднез,
Нæбал цæуй цæрæгоййæн æ кæун...
Нæ агорун, — хуæздæр дуйне кæми ес?!
Мæхе дуйней ку фæразинæ цæрун...

## ФÆЗЗÆГ — ЗУМÆГ

I

Фæффæсалæ 'й кæрдæг,
Зин кæрдæн æй.
Фæкъкъумух æй цæвæг
Игуæрдæни.

Фæммæтъæл æй фæззæг,
Фæммæгуртæ 'й.
Фæццидæр æй тиллæг
Бор будуртæй.

Фæууазал æй рæстæг, —
Уомæл бæстæ!
Маргъ тæхуй фур ниллæг
Уомæ гæсгæ.

II

Æрхæстæг æй зумæг, —
Æрбахуаста.
Медæмæ йæй фæззæг
Æрбауагъта.

Æ фингæбæл цæрдæг
Æрбабадтæй.
Рахецау æй зумæг
Æ бæркадæн.

И будуртæ бонмæ
Æрæхгæдта.
Ци даргъ бабæй уодзæй
Цъæрæхснæг над...

## ПАДДЗАХАДÆ

«Æхцацатæ» ку уонцæ нимади
Лæги ном, фæтки фарнæй уæлдæр, —
Нæбæл фæууй кадæ паддзахади,
Бонæй-бонмæ хаугæй ин дæлдæр.

Паддзахадæ нæ фал «Гадздзахадæ»
Ду уодзæнæ, цалинмæ кæнай
Хуцауадæ нæ фал хецауади
Дæ домбайййи дзæмбуйæй гъæуай...

* * *

Тари бадун нæ уарзун,
Цидæр тас ми бацæуй,
Дудзи рохси фæразун,
Фал зæрдæмæ нæ цæуй.

Бони рохсæй исгъар ун, —
Цæрун мæмæ æрцæуй.
Фал сах хормæ нæ гъарун, —
Æгæр тæвдæ мин исуй.

* * *

Бон хæссунцæ рæсугъд дзиллæ,
Хор нийтинг æй сæрдигон.
амонуй мин мæ хъибиллæ
Царди нисан æхсицгон.

Æй гъæунгæ мæлдзугæзмæлд, —
Рæсугъд кизгутти бæз-бæз!
Зæрди бунмæ — рæуæгæвнæлд,
Сæрзелæггун си дæн æз.

Мæргъти зартæ парки къуми
Уод уозунцæ къæл-къæлæй,
Фал се 'стуф, цид, æрнидæн уй
Терки дони хæл-хæлæй.

Ехх, хæссетæ мæ, базуртæ,
Коми думгау, рæуæг къох!
Ас-Дигори лигъз будуртæ
Мæ фуни уинун æдзох...

Бон хæссунцæ рæсугъд дзиллæ,
Хор нийтинг æй сæрдигон.
Æздахуй мин и хъибиллæ
Евгъуд догæмæ ме 'ргон.

Далæ Дони устур форди
Ленк кæнунмæ цæттæ дæн.
Мæ фиддæли — æнамонди
Рагдзамæнтти фæдтæбæл.

Æрсизелон, — уæйуггуртæ
Кæми кодтонцæ фудтох...
Ас-Дигори лигъз будуртæ
Мæ фуни уинун æдзох...

## ДЕНГИЗИ БИЛГОНИ

Абони се 'нцони денгизи рæбунти
Адæм сæ фæндонæй æнцæ уолæфунти.
Хезетæ мæ рони, рохс хори гъар тунтæ,
Маретæ гъеууоми фуд рунтæ, сау рунтæ.
Фелауæ, цъæх уолæн, цъæхъалти-мæхъалти,
Рæвдауæ дæ дони мæгур, æрдæгхъалти.
Ами рæсугъд уодти реутæ — сафæ бæгънæг,
Райзайуй хæдони цæппæр æнæ æгънæг.
Ами тæрегъæдæй адæм нæ тæрсунцæ,
Æхсæвти уарзæнттæ мæйтæмæ кæсунцæ.
Ами нæ еугæйттæ исунцæ дугæйттæ,
Медба усхъи сæрти кæнунцæ гъæуæйттæ.
Ами нæ зонунцæ, — ци æй æнафонæ,
Цалинмæ нийвайа арвæн æ кæфойнæ...
Абони ме 'нцони денгиз æ гъар дони
Бауæри кæнуй диги-диги æ рони...
Ами хори тафсмæ зæрдæ æруодæнсуй
'Ма мæ Дигорæмæ мæ къах нæбал хæссуй...

## НÆ ЗÆГЪУН...

Имисун мæ мадæ Люби рохс ном

«Нæ зæгъун, — поэт мæ ду искодтай,
Кæд, мийяаг, поэт дæр нæма дæн?!»
Цидæр рæнгъæ ниффинстон æскъолай
Ма 'й сурхæй бакастæн мæ мадæн.

Е дæр ма кодта уобæл еу цийнæ!
Цæстисуг туххæйти римахста.
«Уæд де 'мбал Лæгтийзæд — Сугъзæрийнæ!» —
Уотæ мæ Изæдбæл фæдзахста.

...Ци зудтай, ке æй цард уотæ хийнæ, —
Уæд фæлтау фесафтайсæ мæ финст.
Поэт ун — тæккæ уæззаудæр цийнæ;
Поэт ун — тæккæ рæсугъд æлгъист!

Ка зонуй, — абони æнæмæтæ
Æз уинæ, — ку 'руорæдтайсæ мæн?!
Ци кæнон, — ме 'взаг дæр ку нæ хæтуй, —
Куд дæ хонон — «знаг» æви «лимæн»?..

«... Нæ зæгъун, — поэт мæ ду искодтай,
Кæд, миййаг, поэт дæр нæма дæн?!»
Мæ дуккаг финст кæсун мæ мард Мадæн,
Мæ фиццаг ба кастæн мæ Мадæн...

## ДУУÆ ДИДИНÆГИ

Адтæ ду, нæ МАДÆ,
Рохснæг дидинæг.
Дæлсигит ниттадтæ,
Мæрдти рохс — минæг.

Айфонмæ фестадтæ
Сау мæрæ, дæ-дæй...
Ингæнæй фæстагмæ
Æвзарæ 'ссудæй.

Уардта цирти реумæ,
Кастæй хор 'дзинæг.
Сæрвистай дуйнемæ
Дæ уод — дидинæг...

*КУЫДЗОЙТЫ Барис*

# УÆЛЛАГКОЙМАГ ХЪÆЛДЗÆГ НЫХÆСТÆ

*Уæллагкомы ис фæрсаг æртæ комы: Донысæр, Сонгуытæ æмæ Скъæттыком. Ацы кæмттæн сæ рæсугъддзинад, хъæдтæ, фосхизæнтæ, уыгæрдæнтæ, сыгъдæг суадæттæ, æнусон хæхтæ æмæ цъититæ адæймаджы дисы æфтауынц. Се скæнæг Хуыцау æмæ æрдзæн Уæллагкомы адæм цæргæ-цæрæнбонты табу кæнынц.*

*Рагон цыппар хъæуы Гæлиат, Къæмынтæ, Дымтæ æмæ Хуссары (йæ авд сыхимæ) цæры сæдæ мыггагмæ хæстæг. Цыргъзонд æмæ хъæлдзæг ныхасмæ чи арæхстис, ахæмтæ дзы дзæвгар уыди: Гуыссауты Дыгыци æмæ Харитъо, Джыбызты Къостан, Езеты Тыгъуыр, Бекмæрзты Микъала, Цопанты Сауджын, Къуыбызты Хосдзау, Хъыбызты Дзылер, Тæкъа, Бекмæрза æмæ Таймураз, Куыдзойты Афаназ æмæ Гацыр, Арсæгты Бæрег, Хъуылаты Дафа, Байсонгъуырты Андыр, Сандыр æмæ Бур, Цæрæкты Дзасæр, Гæбæ æмæ Берды, Джеджджыты Гаглойон, Къуыбызты Арсæгон, Гуыссæуты Дзæси, Агкаты Сопя, Дзусты Дзецце, Хъуылаты Секуы, Бекмæрзты Магка, Быдзынты Сафетка, Куыдзойты Бæссæ...*

*Хъæлдзæг æмæ цыргъзонд ныхас зæгъын чи уарзта, уыдонæй ма бирæтæ, табу Хуыцауæн, абон дæр цардæгас сты: Икъаты Василисæ, Хъыбызты Хъаллæ, Бихтæ, Писырка æмæ Быцъа, Дзусты Гуыбечыр, Куыдзойты Ханджери, Байсонгъуырты Мысаби...*

* * *

Ныхасы иу лæг афарста Дыгыцийы:

— Зонæм æй, ды тæрсаг лæг кæй нæ дæ, уый. Фæлæ цы нæ вæййы, кæд ды дæр, мыййаг, истæмæй тæрсыс?

— Тæрсын, тæрсын. Уымæй дæр æртæ хъуыддагæй.

— Æмæ цы сты уыцы æртæ хъуыддаджы?

— Сигæцыл æнæ донæй цыргъгонд кардæй тынг тæрсын, уый лыг нæ кæны, уый хырхау тонгæ кæны. Тынг ма тæрсын, йæ ус кæй сардауы, ахæм лæгæй. Уый лæг нал вæййы. Бирæгъ! Бирæгъ! Æппæтæй тынгдæр та тæрсын, мæгуырæй чи схъал, ахæм лæгæй. Хæстæг æм ма бацу... бахæрдзæн дæ!..

* * *

Быдыры станты иу уаргæ бон чызджыты къордимæ бады, иу дыууиссæдзаздзыдæй мой чи скодта, ахæм сылгоймаг. Схæцыди чызджытæн абадгæ сылгоймæгты фауыныл. Банцайæн ын нал уыди къада куыройау. Дыгыци йæм тыргъы иннæ кæронæй бирæ фæхъуыста, стæй йыл йæхи сцагъта:

— Нæ, нæ, Поли, ды дæр дзы дæ фыды тъæрыл цыма иугыццыл адзибæл кодтай...

* * *

Гæлиаты хъæуы цардис иу чызг. Чызг нæ, фæлæ ус-уæйыг, хъаруджын æмæ кусаг. Радтой йæ моймæ Къæмынты хъæумæ. Усгур дæр уæйыджы хуызæн. Цæрæкты Гайтойау иу æргъомбастæн дынджыр хосы ласæн фæрæзта. Фæлæ чызг дæр æмæ лæппу дæр сæрæй иугыццыл хъуаг æййæфтой...

Чызджы бинонты цинæн кæрон нал уыди, нæ æдылыдзæф чызджы нын курæг фæци, зæгъгæ. Усгуры бинонтæ дæр афтæ. Дыууæтæ дæр хорз чындзæхсæвтæ скодтой. Арвыстой чызджы, уæдæ цы уыдаид.

Дыккаг бон æмбисæхсæв чызджы фыды хæдзары дуар чидæр хойы, сæтты йæ. Бинонтæ рафæдис сты нæзы цырæгътимæ. Дуар фегом кодтой. Сæ чызг, йæ цæстытæ туджы зилгæ, йæ къухы даргъ æмæ ставд бæрз лæдзæг, афтæмæй лæууы.

— Цæмæн æрхæццæ дæ? Мах дæ моймæ куы радтам?

Чызджы масты богъ райхъуысти:

— Йæ туг ныккæла, исчи йæ амара! Мæ уатмæ æрбабырынмæ хъавыдис! Куыд нæ амардтон уыцы æдылыйы! Кæд ын хынджылæггаг нæ дæн!..

* * *

Уæллагкомы хъæутæй иуы, Бицъо, зæгъгæ, иу къæрных лæг цардис. Уыдис æм дынджыр куыдз. Дзибула йæ ном. Æххормаг куыдз давта сыхæгты цæрмттæ, уæфстæ, æнæхсадæй-иу чи аззадис, ахæм къоппатæ, тæгæнатæ æмæ иннæ мигæнæнтæ. Хъæуы адæм куыдзыл сæвæрдтой ном «къоппадав Дзибула». Иу рæстæг, Бицъо-къæрных йæ хъæздыг сыхаджы кæрты смидæг. Хæдзары хицау ыл йæхи сцагъта:

— Феддæбыл у мæ кæртæй, Дзибула!

— Дзибула нæ дæн, дæ сыхаг Бицъо дæн. Нал мæ базыдтай? Куыд мæ рахуыдтай куыдз?

— Æмæ уæ цы хъауджыдæр ис! Уæ дыууæ дæр къæрныхтæ æмæ лæвархортæ!

* * *

Дымты хъæуæй цалдæр сылгоймаджы Хъивоны æфцæгыл хайуантыл ахастой картоф уæй кæнынмæ. Бирæ тухиты фæстæ сихорыл бахæццæ сты Уæллаг Зджыдмæ. Базары сæ къæссатæ æристой хайуантæй. Сæ гыццыл къæртатæ байдзаг кодтой картофæй æмæ æнхъæлмæ кæсынц æлхæнджытæм.

Иу схъæлдзагъд æмæ стырныхас лæг базары рæзты фæцæйцыд йæ бинойнагимæ. Дзуры æнæрвæссонæй йæ усмæ:

— Цæй, иу дыууæ къæртайы дзы алхæн... Кæд сæ хæргæ нæ кæнæм, уæддæр...

Гаглойон мæсты каст бакодта лæгмæ æмæ йын афтæ:

— Аргъуаныстæн, куы сыстонг уай, уæд картоф нæ... фæлæ йæд дæр бахæрдзынæ... Йæд циу, уый та мæнæ ме 'мбал Гусæгуыз хорз зоны...

* * *

Гæлиаты хъæуы иу зæронд ус нымайын нæ зыдта. Æхца нымайынмæ та æппын нæ арæхсти. Сæ сæныччытæй сын иу лæвархор сыхаг лæппутæ адавтой æмæ хæрзад физонæгæй бæлæуты хъæды сæхи хорз федтой.

Бинонтæ сæ сæныччы бирæ фæцагуырдтой. Фæлæ кæм! Дымдалагъан фæци, зæххы скъуыды цыма ныххауди...

Къæрныхы къах æмæ фæндаг цыбыр сты. Фæстагмæ давджытæ рабæрæг сты. Бинонтæ æрдомдтой сæ сæныччы аргъ къæрных лæппуты фыдæй. Иу бон, зæронд ус йеддæмæ сæхимæ куы ничи уыдис, уæд сын се 'хца бахаста къæрныхты фыд:

— Мæнæ райс уæ сæныччы аргъ фынддæс сомы.

Зæронд ус лæгыл уыциу тъæлланг фæласта:

— Цавæр фынддæс сомы! Ахæм нард сæныкк туманæй асламдæр нæу! Ды та мын цыдæр капеччытæ дæттыс. Æри туман!

Лæг фондз сомы фæстæмæ йæ дзыппы нывæрдта. Туман зæронд усы раздарæны дзыппы ацавта æмæ сæхимæ фæраст.

Кæмæн фыддæр — гуымыдза...

* * *

Дымты хъæуы дыууæ сыхаджы куыйтæ фæхыл сты. Кæрæдзийы хъуын-хъис калынц. Сыхæгтæ сæм кæсынц. Алчи дæр сæ æнхъæлдта, мæ куыдз фæуæлахиз уыдзæнис, зæгъгæ. Уалынджы гыццыл куыдз стыры абырста. Хорз æй ауиæрста. Стыр куыдз йæ бынæй тыхтæ-амæлттæй раирвæзт æмæ хъист-хъистгæнгæ хъæугæронмæ ныййарц. Гыццыл куыдзы хицау сæрыстырæй дзуры йæ сыхагмæ:

— Федтай? Уый дын куыдз! Дæ куыдзæн дын цытæ акодта! Гыццыл, дам, Хуыцауимæ дæр ерыс кæны!

Цы ма загътаид стыр куыдзы хицау? Фæлæ уæддæр мынæг хъæлæсæй дзуапп радта:

— Ай-гъай, дæ бындзыд куыдз хъæбысæй хæцынмæ сæрæндæр у. Мæ куыдзæн кæсгонкъах акодта æмæ йæ абырста...

— Алцы зонын дæр хорз у... Хъæбысæй хæцын, кæсгонкъах кæнын... Абонæй фæстæмæ мæ куыдзы ноджы хуыздæр хæсдзынæн... дзыкка æмæ фиуæй... Уый Иван Поддубни у, Иван Поддубни!

* * *

Хуссары хъæуы иу цыргъæвзаг лæг цалцæг кодта йæ бæгалæг. Кæд та исты хъæлдзæг ныхас зæгъид, зæгъгæ йын йæ сыхæгтæ йæ фæрæт амбæхстой.

Лæг æй агуры, къуымты зилы. Хæдзармæ бацыди, фæстæмæ рацыди, нæй, фесæфти фæрæт.

Бацыди, сыхæгтæ къордæй кæм лæууыдысты, уырдæм алкæй цæстытæм дæр дзы æдзынæг каст бакодта æмæ йæ хъæр райхъуысти:

— Ныртæккæ мæ фæрæт ам фæуагътон! Дымд-далагъан фæцис! Æвæццæгæн, æй чидæр йæ мады дæллаггуыры бын ацавта!..

* * *

Иу дымтаг йе ’мбалимæ сæ бæхтыл абалц кодтой Зджыдмæ. Уыдис æрæгвæззæг, фæлæ хур тынг тавта. Хæфалыджы уыгæрдæнмæ куы бахæццæ сты, уæд къахвæндагмæ хæстæг дуры сæр ауыдтой иу гыццыл цъиу. Йæ удæй бацыди, «мит-мит» кæны. Банцайæн ын нал уыди. Бечмырзæ йæ бæх баурæдта. Йæ ехсы хъæдæй амоны цъиуырдæм æмæ йын уайдзæфтыл схæцыдис:

— Æдылы къоппа, цы «мит-мит» кæныс! Æз нæ, фæлæ ды гæв-гæв кæндзынæ, мит куы ’ркала, уæд! Кæс-ма уымæ, цыма мæ хуызæн йæ фырдзæрмттæй хъарм кæрц къулыл ауыгъдæй лæууы!

* * *

Сыхæгты дыгæрдыг фæцахуыр Бечмырзæйы цæхæрадонмæ. Сæгъау-иу йæхи ныввзылдта быруйы сæрты. Ссæнды картоф, хъæдур, нуры, хъæдындз, булкъ...

Иу райсом райхъуысти хабар, уыцы дыгæрдыджы, дам, бирæгътæ аргæвстой Чъиуаууоны ададжы. Бечмырзæ йе ’ргом разылдта Бæкъуынайы хъæдмæ. Уыцы хъæд рагæй-æрæгмæ хуыдтой «бирæгъдон».

Йæ къухтæ уæлиау систа Бечмырзæ Бæкъуынайы хъæдырдæм, бирæгътæн арфæтæ кæны:

— Уæхи æмæ уæ лæппынты гуыбынтæ стонг макуы бавзарой... Уазал æмæ уыл æххормаг зымæг макуы скæнæд, уæ рынтæ бахæрон, уыцы стуры чи акапрында кодта...

Бечмырзæйы бинойнаг йæ цуры февзæрд æмæ йæм дзуры:

— Уый сыхæгты стур нæ уыди — мах стур уыди, мах.

Бечмырзæ йæ арфæ фæиннæрдæм кодта:

— Æнамонд цъæхзæнгойджынтæ, къуыбырхъустæ, ме ’стуры уæны стджытæ уæ хурхыты ныццæхгæрмæты уæнт!..

* * *

Дымты хъæуы Уæлæсыхы æмæ Дæлæсыхы лæппутæ сæ кæрæдзийæ сæ удхæссæг уыдтой. Арæх кодтой хылтæ. Иубон та сын хыл ракъахта Цомартаты мæнгард лæппу. Хыл куы бацайдагъ, уæд йæхи фæиуварс кодта.

Хылгæнджытыл хистæртæ схъæр кодтой. Лæгтæй иу, Георги, йæ лæдзæгæй Цомартаты лæппумæ амонгæйæ, мæсты фарст акодта:

— Уæртæ уыцы лæппу чи у?!

Дзуапп ын радтой, уый Цомартатæй у, зæгъгæ.

— Уый Цомартаты лæппу нæу! Уый цырв у, цырв! Уый сæ анхъизын кодта!

Уыцы бонæй фæстæмæ Цомартаты лæппуйы æцæг ном хъæубæстæй ферох. Хонын æй байдыдтой «Цырв».

Ахæм фæсномыг нæмттæ та Дымты хъæуы уыди бирæ: «Писырка», «Гобыр», «Быцъа», «Рынчын», «Хъæбынхъурцц», «Бонджи», «Къуылихи», «Æрцындз»...

Ацы «нæмттæй» алкæмæн дæр ис йæхи истори...

* * *

Уæллагкомы колхозы хицауад цыппар хъæуы дæр сæвæрдта йæхи фидар «закъон». Æрзæткъахæнты æмæ ГРП-йы æхцайыл чи куыста, уыдонæн цæхæрадæттæн дих кодтой гæлæмон зæххы гæппæлтæ дурджын фæхсты. Хос кæрдыны бар та сын æппын нæ уыдис. Хос-иу куы ныккарстой уæлиау хæхты фæхстыл, цуанæттæ дæр кæдæм нæ хæццæ кодтой, ахæм айнæджы сæрты, уæд-иу колхозы хицауад сæ «фæсдзæуинты» арвыстой æмæ-иу сын сæ хосы мæкъуылтæ басыгътой.

Иу фæззæг та æрзæткъахæны кусæг Дзодзыкъойы мæкъуылтæ куы басыгътой, уæд сæрыстырæй колхозы хицауадæн бауайдзæф кодта:

— Судзгæ сæ кæнут, судзгæ! Мæнæн уæ бон ницы у! Æз мæ хъуццыты печенийæ дæр аирвæзын кæндзынæн! Æз къæлхозы фæззæгмæ хорыл лæвар нæ кусын... Æз къæлхозник нæ дæн, æз рабочий дæн, æхцайыл кусын, æхцайыл!

* * *

Хуссары хъæуы иу тæппуд лæппу уыдис, æмæ-иу куы аталынг, уæд, — аба-бау! — æддæмæ ма дын акæса!

Иу бон сихорафон тæппуд уынгæй балыгъдис хæдзармæ. Дуар йæ сæрыл бахаста æмæ йæ мадмæ хъæр кæны:

— Гуæдзæ! Гуæдзæ! Абоны онг нæ зыдтон, лæгæй алчи дæр тæрсы, уый!

— Чи дæ фæтарсти, мæ хур?

— Байсонгъуырты стыр сырх уасæг нын нæ лæгуынхъуыр урс карчы æрсырдта! Æз ыл схъæр кодтон æмæ йæ фыртæссæй цæхæртæ калгæ сæхимæ лидзæг фæци!

Тæппуды мад фæлмæн бахудт æмæ загъта:

— Уый дæр лæгдзинад у, лæгдзинад. Царциатæ, уасæг дæ фæтæрсæд!

* * *

Хуссары хъæуы иу магуса æрвылбон хæлæг кодта йæ кусаг æмæ хъæздыг сыхæгты цардмæ. Хуыцау æмæ Елиамæ куывта, цæмæй сыл исты фыдбылыз æрцæуа, арв сæ йæ дурæй æрцæва.

Иу сæрдыгон изæр Цæгаты хохæй ратылди тымбыл къæйдур. Балсæджы цалхау йæ ных сарæзта хъæздыг бинонты бæстыхæйттырдæм. Магусайы цинæн кæрон нал уыдис:

— О Хуыцау! О Елиа! Рауадзут æй, рауадзут уыцы дуры, йæ рынтæ йын бахæрон, кæд сæ былдзагъд ныккæнид!

Къæйдур йæхи æндæр дурыл сцавта æмæ йæ ных сарзта магусайы бонхæрæнырдæм. Суади магусайы иунæг хъуджы фарсыл æмæ — дæ фыдгул афтæ!

Магуса йæ сæр ныххоста:

— Æнамонд дур, исчи дæ бæлдойæ ныппырх кæна æмæ дын дæ сæстытæй хуыдоны къул самайа!..

* * *

Гæлиаты хъæуы Гуыссаутæй иу фæлитой лæг хъуыдалыйы хъæмпы дынджыр мæкъуыл ауæй кодта иу дыгуронæн Тъæпæн Дыгурæй. Гуыссауы-фырт хъæмпы аргъ, дыууæ туманы, йæ дзыппы сæвæрдта æмæ мусæй сæхимæ рараст. Дыгурон галдзоныгъыл хъæмп амайы. Цалдæр тъыфылы куы æрæвæрдта, уæд йæ сагой дурыл бамбæлди. Хъæмпы бын разынди дынджыр дур. Лæг фæраст Гуыссауы-фыртмæ æмæ йыл хъæртæ кæны:

— Ду ке басайдтай?! — Гъæмпи бæсти мин дор куд рауæйæ кодтай?! Цума Тъæпæн Дигорæ Дæр гъæуагæ æй! Рахæссæ мин ме ’хца фæстæмæ, огъурсидзæ!

— Æхца дын фæстæмæ нал ратдзынæн. Мæн аххосæй дзы ницы ис. Æз хъæмп гыццыл дурыл самадтон. Йæ ас фыры галиу айкæй стырдæр нæ уыди. Фæлæ хъæмпы бын хъарм æмæ уымæлы ныттыппыр, ныннæрсти, ныддынджыр... Гормон, дур дæр рæзын зоны, рæзын. Уæлдайдæр та Уæллагкомыууртæ...

* * *

Стыр Дыгуры иу лæг фысæлвынæнты рæстæг йæ хæсгард радта йæ сыхагмæ. Фæстæмæ йæхи куы бахъуыд, уæд æм йæ

фырты дæсаздзыд чызджы арвыста. Чызг сыхаг бабайы кæрты мæстыйæ бадгæ баййæфта:

— Дада мæ йæ фусæлвунæн кæрдæнмæ фервиста.

— Нуртæккæ, нуртæккæ.

Йæ амонæн æнгуылдзæй йæ хæдзарырдæм ацамыдта æмæ чызджы афарста:

— Гъæр æмæ гуппитæ игъосис?

Чызг цымыдисæй дзуапп радта:

— Игъосун, игъосун. Фал, баба, е кæй гъæр æма гуппитæ æнцæ?

— Мæ цуппар гъæла фурти бабæй фæхилæ æнцæ æма кæрæдзебæл гъæр кæнунцæ, кæрæдзейи хуайунцæ. Сæ мадæ бабæй сæ ергъæв кæнуй, фал æ гъуддагæй неци уайуй.

Зæронд лæг хосдоны смидæг. Уырдыгæй дыууæ даргъ æмæ ставд цым лæдзæгимæ фездæхти. Чызджы къухы сæ фæсагъта æмæ йын лæгъстæгæнæгау загъта:

— Еци лæдзгутæ тагъд хæдзарæмæ бадавæ æма цæ еци гъæлати къохти фæсадзæ. Тæрегъæд æнцæ, кæрæдзейи хуайгæйæ сæ къохти ку фæрессонцæ. Фæлтау лæдзгутæй уадз æма кæрдзейи хуайæнтæ... Хуайгæ дæр хумæтæги хуаст нæ, фал фуд-зунд æма æнахъæл донифæрсаг хъадирти хуаст...

* * *

Уæллагкомы ныхасы бадæг лæгтæ сæхи бакъул кодтой Дыгыцимæ:

— Кæй нæма фехъуыстам, иу ахæм нæртон таурæгъ ма нын радзур.

Дыгыци сæ афарста:

— Фæнды уæ Сырдоны таурæгътæй иумæ байхъусын?

Ныхасы бадджытæ схор-хор кодтой:

— Фæнды, фæнды!

— Уæдæ байхъусут. Сырдон царди Нарты хъæуы кæрон. Йæ гыццыл хæдзарæн йе 'рдæг уыди зæххы бын. Сосланмæ фæхабар кодтой, Сырдон, дам, йæ хæдзары дуарыл фондз хайуаны къæдзилы æрцауыгъта. Цыдæр фыдбылыз та, дам, кæсы Нарты адæммæ.

Сослан фæсивæды къорд арвыста, Сырдоны дуар ныссæттут, зæгъгæ. Сырдоны йæ тарвазы рæбын бадгæ баййæфтой. Бафарстой йæ, дæ дуарыл цы фондз къæдзилы æрцауыгътай, уыдон цы амонынц, зæгъгæ. Сырдон сын сæрыстырæй дзуапп радта,

уыдон, дам, Нартæн лæвæрттæ сты. Стæй сын нымайын райдыдта:

— Стыр æмæ ставд къæдзил у, йæ усы ардыдæй искæмæн фыдбылыз чи ракæны, уымæн лæвар. Уымæй гыццылдæр къæдзил та мæ лæвар у, чи байуæрста æмæ та ногæй иумæ чи æрцард, уыцы æфсымæртæн. Æртыккаг къæдзил та лæвар кæнын, йæ туг райсыны тыххæй йæ цирхъ чи сласы, æмæ йæ тугæй нæ фæхъæстæ кæнгæйæ фæстæмæ йæ кæрддзæмы чи нытътъыссы, уымæн. Цыппæрæм къæдзил, æрвылбон йæ усæй чи æппæлы, уымæн. Фæндзæм, гыццыл къæлæуы къæдзил, — æдылы къæрныхæн: исты куы адава, уæд æй Нарт уайтагъд базонынц. Уый къæрных нæу, уый быммиз у...

Фæсивæд сразы сты Сырдонимæ, ома, ахæм лæвæртты аккаг лæгтæ Нарты ’хсæн гыццыл нæ разындзæнис...

Дыгыци йæ таурæгъ конд куы фæцис, уæд ныхасæй æртæ лæджы сæхимæ фæраст сты. Дыгыци сæ фæстæ радзырдта:

— Хуыцауыстæн, Сырдоны таурæгъæй сымахæн дæр уæ фæрсчытыл цыдæр æмбæлы...

* * *

Иу уæллагкоймаг лæг æддæдзаст кæй уыдис, уый хъæубæстæ æмæ йæ бинойнаг дæр хорз зыдтой. Цæргæ та кодта хъæугæрон. Иу сæрдыгон изæр ын йæ кулдуар чидæр æрбахоста. Лæг ракаст æмæ ауыдта диссаджы рæсугъд сылгоймаджы. Лæг дзы йæ цæстытæ ныццавта, джихæй кæсгæ йæм баззади.

Сылгоймаг уæздан хъæлæсы уагæй загъта:

— Галонæй Хъивоны æфцæджы сæрты рахызтæн. Цæуын Одоламæ. Кæд гæнæн ис, уæд мын фысым ут. Æхсæвыгон ма куыд ацæуон талынг кæмтты?

— Уазæг Хуыцауы уазæг, мидæмæ!

Æхсæвæр скодтой. Лæг кæртмæ рахызти. Дуар йæ фæстæ нæ рахгæдта — йæ усмæ сусæгæй ацамыдта, рахиз-ма, зæгъгæ. Ус æм куы рацыд, уæд ын лæг афтæ:

— Ацы уазæг цыдæр къæрныхы хуызæн у, мидæгæй йын ма бауат кæн — исты куы адава. Уæртæ йын хосдоны исты дывылтæ баппар æмæ уым фынæй кæнæд. Кæд æм мыййаг хъæлхъайы йас сыстытæ дæр ис... Цынæ вæййы...

Ус æй афарста:

— Дæхæдæг та кæм хуысдзынæ?

— Дысон Хъæрджынты фысты бирæгъ ныццагъта, æмæ æз

топпимæ скъæты къуымы бамбæхсдзынæн. Кæд, уыцы бирæгътæй иу агæрах кæнин.

Ус куыд нæ бамбæрстаид йæ æддæдзаст мойы хъуыдытæ! Сылгоймаджы уатмæ бакодта. Йæхæдæг йæхицæн талынг хосдоны бауат кодта æмæ бахуыссыд.

Æмбисæхсæв лæг хосдоны смидæг. «Уазæгмæ» дзуры:

— Уазæг, цы рæсугъд дæ, цы! Раст уды гага! Æз дæр дæ фарсмæ мæхи æруадзон? Куы ницы дзурыс...

«Уазæг» ныхъхъус...

Лæг уайтагъд хъæццулы бын смидæг.

Дыккаг кæркуасæнты йæ дарæс кæнынмæ февнæлдта. Йæ уæнгтæ аивæзта, стæй афтæ:

— Гъе уый дын сыл! Уыйеддæмæ æз дæр уæртæ иу маймулиимæ мæ бонтæ æрвитын...

Ус хъæццул иуварс фехста æмæ йыл фæхъæр кодта:

— Цы загътай, цы?! Кæд æз маймули дæн, уæд ды та — нæл куыдз! Уæууæй-уæууæй! Æхсæв-бонмæ дæхи усы ма базон! Худинаггæнæг!..

*УАЛЫТЫ Лаврент*

# ДЗÆНÆТЫ ДЫРГЪДОН

## ПОЭТЫ МÆЛÆТ

Поэт, нæ дæ домын лæгдзинад:
Дæ туджы, чи зоны, уый нæй,
Фæлæ дæлимонтæн сæ цинæй
Дæ зарæг ма нывæнд куырмæй.

Нæ риссыс адæмæн сæ мастæй.
Цы кæнæм — фауинаг нæ дæ.
Фæлæ Къостайы знæгты ма стау:
Поэт нæ дæ, уæддæр лæг дæ.

Æмæ дæ бæстæйы мæстытæм
Ды ма 'фтау катай æмæ мæт,
Куырм ма кæ адæмы цæстытæ, —
Поэтæн уый вæййы мæлæт!

## ПОЭТЫ ХЪАСТ

Фæрнджын куыстæй нæ рафтыдаин æз,
Куы уагътаиккой хицæуттæ мæн, адæм.
Нæ дзы зыдтон æлутонау æфсис.
Мæ къæбæр æз æрмæст уæд хæрын адæн,
Куы вæййы уый Рæстдзинады æфсир!

Рæстдзинад мын Хуыцауы хорзæх уыд,
Æмæ йæ дзыллæ хастаиккой дисæн,
Фæлæ мын ластой хицæуттæ мæ уд:
Нæ мæ уагътой сæ фыдгæндтæ æвдисын!

Бытдтой мын хинæй къалати, къæлæт:
Фæндыд сæ хъазын тутийау мæ удæй.
Уæддæр табу Ыстыр Хуыцауæн уæд —
Æрхастон æй зæры бонтæм рæсугъдæй.

Фæлæ мæ риуы дуды, риссы зæрдæ:
Нæ йын федтат йæ рухскалгæ тæмæн.
Цы дзы уыди цъæх уалдзæг æмæ сæрдæй,
Уæ чъизи хинтæй баззад уый тæлмæй.

Цы нæ федтон, Ыстыр Хуыцау, дæ быны:
Мæ фарсмæ сырд дыууæ къахыл цыди,
Уый къæлæтджыны рабадт-иу рæбынæй,
Уыди йæ куыст та гадзрахат, фыдми!

Уæд уыдон та — йæхи чи хуыдта адæм —
Сæ къухтыл æй бæрзонд арвмæ æргъæвтой.
Ыскодтой йын хуыцæутты фарсмæ бадæн,
Нывондæн ын сæ рæстдзинад ныргæвстой!

Æнæ Рæстдзинад агурынц ныр амонд,
Цыма æнæ уый Хурæн ис ыссарæн!
Æз зонын уый, уа фидæн æви абон, —
Нæй Хур æмæ йæ тыны æхсæн арæн!

## ФÆДЗÆХСТ

Гъей хорз лæг, ма кæ-ма, ма мæ сай,
Цардæн æз сайды фæдæн,
Æмæ мæ абон цы ахæссай,
Фаг дын уыдзæн уый мæтæн.

Бахсыстæн дам-думтæй, хахуыртæй
Æмæ мæм макуы кæс тигъ,
Алы фыдбылызтыл сахуыр дæн,
Уæны сæ нал бады мигъ.

Уый бæсты равдис лæджы зæрдæ,
Удæн уæздан дзырды хос,
Æмæ нæ милбазыр изæртæ
Иумæ ысбуц кæнæм хорз!

## ÆМГАРМÆ

Æрыгонæй кæй нæ рæвдауынц азтæ!
Цыди бæллиццаг рухсагур нæ фæд,
Нæ цин, нæ сагъæс иу уæрдоны ластам,
Æфсымæртау уæд иу уыди нæ фæнд.

Бæргæ нын хъуамæ бантыстаид бирæ
Зæрин хуынтæ йæ къæбицмæ хæссын
Рæствæллойæ нæ чысыл уарзон Ирæн,
Фæлæ дын рæстæг искæйты фæрсы!

Уый ивта мах хæлар æмæ фыдæхæй,
Фæлвæрдта хæйрæг рог кадæй нæ уд.
Нæдæр фæстæмæ нал уыди ыздæхæн,
Æнцон фæндæгтæ размæ дæр нæ уыд.

Къæвда æмæ тымыгъты фæстæ хур та
Кæй ракæсы, уыди дæуæй уый рох.
Мах бахъуыди нæ цыты сæрыл тох,
Æмæ æрцыд дæ лæгдзинад уæд хурда.[1]

Йæ хотыххæссæг хин лæгæн ысдæ,
Æмæ уыдтæ йæ сау аууоны ауон.
Ыстæй дæ «Хуыцау» фесхъиудта куыстæй,
Æмæ йæ ныр дæ маргæй марыс абон.

## ХАЛОНЫ УАЙДЗÆФ

Нырма у зымæг дард... Хуыцауыстæн, у дард. —
Цъæх уалдзæджы дæр залты мит ныуuары.
Мæ сонт æмгар, мæн батавдзæн дæ арт, —
Куы та ныуuара залты мит Къуыдары?

Æнæбындур уа, уа бындурон маст, —
Мæ зæрдæ мын æрбалхъивы аркъауæй.
Ызнон мæм халон джихтæгæнгæ каст,
Ныхxуырста мыл тæвд нæмыгау йæ фаутæ:

---

[1] Хурда — лыстæг æхца.

«Сæдæ азæй фылдæр хæссы нæ цард,
Сымахау мах кæрæдзийы нæ хæрæм.
Хуыцаумæ стут, хъæддæгты æрдонг, дард.
Цы базыдтат?! — Кæрæдзийы æфхæрын.

Кæмфæнды уæм, уæддæр нæ мыггаг — иу,
Æлдар нæм нæй, æмæ нæ фидæм хъалон.
Нæ хойæм мах лæгдæрдæнæй нæ риу:
Сæрибар у уæ цъаммар зондæй халон!

Цæмæн хъæуы сæрыкъуыдыры зонд,
Куы нæ йæ сиса халонау бæрзонд!?»

## БЫРÆГ

Нæдæр дзидза, нæдæр кæсаг у,
Нæ зæххыл сау калмау фæхилы.
Зæгъы йæхицæй уый: цæй саг у!
Йæ фыны аййæфта Эсхилы.

Йæ разы хорз лæджы куы марой,
Уæд æм уый дзаг цæстæй кæсы. —
Цыма ысуыдта холы халон,
Раст уыйау фырцинæй нæрсы.

Нæдæр сæн у, нæдæр мырæг,
Æмæ нæу адæммæ нымад.
Цымæ куыд ныййардта бырæг
Фыртæнхъæл а мæгуыры мад?

## ÆМБАРГÆ ЛÆГ

Уæ фыдæх ма 'ххуырсут æмбалыл:
Йæ хъысмæт алкæмæн лыг у, —
Поэт кæй не сси, уый æмбары
Æмæ зæвæттæсдæрæг у.

## ÆРÆДЖИАУЫ ЗОНД

Мæ хæлар дæ æви мын дæ ызнаг,
Уæддæр нæ иумæ сифтыгъта нæ дуг.
Æмæ куы ссарæм иумæйаг æвзаг,
Уæд масты маргæй нал рисдзæн нæ туг.

Хуыцау нын загъта: мæнæ уын Дзæнæт,
Мæ исбонæн йæ мад, йæ фыд у Зæхх.
Уæ удты рухсæй уый куы хæсса цъæх,
Уæд уе 'нусæн цы хъомыл у мæлæт!?

Хуыцау нын радта цин кæнынæн Хур.
Нæ амондыл кæнæнт нæ сæртæ сагъæс.
Ысфæлдыста хæдзар кæнынæн дур,
Хæстмонцæн æй дæ сау зæрдæйы ма хæсс!

Æз федтон цин, сæдæ хъæлæсæй зарыд,
Йæ алы зæл дæр азмæ аз æфтыдта.
Фæлæ фыдæхы пиллон арты сарыд,
Æрдæгсыгъд сугтау дардтой сау йæ фыдтæ.

Цы рамбылдтам: уыдыстæм мах ызнаг,
Æмæ нæм сау сынт кауы михæй уасы.
Мах не ссардтам уæлмонцгæнæг æвзаг,
Æмæ нæ сау лæг сау уæрдоны ласы.

Кæй ма хъæуы æрæджиауы зонд, —
Нæ тырыса нын нал сисдзæн бæрзонд!

## МА ТЫХС

Ма тыхс, мæ зæронд фыд, а лæппу зоны
Царды æфсургъæн йæ æхтæнгтæ балвасын,
Искæй раз никуы æрлæудзæн йæ зоныг,
Не 'руадздзæн иу къæм дæ дзыккуты халасыл.

Халæтты куывды йæ никæд ыссардзынæ,
Ничи йæ фендзæни уырыты балы,
Царды фæндагыл дын никæй фæсайдзынæн, —
Кадджын нæ уыд, цы, йæ рæстудæй Уалы!?

Фенæм, цы нæ айсой куыйтæ-хæдмæлхортæ
Æмæ сæ гамхудты райгуыргæ бардзтæ.
Де 'фсургъау уыдон нæ хастай хъæбæрхорæй,
Йе сæм дæ разы æрхауд, цы, лæг-бартæ!?

Уæдæ, мæ зæронд фыд, тохмæ кæм рараст дæн
Æмæ кæм ныууагътон авдæн мæ къæсы,
Де 'гъдау уым рахастон балцы фæндарастæн
Æмæ мæм царды фыдбылыз нæ кæсы!

## ХЪÆУУАТ

Уыдтæн æз амондджын дæ куыствæллад хъæбысы.
Æрмæст дæуæй зыдтон зæрдæрухсы рæвдыд.
Æмæ зæры бонтæм рæсугъд фынау дæу мысын:
Мæныл дæ аргъæуттæй уæлтæмæн цин æфтыд.

Сæрдыгон уахъæз-иу дæ дидиндæф æхсæвты
Ыскъæфта рухс арвмæ йæ тæнбазыртыл мæн.
Нымадта хъæубæстæ йæ хъæддзицц фырты сæфтыл, —
Кæй уарзта афтæ тынг ыстъалыты тæмæн.

Æфсирхъæлæс хуымтæн сæ хъисфæндыры цагъдæй
Цыма уа адджындæр дæ арвы бын зæххыл!?
Кæрдæгвæлыст рæгътыл мæйрухс изæрты тахтæн
Æнæрцæф барæгау æнæифтыгъд бæхыл.

Фæлмæн дымгæтæ йын йæ сау дзыккутæ фастой
Æфсургъыл тæхгæйæ дæ къæбæда фыртæн,
Æмæ йæ зæдæнгæс рæсугъд чызджытæ уарзтой.
Гъе уыцы къæбæда мæхæдæг æз уыдтæн.

Ныр дæр дæ къуыбыртыл кæйдæр æфсургъы фæдтæ
Куы фенын уалдзæджы, — æхсызгон цин хæссынц.
Цыма та лæппутæ Батырадзау сæ фæттæ
Хуыцауы къæсæрмæ уæлбæхæй ам æхсынц..!

Уыдтæ ды амондджын, мæ чысыл хъæу, дæ фырттæй.
Фæлæ сæ рафтыдтæ, æвæгæсæг фæдæ.
Цæмæн, цæмæн ма дæм фæстаг хатт æз æрцыдтæн
Мæ уды сагъæстæн, мæ зæрдæйы мæтæн!?

2001.25.12

## ДЗÆНÆТЫ ДЫРГЪДОН

Дзæнæты дыргъдоны æз цардтæн æвзонгæй.
Зыдтон дзы уæлæрвты тæхын.
Уыдтæн цыма расыг нæртонтæн сæронгæй,
Нæ хæцыдтæн уыйау зæххыл.

Уым булæмæргъ зарыд сæууон хъæды тарфы.
Йæ аргъау мын кодта-иу хуым.
Мæ амонды стъалы уым агуырдтон арвыл,
Æз уарзтон уым мæйы æрхуы.

Фæндырæй мын цагътой цъæх тулдзы сыфтæртæ,
Æхсæв мын рæвдыдтой мæ фын.
Гæдыбæлæстæ мын куывтой-иу сæ сæртæй,
Мæ дзыккуты уахъæз тæлфыд.

Уым сау дыуунæ цæсты ыссыгътой мæ зæрдæ,
Мыддзырагъау тади мæ уд.
Узæлыдысты мыл цæхæрдзаст изæртæ,
Чызгайы кæлæнгæнаг худт...

Дзæнæты дыргъдоны мæ рæстæг æрвыстон,
Зыдтон дзы уæлæрвты тæхын.
Дзæнæты дыргъдон у мæ чысыл Ирыстон,
Дзæнæтдæр нæма уыд зæххыл!

## ИРОН ÆВЗАГ

И если завтра мой язык исчезнет,
То я готов сегодня умереть.
Р. Гамзатов.

I

Æз иу зарæг зарын,
Фæлтæрмæ фæлтæр
Дæтты уый, фæдзæхсы:
Йæ цæрайæ цæр!
Ирыстон — мæ зарæг, мæ ныййарæг мад,
Ирыстон мæ ном у, йæ ном та — мæ кад!
У ме 'хсар, мæ катай, мæ сагъæс, мæ ныфс,
Ды дæр æй дæ риуыгуыдырыл ныффысс.
Фыццаг хатт кæм федтай уæларвæн йæ цъæх,
Фыццаг хатт кæм ацыдтæ къахыл,

Гъе уый у Хуыцауæй дæ райгуырæн зæхх,
Ызнæгтæн æй ма бауадз къахыр.
Ирыстоны Нана дæ авдæн уызта,
Дæ авдæнмæ зарыд Ирыстон,
Дæу рын æмæ сонæй дæ мадау хызта,
Дæ уды уидæгтæй йæ ма стон!
Ирыстон дæ мад у,
Ирыстон — дæ фыд,
Ирыстон дæ кад у,
Дæ уымæй рæвдыд!
Цы бон æз нæ хъусон Ирыстоны дзырд,
Нæ нывæфтыд фæндыры зарæг,
Ныссадзут мын уыцы бон уæлмæрдты цырт,
Ныккæнут мыл судзаггаг хъарæг!
Æз федтон цыдæртæ —
Æрыгон нæ дæн,
Мæ царды æндæртæн
Фысым дæр фæдæн,
Æз дæр сæм æгъдæутты æмбæлдтæн.
Нæ сын фауын се 'гъдау, фæлæ уын зæгъын:
Нæй Иры æгъдæуттæй рæсугъддæр зæххыл,
Кæн, алчи, дæ лауыз дæ мæрдтæн!

II

Хуыцауæй — нæ амонд, хæрзиуæг фæци:
Нæ мадæлон æвзаг нæ фарн у, нæ цин.
Йæ алы мыр дæр мын у цардæттæг зæл,
Мæ сины сæртыл дзы куы хæцын æз дæр.
Фыдæлты фарн йемæ æнусты хæссы,
Йæ алы дзырдæй дæр рæвдаугæ кæсы
Нæ фыдæлты æхсар, нæ фидæны хур,
У не 'гъдæутты æвзар, нæ дзаг мусы хор!
Сæдæ булæмæргъы — йæ алы мыры,
Сæ зарæг нывæндынц, æмæ мæ уырны:
Нæй уымæй рæсугъддæр, хъæздыгдæр, хуыздæр
Йæ хъуыды, йæ аппæй, нывæфтыд хуызæй!
Ирыстон у ме 'взаг, мæ ирон фæндыр,
Мæн ууыл мæ зарæг нывæндын фæнды!
Ирыстон дæ мад у, дæ фыд у, дæ хо,
Æмæ сын-иу макуы кæн, макуы тæрхон!

СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

*ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат*

# ИРОН РАДЗЫРД[1]

* * *

Секъайы радзырд хъайтары кæнæ хъайтарты цард сæ райгуырдæй сæ амæлæтмæ кæй æвдисы, уымæ гæсгæ хъайтар кæнæ хъайтартæ сæ сæйраг митæ куы бакæнынц, уæд ма уый фæстæ радзуры, чи дзы куыд баци, цы фæци, уыдæттæ дæр. Уымæ гæсгæ йæ радзырдтæн ис иухуызон финалтæ, уыдон сты эпилогты хуызæн, æмæ дзы уыдон куы нæ уаиккой, уæд се структурæйæн ахсджиаг цыдæр нæ фаг кæнид, уымæн æмæ Секъайы радзырдæн ис пролог дæр, ома цалынмæ хъайтарты æцæг истори (сæ мидархайд æмæ се 'ддаг архайды сюжет) нæ байдайы, уæдмæ сын радзуры йæ агъоммæйы хабæрттæ дæр. Райгуырд кæм ис, уым хъуамæ мæлæт дæр уа. Пролог кæм ис, уым хъуамæ эпилог дæр уа.

Арсенмæ нæй пролог, архайд цалынмæ нæ байдайы, уæдмæ персонажтыл цытæ æрцæуы, уыдонæй йæ чи бахъæуы (персонажæн йæ удыхъæд, йæ митæ бамбарын кæнынæн), уый кой æрæфтауы, цы цау кæнæ цаутыл дзуры, уыдон арæнты мидæг, ома йæ хронологонæй радзырды сæйраг архайды (цау кæнæ цауты) разæй не 'вæры, фæлæ йæ баиу кæны, ныртæккæ

[1] Кæрон. Райдайæн кæс «Мах дуджы» ацы азы 7 — 8 номырты.

цы рæстæгыл дзуры, уыимæ. Уымæ гæсгæ йæ нæ хъæуы эпилог дæр — радзырды цыбыр фæзуат æмæ цыбыр рæстæгон арæнты мидæг разынынц персонажтæн сæ мидархайд дæр æмæ се ’ддаг архайд дæр, разынынц дзы сæ фæлгонцтæ, разыны дзы авторы фæнд, йæ зæгъинаг, йæ идея. Арсены радзырд адæймаджы «рацахсы» йæ даргъ царды иу цахæмдæр афон, лыстæг æм ныккæсы, раиртасы йæ, равдисы йæ, стæй йæ «фæуадзы». Уыцы афоны мидæг разыны йæ ивгъуыд дæр æмæ йæ фидæн дæр.

Ай-гъай, уый æппындæр афтæ нæ амоны, æмæ Секъайы аивдзинад Арсенимæ абаргæйæ ныллæгдæр у кæнæ мæгуыраудæр. Алкæмæ дæр дзы ис йæхи аивтæ, алкæмæ дæр дзы йæхирдыгонау у бæрзонд. Мах хъуамæ нæ зæрдыл кæддæриддæр дарæм, зæгъгæ, царды рæстдзинад æмæ аивады рæстдзинад не сты æмхуызон, кæрæдзи æмбæрзæг, кæрæдзийыл æххæссæг æмбарынæдтæ. Раст у, царды рæстдзинад у аивадон рæстдзинады бындур, йæ цардæттæг суадон. Раст у, царды рæстдзинад у сæйраг жанраразæг фактор. Фæлæ аивад нæу царды хуымæтæг, комкоммæ халдих, хуызист. Царды бирæ цыдæртæн сæ бон у, æмæ æппындæр ма цæуой аивадмæ, уымæн æмæ аивадæн æнæмæнгхъæуæг цы нæ уа, йæ аккаг цы нæ уа æмæ йын лæггад цы нæ кæна, уый хъуамæ ма иса йæхимæ, исгæ нæ, — æввахсдæр æй ма уадза йæхимæ. Царды рæстдзинад хъуамæ кæддæриддæр суа аивадон рæстдзинад, кæннод царды раз уыдзæн къæмдзæстыг, царды домæнтæн дзуапп нæ дæтдзæн.

Секъайы алы радзырды дæр ис егъау æрмæг, æвдисы хъайтары кæнæ хъайтарты цард сæ райгуырдæй сæ амæлæтмæ, æвдисы йæ фæд-фæдыл, иу цауæй иннæ цаумæ, ис дзы уацауы кæнæ романы æрмæг, фæлæ уæддæр у радзырд, уымæн æмæ уыцы æрмæг фæлгъауы радзырды жанрон фæрæзтæй, радзырд æй йæхимæ æрбайста, æмæ йæ йæхимæ гæсгæ, йæ формæмæ гæсгæ æрхион кодта. Хъайтары царды цаутæ се ’ппæт нæ, фæлæ сын исы сæ сæйрагдæртæ, сæ зынгæдæртæ, йæ хъысмæты кульминацион моменттæ, уыдон фæрцы раргом вæййынц хъайтары фидар, æхсарджын миниуджытæ, ирон национ характеры бæллиццаг бæрджытæ. Уыцы цауты æхсæн цытæ æрцæуы, уыдонæн кæнæ уæлæнгай сæ кой скæны, ранымайы сæ, кæнæ та бынтондæр не скæны сæ кой, æмæ иу цау иннæмæ бабæтты йæ зынгæ амалæй: «Афонтæ цыдысты. Рæстæг хатти». Æмæ кæд дзургæ радзырдæн (таурæгъæн) куыд æмбæлы, афтæ нын дзургæйæ бирæ цыдæртæ раргом кæны йæ хъайтары цардæй

æмæ удыхъæдæй, уæддæр нын сæ сæйраджыдæр раргом кæны æвдисгæйæ. Хаттæй-хатт йе 'вдисгæ ныхас фескъуыны йе 'ндæр зынгæ амалæй: «Цы дардыл дзурын», «Иу дзырдæй», æмæ фæзæгъы иу кæнæ иннæ фембæлд, иу кæнæ иннæ цау, иу кæнæ иннæ быцæу, иу кæнæ иннæ æнкъарæны фæстиуæг.

Секъа æмæ Арсенæй алчи дæр сфæлдыста йæхи аивадон дуне, алчи дæр дзы йæхирдыгонау — йæ курдиат, йæ цæстæнгас æмæ йæ удыхъæдмæ гæсгæ — царды рæстдзинадæй скодта аивадон рæстдзинад, алкæмæ дæр дзы ис йæхи жанрон хæдхуыз миниуджытæ, бирæ цæмæйдæрты хицæн кæнынц кæрæдзийæ, фæлæ не сты кæрæдзийæн æцæгæлон.

Арсенмæ — кæмдæр 20-æм азты райдайæнмæ — сæйраг у æхсæндзард, æнæзмæлгæ, æнæивгæ æхсæндзард, мæнæ цыма æнустæм ныффидар, ныддæвдæг, ныхъхъæбæр, йæхи мидæг нындзыг, афтæ. Сæйраг уымæн у, æмæ дзы цы адæймæгтæ ис, уыдон сты йæ хæйттæ æмæ йæ хотыхтæ, сты йе 'гъдæуттæ, йæ фæндиæгтæ æмæ йын йæ монцтæ механиконæй æххæстгæнджытæ. Уыцы монцтæ сты бындуронæй биологон-цæрæгойон: хæрд æмæ нозт (сæ иугæндзон мæт), хæлæг æмæ цытуарзон (иу дзы иннæмæй æнæлæгдæр нæу), мастисæн æмæ æгъатырдзинад. Арсены персонажтæ кæд цæмæйдæрты хицæн кæнынц (сæ социалон уавæрæй, сæ нацийæ, сæ хъаруйæ), уæддæр сты иухуызон, иуы дзы иннæмæй баив, иннæйы бынаты йæ æрæвæр, — ницы сæм аивдзæн. Зæхкусджытæ Тедо æмæ Симон сты æлдар Гарсеван æмæ йæ фæсдзæуинты хуызæн: æлдары фырт Миха Тедойы схуыдта бæх æмæ галы хуызæн, фæлæ фосæй уæлдай не сты сæхæдæг дæр. Пъырыстыф Топтыго æмæ бæхдавæг Батырбег — иухуызон: иу стигъæг дзы иннæ стигъæгæй кæд йæ маст райста, уæддæр сты «хæлæрттæ». Зæхкусæг Гиго æмæ сауджын Иосеб, Тега æмæ Тасолтан, Саукуыдз æмæ Батрадз, Хъуыдайнат æмæ Степан — адонæй алчи дæр у йæ ныхмæлæууæджы хуызæн. Алчи дæр дзы кæны, æхсæндзард ын цы «спрограммæ» кодта, уыцы ми. Зæгъæм, искæй дзы нæ бафæндыд уыцы ми саразын, уæддæр ын æй æхсæндзард саразын кæндзæн. Уыдон кæд хъуыды кæнынц, уæд æрмæст ууыл, куыд хуыздæр сæххæст кæной æхсæндзарды домæн æмæ фæтк, сæххæст æй кæной æхсæндзарды социалон, моралон æмæ психологон арæнты мидæг, цæмæй æхсæндзард уа, куыд уыд æмæ куыд у, афтæ. Уыдонмæ нæй æхсæндзардæй æнæразыдзинад, уымæн æмæ сæхæдæг сты уыцы æхсæндзард.

20-æм азты райдайæнæй кæмдæр 30-æм азты райдайæнмæ Арсены радзырдты æрцыд ивдтытæ. Зæгъæн ис, адæймаг æм нал у æрмæст æхсæндзарды хай æмæ хотых. Арсены реализм кæд раздæр тынг хицæн кодта Секъайы реализмæй, уæд æм ныр цыма фæзындысты Секъайы конфликттæ æмæ хъайтарты миниуджытæ. Секъамæ кæд æхсæндзард амоны хъайтарæн йæ уавæр, йæ хъысмæт, кæд æхсæндзард нæ ивы æмæ нæ аивы хъайтары хъысмæт дæр, уæддæр хъайтар сысты æхсæндзарды ныхмæ, æгъдауы ныхмæ, тох кæны йæ амонд, йæ сæрибар æмæ йæ уарзты сæрвæлтау. Уый нæу йæ ныхмæлæуджыты хуызæн æмæ сын бæлвырд кæны йæхи сæрмагонд рæстдзинад.

Радзырд «Афтæ дæр вæййы», зæгъгæ, уым мæгуыр, кусаг, æвæццæгæн, дзæбæх лæппу Саугудийæн йæ бон бафидын нæу ирæд, фæлæ йæ бон æнæ Дзерассæ цæрын дæр нæу, æмæ йæ каис Хосдзауы фос сусæгæй давын байдыдта æмæ йын афтæмæй бафыста йæ ирæд. Дæс боны ацарди Дзерассæимæ æмæ кæмдæр бæхтæ давгæйæ мард фæци. Саугудийы фесæфта æхсæндзард, æмæ йæ мæлæтæй, стæй йæ удисыны размæ цы загъта («Хуыцау ма ныббарæд мæ каис Хосдзауæн — уый тыххæй фæцахуыр дæн давыныл!»), уымæй рацыд æхсæндзарды ныхмæ, кæд йæ хотых сси æмæ йæ амæддаг фæци, уæддæр.

Радзырд «Фынддæс азы», зæгъгæ, уым дæр Хъæвдын уыди кусаг, хорз лæппу, фæлæ йæ Годах йæ галиу хъус куы алыг кодта (сæ чызгимæ симгæйæ йын æнæбары йæ риуыл йæ рæмбыныкъæдзæй кæй анцад, уый тыххæй), уæд куыройы сбадт, æнхъæлмæ каст Годахы фырт Батрадзы бахъомылмæ æмæ йæ æвирхъау мард акодта, йæ маст райста, стæй Батрадзы кæстæр æфсымæры къухæй йæхи дæр амарын кодта. Хъæвдын, йæхи амарын кæнгæйæ, рацыд æгъдауы ныхмæ, мары йæ, кæд йæ хотых сси, уæддæр.

«Царды зилдухæны», зæгъгæ, уыцы радзырды санибайаг сыгъдæг, æфсæрмдзæстыг лæппу Буцæ ахауди Бетъырбухмæ, ахуыр кæнынмæ, базонгæ студенткæ Аннæимæ, стæй æндæр сылгоймæгтимæ, æмæ кæд сæхимæйы цард æмæ амы цард ныхæй-ныхмæ æвæрдта, канд ирон патриархалон хъæу æмæ уырыссаг капиталистон сахар нæ, фæлæ ма дыууæ адæмы дæр, уæд фæстагмæ амы цардыл афтæ сахуыр, æмæ йæ æгасæй дæр йæхимæ аздæхта, йæхи йæ бакодта. Амы æхсæндзардимæ сæмбæлгæйæ (сты дзы, йæ алыварс чи ис, уыдон иууылдæр — уырыссагæй, иронæй), сæхимæйы æхсæндзардимæ йæ баргæйæ,

сæхимæйы æхсæндзард хуыздæр хонгæйæ (æниу уый хуыздæр нæу — Арсены æвдыстмæ гæсгæ, дыууæ раны дæр ис чъизи, ныллæг монцтæ, уыцы нымæцы уарзты дæр), амы æхсæндзардæн йæ ныхмæ не слæууыд, фæлæ сси йæ хуызæн. Буцæ йæхи æрцауыгъта æмæ уымæй рацыд æхсæндзарды ныхмæ, кæд йе 'рдзон хай сси, уæддæр.

Арсены персонажтæ хъуыды кæнын байдыдтой, æхсæндзарды нормæтæ куыд хуыздæр сæххæст кæной, ууыл нæ, фæлæ æхсæндзардæн йæхиуыл, цахæм у, æмæ сæ цытæ аразы, ууыл, сæхи йæ ныхмæ æвæрын байдыдтой. Фæирддæр дзы сты йæ социалон æмæ национ, моралон æмæ психологон ныхмæвæрдтæ, конфликттæ. Уымæ гæсгæ дзы ис змæлгæ, ивгæ персонажтæ. Уый Арсены реализмæн уыди ногдзинад.

Уыцы ногдзинад уæлдай тынгдæр фæбæрæг вæййы, адæймаг куы бамбары — иумæйаг адæймагон гуманизмы позицитæй — хорз æмæ æвзæры хицæндзинад (æвзæр у ирæд æмæ давын, æвзæр у тугисын, æвзæр у хæтын æмæ а. д.) æмæ конфликтон ситуацийы æвзæримæ комкоммæ, лæгæй-лæгмæ куы сæмбæлы, уæд. Радзырд «Саломи»-йы ус-хъайтар йæ национ æмæ йæ сылгоймагон намыс гуырдзиаг тыхгæнджыты къæхты бын æрæвæрыны фæлтау, худинаг фæуыны фæлтау йæ чызджыты дæр æмæ йæхи дæр къардиумæ аппæрста. Диссаг у, фæлæ уыцы конфликт тыхджындæр æвдисы абоны, ома 1920 азы цардыл фыст нæ, фæлæ ивгъуыд цардыл фыст радзырд «Тохы бон». Хохаг мæгуыр лæг Додти сугтæ æрласта Дзæуджыхъæумæ, ауæй сæ кодта, дуканимæ бацыд истытæ æлхæнынмæ æмæ йын уæйгæнæг йе 'ртæ сомæй дыууæ сомы куы нæ раздæхта, Додти сæ куы иста, уæд уæйгæнæг загъта: «Ацы гололобыймæ кæсыс? Афтæтæ кæнынц. Сыбырмæ сафинаг сты иууылдæр!» Æмæ сын загъд куы бацайдагъ, уæйгæнæг Додтийы куы ныццавта, уæд æй Додти хъамайæ барæхуыста. Расырдтой Додтийы базаргæнджытæ, йæ фæдыл ныххал сты уынджы, цалдæры ма дзы барæхуыста, фæлæ йæ куы 'рбаййæфтой, уæд æй афæлдæхтой æмæ йæ хъилтæй, дуртæй, къæхтæй æмæ æндæр цæвæнгæрзтæй «æрра куыдзы» мард акодтой. Социалон æмæ национ æфхæрдæн нæ бабыхста Додти, хъæбатырæй стох кодта йæ ныхмæ. Радзырд «Æнхъæл нæ уыдысты», зæгъгæ, уым бынтондæр ницы иухуызондзинад ис æлдар Леуан, йæ чапартæ, пъырыстыф, йе стражниктæ, иуырдыгæй, æмæ иннæрдыгæй — Захъоры зæхкусджытæн. Леуан фæфылдæр кодта зæхкусджыты

хъалон æмæ йе 'мбырд кæнынмæ куы 'рбацыдысты, зæронд Гарсеваны фос тыхæй куы скъæрдтой, уæд йæ фырт чапартæй иуы михæй æрриуыгъта, йæхи та йын сбастой. Леуан йæ чапартимæ Захъормæ куы 'рбацæйцыд, уæд сæ чидæр хъæдæй хъахъхъæдта, æмæ Леуанæй йæхи æмæ йын йæ чапартæй иуы амардта. Радзырд «Саломи»-йы ус-хъайтар бартхъирæн кодта гуырдзыйы æфсадмæ, зæгъгæ, нæ уын батайдзысты ацы мæстытæ, ацы æфхæрдтытæ, ома йæ ныфс ис рæстаг адæмы фæуæлахизæй, уæд ам та канд дзургæ нæ кæнынц, зæгъгæ, «ахæм царды уагæн бирæ ахæссæн нæй», фæлæ ма — йæ уæлвæд — Ахалгорæй æрбацыди бирæ адæмы къорд æмæ фехъусын кодтой, зæгъгæ, тугцъир хицауад нал ис, падддзах Никъала йæ бынатæй æппæрст æрцыд æмæ фæуæлахиз революци. Ам æлдар æмæ зæхкусджыты æхсæн цы ахаст ис æмæ радзырд «Цуанонтæ»-йы æлдар æмæ зæхкусджытæн цы ахаст ис, уыдонæн кæрæдзимæ абарæн дæр нæй, кæд дыууæ радзырды дæр, стæй ма радзырд «Гигойы куадзæн» дæр иу ранæй, иу рæстæгæй райстой се 'рмæг, уæддæр (1902 — 1906 азты Арсен Захъоры ахуыргæнæгæй куы куыста, уыцы рæстæгæй), уым фыццаг уырыссаг революцийы заман цы хабæрттæ æрцыд æмæ уыдта, уыдон фендæрхуызонгондæй рахаста дыккаг революцийы заманмæ.

Арсенмæ хæст, революци йæ радзырдты персонажтæм, сæ къуындæг æмæ æхгæд дунемæ цыдысты фæрсырдыгæй, æддейæ, кæцæйдæр, цахæмдæр æбæрæг ранæй. Æддейæ æрбабырстой Саломи æмæ йæ хъæубæстæм гуырдзыйы æфсад. Æддейæ æрбацыдысты захъойрæгтæм æлдар Леуан, пъырыстыф æмæ сæ фæсдзæуинтæ, æддейæ сæм æрбацыдысты революцийы уацхæссæг адæм. Æмæ дзы алкæй дæр ис йæхи мæт (зæронд Гарсеваны фырты куы сбастой, уæд йæ сæрыл ничи сдзырдта, «иууылдæр сæхи ницы уынæг скодтой»). Радзырд «Хус къæбæртæ»-йы æдде цæттæ кæнынц революцион растад, студент-медик Тембол та æххормаг у æмæ, цы бахæра, ууыл у йæ иугæндзон мæт, катай. Иу салдат ын рауæй кодта 10 джиранкайы хус къæбæртæ, уынджы сæ цæугæ-цæуын хордта: «Тембол æмбæрста, цæуджытæ йæм хæлæджы цæстæй кæй кæсынц æмæ-иу барæй тынгдæр къæрццытæ кодта». Иу ран ын сæ милиционертæ байстой, йæхи йын ауагътой, тæригъæд, дам, у (сауджын Иосеб Гигойы куадзæны хъыбыл куы ахаста, уæд гыццыл чызгæн куыд фæтæригъæд кодта, зæгъгæ, мидæмæ йæ

акæнут, фæпрастуд уыдзæн, афтæ). Тембол нæ зоны, «хуыздæр разындзысты большевиктæ æви æвзæрдæр!, фæлæ сæ хотыхтæ æхсын куы байдыдтой, уæд ахъуыды кодта: Цыфæнды уæд, цыфæнды уæд!.. Керенскийы дугæй хуыздæр йеддæмæ фыддæр нæ уыдзæн!», хъæрæй та сдзырдта: «Цæвут, пулеметтæ! Цæвут, сармадзантæ! Цардæн уаг скæнут!» Радзырд «Куыд мын алыгъдис!»-ы дæр дзурæг-персонаж мидхæсты заман, Мæскуыйы æрмæст кæны йæ гуыбыны мæт, иу нард куыдзы йæ фæдыл хæдзармæ ссайдта, фæлæ сыхæгты хæдзарæй цы лæгтæ рацыд, уыдонæй фæтарст æмæ алыгъд. Йæхи дзæбæх бафсадынæй стырдæр мæт æй нæй .

Ам бæрæг кæнын байдыдта Арсены радзырды ног структурæ. Æддейæ цæуы социалон ивдтытæ, фехæлд зæронд дуг æмæ ралæууыд ног дуг. Адæм сæ «хæрв» аппæрстой, скодтой ног дуджы «хæрв», ома йын райстой йе 'ддаг уынд, фæлæ сæ миддуне куыд уыд, афтæмæй баззад. Уыдон пайда кæнынц ног дуджы лозунгтæ æмæ домæнтæй сæхи бавæрынæн, сæ меркантилон, эгоистон тырнæнтæ сæххæст кæнынæн. Уыдонæй алчи дæр иннæтæй хъуамæ хуыздæр цæра, хъæздыгдæр уа, бæрзонддæр бынат ахса, цæмæй йæм иннæтæ хæлæг кæной, иннæтæм стыр æмæ кадджынæй зына, дисæн æй хæссой (Тедо æмæ Симон, Топтыго æмæ Батырбег, Гиго æмæ æндæрты миниуджытæ), алчи дæр дзы дзура иухуызон, араза — æндæрхуызон (сауджын Иосебы миниуæг), уа æгъатыр æмæ тугмондаг, чи йæ хъыгдара, чи йæ æгад кæна, уыдонæй йæ маст куы иса, куы сæ куынæг кæна, уæд (радзырд «Сæумæрайсом»-ы персонаж Батрадз, Хъæвдын, Хъуыдайнат æмæ æндæрты миниуæг) æмæ а. д. Иу дзырдæй, зæронд дуне æрцыд ног дунемæ, æрцыд æм йе 'ппæт миниуджытимæ дæр æмæ дзы йæ кæнон кодта.

Ног дуджы цæргæйæ, Арсены персонажтæ нæ иу кæнынц йемæ, нæ ивынц йемæ. Уыдонæн гæнæн ис, æмæ уой бирæйæ иумæ, гæнæн ис, æмæ уой иугæйттæ. Радзырд «Дадолты мæт»-ы Къамады хъæу æгасæй дæр у зæронд дуне. Ног дунейæ иппæрд, дард кæмдæр. «Хорз хъæу у Къамад», — зæгъы Арсен æмæ нын йæ «хорз» раргом кæны йæ цæсты раз. Худгæ йыл кæны, фæлæ тæригъæдгæнгæ (радзырдтæ «Цуанонтæ», «Гигойы куадзæн» æмæ æндæрты куыд у, афтæ). Арсены худт, йæ юмор, йæ ирони хъæлдзæг, æнæмæт нæу, фæлæ у æнкъард, æнтъыснæг.

Радзырд «Æнæхъус Карум»-ы дæр ахæм худт ис. Карум

духаны куы анызта, уæд нырриуыгъта «Исахъхъы зарæг» (ома ног дуджы зарæг, революци æмæ советон цардæвæрды сæрыл тохгæнæг хъайтары зарæг), ног дуджы цæсгом ыл ис, фæлæ ног дуг йæхæдæг йæ мидæг нæй. Хæрд æмæ нозт сты йæ сæйраг монц, иу кæнæ иннæ духаны цурты куы фæцæйцæуы, уæд йæ комыдæттæ æркæлынц. Уый фæсмон кæны, йæ ус Нинæйы сахармæ йемæ кæй ракодта, ууыл, дзæбæх ацæл кæнын, дам, нæ бауадздзæн. Сæ базайрæгтæ куы ауæй сты, уæд бахъынцъым кодта: «Раздæр æй арвитид, æмæ æнæ дзауматæй куы нæ акома... Дзауматæ алхæнид раздæр, æмæ дзы ацæл кæнынæн фаг куы нæ аззайа». Духаны хицау ын йæ хардз куы 'рнымадта, уæд «фыццаг джихæй аззади, стæй фелвæста æхцатæ, сойæдзаг кæлмæрзæны тыхтæй, æмæ сæ фынгыл æрцавта:

— Кæй тæрсын кæнынц... адон?! Карум дæн, уый нæма зонынц, æнхъæлдæн!», ома Арсены кæддæры персонажтау йæхимæ кæсы стыр, адæм кæмæ хæлæг кæнынц, ахæм адæймаг. Расыгæй йын хуы йæ хъус куы бахордта, уæдæй фæстæмæ йын æнад фестадысты Цхинвалы кой æмæ хъусы кой, фæлæ йæхæдæг йæхицæн æгад фестад, уый бæрæг нæу. Æвæццæгæн, нæ, — æнæ хъусæй дæр, раздæр цы уыд æмæ куыд уыд, афтæмæй баззади, Сымсийы бинонтæ, дæсны Бигуноны фæдзæхст куы нæ сæххæст кодтой, уæд куыд нæ аивтой, афтæ — ногæй сæхи дæсны фæрсынмæ цæттæ кæнын байдыдтой.

Радзырд «Цы 'рцыди Фæзыхъæуы æмбисæхсæв», зæгъгæ, уыцы радзырды Тамарæ у Арсены сахайраг хæлд сылты хуызæн (Калачы хуымæтæджы нæ царди). Рæсугъд нæ уыд, фæлæ лæппуты æрра кодта — цæмæй? — «уарзон цæстæнгас æмæ мидбылты худтæй». Сæрра кодта Габойы дæр, æхца йæм кæй ис, уый зонгæйæ, йæ «гуыбын» дзы федта аккаг амæддаг. Советон хицауад куы ралæууыд, уæд, Арсены иннæ персонажтау, уый дæр ивгæ нæ акодта, фæлæ ног дуг сылгоймагæн цы сæрибар радта, уый фарсхæцæг æмæ сæрхъуызой йæхи скодта, цæмæй йæ цы фæнды æмæ куыд фæнды, афтæ кæна, йæ биологон-эгоисон монцтæ суæгъд кæна æмæ сæ алывæрсыгæй æфсада. Уыцы монцтæ æвзæрын æмæ цырын кодта фæсивæдмæ йæ бакастæй дæр, йæ ныхасæй дæр, йæ митæй дæр. Йæ бæгънæг урс зæнгтæм-иу цы лæппу фæкомкоммæ, «уый-иу бауадзыгмæ бирæ нал хъуыди», тамако афтæ рæсугъд дымдта, æмæ-иу æм лæппутæ кæсынтыл фесты. Сылгоймæгтæн дзырдта: «Цæут, кæдæм уæ фæнды, уырдæм, цæрут, цы нæлгоймæгтæ тынгдæр

уæ зæрдæмæ цæуынц, уыдонимæ! Ныронг уыдон æвзæрстой, ныр та хъуамæ мах æвзарæм!» Бирæтæ йæм нæ хъуыстой, бирæтæ йыл худгæ дæр кодтой. æлгъгæнгæ йыл худы Арсен дæр. Габоимæ куы бацæра, уæд: «Кæд æмæ йæ зæрдæ æндæр лæгмæ бахъаза, уæд æй чи хъуамæ баурома — сæрибар ма цæмæн æрцыди! Цæргæ Габоимæ кæндзæн, æнæуи та йæ бар йæхи». Тамарæ, дам, зæрдиагæй байдыдта кусын сылгоймæгты æхсæн. Цæмæн? Иуæй, ног дуг цы «сæрибар» расидт æмæ радта, уый номæй биноныг æмæ фидар кæндзæн йæхи уды мондаг, йæхицæн æхцон сæрибар (цъаммар, æнаккаг сæрибар), иннæмæй та — уыцы куыст, сылгоймæгты æхсæн агитацион, пропагандистон куыст ног дугæн æмæ ног дуджы цæсты ныма́д, кады хъуыддаг у, æмæ адæмы æхсæн кадджын уыдзæн, хæлæг æм куыд кæной, куыд æй нымайой æмæ дзы куыд тæрсой, афтæ. Тамарæ æмæ Габо дыууæ сывæллоны амардтой, хуыдоны бын сæ хъуамæ баныгæной. Леуан сæ куы баййæфта сæ фыдгæнды уæлхъус, уæд сæ фехста, æмæ фехста йæхи дæр. Уымæй Арсен цыма бæлвырд кæны, йæ иумæйаг адæймагон гуманизмæй чи гуыры, уыцы хъуыды: цардыл куы ныссагъæс кæнай æмæ йæ куы бамбарай, цардæй дæр æмæ дæхицæй дæр разы куы нæ уай, уæд хъуамæ, Хъæвдын æмæ Буцæйау, дæхи амарай æмæ афтæмæй тæрхон рахæссай цардæн дæр æмæ дæхицæн дæр, рахæссай йæ дæ ницæйагдзинадæн. Фæлæ уыцы хъуыды ам у вазыгджындæр æмæ конкретондæр: Арсен, иуæй, тæрхон хæссы, йæ ных цæвы, ног дуг Тамарæйæн цы сæрибар радта, уымæн, иннæмæй та — аххосджын сты Тамарæ æмæ Габо нæ, фæлæ ма аххосджын у Леуан дæр — сывæллæттæн йæ бон баххуыс кæнын уыд, фæлæ сын нæ баххуыс кодта. Леуан азымджын у æнæмæнг, æмæ йын йæ намыс — иумæйаг адæймагон намыс — амарын кодта сывæллæтты марджыты дæр æмæ йæхи дæр.

**Æрæджиау бафтауæн:**

Æз, æвæццæгæн, Арсен советон дуджы цард куыд æвдыста, уый тыххæй алывæрсыгæй, стæй фаг бæлвырдæй нæ загътон.

Арсены æвдыстмæ гæсгæ, революци, ног цард не 'взæрд адæмы уд æмæ зондæй, сæ мидбæллиц æмæ сæ миддомæнæй, фæлæ сын æй ныббастæуыд æдде, æрхастой сын æй æмæ сын æй бар-æнæбары сæ ахсджиаг, сæ уарзон скодтой, адæм ног цардмæ гæсгæ аивтой сæ «хæрв», се 'ддаг æгъдæуттæ, се 'ддаг

архæйдтытæ æмæ змæлдтытæ, сæхи йын иузæрдыг фарсхæцæг æмæ нывондаг скодтой, цæмæй йæ карз фыдæхы амæддаг ма фæцадаиккой.

Революцион зарджытæ кæнгæйæ, советон «дзыхæй» дзургæйæ, Карумтæ, Тамарæтæ æмæ æндæртæ не систы ног адæймæгтæ, кæд нын уымæй ног паддзахад æмæ ног идеологи стыр зæрдæтæ æвæрдтой, кæд нын иугæндзон уырнын кодтой, махмæ, дам, райгуырд æмæ байрæзт ног адæймаг, уæддæр. Арсены æвдыстмæ гæсгæ, адæймаг къæссавæлдæхт нæ фæци, цахæмдæр ног адæймаг нæ фестад, фæлæ баззад адæймагæй — йæ мидныхмæвæрдтимæ, йæ хорз æмæ йе 'взæримæ, йæ биологон, йæ социалон æмæ йæ национ миниуджытимæ æмæ бæрджытимæ.

Мæнмæ гæсгæ, ногæй бакæсинаг у ирон советон литературæ, уæлдайдæр мидхæст æмæ коллективизаци, социалистон арæзтад æмæ хæрзæгъдау чи 'вдыста, уыцы уацмыстæ. Уым цы «аивадон æцæгдзинад» ис, уый реалон æцæгдзинадæй кæнгæ, цæугæ æмæ фæлдисгæ у æви нæ? Реалон æцæгдзинад кæм нæ уа, уымæн «аивадон æцæгдзинад» схонæн ис æви нæ? Цард сæ йæхæдæг домдта, йæхæдæг сæ фыссын кодта сæ автортæн æви сæ домдта, фыссын сæ кодта политикон-идеалогон цензурæ? Царды диктатурæ æви партийы диктатурæ? Æвæццæгæн, царды рæстдзинадæй куы бæрæг кæнæм уыцы уацмысты аивадон рæстдзинад, уæд тас у, бирæтæ дзы нырмæйау аивадон куынæуал разыной æмæ сын аивадон ахадындзинад куынæуал уа, уымæй. Фæнда нæ, нæ нæ фæнда, уæддæр сын хъуамæ царды рæстдзинадмæ гæсгæ аргъ скæнæм.

* * *

Ирон прозæйы йæ равзæрдæй суанг 30-æм азтæм уыд æмæ рæзти æрмæст иу жанр — радзырды жанр. Нæ дзы уыд нæдæр уацау, нæдæр роман. Зæгъæн ис, радзырд уыд «ирон национ жанр».

Цæмæн афтæ рауад, зæгъгæ, уымæн ис объективон æмæ субъективон аххоссæгтæ. Объективон — уый у ирон адæмы æхсæнадон æмæ культурон рæзты уаг æмæ уавæр. Субъективон — уый та, кæд рæстæгæй кæнгæ у, уæддæр хæдбар фактор уæвгæйæ, у ирон прозаикты «уды конд», курдиаты индивидуалондзинад.

Фольклоры заман нæм куы фæци, куы снаци стæм, куы нæм

фæзынд фыссынад æмæ мыхуыргæнæн тæрх, уæд нæм поэзи æмæ драматургиимæ хъуамæ фæзындаид прозæ дæр. Уымæн дæр йæ аивадон «суадæттæ» хъуамæ уыдаиккой национ фольклор æмæ æндæрнацион прозæ, бæлвырддæр дзургæйæ, хъуамæ уыдон руаджы, уыдон æххуысæй фæзындаид. Секъа-прозаикыл кæд æндæвта æндæрнацион прозæ (зæгъæм, гуырдзиаг прозæ, стæй гуырдзиаг æвзагмæ тæлмацæй æндæр национ прозæ дæр), уæддæр ыл сæйраджыдæр æндæвта ирон дзургæ сфæлдыстад, йемæ йын уыд хицон, интимон бастдзинæдтæ, уæлдайдæр йæ сæйраг жанр — нæртон эпосимæ. Адæмон эпикон мидисы бæсты хъуамæ фæзындаид ног эпикон мидис, æмæ уыцы мидис Секъамæ йæхи равдыста радзырды мидæг. Секъамæ сæйраг у хицæн адæймаджы хъысмæт, алыхуызон хъайтарон æмæ æнæхъайтарон миниуджытæ кæмæ ис, æхсæнад йæ ныхмæ кæй растын кæны, æхсæнады цæфтæ кæуыл æруайынц æмæ сын йæхи цæфтæй дзуапп чи дæтты, ахæм адæймаджы хъысмæт.

Секъамæ ис «цæттæ фабулæтæ», цахæмдæр æцæг адæймæгтæ æмæ æцæг цауты историтæ, адæм кæй бахъуыды кодтой, ахæм удæгас историтæ. Уыдон уыдисты адæммæ, хæлиу кодтой адæмы æхсæн (мæнæ «бæхылбадæг» уацтау, хабæрттау, дам-думтау), фæлæ не систы фольклор, кæмдæр фольклор æмæ литературæйы æхсæн дзæгъæлæй хъеллау кодтой, æмæ сæм Секъа куы багуыбыр, хæдбар уацмыстæм сæ куы ’рбахуыдта, уæд систы литературæ. Афтæмæй сæ иста фольклорæй нæ, фæлæ цардæй.

Кæд сæ Секъа дзурæгау кодта, кæд æм сты дзургæ радзырдтæ, уæддæр сæ исчи хъуамæ хъусгæ ма кæна, фæлæ сæ бакæса. Секъа фыста йæхи уацмыстæ, уыдон адæмæн гом кодтой, адæм цы зыдтой, фæлæ цы нæ зыдтой, ахæм дуне, Секъа сын æй цыма базонын кодта фыццаг хатт. Уымæ гæсгæ йæ уацмыстæ сты фольклорон таурæгътæ нæ, фæлæ литературон таурæгътæ. Секъа йæ уацмыстæ фæлдыста дзурынæн æмæ хъусынæн нæ, фæлæ мыхуырæн æмæ «цæстытæй» кæсынæн. Уый кæд формалон «æддаг» миниуæг у, уæддæр амоны фæльклорон уацмыс æмæ литературон уацмысы æхсæн хицæндзинад, сæ иуы аивадон структурæ дзы хъуамæ мауал уа се ’ннæйы аивадон структурæйы хуызæн. Фольклор литературæмæ куы хызт, уæд, уый иуæй-иутæн бауырнын кодта, зæгъгæ, дзургæзаргæ уацмысæн автор нæй, фыст уацмысæн ис — чи йæ ныффыста, чи йæ ныммыхуыр кодта, уый у йæ автор. Байаты Гаппо

фыста, зæгъгæ, Къубалты Алыксандр, Æмбалты Цоцко æмæ Гаппо йæхæдæг алыхуызон кадæггæнджытæй цы адæмон уацмыстæ ныффыстой æмæ мыхуыры кæй рауагътой, уыдон сты сæхи сæрмагонд уацмыстæ.

Секъамæ хъайтартæн ис райгуырд æмæ мæлæт, ома сæ сæ райгуырдæй ахæццæ кæны суанг сæ мæлæтмæ, бакæны сын æмæ сын сæхгæны сæ дуне. Афтæ у фольклоры дæр. Архайд фæци æмæ уацмыс дæр балхынцъ, дарддæр дзы дзуринаг, æвдисинаг ницыуал ис. Фæлæ ахæм кæрон дæр Секъамæ æххæст фольклоры хуызæн нæу, уымæн æмæ эпосы нæй хъайтары мидуды змæлдтытæ, сты дзы æрмæст йе 'ддаг архайдтытæ. Уыдон дæр сты статикон, ома дзы æцæг змæлд нæй, уымæн æмæ дзы æвдыст нæ цæуы хъайтары эволюци иу архайдæй иннæ архайдмæ, иу уагæй иннæ уагмæ. Секъа та æвдисы хъайтарæн йæ мидархайд дæр æмæ йе 'ддаг архайд дæр, ис æм сæ дыууæйы эволюци дæр, кæрæдзийæ хицæнгондæй нæ, фæлæ иумæ, æмæ йæм кæд хъайтар, æмткæй райсгæйæ, ивгæ, рæзгæ нæ кæны, кæд ын рагацау зоны йæ мид æмæ йе 'ддаг змæлды фæстиуджытæ, уæддæр ын йæ мид æмæ йе 'ддаг миниуджытæ райхалы, райтындзы иу цауæй иннæмæ хизгæйæ, раргом сын кæны сæ иудзинад.

Секъа æвдисы эпосы фантастикон, хъайтарон, идеализацигонд дуне нæ, фæлæ зæххон, æрвылбоны дуне. Ахæм дуне æвдисы Арсен дæр. Фæлæ Секъа фольклоры æндæвдад тынгдæр æвзæрста, Арсен та — æндæрнацион литературæты æндæвдад (Гоголь, Чехов, Мопассан). Ахæм дуне — фольклорон нæ, фæлæ литературон дуне — уыди канд прозæйы нæ, — уыди поэзийы дæр (Темырболат, Къоста), драматургийы дæр (Елбыздыхъо). Ахæм дуне — литературон дуне — нæй канд эпосы нæ, фæлæ ма æмткæй фольклоры дæр.

Секъа æмбæрста, зæгъгæ, нæртон эпосы хицæн кадджытæ иумæ фæкъордтæ сты хицæн хъайтарты алыварс, ома кæд эпос æрцыд циклизацийы стадимæ, уæддæр у иу æнæхъæн эпопеяйы хуызæн, æрмæст йæхирдыгон эпопеяйы хуызæн, уымæн æмæ у кадджытæй конд — уыдонæй алкæцыйæн дæр ис райдайæн æмæ кæрон, алкæцы дæр дзы у хæдбар уацмыс. Фæлæ уæддæр сты цыма хицæн уацмыстæ нæ, фæлæ иу чиныг. Ахæм иу чиныджы хуызæн уыдысты Секъайæн дæр йæ прозæйон уацмыстæ. Уымæй йæ радзырдтæ не систы иу уацмыс (роман), æрмæст гом кодта фадæттæ иу кæнæ иннæ фарсæй, иу кæнæ

иннæ бæрцæй гом кодтой Секъайы фæстæ дæр, гом сæ кодта Арсен, стæй иннæ прозаиктæ дæр.

Секъа куы цард, уæдмæ нæм фæзындысты поэзи дæр æмæ драматургийы æппæт жанртæ дæр (поэзийы — æмдзæвгæ, æмбисонд, поэмæ; драматургийы — комеди, драмæ, трагеди). Прозæйы нæм уыд æрмæст къаннæг жанр —радзырд. Нæ прозаиктæн, æвæццæгæн, сæ курдиаты здæхт уыди романмæ кæнæ уацаумæ нæ, фæлæ радзырдмæ, иннæмæй та — æмæ уый тынг ахсджиаг аххосаг у — уымæн, æмæ сын фæхæццæгæнæн нæ уыд адæммæ, стæй сæм куы фæхæццæ уыдаиккой, уæддæр сæ, адæ-гъа, райстаиккой?

Дзургæ нæ, — фысгæ уацмыс у кæсынæн, фæлæ йын бакæсæн нæ уыдзæн, мыхуыр куы нæ 'рцæуа, уæд. Секъайы уацмыстæн сæ фылдæр мыхуыр не 'рцыдысты, уымæн æмæ нæм мыхуыры фадæттæ уыдысты тынг къуындæг, æмæ радзырдæн кæм нæ уыд мыхуыргæнæн, уым кæм рацыдаид рухсмæ уацау кæнæ роман? Алы уацмыс дæр фыст цæуы мыхуыры фадæттæм гæсгæ, уыдон хынцгæйæ. Мыхуыры фадæттæ дæр сты сæхирдыгонау жанраразæг. Радзырдæн уæддæр искуы иу хатт мыхуыры рауадзæн уыд, æмæ уымæ гæсгæ нæ прозаиктæ фыстой радзырдтæ.

Фыссæг йæ уацмыс куы фыссы, уæд иудадзыг йæ цæстыты раз лæууынц чиныгкæсджытæ, лæууынц, кæмæ хъуамæ ацæуа, чи йæ бакæса, чи йæ бамбара æмæ йын аргъ чи скæна, уыдон. Фыссы йæ канд фыссæг нæ, фæлæ ма йæ «фыссынц» чиныгкæсджытæ дæр. Чиныгкæсджытæ дæр сты сæхирдыгонау жанрараразæг.

Ирон адæм дзургæ-заргæ уацмыстæ рагæй-æрæгмæ хъусгæйæ кæй истой (фыстæй æмæ мыхуырæй нæ, фæлæ), уымæ гæсгæ, прозæимæ абаргæйæ, хуыздæр фадæттæ уыд поэзи æмæ драматургийы жанрты рæзтæн. Поэтикон уацмыстæ-иу сын исчи куы бакаст, иу хатт дæр-иу сæ куы фехъуыстой, уæд-иу сæ бахъуыды кодтой, зарыдысты сæ, æнæкæсгæйæ сæ дзырдтой (Темырболат, Къоста, Секъа). Драмон уацмыстæ та сценæйыл кæй æвæрдтой, «дзургæ» сæ кæй кодтой артисттæ, уымæ гæсгæ сæ адæм уыдтой æмæ хъуыстой, æмбæрстой сæ æмæ сæ истой.

Чиныгкæсджытæ жанраразæг кæй сты, уый афтæ нæ амоны, зæгъгæ, фыссæг хъуамæ фысса, уыдон куыд фæнды, æрмæст афтæ. Фыссæг хъуамæ лæууа чиныгкæсджытæн сæ разæй, хъуамæ сын рæзын кæна сæ эстетикон адæнкъарынад. Секъа дæр

æмæ не ’ннæ прозаиктæ дæр чиныгкæсджытæн цыдысты сæ разæй, сæхи сæ нæ атыдтой, нæ фæиппæрд кодтой, афтæмæй сæ хуыдтой аивад хуыздæр æмæ арфдæр æмбарынмæ, сæ эстетикон домæнтæ уæрæхдæр æмæ хъæздыгдæр кæнынмæ, цæттæ сæ кодтой аивады, номхуындæй прозæйы æппæт жанртæ дæр райсынмæ æмæ æрхион кæнынмæ.

Дзурынц, зæгъгæ, чиныгкæсджытæ аивадон уацмыстæ куыд æмбарынц, уымæй кæнгæ у аивады прогресс. Цас фылдæр культурæ, фылдæр ахуырдзинад сæм уа, цас бæрзонддæр уой сæ социалон-политикон æмæ идейон-эстетикон цæстæнгастæ, уыйас аивад тынгдæр рæзы уæрхмæ дæр æмæ æрфмæ дæр, уыйас дзагдæр æмæ æххæстдæрæй æмбæрст цæуынц канд абоны аивадон уацмыстæ нæ, фæлæ ма ивгъуыды шедевртæ дæр, уыйас дзагдæр æмæ æххæстдæр кæны аивад.

Иугæр Секъа æмæ Арсены фæстæ, 30-æм азты райдайæнмæ, радзырд куы сси традицион, авторитетон æмæ престижон жанр, уæд чиныгкæсджыты дæр æмæ фысджыты дæр бауырныдта, зæгъгæ, ирон прозæ у радзырдæй кæнгæ, ирон прозæ йæхи иууыл хуыздæр раргом кодта, æргом кæны æмæ æргом кæндзæн радзырдæй. Ӕндæр дзырдтæй, ирон прозæ у радзырд. Уымæ гæсгæ хорз радзырд чи ныффысса, уый уыдзæн æцæг прозаик. Традици тыхджын у. Уæд нæм, зæгъгæ, исчи роман ныффыста, суанг хорз куы уыдаид, уæддæр, — æнæуyæнчытæ йыл кодтаиккой. Ӕмæ, æцæгдæр, фæстæдæр нæм фыццаг романтæ куы фæзынд, уæд сын сæ автортæй дзырдтой, иу рæстмæ радзырд, дам, дзы никуы ничи ныффыста æмæ, дам, уыдонæн сæ романтæ цы хъуамæ уой!

Махмæ радзырд йеддæмæ ницыма уыд, æмæ йæ кæд егъау жанртимæ нæ барстам, уæддæр ирон чиныгкæсджытæн нæ классикты радзырдтæ уыдысты иууыл номхæссæндæр уацмыстæ («Азау», «Айссæ», «Зæлда», «Гигойы куадзæн», «Цуанонтæ» æмæ æндæртæ). Ӕмæ канд чиныгкæсджытæн нæ, — фысджытæ дæр сын сæ разы «истой сæ худ». Ӕгæрыстæмæй Арсен йæхæдæг дæр, ном æмæ йын кад чи ’рхаста, уыцы радзырдты фæстæ бар-æнæбары йе ’ргом здæхта радзырдмæ. Уым ын алцыдæр уыди зонгæ, уыдта йын йæ «сусæгтæ», уым сфидар æмæ парахатæй разынд йæ арæхст, йæ дæсныйад: къаннæг фæзуаты бавæр, бацæуын кæн егъау мидис, равдис æй цъус, фæлæ бæлвырд, уæзгæ дзырдтæй, иу кæнæ цалдæр цауы æмæ персонажы бакæн «айдæны чысыл схъисмæ» æмæ сæ йæ мидæг

ирдæй разынын кæн, равзар иууыл ахсджиагдæр детальтæ æмæ сæ максималонæй спайда кæн, æмæ а. д.

Радзырды иу дæсныйад кæй хъæуы, романы та — æндæр, «радзырдон хъуыдыкæнынад, уынынад» æмæ «романон хъуыдыкæнынад, уынынад» тынг кæй хицæн кæнынц кæрæдзийæ, уый арæх разыны уымæй, æмæ бирæты фæфæнды романтæ фыссын æмæ сæ фыссын дæр байдайынц, фæлæ рауайынц радзырдау цыбыр, рауайынц радзырды хуызæн.

Арсен фыста роман, йæ ном — «Кæфхъуындар», мыхуыр æй кодта (газет «Рæстдзинад», 1923), æмæ кæд газеты редакци амыдта, зæгъгæ, «æххæстæй рацæудзæн хицæн чиныгæй», уæддæр нæ рацыд «æххæстæй», уымæн æмæ дзы мыхуыры цы рауагъта, уымæй уæлдай дзы фысгæ дæр нæ ныккодта, — фыссинаг ын дзы ницыуал уыд, зæгъæн ис, цы дзы ныффыста, ууыл фæци, газет æй рауагъта æххæстæй. Роман рауад Арсены радзырд «Царды зилдухæны»-йы хуызæн. Радзырды персонаж Буцæ æмæ романы персонаж Хъуыдайнат — дыууæ дæр Бетъырбухмæ ныццыдысты Санибайæ. Ирон æхсæндзардæй бахаудтой «æцæгæлон» æхсæндзардмæ, уынынц сын сæ хицæндзинад, æмæ дзы сæ зæрдæйæн идеалау у ирон æхсæндзард. Дыууæйæн дæр ис æмбæлттæ — се 'мзæххонтæ. Цы кусынц, цы архайынц, ууыл нæу сæ сагъæс, сæ мæт, фæлæ сын ис иу проблемæ — уарзт. Уымæй аразгæ у дыууæ уацмысы сюжет дæр, уарзты «цаутæй», фæд-фæдыл цæуæг «моменттæй» арæзт сюжет. Уыцы «цауты» æхсæн кæмдæрты автор райдайы ныхас сæ ахуыр, сæ куысты тыххæй. Дыууæ персонажы дæр бетъырбухаг æхсæндзард хъуамæ скæна йæхи хуызæн, скæна сæ йæ цагъартæ, райсой йын йе 'гъдау (ам: хæтаг, хъахбай уарзт), Буцæ сси йæ хуызæн æмæ фесæфт, йæхи амардта, Хъуыдайнат (уый фидардæр разынд Буцæйæ: «Кæмдæриддæр уон — æз кæндзынæн мæхи æгъдау»), æвæццæгæн, æххæст не сси йæ хуызæн, фæлæ уый дæр фесæфт — йæ ус Нинæйы амардта, йæхæдæг пъæлицæмæ бацыд, æрцахстой йæ, йæ чысыл сабитæ (чызг æмæ лæппу) баззадысты сидзæртæй. Йæ усæн афтæ цæмæн бакодта, бæлвырдæй хабар куыд æрцыд, уый Арсен нæ ныффыста, фæлæ хъæугæ дæр нæ кодта, къуындæг сюжетаразæг темæ — уарзт — бæстон раргом, аргъауыны размæ Хъуыдайнат сæхимæ Санибамæ куы ацыд, йæ фæстæ йе 'мхъæуккаг Андыри (Ирыстоны дæр æмæ Бетъырбухы дæр — хæлд, чъизи моралы хицау) пъырыстыф Скворцовы хæдзармæ цæуын

куы байдыдта, сæ чызг Катяйæн сын мойаг куы сси, сусæгæй Хъуыдайнаты усаг Нинæйы йæхирдæм куы раздæхта æмæ йемæ куы фæци, уæд. Нинæ чызг куы нæ разынд, уæд Андыри — мæнгард, æлгъаг эгоист — загъта: «Саг æрцахста, саг, Хъуыдайнат... Фæлæ цыфæнды кæнæд... Мæ хъуыддаг нæу!» Уыдæтты фæстæ æгæр бæрæг дæр ма у, Хъуыдайнат йæ усы кæй амардта, уый аххоссаг. Зæгъгæ, бæлвырдæй куыд æрцыд хабар, уый ма дзы куы ныффыстаид Арсен, уæддæр уыдаид радзырд. Цымыдисаг у, дыууæ уацмысæн дæр сæ арæзт у иухуызон: фыццаг уал нын радзуры персонажы хъысмæты фæстиуæг (Буцæ, Бетъырбухмæ ныццæугæйæ, 10 мæйы фæстæ бахауди рынчындонмæ. Хъуыдайнат 4 азы фæстæ йæ усы амардта), йæ кæрон ын куы базонæм, уæд уый фæстæ радзуры, ахæм кæронмæ йæ цы 'ркодта, куыд æм æрцыд, цахæм разæууæлтæ æмæ йын аххоссæгтæ уыд, уыдон.

Ам ис радзырды æрмæг, фæлæ радзырды æрмæгæн йæ бон у, æмæ байрæза романы æрмæгмæ. Арсенмæ радзырды æрмæг нæ байрæзт романы æрмæгмæ.

Махмæ цы романтæ ис, стæй уацаутæ дæр, уыдонæй бирæтæй бирæ уæлдæр лæууынц бирæ радзырдтæ (канд искæй радзырдтæ нæ, фæлæ ма романты автортæн сæхи радзырдтæ дæр). Уыцы гуырахстджын уацмысты бæсты нæм куы фæзындаид уал чысыл радзырды, уæд ирон прозæ уаид бирæ хъæздыгдæр. Фæлæ уый афтæ нæ амоны, æмæ роман дæлдæр у радзырдæй. Сæ дыууæйæн дæр — се спецификæмæ гæсгæ — хъуамæ уа аккаг аивадон ахадындзинад. Нæ хъæуы æвзæр радзырд дæр, нæ хъæуы æвзæр роман дæр. Фæлæ сæ дыууæ дæр хъæуынц, хорз куы уой, уæд. «Æхсар æмæ лæджыхъæд» разыны радзырды дæр æмæ романы дæр. Махмæ бирæ азты дæргъы уый зынди радзырды мидæг, зынди уæндонæй, хъаруджынæй, æнæкъæмдзæстыгæй.

*1984 — 1985*

# ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар*

## ХУЫЦАУЫ ЦÆСТ ЫН БАУАРЗТА КУРДИАТ

Алы æцæг поэты фæзынд дæр национ культурæйæн у уалдзæджы æрцыды хуызæн, йæ хуыздæр бæллицты æмæ тырнæнты, йæ зæрдæйы курдиат æмæ сгуыхт зонды уалдзæг. Уæды онг фынæй, йе сусæг чи вæййы, уыцы фæндиаæгтæ райхæлынц, рацæуынц рухсмæ, равдисынц се 'цæг хуыз. Поэты зæрдæйы сагъæсты адæм, айдæны кæсæгау, фены йæхи, базоны, бамбары, цæмæй у дзыллæты 'хсæн æмæ историйæн дæр хъæугæ, цы йæм ис хорзæй æмæ куыд тырна хуыздæрмæ, цы йæм ис фауинагæй æмæ куыд фервæза йæ сахъæттæй.

Фæлæ кæд уалдзæджы 'рцыды вæййы рад, уæд поэт та фæзыны æнæнхъæлæджы «æрдзы тых æмæ арвы хъомысæй», æмæ йыл цæуы æрмæстдæр уыдон бар, коммæгæс у уыдонæн, лæггад кæны уыдон рæстдзинадæн. Ахæм поэттæ стыр адæмтæм дæр стæм хатт фæзыны. Мах хуызæн гыццыл адæмæн та сæ кæд искуы-иу хатт Хуыцауы цæст бауарзы, уæддæр æм цыма уый фæстагмæ хардзау æркæсы, æмæ сæ нывыл нæма базонæм, нæма сын бафæразæм аргъ скæнын дæр, афтæмæй нын сæ фæстæмæ байсы.

Бестауты Гиуæргийы курдиат дæр ныры ирон поэзийы у æвæджиауы цау, æнæнхъæлæджы фæзынд. Уый æппæтæй

дæр у, нæ адæмы монон царды 50-æм азты дыккаг æмбисы цы хæрзаудæнгæнæг историон иваддзинæдтæ æрцыд, уыдон фæстиуæг. Уыдон нæ уыдысты, уыдон хорзырдæм нæ фæзындысты ирон адæмы цардыуагыл дæр, уæд нæ уыдаид Бестауты Гиуæрги дæр ирон поэзи, ирон культурæйæн. Уыцы фарн у поэты раттæг æмæ уыцы фарны цырагъ Гиуæрги судзгæ хаста йæ риуы.

Чысыл сабийæ тæккæ арвы хъæбысы æвæрд Годжиты хъæуæй йæ сатæгсау цыбæл цæстытæй касти уырдыгмæ Иры дзыхъмæ, Ирыстоны хуссары фыдæлты уæзæгмæ. Уыдта, цъæх быдыртæ æмæ рухс уæлвæзтыл куыд уарыдысты сæрдыгон хуры къæвдатæ. Кæд мыййаг уæд бахъуызыд йæ зæрдæмæ фыдызæхх Ирыстоны романтикон уарзт, уæд ахсайдта йæ зæрдæ хуры æвдылд къуылдымтæ æмæ тыгъдæттæм, фæстæдæр йæ поэзийы сæрмагонд бынат чи скодта.

Цардцыбæл лæппу хызт иу бæрзæндæй иннæ бæрзæндмæ, цыди дунемæ. Иу заман куы уыд, уæд цыма ацыд йæхицæй, йæ раттæг æмæ йæ хъомылгæнæг æрдзы дунейæ. Йæ мадæлон æвзагыл цыппар къласы куы бакаст, уæд бахызт гуырдзиаг скъолайы къæсæрæй æмæ уымæй суанг университеты фæстаг курсы онг рæзыди, хъомыл кодта сыхаг адæмы культурæйы хъæбысы, уыдон æвзагыл æмдзæвгæтæ дæр фыста. Ахæм уыд йæ хъысмæт. Фæлæ гуырдзиаг чиныг, гуырдзиаг культурæйыл ахуыр æмæ хъомыл кæнгæйæ, уыдон æнтыстытæй йæ зонд хотыхджын кæнгæйæ, рухс кодта йæхи мидæгъдауæй. Йæ зæрдæ æмæ йæ туджы арф æвæрд чи уыд, йæ мады ’хсыримæ кæй бададта, уыцы райгуырæн уæзæджы хуызтæ, уарзт, уый знон æмæ абоныл, уый райсомыл сагъæс æм кодта тыхджындæр. Уыцы сагъæс æй фæстæдæр сдзурын кодта поэтикон æгъдауæй йæ мады æвзагыл, æмæ уæдæй фæстæмæ æппæт йæ уд, йæ физикон æмæ монон цард дæр лæвæрдта уымæн — ирон аив дзырдæн, Ирыстонæн. Ирыстон уыд, йæхæдæг йæ иу æмдзæвгæйы цæйау загъта — «йæ фыццаджы сагъæс». Фæлæ йын сыхаг адæмы культурæмæ цы уарзон ахаст уыд, ууыл дæр йæ царды фæстаг бонмæ никуы сивта йæ зæрдæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, уырыссаг æвзаг æмæ культурæ, дунеон поэзи йын цы ахъаз фесты, уый фæсвæд не ’вæрæм. Æвæццæгæн, хъысмæты бафæндыдис уый, 80-æм азты кæрон — 90-æм азты райдайæны гуырдзиаг зонадон æмæ сфæлдыстадон интеллигенци куыд налатæй равдыста йæхи ирон адæммæ, уый нал æрæййæфта Гиуæрги, зонгæ та йæ кодта йæ зæрдæ. К. Гамсахурдиа, М. Джавахишвили æмæ æндæрты уац-

мыстыл чи схъомыл, Гиуæрги хорз кæй зыдта, уыцы фæсивæд уæдæ æндæр куыдæй хъуамæ равдыстаиккой сæхи! Зыдта сæ йæ зæрдæ, æмæ сын никуы ныббарстаид уыцы гадзрахат. Фæлæ хъысмæт æндæрхуызон алыг кодта хъуыддаг: 1978 азы йæ 46-аздзыдæй атыдта не 'хсæнæй.

Бестауты Гиуæргийы поэтикон уд цæры ирон поэзийы историйы дыууынæм æнусы 50-æм азты дыккаг æрдæджы — 60 — 70-æм азты. Поэт куыста журнал «Фидиуæджы», фыццаг поэзийы хайады гæсæй, стæй бæрнон секретарæй, фæстагмæ та сси редактор. Афтæ зæгъæн ис, зæгъгæ, «Фидиуæг» уыд Бестауты Гиуæргийæн йæ куысты бынат дæр æмæ йæ цæрæн хæдзар дæр, йæ ис дæр æмæ йæ бон дæр, йæ цин дæр æмæ йæ хъыг дæр. Уый æз зæгъын, хорз æй кæй зыдтон, «Фидиуæджы» иумæ кусгæйæ, уымæ гæсгæ. Йæ принциптæ, æнæрæдыд эстетикон адæнкъарæн, йæ нысанмæздæхт куыст бирæ лыггæнæг уыдысты журналы æмæ æмткæй нæ литературон цардæы. Йæ размæйы журналы хуыздæр разамонджыты традицитыл фидар хæцгæйæ, архайдта, цæмæй уыдаид æппæт Ирыстоны литературон цард ифтонггæнæг, æмæ йын уый æнтысгæ дæр кодта. Нæ быхста сайын æмæ мæнгдзинад, нæ сæ быхста царды дæр æмæ аивады дæр. Рæстдзинады сæрыл-иу æй бахъуыди хъæбысхæсты бацæуын. Уый афтæ рог хъуыддаг нæ уыд, уый домдта нуæртты æндыгъд куыст, маст хæрын.

Гиуæрги йæ царды фæстаг азты куыста рауагъдад «Ирыстон»-ы сæйраг редакторæй. Цыбыр рæстæгмæ уым дæр ныууагъта хорз фæд. Сæрмагондæй уый фæндæй цæуын райдыдта ирон аив дзырды хæзнаты сери 12 чиныгæй.

Арæх цы уацтæ æмæ рецензитæ фыста литературæйы, стæй хицæн уацмыстæ æмæ чингуыты тыххæй, уыдон дæр аудгæ æндæвтой нæ литературон цардыл, уыдысты æргомдзурæг æмæ рæстдзинад домæг фыссæгæй, литературæйæ.

Фæлæ Бестауты Гиуæрги фыццаджы-фыццаг уыди поэт, фæндонæй нæ, хæлæгæй кæнæ кадмæ бæлгæйæ, арæх куыд вæййы, афтæ нæ, фæлæ поэт хъысмæтæй, туг æмæ стæгæй, уд æмæ зондæй, ахастæй æмæ архайдæй.

Уыцы хуызы йе сфæлдыстад дзæвгар чингуытæй нымайгæ нæу, — уыдон æдæппæт сты цыппар, цыппар æлвæст, мæстæгрæнхъ чиныджы: «Уадтымыгъ» (1958), «Царды цин» (1962), «Æхсæв æмæ бон» (1966) æмæ «Арты æртæхтæ» — ацы чиныг ын рацыд йæ амæлæты фæстæ, 1979 азы.

Зæгъæн ис: поэты сфæлдыстадон фæндагæн фидар бындур æвæрд æрцыд йæ фыццаг æмдзæвгæты æмбырдгонд «Уадтымыгъ»-æй. Дугивæн заман домдта ног ахаст цардмæ, сфæлдыстадмæ. Чи зоны, уый зын бамбарæн нæу цардвæлтæрд адæймагæн, фæлæ йæ æрыгон лæппу, суинаг поэт йæ фæндаджы тæккæ райдайæны æвдиса, уый, стæм хатт чи вæййы, ахæм фæзынд у. Кæй зæгъын æй хъæуы, ам ын сæ æххуысы хай бакодтой, кæуыл ахуыр кодта, уыцы дзырдаивады дæснытæ, мах сын сæ комулæфт фенкъарæм иу кæнæ иннæ æмдзæвгæ кæсгæйæ, фæлæ сæйраг уæддæр поэтæн йæхи уд у. Пластикон фæлгонцтыл амад у æмдзæвгæ «Фæззæг». Сыгъдæг ирон æрдзы нывæфтыд сурæт, куыд поэтикон нывæст, афтæ та æппæтæй дæр — индивидуалон:

*Галы фæдты къæвдайы дон сæлы,*
*Мигъты ’хсæн йæ цæст ныкъулы хур.*
*Бæлæстæй зæрин сыфтæртæ згъæлы,*
*Фæззæг у рæгъæд кæрдойау бур.*

*Уазалæй æргъæвст цæргæстау хæхтæ*
*Мигъты ’хсæн æрхæндæгæй хуыссынц.*
*Зилахаргæнæг хъуынтъыз æврæгътæ*
*Суруазал сæ базыртыл хæссынц.*

*Къæбицты сырхфарс фæткъуытæ худынц,*
*Хордæттæ уæззау улæфт кæнынц;*
*Дзаг лалымтæ расыг лæгтау цудынц,*
*Быркуытæ сæ хæдбылтæй кæлынц.*

*Атардта Хъызлары хъарм быдыртæм*
*Сахъ фыййау йæ хæрзхаст фосы дзуг.*
*Хъæдрæбынты нал хъуысы сыбыртт дæр:*
*Алчи фаг æрцæттæ кодта суг.*

*Нал тæрсæм хъызт зымæгæн йæ койæ,*
*Хъуысы дард ирон фæндыры цагъд.*
*Уазал къухæй урс зымæг, кæрдойау,*
*Бур фæззæджы ратондзæни тагъд...*

Æмдзæвгæ цы заманы æрцыди фыст, ома схематизм канд ирон поэзийы нæ, æмткæй советон литературæйы дæр нырма æлдариуæг куы кодта, уый нæ зæрдыл куы дарæм, уæд уацмысы ссардзыстæм, нæ цæст цæуыл æрæвæрæм, ахæм хорз-

дзинӕдтӕ. Нӕй дзы иунӕг ахӕм рӕнхъ дӕр, сӕрмагондӕй поэтикон фӕлгонц чи нӕу, удӕгас, цардӕмдых фӕлгонц. Афтӕ зӕгъӕн ис йӕ интимон темӕйыл фыст ӕмдзӕвгӕты фылдӕр хайӕ дӕр. Уыдоны зын рахатӕн нӕу ирон ӕфсӕрмдзӕстыг лӕппуйы сыгъдӕг зӕрдӕйы ахаст, сты авторы индивидуалон ӕрмдзӕфӕй рантысгӕ.

Гиуӕргийы сфӕлдыстады характерон ӕууӕл ирон критикӕйы баст цӕуы романтикон здӕхтимӕ, ӕмӕ уый растыл нымайӕм, канд поэты хъӕлӕсы уагыл куы цӕуа дзырд, уӕд нӕ, фӕлӕ арфдӕр хъуыддӕгтӕй дӕр. Уыцы романтикон ахаст цӕуы йӕ удыхъӕды кондӕй. Фӕлӕ поэты уд арвы кӕрӕттыл цасфӕнды ма сӕрфа йӕхи, уӕддӕр ӕмдзӕвгӕ зӕххон цы реалистон детальтӕй у, уыдон ӕм чиныгӕй-чиныгмӕ кӕнынц ахадгӕдӕр, арӕхдӕр.

Ноджы ма иу ахсджиаг миниуӕджы тыххӕй: поэт йӕ цин ӕмӕ хъыджы, уарзт ӕмӕ масты, хорзракӕнд ӕмӕ фыдӕвзарӕнты кӕддӕриддӕр ӕмӕ кӕмдӕриддӕр у ӕнӕкомпромиссон, максималистон. Уыцы хуызӕнӕй йӕхицӕн уӕлдай зын кӕй ӕвзарын кодта, ӕхсӕнадимӕ йын-иу дисгармони кӕй фӕзынд, уый дӕр сусӕггаг нӕу:

*Мах ӕрвон фидыц агурӕм царды,*
*Фӕлӕ райгуырди зӕрдӕ куырмӕй, —*
*Уӕд фӕлӕгӕрдӕм цъыфы хъуырмӕ,*
*Уӕд фӕсудзӕм ӕнусон цъӕх арты...*

*Царды иунӕг балц ракӕны лӕг —*
*Кӕнӕ хурӕмдзу, кӕнӕ та цъыфы.*

Ахӕм у Гиуӕрги йӕ дыккаг чиныг «Царды цин»-ы дӕр:

*Чи у а зӕххыл разагъта,*
*Ирӕн чи кӕны хорз ӕгъдау,*
*Йе кӕй рухс нӕмттӕ басагъта*
*Уый йӕ зӕрдӕйыл хорзӕхтау,*
*Ӕз мӕ дӕндагӕй уыдонӕн*
*Уаз алдзӕн цырагъ дардзынӕн;*
*Ӕз мӕлгъӕвзагӕй уыдонӕн*
*Кады зарджытӕ зардзынӕн.*
*Фӕлӕ ’хсинылӕг хионӕй*
*Ирыл исты ’нхъӕл чи тыхса,*
*Уый зӕрдӕрисгӕ чи уына,*
*Ӕмӕ химидӕг ма тыхса,*

*Йе былысчъилтæ чи кæна*
*Уымæн йе ’гъдауыл, йе ’взагыл,*
*Уый нымайдзынæн ингæнмæ*
*Æз мæ туджджыныл, ме знагыл.*

Æргом-иу разындысты, поэты метафорæтæ «æхсины лæг», «туджджынтæ» æмæ «знæгтæ», «цъыфызмæнтджытæ» комкоммæ йæхимæ чи æмбæрста, ахæмтæ. Уыдон поэтæй сæ маст райсыны охыл алцæмæ дæр гæппæввонгæй лæууыдысты, æмæ-иу уæд поэты сæрмæ æмбырд кæнын байдыдтой фыдуардхæссæг мигътæ.

Поэты зæрдæ куыдфæстæмæ тынгдæр здæхта йе ’ргом цард æмæ æхсæнады контрасттæ æвдисынмæ. Йæ радон чиныг хонгæ дæр афтæ ракодта: «Æхсæв æмæ бон».

Йæ иу æмдзæвгæйы поэт уайдзæфгæнæгау бафиппайы, цардæн æрмæст йæ рухс, йæ хъæлдзæг хуыз чи уыдта æмæ ууыл цины зарджытæ чи нывæста, йæ зын, йæ талынгтæ йын йæхи нæуынæг чи скодта, уымæн:

*Ма, мæ хæлар, сойбыл зарæг ма кæн,*
*Афтæ ’нцон дæр нæу зæххыл фæцæрын.*
*Цардвæндаг дæрзæгтæ конд у, какон...*
*Ды фæзæгъыс: хæхтыл цъити тайы,*
*— Тайы, фæлæ, басæтт ыл, — нæма стад.*
*Ды фæзарыс : зæрдæ цинæй райы,*
*Райы, фæлæ цас æвзары маст та?..*

Поэт цы рæстæджы цард, уым ын алцы зæрдæйы фæндиаг нæ уыд: æнуд зоопарчы стай адæймагау æвзары хъизæмар; цъиуы лæппын баргъæвсти, басыди; «Дыууæ цæсты, Дыууæ нымæг ыстъалыйы, Тæмæнкалгæ цы ирд арвыл ыскастысты. Уый сатæгсау фыдæхы мигъ нымбæрзта...» Æмæ кæд уыдон рох сты дунейæ, уæддæр сæ поэты зæрдæ уыны, уымæй рох ницы у:

*Æз æмдзæвгæтæ нæ фыссын, —*
*Дзырдты топпыхос нæмын.*
*Зарæг, ферттивæд дæ хуызы*
*Сау лæгсырд марæн нæмыг.*

Фæлæ алы хатт алцыхъом нæ разыны поэт дæр, æмæ уæд йæ зæрдæйыл æрхæндæджы тæлм æртыхсы:

*Куыд ныггуыппæг æхсæв, куыд бамыр,*
*Йæ дæлбазыр цавæр ныттар?..*
*Мæ зæрдæмæ ’ртхосæн уæд та мын,*
*Арв, иунæг ыстъалы ныддар...*

Ирон лирикты ’хсæн стæм разындзæн Бестауы хуызæн зæрдæргом. Уыцы миниуæг æм куыдфæстæмæ кодта ноджы тыхджындæр, арфдæр æмæ иууыл æххæстдæрæй фæбæрæг, йæ амæлæты фæстæ йын цы чиныг рацыд, «Арты æртæхтæ», зæгъгæ, уым. Йæ раздæры чингуыты тæвдтуг романтикон здæхт ам органикон æгъдауæй схъæздыг цард æмæ адæймаджы уды рæстдзинадæй, реалистон хуызтæ æмæ фæлгъуызтæй, поэты уд æмæ дзы зонд сæхи равдыстой бирæ фенæг æмæ бавзарæгæй. Уыимæ æнæлаз сты поэтикон дæсныйадæй, поэзийы фидыцтæй, æрттивынц æнæнтау æрттывдæй сæ тигътæ æмæ æлвасынц лæджы цæст æмæ зæрдæ сæхимæ. Хъыгагæн, нырма бæстон иртæст æмæ ахуыргонд не сты поэты сфæлдыстадон бынтæ, фæлæ йæ лирикон æмдзæвгæты ’хсæн кæй ис, ирон поэзийы зынаргъ хæзнадоны чи сфидаудзæн, ахæмтæ, уый дызæрдыггаг нæу.

Бестауты Георгийы поэзийы сæрмагонд миниуджытæй иу у адæймагуарзондзинад, абстрактон хуызы мыййаг нæ, арæх поэтикон артистизмимæ баст чи вæййы, фæлæ конкретон хуызы, зæрдæйы тæгтæ чи змæлын кæны æмæ не ’ппæт буарæй дæр кæй æнкъарæм, ахæмтæ. Поэт куыд царди, фысгæ дæр кодта афтæ, æмæ куыд фыста, афтæ кодта цæргæ дæр. Ацы ныхæстæ ног нал сты, фæлæ уыйхыгъд дзурынц рæстдзинад поэты тыххæй. Цардæн йæхи лæвæрдта, æмæ дæттгæ дæр ракодта, æнæфæстæмæфæкæсгæ, æнæфæстауæрцтæгæнгæ, æцæг поэтыл куыд фидауы, афтæ. Мæнæ йæ царды хъысмæт æвдисæг рæнхъытæ йæ фæстаг чиныгæй:

*Æртуылæн денджыз, афтæ арф дæ бахызтæн*
*Æмæ мын нал и ’гас хæдзар ыссарæн;*
*Дæ иу æртах дæр фаг уыди зынг бахуыстæн,*
*Æнустæм хъизæмар æмæ сарæн.*

Ахæм уыдис поэты цард æцæгæй.

Бестауты Гиуæргийы сфæлдыстады зæрдæбын ахастыл дзурæг сты тæлмацгæнæджы хуызы йæ къух цы уацмыстæм фæкодта, уыдон дæр, бæрæгæй сыл зыны йæ поэтикон дамгъæ. Уыцы дамгъæ хæссы, уæлдайдæр та йæ оригиналон поэтикон сфæлдыстады æмрæнхъ ын сгуыхтыл кæй нымайæм, уый — Шота Руставелийы «Стайы цармдарæджы» тæлмац, æмæ йын уыцы миниуæг дæр у йæ сæйраг хорздзинæдтимæ нымайгæ. Уымæн поэт йæ цардæй рауæлдай кодта авд азы æмæ æниу цахæмтæ — йæ хуыздæр азтæ! Ацы кадæджы хицæн хæйттæ ирон

æвзагмæ раивтой цалдæр поэты, æнæхъæнæй та дыууæ хатты æрцыд ивд. Фæлæ Гиуæргийы тæлмацæн æнæфæрæдигæ базонæн ис йæ иунæг рæнхъæй дæр. Уый у аивадон тæлмацы дæнцæг, ирон æвзаджы лексикон хъæздыгдзинæдтæ æмæ адæмон райстбавæрды фразеологийы æвæрæнты стыр хæзна. Уым разындысты йæ курдиаты æппæт гæнæтæ дæр, йæ алы рæнхъы дæр ис йæ уды къæртт. Гъемæ бирæ сæдæазты размæ æндæр æвзагыл чи æрцыди фыст, уыцы кадæг тæлмацгæнæджы стыр курдиаты руаджы иронау зæлы нырыккон хуызы, йæ оригиналы аив фæлыст æмæ историон бæрджытæ бахъахъхъæнгæйæ. Зæгъæн ис, гуырдзиаг æмæ дунеон литературæйы æвæджиау поэтикон хæзна Гиуæргийы фарнæй ссис ирон литературæйы хæзна дæр. Цыдæр æнгæсдзинад хатæм «Стайы цармдарæджы» гуыппырсарты удыхъæд æмæ йе сиронгæнæджы характеры ’хсæн, æмæ уый дæр тæлмацы æнтысты гыццыл нæ мары. Поэт уарзта уыцы кадæг, цæрддзу йыл кодта, цыма йе ’ппæт царды нысан дæр уый мидæг уыд, уыйау.

Сæрмагонд ныхасаг сты Бестауты Гиуæргийы поэзийы аивадон амæлттæ, уый дзырдыл куыд куыста, ирон æмдзæвгæйы ритм æмæ рифмæйæн цавæр гæнæнтæ ардта, уыдæттæ. Поэт иузæрдион уыд классикон формæйыл. Фæлæ йын йе сфæлдыстады æмбæлæм верлибртыл дæр, æмæ уыдон дæр сты аив нывæст. Гиуæргийы нымадæй ирон æвзаг фаг тасаг æмæ хъæздыг у цыфæнды вазыгджын хъуыдытæ æмæ поэтикон формæтæн дæр.

Абон, поэт Бестауты Гиуæргийы рухс ном мысгæйæ, зæрдæ риссы, йæ ном ын ивгъуыд рæстæджы кæй дзурæм, уымæй. Уый куыд æнæнхъæлæджы фæзынд ирон поэзийы арвыл, йе ’взонджы бонты Уадтымыгъы уарзон фæлгонцау, знæт æмæ æнæнцойæ, афтæ æнæнхъæлæджы, æнафоны ахуыссыд йæ цард дæр. Фæлæ цы рухс фæд ныууагъта, уый нæ мынæг кæны, судзы æмæ судздзæн, цалынмæ ирон поэзи уа, цалынмæ ирон аив дзырдæн аргъгæнæг уа, уæдмæ.

*ГÆБÆРАТЫ Никъала*

# «ИРОН ХÆЗНА»-ЙЫ ТЫХХÆЙ

Журнал «Мах дуг» 2001-æм азæй фæстæмæ мыхуыр кæны, Хъазиты Мелитон цы ирон арфæтæ æмæ æлгъыстытæ æрæмбырд кодта, уыдон. Æцæгдæр нын хæзна сты: нæ ныхасы ахъаззаг хай уæвгæйæ, уыдон махæн æвдисынц не 'нкъарæнтæ, стæй, дзурæгмæ кæнæ кæй кой кæнæм, уымæ нын цы ахаст ис, цавæр цæстæй йæм кæсæм, уыдæттæ.

Ахæм ныхæстæ алы æвзаджы дæр ис, уымæн æмæ уыдон баст сты адæймаджы царды æрвылбоны цаутимæ. Адæм кæрæдзи фæрцы цæрынц, æмæ алкæй дæр бахъæуы искæмæн бузныг зæгъын, арфæтæ ракæнын, кæнæ та ныфсытæ авæрын. Стæй адæймаг æппынæдзух райгонд нæ вæййы æндæр искæмæй кæнæ æндæр истæмæй дæр æмæ уæд йæ маст нал бауромы, æлгъитгæ дæр ракæны.

Адæймаджы фæрæзтæ æнæкæрон сты: дæ зæрдæ дæ куы амона, уæд цынæ дзæбæхдзинад бауарздзæни дæ цæст дæ хæларæн, дæ сыхагæн, дæ адджын адæймагæн кæнæ ма суанг дард зонгæйæн дæр!

Æвæццæгæн, æнæнымæц сты ирон æлгъыстытæ дæр. Уыдонæй иутæ фæлмæн сты (уаих фæу, æндæр ма у, бæх ын у), аннæтæ карздæр сты ( дæ хæдзар фехæлæд, дæ бындур разилæд, дæ уæраг асæттæд). Бирæ нæм ис уыдонæй ноджы карздæр æлгъыстытæ æмæ сомытæ. Æрмæст сæ койæ дæр адæймаджы зæрдæ баризы. Цымæ хъæуынц уыдон дæр? Кæй бон у цæхгæр зæгъын, хъæуынц нæ ахæм æлгъыстытæ дæр æви нæ нæ хъæуынц? Хъæздыг æмæ нын рæсугъд кæнынц нæ ныхас, дзæбæхырдæм нын æвдисынц нæ културæ, нæ адæмы удыхъæд, нæ национ хуыз? Цавæр аргъ скæнæн ис ахæм адæймагæн, мæнæ афтæ зæгъын кæй зæрдæ бафæраза: **æ, дæ хъæбулты фыдтæ бахæрай!**

Фæлæ æлгъыстыты кæцыдæр хай, æвæццæгæн, хъæуы не 'взаджы, нæ царды. Елбыздыхъойы «Дыууæ хойы» Сидахъон æмæ Мусоны фидистæ æмæ æлгъыстытæй райдайы. Къостайы «Ирон фæндыр»-ы дзæвгар ис æлгъыстытæ, сомытæ, æмæ уыдон се 'ппæт дæр ахсджиаг сты:

*Додой фæкæнат, мæ райгуырæн хæхтæ,*
*Сау фæныкæй уæ куы фенин фæлтау!*
*Зæй уæ фæласа, нæ тæрхоны лæгтæ...*
*Мæрдты дзыназа...*
*Ныммæл мын фæсмонæй...*
*Атъæпп уа, цы фыййау хоны амондджын йæхи...*
*О, мæ ныййарæг, уæд дын æз æрбамæлон,*
*Ма ку!.. Фæуром дæхи!*
*Фесæфæд сау лæппу...*
*Тагъд дæлдзæх фæу...*
*Удæнцой ма фена...*

*Мæ удыл хæцæг æнæ æнцой уа, мæ мады зæнæг мæ мардыл кæуа!..*
*Фесæф, фесæф, цард, сау лæппуимæ!..*

Уæдæ æлгъыстытæ дæр хъæуынц. Чи зоны, се 'ппæт аккаг не сты æмæ нын ном нæ кæнынц, фæлæ сæ кæцыдæр хай ауæлдай кæнинаг нæу.

Хъазиты Мелитон бирæ бакуыста арфæтæ æмæ æлгъыстытæ æмбырд кæныныл. Зæрдæбынæй йын зæгъын æмбæлы бузныг. Журналкæсджытæ райгонд сты «Мах дуджы» редакцийæ дæр, ацы стыр æрмæг мыхуыр кæнынæн фадат кæй ссардта, уый тыххæй. «Мах дуг» фæстаг азты тынг фендæр и, фæхуыздæр и, куыд йæ алыхуызон тексттæй, афтæ бирæ цымыдисаг къамтæ æмæ нывтæй дæр. Уæлдай ахсджиаг сты ивгъуыд дугты къамтæ æмæ уыдонимæ баст тексттæ. Ивгъуыд рæстæджы цаутæ афардæг сты, алы адæймаг дæр йæхи дуджы цæры, æмæ кæд уартæ кæддæр бирæ цыдæр стыр цаутæ æрцыдис, уæддæр нæ уыдон ногæй фенынмæ кæнæ æвдæлгæ нæ фæкæны, кæнæ та нæ фадат нæ фæамоны. Ахæм æрмæг нæ ирон номы нысан у: уый хуызæн лæгаулæгтæ æмæ фенддаг сылгоймæгтæ кæй æхсæн цардис, утæппæт чысыл æмæ стыр историон хабæрттæ цы адæм бавзæрстой, уыдон сæрыстыр хъуамæ уой сæ абоны уавæрты дæр.

«Мах дуг», Хуыцауæн арфæ, къæссафæлдæхт фæци хор-

зырдæм. Адæм æй кæрæдзи къухæй раскъæф-баскъæф кæнынц, æппæлынц кæрæдзийæн: «Мæнæ-ма æркæс, цы диссæгтæ дзы ис!..» Æз мæхæдæг уæлдай цин фæкодтон, журналы цъарыл куы федтон Гаглойты Цуцуччы бинойнаг Азæ Григорийы чызг Келлеры къам, уæд: къаннæг лæппу уыдтæн, уый мын Тбилисы 1938 азы ахуыргæнæг куы уыд уырыссаг æвзагæй, уæд. Мæрдты рухсы бадæд, сыгъзæрин адæймаг уыдис.

Ахæм хæрзæгъдау журналы исты ныммыхуыр кæнын алкæмæн дæр ном у. Уæдæ «Мах дуджы»чи цæуы, уыцы æрмæгмæ ахæм цæстæй хъуамæ кастæуа: «Мах дуджы» ис — уæд бæззон у.

Ахæм цæстæй мæ фæнды æркæсын Хъазиты Мелитоны «Ирон хæзна»-мæ дæр. Иу хатт ма йæ зæгъын: журнал ацы æрмæг кæй ныммыхуыр кодта, уымæй стыр пайдайы хъуыддаг сарæзта, фæлæ, дам, хурыл дæр сау тæппытæ ис. Зæгъын хъæуы цалдæр фиппаинаджы. Уыдон хъуамæ фæахъаз уой æрмæгыл дарддæр бакусынæн дæр. Цыбырæй зæгъгæйæ, мæ фиппаинаг ахæм у: мыхуырмæ баирвæзти, чи нæ хъуыди, ахæм дзæвгар æрмæг.

Æвзаджы тынг бирæ ис, мæнæ æдзухон дзырдбæстытæ кæй хонынц, уыдон, ома фразеологизмтæ. Цалдæр дзырды æдзух баст вæййынц кæрæдзийыл. Дзурæг ахæм дзырдбæстытæ цæттæйæ бавæры йæ ныхасы. Уыдонæн сæ комкоммæ мидисæн бамбарæн нæй: **зæрдæ æхсайы, ком** нæ **дæтты, æнæфæныкæй хъал, цæст нæ уарзы** æмæ мингай æндæр ахæмтæ.

Арфæтæ æмæ æлгъыстытæ дæр ахæмтæ сты: цалдæр дзырды кæрæдзийыл бастæй амонынц бæлвырд ахæсгæ хъуыды. Зæгъæм, æвзаджы цæттæйæ æнхъæлмæ кæсы арфæ «сæ хурæй бафсæд», æмæ дзурæджы йæ сæр куы бахъæуа, уæд æй фелвасдзæни хъусæджы барæвдауынæн. Цæвæнгарзау та фелвасдзæн æлгъыст «дæ бындур разилæд».

Ахæм фразеологизмтæ сты нæ арфæтæ æмæ æлгъыстытæн сæ зынаргъдæр хай. Фæлæ æппæт арфæты æмæ æлгъыстыты хабар кæд афтæ нæу, уæддæр хорз сты: уыдон бирæ азты дæргъы систы штампты хуызæн, æвзаджы цæттæйæ чи ис, ахæм дзырдбæстытæ: «хæрзæхсæв раут», «дæ амонд хорз», «Хуыцауы хорзæх дæ уæд», «хъæрмарт ут», «бæрзæйсаст фæу», «уæзгуытыл баззай», «дур дæ гуыбыны» æмæ æндæртæ. Адон нын зонгæ сты чысылæй фæстæмæ. Æмæ нæ тынг хъæуынц.

Мелитоны «Ирон хæзна»-мæ бирæ баирвæзт тыхаразгæ

арфæтæ æмæ æлгъыстытæ дæр, уæлдайдæр та арфæтæ. Фантазитæн кæрон нæй, стæй ма иуæй-иутæ фæйнæ цалдæры куы аназынц, уæд аскъуыйæн нал вæййы сæ «арфæтæн». Бирæ цæвиттонтæ æрхæссæн и, фæлæ бауæндут мыл, дзæвгар сты:

**Уæ кад, уæ намысыл нæ кæстæртæ дæр цы ныххæцой, уыцы амонд нын Дунескæнæг Хуыцауы цæст бауарзæд.**

**Уæ лæгтæ-иу дæрдтыл цы 'рзилой æмæ-иу æгас хæдзæрттæ цы ссарой, ахæм арфæ уын Уастырджи ракæнæд.**

**Нæ хистæртыл хур сæ зæрдæты фæндиаг цы кæса, ахæм амонд сын дæ цæст бауарзæд, бæрзондыл бадæг Хуыцау.**

Адон куывды ныхæстæ сты: сырхуадул хистæр, йæ иу къухы дзæбидыр, иннæйы арахъхъы сыкъа, афтæмæй парахатæй сиды диссаджы цыдæртæ. Арфæтæ сты уыдон дæр, фæлæ фылдæр экспромтæй, уыцы минут кæй нывæнды хистæр, ахæмтæ. Цæлы фынгыл гаджидауы ныхæстæн дæр ис уæвыны бар, фæлæ уыдонæн æндæр бынат ис. Цæвиттон, уырыссагау рацыди гаджидæутты чингуытæ, адæймаг сæ кæсынæй не 'фсæды: цыргъ, юморхъæстæ ныхæстæ, суанг ма æмдзæвгæтæ дæр. Сæ нысан: адæмы ирхæфсын, худын кæнын. Уырыссагау дæр ис батъæпæн кæнæн уæлдæр æрхæсгæ цæвиттонты хуызæттæ, фæлæ сæ ничи бакæсдзæн, чиныг дæр ничи балхæндзæни. Бирæ хатт фынгыл бадджытæ иуæй-иу кувæджы æнæкæрон ныхасмæ хъусгæйæ сæхимидæг ныккæрзынц æмæ фæзæгъынц: дæ бындур куы расилид æмæ дæ хъуыр куы ахгæнид.

Ацы «арфæтæй» гæнæн ис æрхæссæн æрмæстдæр цалдæрæн исты чиныг кæнæ газеты, журналы, адæмы этнографийыл дзургæйæ: уыдон æвдисæн уаиккой ирон цардыуаджы цавæрдæр миниуæгæн.

Æлгъыстытæ къаннæгдæртæ сты. Фæлæ ам дæр æмбæлы мæнæ ахæмтæ:

**Мæрдтæ нæмыгагурæг куы фæцæуынц, уæд-иу сыл саугуырм, саукъуылых бафтæнт.**

**Уæлдæф дæ хъуыры бæзджын цы кæна, дæ рæуджыты — сæлгæ, ахæм бон дыл акæнæд.**

Ахæм цæвиттонтæ Мелитонæн азым бакæныны тыххæй нæ хæссын: Мелитон æрбавдыста, цы нæм ис, уый. Æз ракодтон, ахæм арфæтæ æмæ æлгъыстытæ цас ахсджиаг сты, уый кой. Æмæ афтæмæй та уыдонæн нымæц дæр нæй: æрбад æмæ фысс, мыс æмæ мыс!

Бирæ цыбыр арфæтæ дæр æмæ æлгъыстытæ дæр гуырысхойаг сты, сæ сæр искæй бахъæуа, уый зын бауырнæн у:

**«Уæ тохына макуы ныккæлæд»,**

**«Дæ игæр макуы ныппырх уæд (æрымыс дæхæдæг дæр: дæ фарсылæвзаг, дæ уыргтæ, дæ ахсæн)»,**

**«Дæ тъæнгты стыр рыны цæф макуы фæзынæд»...**

Ахæмтæ уымæн нæ хъæуынц, æмæ сын цæугæ-цæуын дæр ис æрымысæн: «уе скъæт ма ныккæлæд» (кæнæ «ныккæлæд»), «уæ хуым бахус уæд» (кæнæ «макуы бахус уæд»), «уæ карк фæдзæгъæлайк уæд»... Ацы **ма** æмæ **макуы**-йы тыххæй сæрмагондæй зæгъын хъæуы: уыдон арфæтæй кæнынц æлгъыстытæ, æлгъыстытæй та — арфæтæ. Æмæ уæд дыууæты ымæц æнæхъуаджы дывæр кæны: «Дæ бындур (ма) разилæд», «дæ тых (ма) басæттæд», «дæ зонд (ма) фæцæуæд», «уæраргдих (ма) фæу». Дзæбæх зыны, адæттæн сæ бындур æлгъыст у, æмæ ницæмæнуал хъæуынц арфæйы хуызы. Афтæ фæлхат цæуынц бирæ æмхуызон арфæтæ æмæ æлгъыстытæ. Цæвиттон, ам, журналы сты: «Дæ дзырды фарн уæд» æмæ «Сæ дзырды — фарн», «Дæ дзыппы бæркад бирæ» æмæ «Сæ дзыппы бæркад бирæ», «Дæ дзæбæхтæ мæм хъуысæнт» æмæ «Сæ дзæбæхтæ мæм хъуысæнт» æмæ а. д.

Замана уый у, æмæ ацы номивджытæ æхсæз сты: **мæ** (æз), **дæ** (ды), **йæ** (уый), **нæ** (мах), **уæ** (сымах), **сæ** (уыдон). Æмæ æрмæст иуимæ куы цæуой лæвæрд арфæтæ æмæ æлгъыстытæ, уæд нæ гæххæтт (æмæ рæстæг дæр) хардз кæнын бахъæуид иу авд хатты къаддæр. Бахынцæм: номивæг **дæ** байста 21 фарсы, **нæ** — 24, **уæ** — 22, **сæ** —19. Æмæ фæлхат цæуынц: «Дæ ирон æгъдау макуы фесаф», «Нæ ирон æгъдау макуы фесæфæд», «Уæ ирон æгъдау макуы фесæфæд», «Дæ иунæг бабирæ уæд», «Нæ иунæг бабирæ уæд», «Мæ иунæг бабирæ уæд», «Мæ иунæг даргъ, уæрæх ацæуæд», «Уæ иунæг даргъ, уæрæх ацæуæд».

Лыстæггай луаргæйæ бирæ бынæттæ акæликкой бынтондæр. Алы дæс-дыууадæс арфæ кæнæ æлгъыстæй ма баззаид иу, фæлæ уыцы иу уаид æйтт-мардзæ ныхас. Ацы æрмæг ахæм куыст бакæныны аккаг у.

# АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН

*ДЗИТОЙТЫ Аллæ*

## ФÆСУРОКТЫ КУЫСТЫ МЕТОДИКÆ РАЙДАЙÆН КЪЛÆСТЫ

Хъæздыг уæвынæн æрмæст фæллой дæр фаг у, фæлæ амонд-джын уæвынæн царды бирæ цыдæртæ хъæуы. Хъæуынц нæ рай-гуырæн зæхх, фыдæлтæй нын цы бирæ рæсугъд æгъдæуттæ баз-зад, уыдон. Сæйрагдæр та нæ хъæуы нæ мадæлон æвзаг. Æнæ уый ницæуыл ис дзурæн. Нæдæр нæ абоныл, нæдæр нæ фидæ-ныл. Зæххыл иу ахæм бæлас нæ равзæрд, æнæ йæ уидæгтæй дымгæтæм чи лæууыд, дидинæг чи калдта. Æвзаг æрмæст дзу-рынæн нæу, æвзаг æгъдау у. Æвзаг адæмы фарн у, адæмы амонд.

Бирæ азты размæ номдзыд ахуыргонд Ушинский фыста: «Цалынмæ адæм сæ мадæлон æвзагыл дзурынхъом уой, уæдмæ цæрдзысты. Адæмæн сæ фыдæлтæй, æнæкæрон бирæ фæлтæртæй цы исбон баззад, (ома æвзаг), уый байсынæй æвир-хъаудæр тыхми ацы зæххыл нæй. Адæммæ цыдæриддæр мулкæй ис, уый сын байс, уæд та сæ ногæй ссардзысты, самал кæндзысты, фæлæ сын се 'взаг куы байсай, уæд ын ссарæн æмæ раздахæн нал уыдзæн».

Ирон адæмы хуыздæртæ дæр абон уымæн афтæ тынг тых-сынц сæ мадæлон æвзаджы уæззау уавæрыл. Зындгонд у: цæмæй адæмы цард рæза æмæ хуыздæр кæна, уый тыххæй фæсивæды хъæуы раст хъомыл кæнын. Уыцы куысты сæйрагдæр фæрæз та у мадæлон æвзаг — нæ удварны хæзнадон, зонд æмæ фæлтæрддзинады куырдадз. Ахуыргæнæджы сæйрагдæр хæс у мадæлон æвзаджы фæрцы рæзгæ фæлтæры цардыл ахуыр кæнын.

Райдайæн кълæсты ирон æвзаг куыд æмбæлы, афтæ сахуыр кæнынæн бирæ алыхуызон мадзæлттæ æмæ фæрæзтæ ис. Сæ фылдæр æххæстгонд цæуынц ирон æвзаг æмæ кæсыны урок-ты. Уымæй уæлдай ма зонындзинæдтæ райсынæн стыр ахъаз у фæсурокты куыст дæр.

Хъыгагæн, ирон методикон наукæ фæсурокты куыстмæ йе 'ргом фаг нæма аздæхта. Нæ республикæйы скъолаты райдайæн

кълæсты фæсурокты куыст нырма ис лæмæгъ уавæры. Абоны онг дæр ахуыргæнæджы къухы нæй фæсурокты куысты методикæ. Ис æрмæстдæр Гуыриаты Меретханы чиныг «Методикон амынддзинæдтæ райдайæн кълæсты фæсурокты кæсыны чингуытæм», зæгъгæ, фæлæ уым дæр фылдæр æргом здæхт цæуы фæсурокты кæсыны хъуыддагмæ.

Национ скъолайы ахуыргæнджыты æнæмæнг сæ куысты пайда кæнын хъæуы зындгонд уырыссаг методистты амындтытæй. Уæлдай ахадгæдæр сты З. Ф. Расулова, Н. Н. Светловская, Н. И. Толмачева æмæ К. В. Мальцевайы куыстытæ. Уыдоны фæллæйттæй арæхсгæ пайда кæнгæйæ ахуыргæнæджы къухы бафтдзæн æнтыстытæ.

Фæсурокты куыстытæ арæзт цæуынц кæсыны программæмæ гæсгæ. Æвдисын æмæ сæ цæттæ кæнын хъæуы уроктæй уæгъд рæстæджы. Сæ сæйраг нысан у райдайæн кълæсты скъоладзауты сæ мадæлон æвзагыл аив кæсын æмæ сæрибарæй сæ хъуыдытæ дзурыныл ахуыр кæнын. Сæ алыварс цардæй ног зонындзинæдтæ исын, цæмæй уарзой Райгуырæн бæстæ, æрдз, фæллой, сæ гыццыл зæрдæтæ цæмæй цух ма уой æмгардзинады æмæ хæлардзинады æнкъарæнтæй дæр.

Райдайæн кълæсты сывæллæттæ сæ links кармæ гæсгæ æнцондæрæй сахуыр кæнынц æмдзæвгæ, тагъддзуринæгтæ, хъæзтытæ, нымайæнтæ, зарджытæ, базонынц æмбисæндтæ, уыци-уыцитæ, сæ хъус дарынц æрдзы фæзындтæм, радзурынц, чи цы федта, уыдон æмæ афтæ дарддæр. Сывæллæттæ зæрдиагæй фæархайынц, литературон хъæзтыты, тематикон изæрты, КВН-ты, сæ зæрдыл сæ бадарынц. Куыст аразын хъæуы хицæн темæтæм гæсгæ. Тематикæ хъуамæ уа алыхуызон, кæсыны программæйы кæстæр карæн цы бæзгæ уацмыстæ ис, уыдон хъуыдымæ гæсгæ. Зæгъæм «Æрдзы лæвæрттæ», «Афæдзы афонтæй кæцы у хуыздæр», «Нæ абетæн хæрзбон зæгъæм», «Хæмпус, хæрзад дзул фынгмæ куыдæй æрбахæццæ?», «Адæмон сфæлдыстад — адæмы хæзна», «Фæллой кæм ис, фарн дæр уым цæры», «Дæ зынгхуыст хъæбултæ, Ирыстон».

Кæсыны чингуыты тематикæйæ фæсурокты куыстæн æвзарын хъæуы скъоладзауты рæстæн æмæ карæн цымыдисагдæр æмæ ахсджиагдæр темæтæ. Ахуыргæнæджы æппынæдзух архайын хъæуы темæтæм ног æрмæг æмбырд кæныныл! Иуæйиу темæтæ та хъæуы баивын кæнæ рацаразын. Фæсурокты куыст фæхъæздыгдæр кæнæн ис нæ адæмон сфæлдыстад, сывæллæтты литературæ, журнал «Ногдзау», «Нарты кадджытæй» æмæ бирæ æндæр æрмæгæй. Цыбыр дзырдæй, фæсурокты

куыст иудадзыгдæр хъуамæ уа комплексон уагыл арæзт.

Фæсурокты куыстытæ æвдисын хъæуы исты бæрæгбон кæнæ æнцойбонмæ, чи зоны, ахуыры азы цыппæрæм хайы кæронмæ хæстæг. Цæттæгæнæн къласы ис скæнæн «Абеты бæрæгбон» Хъодзаты Æхсары чиныг «Абеты куывд»-мæ гæсгæ. Ахæм куыст мадæлон æвзагыл арæх нæ кæнынц. Афтæмæй та ацы хъуыддагæн стыр нысаниуæг ис.

Зæгъæм, ахæм дæнцæг: дамгъæ А-йы тыххæй цы куплет лæвæрд цæуы, уым афтид дзырдтæй кæй бацамонын хъæудзæн, ахæмтæ ис авд.

Ацы ран нæ бахъæудзæни цæстуынгæ æрмæг.

Айгæрста йæ сæрæй арв,
Асинау йæ къæхтæ — даргъ:
Ут рæстæвдисæн уæхæдæг,
Абетæ, æз дæн уæ фæтæг.
Æз дæн Агъуыст, Амонд, Арт,
Авдæн, Аргъау, Аргъуан, Ард,
Бæлццæттæй мæ фæстæ цас и!
«А» у зонды цъупмæ асин.

Цæстуынгæ æрмæг хъуамæ бакæна йæ сæйрагдæр хæстæй иу — сæвзæра цымыдис иннæ ахуырадон æрмæгмæ.

Зæгъæм, иннæ темæ «Балц Абетæм». Дамгъæ «Б».

Ахуыргæнæг дзуры: «Нæ абеты æртыккаг дамгъæ Б тынг уæздан у. У æгъдауимæ æмдзæрин — дары сиахсау худ кæддæрид. Æмæ та нын ацы ран дæр феххуыс уыдзæн цæстуынгæ æрмæг. Уæ цæстытыл ма ауайын кæнут ахæм ныв — стыр гуыбынджын лæг дзуццæджы æрбадт, йæ сæрыл та ис стыр къепкæ. Ды та йæм кæсыс фæрсырдыгæй. Уый дын дамгъæ Б-йы халдих:

Хураууон æркодта худæй
Æмæ хин цæстытæй худы:
Æз Бæллиц æмæ Бæлон
Бар, Бæстæ, Бæркад, Бæрæгбон.
Уадз рæствæндаг уа бæлццон.
Буцæй баххæст уæд йæ фæндон.

Сывæллæтæй чидæр дзуры: «Ацы дамгъæ ма цымыдисаг уымæй у, æмæ тынг арæх æмбæлы дзырдты райдиан æмæ астæуæй. Фæлæ иунæг ирон дзырд дæр ахæм нæй «Б»-йæ чи фæвæййы. Зæгъут-ма ахæм дзырдтæ: баба, бел, бинонтæ... æмæ æндæртæ.

Æндæр темæ Гуыриаты Меретханы чиныгæй «Мад, чи дын бафыста дæ фыдæбæттæ?»

Саби мадæн йе стыр ныфс, йæ фидæн у,
Мады лæггад, мады хæс зын фидæн у.
О, фæлæ йæ фæндиаг куы сырæзæм,
Уæд ныууадзæм рохуаты фыдыуæзæг.

Дард фæндагыл, дард балцы кæмдæриддæр
Мады зæрдæ не 'мбæлццон кæддæриддæр.
Ратты нын йæ цæсты рухс цырагъдарæн,
Ма, дам, уа уæ развæндаг зын равзарæн.

Мады мæт йæ сывæллæттыл, уый иузæрдиондзинад сты алкæмæн дæр зындгонд æмæ хъуыдыйаг.

Куыст райдайæн ис æмдзæвгæ «Хуры мады зарæгæй».

Фыссæг Хостыхъоты Зинæйы уацмыстæ «Мады къухтæ» æмæ «Базары»-йæ ист æрцыди скъуыддзæгтæ, хæрзаив чи 'вдисы мады уарзты иудадзыг фыдæбон, фыдгуыстæй дæр чи нæ фæллайы цоты хорздзинадмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ.

Ацы темæйыл кусгæйæ ныхас райдайæн ис мады уарзынимæ райгуырæн бæстæ абарынæй. Йæ ныййарæджы раз йæхи хæсджын чи нæ хоны, уый йæ Фыдыбæстæйæн дæр бирæ пайда не 'рхæсдзæн. Кæронбæттæны ахуыргæнæг дзуры: «Цалынмæ хохы дур тула, быдыры цалх зила, цалынмæ æхсæвыгон мæйы цæст æрттива, боныгон хуры цæст, уæдмæ дис кæндзыстæм ныййарæгыл. Дис кæндзыстæм мады фæлмæн зæрдæйыл, йе 'видигæ рæдаудзинад æмæ фæразоныл... Мачи уæ бауадзæд мады зæрдæ бафхæрын. Ирон æвзаг мады ад кæны. Уый адæймаджы уæнгты ахъары мады 'хсыримæ, зæрдæйы æрфытæм ныттæдзы, хурау ныккæсы йæ къуымтæм æмæ сæ ныррухс кæны».

Алы адæмæн дæр йæ абон æмæ йæ фидæн аразгæ сты йæ уидæгтæй, ома йе 'взаджы цардхъомысæй. Уый æдзухдæр зæрдыл дарын хъæуы.

Уырны мæ, ирон æвзаг куы зонæм, куы йæ уарзæм, чысыл саби йæ мады куыд уарзы, афтæ, уæд нæ адæмæн фылдæр уыдзæн йæ ныфс, йæ хъару, нал нæ кæндзысты сау лæгтæ дæлдзиныг, уымæн æмæ ирон æвзаг у нæ иугæнæг, нæ намысы тырыса. Афтæ кæй у, уый абон бирæтæ нæма æмбарынц æмæ æнæмæтæй, куыд фæзæгъынц, галы цæстæй кæсынц нæ абонмæ дæр æмæ нæ фидæнмæ дæр. Фæлæ амондджын уый у, æнæ хи къонайы хъармæй зæххыл тынг зын цæрæн кæй у, уый раздæр чи бамбары æмæ нæ гыццыл артдзæстмæ афоныл иу къæцæл чи баппары. Ирыстоны фидæн нæ сабитæ сты, æмæ сын сæ зæрдæты абон цы сыгъдæг хор байтауæм, ахæм уыдзæн нæ фæззæджы фарн, нæ фидæны амонд.



*Ахмæты фыдыфсымæр Данелбег,*
*Дунайы хæсты хъæбатыр, инæлар-майор.*



*Галиуырдыгæй дыккаг — Ахмæт, йæ фарсмæ бады йæ мад Гиго, уый фарсмæ лæууы Ахмæты хойы чызг Цопанаты Дибæхан. Æппæты разæй — Ахмæты кæстæр æфсымæр Шамил. Дыууæ кæройнаг лæджы бæрæг не сты.*




*Ахмæт (лæдзæгимæ) «Майкопская газета»-йы кусджыты æхсæн.*



*Ахмæты хо Фатъимæт йæ дыууæ чызгимæ —*
*Дзыгыда æмæ Замирæтимæ.*



*Ахмæты кæстæр хо Меретхан.*



*Ахмæты мад Гигойы фыд Церекты Дзамболат, Дунайы хæсты хъæбатыр Георгийы дзуæртты æххæст кавалер.*



*Цæлыккаты Ахмæт (дыккаг рæнхъы рахизырдыгæй цыппæрæм) пысылмæтты делегаци æмæ «Хъæддаг дивизи»-йы æфсæддонтимæ. 1917 азы 3 август.*

# ГАЗЕТ «ВОЛЬНЫЕ ГОРЦЫ»-ЙЫ ФÆРСТÆЙ



АХМЕД ЦАЛЫККАТЫ
(ко 2-ой годовщине его смерти)

## РОДНОМУ ТЕРЕКУ!

(Посвящаю светлой памяти Ахмета Цалыккаты.)

На что ты ропщешь неугомонный, —
Свои ты тайны мне доверь!,
Чего все стонешь, как пронзенный
Смертельною стрелою зверь?

В горах твой ропот и угрозы
Я слышу, дух свой затая,
И там, где в дивные узоры
Цветы украсили поля.

Твой рев и дикое ворчанье
Пугают мирные стада,
И юных девушек мечтанья
Ты прерываешь без стыда.

Не рад ты, точно, и весне, —
Еще ты более лют,
Твой грохот слышится везде,
Как братский нам салют.

Но верь мне, с давних пор
Понятен твой порыв,
На то и сын я гор,
Чтоб слышать твой призыв.

Придет пора, с земли родной
Ты смоешь весь позор
Обильной той водой,
Что берешь ты с гор.

Быть может, что тогда
Свой рев, так полный гнева,
Ты переменишь навсегда
На звуки дивного напева. *)

Коста.

*) В стихотворении „К горцам!", в предыдущем номере журнала строчку—от опеки и невзгод" —следует читать — „от опеки и невежд. "(ред.)

# Горцы на Ближнем Востоке

Представитель нашей партии в Сирии, Дж. Маршани, любезно поделился с редакцией журнала сведениями о жизни старой горской эммиграции в странах Ближнего Востока (кроме Турции), которые он посетил лично. Главная масса горцев здесь расселена в Сирии и Транс-Иордании. Незначительное количество горцев находится так-же и в Ираке, Египте и т. д. Общее количество потомков старых мухаджиров доходит до 125—130 тыс. человек, из которых около 80 тыс. приходится на Сирию, около 25 тыс.—на Транс-Иорданию и остаток на Египет, Ирак. Все они в полной неприкосновенности сохранили старые адаты, уклад жизни и даже национальную одежду, хотя там, где климат особенно жаркий (Транс-Иордания и Ирак), вынуждены частично одеваться по-арабски. В политическом, культурном и экономическом отношении они представляют из себя весьма сплоченную высоко-развитую массу, которая в нужную минуту всегда сможет постоять за себя. Культурная жизнь сосредото-



ГРУППА КОМАНДНОГО СОСТАВА НАЦИОНАЛЬНЫХ ЧЕРКЕССКИХ ЧАСТЕЙ В СИРИИ.

Готовятся к изданию сочинения

ЦАЛЫККАТЫ АХМЕДА:

# „Окровавленные горы“

*роман из революционной жизни Кавказа (продолжение „Брат на брата“).*

# „Горская Республика“

*физико-географический,- статистический, этнографо-лингвистический, экономический, национально-культурный и политический очерк.*

Типографские

работы всякого рода выполняет

быстро и дешево

# Славянское отделениЕ

**knihtiskárna**

**FRANTIŠEK VONKA.**

**Praha-Smíchov, - - - Duškova ul., č. 11. - - - Telefon 405-2-1.**

**Tchécoslovaquie.**

Адрес редакции и конторы: АЙТЕК КУНДУХ Prague, Vršovice, Tyršova ulice číslo 9.

Ответственный редактор и издатель А. Кундух.

Славянское отделение при типографии Frant. Vonka, Praha-Smíchov, Duškova ul. č. 11.

ФУНДАМЕНТАЛЬНАЯ

# АРВИСТОН

* * *

Иу америкаг юрист куыд банымадта, афтæмæй Библийы дæс фæдзæхсты сæххæст кæныны охыл адæм æрхъуыды кодтой фынддæс æмæ ссæдз милуан закъоны.

* * *

Афтæ куы зæгъæм, фысджытæ нудæсæм æнусы райдианы онг сæ уацмыстæ æрмæстдæр хъазы сисæй фыстой, зæгъгæ, уæд фæрæдидзыстæм, уымæн æмæ-ма хъазы сисæй дарддæр фыстой зырнæджы, доныхъазы, бабызы, халоны, хъæрццыгъаайы æмæ суанг мæлхъы сисæй дæр.

## БЫДЫРГЪ ЗГЪОРЫ ÆМÆ ЛЕНК КÆНЫ

Дыууæ ирландиаг студенты сарæзтой, бирæвольтджын телтыл чи згъоры æмæ йæ сиренæйы хъæрæй, стæй йæ цырагъы рухсæй телтыл бадæг мæргъты чи тæрсын кæны, ахæм робот. Хъару исы телтæн сæхицæй, индукцион къæбæлы фæрцы. Дзурынц, зæгъгæ, дам, мæргъты фаджыс зиан хæссы телтæн æмæ сæ уымæ гæсгæ сурын хъæуы.

АИШ-ы та фæлварынц робот-кæфхъуыиндар, пеликантæ тæрсын кæнынæн, уымæн æмæ уыдон фæцахуыр сты бæстæйы хуссарвас кæсагдарæн цадтæм æмæ сæ гæныстон кæнынц. Кæрдæгхуыз ленкгæнæг роботæн хъару дæтты йæ фæсонтыл арæзт хуры батарей. «Кæфхъуыиндар» расур-басур сисы пеликанты, саразы сæм суанг доны цыхцырджытæ дæр.

## КУВЫН ПАЙДА У

Араббаг иугонд эмиратты дохтыртæ куыд раиртæстой, афтæмæй пысылмæтты уæрджытæ иннæ адæмы уæрджытæй æнæниздæр сты. Пысылмонæн йæ уæраг куы срисса, уæддæр ын æнцондæр дзæбæхгæнæн вæййы. Уый уымæн афтæ у, æмæ пысылмон дингæнджытæ алы бон дæр кувынц фондз хатты, сæ уæрджытыл дзæвгар рæстæг лæугæйæ. (Таурæгъмæ гæсгæ, дам,

Хуыцау алы бон дæр дæс æмæ дыууиссæдз хатты кувын фæдзæхста, фæлæ, дам, Æм Мæхæмæт бахатыд, æмæ йын Хуыцау сразы фондз хаттыл.) Араббаг дохтыртæ нæ домынц, æппæт адæм дæр пысылмон дин райсой, уый, фæлæ уæрджытæн амонынц ахæм хуызы фæлтæрæнтæ.

## АХУЫР

Иу студентæн йæ зæрдæ тынг фæхудт, университеты футболистты къордæй йæ куы систой, уæд æмæ сфæнд кодта йæ маст райсын.

Сæрддæргъы, каникулты заман, æрвылбон, йæ уæлæ дæргъытæ майкæ, афтæмæй университеты стадионы фæзыл зæрста хоры гагатæ æмæ уасыд æхситгæнæнæй. Фæззæджы райдыдтой студентты спортивон хъæзтытæ. Арбитр куыддæр фыццаг хатт стадионмæ рацыд æмæ æхситгæнæнæй ныууасыд, афтæ алырдыгæй æрбатахтысты мæргъты балтæ, æмæ футболæй хъазт фехæлд.

## ФЫЛДÆР ФÆЦÆРЫНЫ МАДЗÆЛТТÆ

Америкаг ахуыргæндтæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй, фылдæр фæцæрын кæй фæнды, уый хъуамæ йæхи хиза фырхæрдæй, стæй хъуамæ алы бон дæр иу хатт тынг рацæуа йæ хид, йе згъоргæйæ, йе кафгæйæ, йе та суг сæттгæйæ — уæлдай нæу. Иуныхасæй, бирæ фæцæрыны сæйрагдæр мадзæлттæ сты: тынг сæххормаг уын, бафæлмæцын æмæ рахид кæнын.

## КУЫДЗ-РОБОТ


*Куыдз-робот.*

Æрæджы Японы æрхъуыды кодтой ног робот — куыдз-хæдзархъахъхъæнæг. Ахæм зондджын у, æмæ чысыл исты тас дæр бафиппайдта, уæд йæ бон у телефонæй бадзурын дæр, стæй хабар видеолентæмæ ныффыссын дæр. Япойнæгтæ йæ уадзын райдайдзысты фидæн аз. Йæ аргъ, дам, уыдзæн авдсæдæ фæндзай доллæры.

# ПИНГВИНТÆ



*Къарол-пингвин*
*йæ лæппынимæ.*

Нырыккон пингвинтæн сæ райгуырæн бæстæ у хуссайраг æрдæгкъори. Фыццаг хатт сæ федтой Васко да Гамайы денджызонтæ, фæлæ сæ хъазтæ фенхъæлдтой. Æхсæрдæсæм æнусы кæрон семæ базонгæ сты англисаг денджыздзаутæ, фæлæ, уымæй размæ-иу арæх цы æнæбазыр гагаркæтыл амбæлдысты, уыдонимæ сæ фемхæццæ кодтой (гагаркæтæ наукон æвзагыл хуындысты «пингвинтæ», англисагау pin — сæрдзæвæн, wing — базыр), се 'нгæс кæй уыдысты, уымæ гæсгæ, æмæ сæ схуыдтой пингвинтæ. Цæмæй рæдыд ма рауайа, уый тыххæй æстдæсæм æнусы францусаг натуралист Жорж Бюффон уыцы хуссайраг цæрæгойтæн радта ном «маншот», ома «æнарæхст». Æцæг, нудæсæм æнусы æмбисы гагаркæты мыггаг сыскъуыд, æмæ ацы цæрæгойтыл ныффидар сæ ном — «пингвин».



*Сызгъæринкоцора пингвин.*

Пингвинты хуызтæ сты аст: къарол-пингвин; император-пингвин; папуасаг пингвин; æрвхуыз чысыл пингвин; пингвин Адели; сызгъæринкоцораджын пингвин; кæсæнцæстджын пингвин æмæ галапагосаг пингвин.

# ТАМАР-ПАДДЗАХ



*Ус-паддзах Тамар. Иконæ.*

Гуырдзыйы суинаг паддзах Тамар (ирон хæрæфырт, раздæр Юрий Боголюбскийы, фæстагмæ та Дауыт-Сосланы бинойнаг. Гуырдзиаг æмæ уырыссаг чырыстон дины аргъуантæ йæ банымадтой Сыгъдæгыл) райгуырди 1165 азы. Тамар канд рæсугъд нæ уыди, фæлæ сæрæн паддзах дæр. Бирæ хæрзты бацыди Гуырдзыстонæн.

1204 азы Тамары уынд æмæ зонды кой байхъуыст румаг султанмæ æмæ йæ ракурынвæнд скодта. Барвыста фыстæг ахæм домænимæ: «Паддзах (Тамар) йæ дин куы ныууадза, уæд æй султан ракурдзæн, куынæ ныууадза, уæд та йæ скæндзæн номылус». Султан йæ уыцы ныхасæй тынг бафхæрдта ус-паддзахы, æмæ уыйадыл Тамар æрæмбырд кодта æфсад, æмæ къæйных султаны æфсад бæрзæйсаст фæци.

# ФЫНÆЙ КÆНЫНЫ ТЫХХÆЙ

Америкаг ахуыргæндтæ куыд дзурынц, афтæмæй адæймагæн æхсæв æхсæз-авд сахатæй фылдæр хуыссын не 'мбæлы, зиан ын хæссы, йæ цард ын цыбырдæр кæны. Æцæг, дам, æхсæв цыппар сахатæй фылдæр чи нæ фынæй кæны, уыдон хъуыддаг дæр хуыздæр нæу. Уæдæ куыд рабæрæг, афтæмæй адæймаг хъуамæ фынæй кæна æхсæз сахаты æмæ æрдæг.

## АСТКЪАХЫГТÆ



Асткъахыджы амæддаг.

Асткъахыгтæ сты маргхæссæг цæрæгойтæ. Сæ маргджындæртæй иу у асткъахыгдыдын. Йæ марг кобрæйы маргæй дæр тыхджындæр у. Асткъахыгдыдынæн, йæ дæргъ вæййы дыууадæс сантиметры, йæ уæз та — дæс æмæ дыууиссæдз граммы бæрц. Цæры Индиаг океаны скæсæнварс æмæ Стыр денджызы ныгуылæнварс, арæхдæр кораллон рифты æхсæн.

Цыппарцæстон асткъахыгæн, йæ дæргъ вæййы 90 сантиметры, йæ уæз та — 40 килограммы бæрц. Цæры Стыр æмæ Индиаг океанты, арæхдæр рифты æхсæн .

Дофлейны егъау асткъахыгæн, йæ дæргъ вæййы æртæ метры, йæ уæз та — дæс æмæ дыууиссæдз килограммы бæрц. Цæры Стыр Океаны цæгатварс, цыппарсæдæ метры æрфæн малы,  къæдзæхтæ æмæ стыр дурты æхсæн.

## ÆНАХУЫР ДЗУГ

Æнахуыр фысвосы дзуг — дæс мин сæры — хизы Ног Зеландийы сæрвæтты. Æддаг бакастæй — фыстæ цы вæййы, уый фæлæ мидæгæй иучысыл сты адæймаджы æнгæс: се ‘хсыры хъæд фæхуыздæр уа, зæгъгæ, сыл бафтыдтой адæймаджы ген. Уыдон æхсырæй, дам, дзæбæхгæнæн уыдзæн адæймаджы бирæ низтæн, зæгъæм, мисындзæджы рæсыд æмæ а. д.

## ПЫЛЫ ССЫР

Немыцаг дæндæгты дохтыр Бруно Хоффы рынчынтæй иу разынди пыл. Цирчы пыл Тибор хъазыди тæлыйæ æмæ æнæнхъæлæджы асаста йе ссыр. Æндон æфсæйнагæй йын джип-

пы рауагътой ног ссыр-протез, дæс æмæ цыппарыссæдз сантиметры дæргъæн, йæ уæз — иуæндæс килограммы. Бруно ссырæн скодта эмал-цъар æмæ йæ ныссагъта пылæн. Æцæг, пылы рагацау бафынæй кодтой.

## ÆНАХУЫР ХÆРЗАУДÆН

Æнахуыр удыбæстæ скæнынмæ хъавы индиаг факир Мартин Макамали, Гуджараты зæххæнкъуысты амæддæгтæн бахъуысы охыл. Уый сфæнд кодта шоу саразын: хъуамæ дæс боны дæргъы арф дзыхъхъы маргджын кæлмытæ æмæ скорпионтимæ фæбада æмæ цæра æрмæст дон æмæ калмы маргæй. (Макамали ацы хъуыддагмæ йæхи цæттæгæнгæйæ, рагагъоммæ ахуыста алыхуызон мæргтæй.) Цы æхца бакуса, уый раттинаг у, зæххæнкъуысты рæстæг чи бацарæфтыд, уыдонæн.

## ТÆККÆ СТЫРДÆР СУРÆТ

Тæккæ стырдæр сурæт «сныв кодта» австралиаг Петер Андерсен. Ковбойы нывæн йæ ас у фондз квадратон километры æмæ æрдæг. Фенæн ын ис, Сиднейæ ныгуылæнырдæм иу мин километры куы бауайай, уæд, æцæг — вертолетæй. Йæ саразынæн Петеры бахъуыдысты рувæн æмæ трактор, кусгæ та йыл кодта цыппар мæйы.

## ÆППÆТДÆР У НЫВЫЛ

Миллионер æрыздæхт йæ дард балцæй. Фæндагыл ауыдта йæ лæггадгæнæджы æмæ йæ фæрсы:

— Байрай, Джим. Цы хабæрттæ и нæхимæ?

— Алцыдæр хорз у, æцæг уæ куыдз ныххæдмæл.

— Нæ куыдз? Æмæ йыл дыууæ азы йеддæмæ куы нæма цыди!

— Фырхæрд бакодта бæхы дзидзайæ.

— Æмæ йын кæм уыди бæхы дзидза?

— Цыбыр ныхасæй, уæ бæхдон ссыгъд, æмæ...

— Æмæ цы? Мæ бæхтæ иууылдæр бабын сты?

— Гъо, ме 'лдар. Хъуыддаг афтæ у, æмæ дæ бинойнаджы табæты цур цы сойдзырæгътæ сыгъдис, уыдонæй иу ру-

дзынгæмбæрзæнмæ æгæр æввахс уыд, зынг сирвæзт æмæ...

— Фæлæуу-ма, фæлæуу! Мæ ус амарди, зæгъыс?

— Афтæ, ме 'лдар. Рухсаг уæд. Дæ чызг дыргъдонгæсимæ алыгъд, уый куы базыдта, уæд йæ зæрдæ аскъуыд...

## ПРОФЕССОРЫ ХУД

Массачусетсы технологон институты физикæйы ахуыргæнæг-профессор иухатт аудиторимæ æрбацыди афонæй дзæвгар раздæр. Йæ худ стъолыл куыддæр æрæвæрдта, афтæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, иннæ агъуысты йын цыдæр гæххæттытæ кæй айрох, уый.

Уыдонмæ цæугæйæ йыл амбæлди кафедрæйы сæргълæууæг. Уыимæ ныхæстыл фæци æмæ йæ лекцимæ байрæджы кодта æнæхъæн фынддæс минуты. Уæдмæ студенттæ фæпырх сты.

Дыккаг бон профессор æрбацыд афоныл, кафедрæйы æрлæууыд æмæ уайдзæфты бын фæкодта студентты, знон мæм цæуылнæ банхъæлмæ кастыстут, зæгъгæ. Уæд студенттæй иу нал фæлæууыд:

— Æмæ ам куынæ уыдтæ. Æнæхъæн фынддæс минуты дæм фенхъæлмæ кастыстæм!

— Куыд нæ уыдтæн ам? Мæ худ ам кæй уыд, уымæ гæсгæ ам уыдтæн!

Уый фæстæ ахуыргæнæг йæ лекци райдыдта.

Иннæ бон та профессор дзæнгæрæджы дзингимæ аудиторимæ куы æрбацыд, уæд дзы иунæг студентыл дæр йæ цæст нал æрхæцыди. Фæлæ уыйхыгъд стъолтыл уыдысты сæ худтæ.

Ацы хабармæ гæсгæ зæрдыл æрлæууы Вильгельм Теллы таурæгъ, фыд-зæрдæ хицау тыхæй йæ худæн куыд кувын кодта, уый.

* * *

Мамыкъаты Хъазыбегмæ радтой аббревиатурæ УСДКП (Уæрæсейы социал-демократон кусджыты парти), цы, дам, амоны, уый, дам, ма нын зæгъ. Хъазыбег иуцасдæр ахъуыды кодта, стæй афтæ: «Уæллаг Санибайы дæллаг коммунистон парти».

# ЧИНГУЫТЫ ТÆРХÆГ

*Камболов Т. Т.* **Языковая ситуация и языковая политика в Северной Осетии: история, современность, перспективы.** Под ред. докт. филол. наук, проф. М. И. Исаева. Владикавказ. Издательство СОГУ. 2002. 287 с.

Чиныджы дзырдæуы, фæстаг дыууæ æнусы дæргъы ирон æвзаг, йæ диалекттæ æмæ ныхасыздæхтытæ цы уавæрты уыдысты, царды алы къабæзты дзы адæм куыд пайда кодтой æмæ кæнынц, ирон æмæ дыгурон литературон æвзæгтæ кæрæдзийæн цы бавæййынц, иумæйагæй сæм цы ис æмæ цæмæй хицæн кæнынц, стæй ныры дуджы сæ хъысмæт куыд у æмæ сæм райсом цы 'нхъæлмæ кæсы, æппæт уыдæтты тыххæй.

**Исторический атлас Осетии** /Отв. ред. Р.С. Бзаров. Владикавказ. Ремарко, 2002. 48 с., илл. (Серия: «Учебное издание»)

**Атласы ис историон картæтæ-схемæтæ** (нæ эрæйы агъоммæ III миназонæй XX æнусы онг) Ирыстоны истори ахуыр кæнынæн æххуысæн. Ноджы дзы цыбырæй фыстæуы алы заманты цауты тыххæй. Ссардзыстут дзы хронологион таблицæ дæр.

Атлас стыр ахъаз фæуыдзæн скъоладзаутæн, студенттæн æмæ Ирыстоны истори ахуыр кæнынмæ чидæриддæр бæллы, уыдонæн.

*Джыккайты Шамил.* **Ирон литературæйы истори. 1917—1956.** Ахуыргæнæн чиныг Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны паддзахадон университетты ирон филологийы факультетты студенттæн. Дзæуджыхъæу. Ир, 2001.— 463 ф.

Фыццаг хатт ирон æвзагыл рацыд ирон литературæйы истори. Чиныджы ис фондз хайы:

1. Ирон литературæ мидхæсты азты (1917—1920)
2. Ирон литературæ 20-æм азты
3. Ирон литературæ 30-æм азты
4. Ирон литературæ хæсты азты (1941—1945)
5. 40-50-æм азты литературæ.

Ацы чиныг ахсджиаг лæвар у студенттæн дæр æмæ ахуыргæнджытæн дæр.

*Дегъуаты Соня.* **Ныгуылд хуры тын.** Дзæуджыхъæу. Ир, 2002. 335 ф.

Дегъуаты Соняйы зæрдæмæдзæугæ радзырдтыл раджы æрæвæрдтой сæ цæст журнал «Мах дуг» кæсджытæ. Ныр рацыдысты хицæн чиныгæй.

*Хъамбердиаты Мысост.* **Уацмыстæ.** Дзæуджыхъæу. Ир, 2002. 287 ф.

Бестауты Геуæрги фыста Хъамбердиаты Мысосты тыххæй: «...Æндонзæлланггæнæг бæрзонд патетикон пафос Хъамбердиаты Мысосты сфæлдыстады æввахс кæны В.Маяковскимæ, фæлæ уый мур ауuон дæр нæ дары поэтыл. Мысосты сфæлдыстад арф уидæгтæй баст у национ культурæимæ. Йæ уацмысты аивадон амæлттæн сæ бындур кæддæриддæр ирон, националон у».

**Бритаев Елбаздыко и проблемы современной осетинской литературы.** Владикавказ. Алания, 2002. 200 с.

Æмбырдгондмæ хаст æрцыди, «Брытъиаты Елбыздыхъо æмæ нырыккон ирон литературæйы проблемæтæ», зæгъгæ, уыцы регионалон наукон-практикон конференцийы (ирон драмæ æмæ ирон национ театры бындурæвæрæг Брытъиаты Елбыздыхъойы райгуырды 120 азмæ арæзт чи æрцыд, уый) æрмæг.

**Ныхас Брытъиаты Елбыздыхъойы тыххæй.** Критикон уацты æмбырдгонд. Чиныг сарæзта Хъантемыраты Риммæ. Дзæуджыхъæу. Ир, 2001. 468 ф.

Чиныджы сты Брытъиаты Елбыздыхъойы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй алы азты фыст уацтæ.

*Хачирти Анзор.* **Об осетинском этикете.** Владикавказ: Иристон, 2002. 238 с.

Чиныджы ныхас цæуы уаг æмæ æгъдауыл, адæймагæн йæ хæс, йæ ном, йæ лæгдзинад æмæ йæ цæсгомы тыххæй, стæй дзы амындæуы ирон æгъдæуттæ фæнывылдæр кæныны мадзæлттæ.

*Джусойты Нафи.* **Уроки Васо Абаева.** Статьи и посвящения. Владикавказ. Ир, 2001. 116 с.

Нафийы чиныджы сты, автор цытджын ирон ахуыргонд Абайты Васойы кадæн алы азты цы æмдзæвгæтæ æмæ уацтæ ныффыста, уыдон.

*Домба Мойсей.* **Генерал-лейтенант Созырыко Хоранов.** Исторический очерк. Владикавказ. Иристон, 2002. 115 с.

Ацы историон очерк фыст у Иры намысджын фырттæй иу, уынайлаг Хоранты Созырыхъойыл. Созырыхъо — Уæрæсейы æфсады инæлар-лейтенант — йæхи хъæбатырæй равдыста уырыссаг-туркаг (1877—1878), уырыссаг-япойнаг (1904—1905) æмæ фыццаг дунеон хæстыты.

*Хъайтмазты Аслæмырзæ.* **Æхснарт æмæ йæ фырттæ.** Уацмыстæ. Чиныг сарæзта Хъодзаты Æхсар. Дзæуджыхъæу. Ир, 2002. 112 ф.

Разныхас æмæ йын фиппаинæгтæ ныффыста йæ саразæг. Чиныгмæ бацыдысты авторы æппæт уацмыстæ дæр: йе 'мдзæвгæтæ, ирон адæмон сфæлдыстадæй уырыссаг æвзагмæ кæй ратæлмац кодта, уыдон (Æхсар сæ фæстæмæ ирон æвзагмæ раивта, æмæ уыдон дæр) æмæ йæ дыууæ фыстæджы Всеволод Миллермæ.

Уæлæмхасæны бакæсæн ис, ирон адæмон сфæлдыстад иртасджытæ Дзагуырты Гуыбады æмæ Хæмыцаты Тамарæ Аслæмырзæйыл цы фæйнæ уацы ныффыстой, уыдон.

*Багаев Г. С.* **Русско-осетинский терминологический словарь.** Владикавказ. Проект-Пресс, 2001. 216 с.

Дзырдуаты (рауагъта йæ Кодзырты Жаннæ, разныхас та йын ныффыста автор йæхæдæг) ис цыппæрдæс мин дзырды. Чиныг конд у цыппар хайæ, уæлæмхасæнимæ.

Кæд дзырдуат наукон æгъдауæй иттæг хæрзхъæд нæу, уæддæр ыл æхсызгонæй сæмбæлдзысты, ирон æвзаг чидæриддæр уарзы, уыдон. Англисаг фыссæг æмæ лексикограф Семюэл Джонсон афтæ загъта (ацы ныхас дæр дзырдуатæй ист у): «Цыфæнды дзырдуат дæр сахаты хуызæн у, тынг лæмæгъ куы уа, уæддæр æппынннæйы бæсты бæззы, уыимæ дзырдуæттæн суанг сæ хуыздæртæн дæр нæй иттæг æнаипп уæвæн».

* * *

Æдылыты 'хсæн уæвыны бæсты фæлтау чингуытимæ иунæгæй баззай.

*П. Буаст*

Чингуытæ цы хæдзары нæй, уый у, уд кæм нæй, ахæм буары хуызæн.

*Цицерон*

Алы чиныгæй нæ, фæлæ æрмæст хорз чингуытæй ис пайда.

*Сенека*

Рагдугты æмæ ныры рæстæджы чингуытæ дæр фыст сты туг æмæ цæссыгтæй.

*Чжан Чао*

Чингуытæ сты хъуыдыйы наутæ, рæстæджы уылæнтыл ленк кæнынц, æмæ сæ зынаргъ исбон ласынц иу фæлтæрæй иннæ фæлтæрмæ.

*Ф. Бэкон*

*Цъары фæрстыл:*

1. Ахмæты фыдыфсымæры чызг Асиат.
2. Ахмæт.
3. Бады Ахмæты фыд Темболат. Лæгуыуынц: галиуырдыгæй — Ахмæты хо Нæди, (Цопанаты чындз), рахизырдыгæй — Ахмæты иннæ хо Фатъимæт (Датиты чындз). Фæсте чи лæууы, уый бæрæг нæу.
4. Цæлыккатæ. Галиуырдыгæй рахизырдæм: Угъалыхъхъ, Ахмæт, Дæхцыхъо.

* * *


| | |
|---|---|
| Технический редактор | Виктория БОРАЕВА |
| Корректор | Заира КАРАЦЕВА |
| Компьютерный набор | Соня ДЕГОЕВА |
| Компьютерная верстка | Ирида КОДЗАТИ |
| Дизайн | Залина ГУРИЕВА |


* * *

*Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А. Регистрационный номер Ш-0132*

Журналы цы ӕрмӕг рацӕуа, уымӕй ӕндӕр мыхуырон оргӕн куы пайда кӕна, уӕд хъуамӕ амынд уа, «Мах дуг»-ӕй ист кӕй у, уый.

Журналмӕ цы къухфыстытӕ цӕуы, уыдон редакци рецензи нӕ кӕны, стӕй сӕ автортӕн фӕстӕмӕ нӕ дӕтты.

Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств, Союз писателей РСО-Алания

Подписано к печати 27.08.02. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 9,3. Учетно-изд. л.8,35. Тираж 1300 экз. Заказ № 1585.

*Адрес редакции: 362025, г. Владикавказ, ул. Фрунзе, 24.*
*Телефоны: 53-69-66; 53-31-58; 53-69-62; 53-31-24, 53-65-86.*

Журнал отпечатан на Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева
362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.



Индекс 73247

